# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ общественно-политическэ журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2014

# Псалъэщхьэхэр

## Прозэ

*Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ ирокъу*


**Толстой Лев.** Кавказым и гъэр. Хъыбар . . . . 3
**Шинкубэ Бэгърат.** ЖылакIэ. Роман . . . . 21
**Чех Сватоплук.** Адыгэ. Рассказ . . . . 55


## Усыгъэ


**Бемырзэ Мухьэдин.** Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм. Усэ . . . . 61
**Тхьэгъэзит Зубер.** Тенджыз ФIыцIэм. Усэ . . . . 62
**Бицу Анатолэ.** Истамбыл. Усэ . . . . 65
**Бещтокъуэ Хьэбас.** Адыгэ уситI. Адэшхуэ. Усэхэр . . . . 67
**Мыкъуэжь Анатолэ.** «Си нанэу си нанэ дыщэ...» Усэ . . . . 69
**ТIэш Хьэмид.** Iуащхьэмахуэ. Усэ . . . . 70
**Хъунэгу Надия.** Хэкум пэIэщIэм и уэрэд. Усэ . . . . 71
**Къазбэч Самихь.** ТхьэмыщкIагъэщ. Усэ . . . . 72
**Ансыкъуэ Зулфикъар.** Си сабиигъуэм и уэрэд. Усэ . . . . 73
**Хъан Исмэхьил.** ДынэкIуэжынущ Хэкужьым. Усэ . . . . 74


## Тхыдэ


Адыгэ нып . . . . 75
Адыгэ лъэпкъхэр . . . . 76
**Гордин Яков.** Лъапсэрых . . . . 79
**Лонгворт Джеймс.** Шэрджэс хэкум . . . . 85
**Маркс Карл.** Щэхур нахуэ къохъу . . . . 103
**Дзидзарие Георгий.** ИстамбылакIуэ . . . . 104
**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Мелуаным щIигъурт. Хъэзэрым нэс . . . . 108
Кавказ зауэм и лIыхъужьхэр . . . . 113
Адыгэхэм папщIэ жаIахэр . . . . 116


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Гуауэшхуэм и джэрпэджэж . . . . 121


## ЖьантIэ


**Къэрмокъуэ Хьэмид.** Драматург цIэрыIуэ . . . . 125


## ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу


**Нало Ахьмэдхъан.** Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ. Повестым щыщ пычыгъуэ . . . 129
**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Шагъдий гъэшхахэм техутэ. Усэ . . . . 135
**КIыщокъуэ Алим.** Сабий. Усэ . . . . 137
**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** ТекIуэныгъэм дигу хуэпхъажэу. Усэ . . . . 138
**КIуащ БетIал.** «Си макъыр мелуанхэм я макъым ещхь зыщ...» Усэ . . . . 140


## УщыIэхукIэ – адыгэр псэунщ

*«Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс 90 ирокъу*


**Нартыжь Санэ.** Лъэпкъым и псалъэ Iущыр. Интервью . . . . 141
**Бекъан Чыланий.** Iулыджышхуэ зиIэ Мырзэкъан Суфян . . . . 147
**Пщыбий СультIан.** Журналист гъуэзэджэ, гу щабэ, псэ хьэлэл зиIэ . . . . 148
**Иналыкъуэ МатI.** ЩIэблэм щапхъэ яхуэхъуу щыта . . . . 150
**Санэ Маринэ.** АдыгэлI зэпIэзэрыту дигу къиина . . . . 152
**Махъшокъуэ Мухьэмэд.** ЗэдзэкIакIуэ Iэзэ . . . . 153
**Джатокъуэ Марьянэ.** Дахагъэр зи Iэпэгъу Джэрыджэ Арсен . . . . 154
**Ислъам Дисанэ.** Анэдэлъхубзэр зи псэм хэль бзылъхугъэ щыпкъэ . . . . 155
**Елгъэр Кашиф.** Абы хущIыхьэгъуэ зэи игъуэтыркъым . . . . 157


## Культурэ


**Тембот Санитэ.** Адыгэм и «Псэ жыгыр» мэкI . . . . 159

*Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ ирокъу*






*1851–1854 гъэхэм Толстой Лев Кавказым щыIащ, и нэгу щIэкIащ а зэманым абы щекIуэкIа зауэ гуащIэр, бгырыс лъэпкъхэм, къэзакъхэм я псэукIэм, я хабзэхэм кууэ щыгъуазэ зыхуищIащ, а псор лъабжьэ яхуэхъуащ тхакIуэм и повесть, рассказ зыбжанэм – «Хьэжы-Мурат», «Къэзакъхэр», «Теуэ», «Мэз пыупщI», «Кавказым и гъэр» хъыбарым.*

*ТхакIуэм и нэхъ тхыгъэфI дыдэхэм хибжэу щытащ «Кавказым и гъэр» хъыбар хъэлэмэтыр. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, абы лъабжьэ хуэхъуар урыс офицер Торнау Фёдор и гукъэкIыжхэрщ. ТIасхъэщIэх къежьауэ, ар 1836 гъэм адыгэхэм гъэр ящIауэ щытащ, абыхэм илъэсищкIэ яIыгъащ. Торнау и гукъэкIыжхэр 1865 гъэм дунейм къытехьащ, абыхэм щыгъуазэ хъуа нэужьщ Толстой «Кавказым и гъэр» хъыбарыр щитхар. (Торнау щхъэгъусэ хуэхъуауэ щытащ Бекович-Черкасскэхэ я лъэпкъым щыщ адыгэ пщащэ).*



*Кавказым икIыжа нэужьи Толстой зыщигъэгъупщакъым бгырысхэм яхуиIэ IэфIыгъэмрэ гуапагъэмрэ – аращ щыхьэт зытехъуэр зи цIэ къитIуа тхыгъэхэр. ТхакIуэм и ныбжьыр илъэс 80 щыхъуам щыгъуэ абы ехъуэхъун папщIэ Яснэ Полянэм кIуауэ щытащ Псыжь адрыщI ис Тэхътэмыкъуей адыгэ къуажэм щыщ егъэджакIуэ Хьэтэгъуэгу Аскэр. Мейкъуапэ дэт цIыхубз еджапIэм папщIэ Толстой абы кърита уэ щытащ тхылъ куэд.*

*ТхакIуэшхуэм и дневникыр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэ хъыбарыжьхэм абы щыгъуазэ захуищIауэ зэрыщытам. Апхуэдэ хъыбар хъэлэмэт куэд ар щрихъэлIэгъащ Тифлис къыщыдэкIа тхылъым – «Сборник материалов для описания местностей и племён Кавказа». Ар ноби щIэльщ Толстой и уней библиотекэм.*

*Кавказым щикIыжым, Толстой Яснэ Полянэм здишэгъащ адыгэш лъэрызехьэ. Шыр лIа нэужь, абы и мывэ сыныр тхакIуэм и жыг хадэм иригъэувауэ щытащ.*

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид

## ТОЛСТОЙ Лев

# Кавказым и гъэр

*Хъыбар*

Офицер гуэрым къулыкъу щищIэгъащ Кавказым. ЖилинкIэ еджэрт абы.

Я деж къикIри, хъыбар къыIэрыхьащ абы зэгуэрым. И анэжьым къитхырт: «Жьы сыхъуащ, дунейм сехыжын и пэ си щIалэ закъуэр слъагъужащэрэт жызоIэ, сигу укъэкIащ. КъэкIуэжи, зэ сызыIугъэплъэж,

сыщIэплъхьэжмэ, сыпхуэарэзыщи, къулыкъуми бгъэзэжынщ. Нысэ схуэхъуни къэзгъуэтакIэщ: Iущщ, щIыкIафIэщ, унагъуэ хуэщIаи къыхэкIащ. Уигу ирихьмэ, къодгъэшэнщи, укъэнэжыпэнкIи мэхъу».

Жилин егупсысащ: «Захуэщ ди анэр: жьы дыдэ хъуащ тхьэмыщкIэр, сыкъимылъагъужауэ дунейм ехыжмэ, и гуэныхьым сигъэкIуэнкъым. Слъагъунщ, сыкIуэжынщи. Пщащэр зэрыжиIэм хуэдэмэ, къэсшэнкIи и чэзу хъуащ».

Дзэ пашэм деж кIуэри зыкъригъэутIыпщащ, и ныбжьэгъухэм сэлам ярихыжащ, сэлэтхэм шагъыр пэгуниплIкIэ яхуэупсэри, гъуэгум зыхуигъэхьэзыру щIидзащ.

Кавказым зауэ щекIуэкIырт абы щыгъуэ. Махуэми жэщми ущызэрагъакIуэртэкъым гъуэгум. БыдапIэм урысхэм ящыщ гуэр бгъэдэкIуэтамэ, тэтэрхэм* е яукIырт, е япхъуатэрти, бгым ирахьэрт. Хабзэ зэрыхъуати, быдапIэм зыгуэр дэкIынумэ, сэлэт къэрэгъул дыщIагъурт – тхьэмахуэ зэхуакум тIэу. Сэлэтхэр я пэкIи я ужькIи щыплъырщ, езы гъуэгурыкIуэхэр яку дэтщ.

Гъэмахуэ мазэт. БыдапIэм дэкIащ нэхущым, сэлэт къэрэгъулхэр зыщIагъури. Жилиныр шут, и хьэпшыпыр гум илът. НэгъуэщI гу зыбжани техьат гъуэгу.

Верст 25-рэ хуэдиз къащIэлът якIун хуейуэ. Шыгухэр хуэмущ зэрыкIуэр: зэ сэлэтхэр зэтоувыIэ, зэ зы шыгу и шэрхъыр щIож е шыхэм ящыщ зы лъэданэ йонэ – апщIондэху заIэжьэн хуей мэхъу псоми.

Дыгъэр шэджагъуапIэм иувакIэщ, итIани якIуар гъуэгум и зэхуэдитIщ. Сабэщ, хуабэвэхщ, дыгъэр пщтырщ, зы жьауапIи урихьэлIэркъым. Губгъуэ сэтейщ, зы жыги зы чыци теплъагъуэркъым гъуэгубгъум.

Япэ ищри, къэувыIауэ, гъуэгум тетщ Жилиныр, и гъусэхэм япоплъэ. Бжьамий макъ зэхех – и гъусэхэр зэтеувыIауэ аращ, аргуэрыжьщи. Жилиныр мэчэнджащэ: «СапэмыплъэмэI, хъунукъэ? Си шыр лъэрызехьэщ, тэтэрхэр къысIуэуэми, саIэщIэкIыфын хуейщ. Хьэмэрэ шынагъуэ?»

Щытщ мэчэнджащэри. Здэщытым, нэгъуэщI зы офицер, Костылиныр, къыкIэлъос, шууэ, и фочыр и дамэм фIэдзауэ. Къыбгъэдохьэри, къыжреIэ:

– НакIуэ, Жилин, япэ дигъэщ. Сешащи, къару сиIэжкъым икIи сыкъэмэжэлIащ. Хуабэм дытриукIыхьынущ гъуэгум. ПщIэнтIэпсыр къыспоху, си джанэр яжьыщIа къудей фIэкI пщIэнкъым. – Костылиныр лIы зыIэщIэлът, гъумыщIэт, къызэщIэплъати, пщIэнтIэпсыр къехуэхырт. Жилиныр тегушхуащ:

– Уи фочыр узэда?

– Узэдащ.

– Сыакъылэгъущ абы щыгъуэ. Ауэ дызэгурыгъаIуэ – дызэкIэрыху хъунукъым.

Шыхэм елъэдэкъауэри, я гъуэгу техьэжащ. Губгъуэм кIуэцIрокI гъуэгур, псалъэурэ здэкIуэм, заплъыхь, хутыкъуэркъым. Шэч зыхуэпщIын иплъагъуэркъым губгъуэм.

Губгъуэр къаухри, гъуэгур бгы зэхуакум дыхьащ. Жилин жеIэ:

– Бгым дэкIауэ зыплъыхьын хуейщ, бгы къуагъым къыкъуэцIэфтынкIэ хъунур хэт зыщIэр?

Костылиным жеIэ:

* Тэтэрхэр — мыбдежми адэкIи зи гугъу ищIыр шэрджэсхэрщ.

– Сыт щхьэкIэ дыдэкIын? Ди гъуэгу хэдгъэгъэщI.

Жилиным идакъым.

– Хьэуэ, – жеIэ абы, – уэ мыбдеж къыщыспэплъэ. Сэ зыкъэсплъыхьынщ.

СэмэгурабгъумкIэ триIуантIэри, бгым кIэрыхьащ. Жилиным и шыр щакIуэшт (тумэнипщI иритри, шыбз гуартэм здыхэтым къищэхуат шыщIэ щIыкIэ, езым игъэсэжат); лъэта нэхъей илъэдащ бгыщхьэм. Бгыщхьэм къихутэрэ зиплъыхьмэ – и пащхьэ дыдэм тэтэр шухэр къыщелъагъу, шу тIощIрэ пщIырэ хуэдиз. Шыр къыжьэдикъуэри, къриIуэнтIэкIыжащ; тэтэрхэми гу къылъатащ, къебгъэрыкIуащ, кIуэрыкIуэм здытетым, я фочхэм дохъутейр трагъэж. Шым и жьэр иутIыпщауэ, Жилиныр бгым къожэхыж, Костылиным йогуо:

– Уи фочыр къэгъэхьэзыр! – езыр зыщыгугъыр и шырщ: «СыкъыумыгъэщIэхъу, улъэпэрэпэнщи, дыкIуэдащ. Фочыр си Iэгъуэджэщ – псэууэ заIэрызгъэхьэнкъым».

Костылиным, фочыр къигъэхьэзырыным и пIэкIэ, тэтэрхэм зэраIуплъэххэу, лъэдакъэпэр пач жыпIэну зричри быдапIэмкIэ щIэпхъуэжащ. Шым щIопщыр трекъутэ, и ужьым сабэр ищIауэ, макIуэмэлъей.

Жилин и Iуэхур хэплъэгъуэ хъуащ. Фоч зыIыгъыр щIэпхъуэжащ, сэшхуэ къудейкIэ куэд пхузэфIэкIын? Шым и жьэр иутIыпщри, сэлэтхэм я дежкIэ иунэтIащ – яIэщIэкIынкIэ гугъэри. Плъэмэ – и пэ шууих къилъэдащ. Лъэрызехьэт и шыр, модрейхэри хуэмыхутэкъым зытесыр, и гъуэгури зэпаупщIат. Шыр къыжьэдикъуащ, къигъэкIэрэхъуэжын и гугъащ, арщхьэкIэ шыр щIихьащи, хузэтеубыдэркъым, тэтэрхэм яжьэхехьэ. Елъагъу – шы гъуабжэ тес тэтэр жьакIагъуэ благъэ дыдэ къыхуэхъуащ. НэкIэ къишхын хьэзырщ, и фочыр игъэпкIагъэххэщ.

«ФызоцIыху сэ фэ, – жеIэ Жилиным игукIэ, – псэууэ саIэрыхьэмэ, хьэпс мащэм срадзэнщи, щIопщкIэ сраубэрэжьыхьынщ. ЗаIэрызгъэхьэнкъым псэууэ».

ЦIыху къуэгъуми, Жилиныр лъэрымыхьтэкъым. Сэшхуэр кърипхъуэтри тэтэр жьакIагъуэм ебгъэрыкIуащ: «ШыбгъэкIэ изудынщ е сэшхуэмкIэ хэзгъэщIэнщ», – жери.

Хунэсакъым Жилиныр, зы шыщхьэ хуэдиз къэнэжауэ, и щIыбкIэ къыщеуэри шыр щIаукIыкIащ. КIэбдзкIэ ува шыр Жилиным къытеджалэри, и лъакъуэр щIиубыдащ.

КъеIащ, зыкъиIэтыжыну. ТэтэритI къыщхьэщыхутащи, и Iэблэр ираIуэнтIыкI. ЗакъыIэщIиудащ, арщхьэкIэ нэгъуэщIищи шым къелъэтэхри зыкърадзащ, фоч лъэдакъэкIэ ираудыжащ. И нэр щыункIыфIыкIащ абдежым, хузэфIэкIыжа щыIэкъым. ЗэщIаубыдащ тэтэрхэм, и Iэр и щIыбкIэ щапхащ, аркъэн ирадзэри уанэм бгъэдалъэфащ. И пыIэр щхьэраудащ, и шырыкъур щалъэфащ, и жыпым къиIэпщIэпщIыхьащ, и ахъши и сыхьэти кърахащ, и фащэр зэхачэтхъащ. Жилиныр и шым хуеплъэкIыжащ. БгъукIэ телът ар, зэрыджэлауэ; золъэкъуауэ, къеIэ щхьэкIэ къызэфIэувэфыркъым; и щхьэпхэтIыгум лъы фIыцIэр къож, лъыр, сабэм хэлъадэурэ, мапцIэ.

Тэтэрхэм ящыщ зы, шым бгъэдыхьауэ, уанэр къытрех. Шыр золъэкъуауэ, и псэ пытщи; къамэ кърихри, тэтэрым шым и къурмакъейм щIилъэфащ. Лъыр къиуащ, бахъэ пщтырыр щхьэщыту.

Тэтэрхэм шы узджынтам уанэр къытрахащ, нахъутэри къыпщIэхахащ. Тэтэр жьакIагъуэр шэсыжащ, Жилиныр япхъуатэри, абы и шым ягъэкIэсащ; къемыджэрэзэхын щхьэкIэ, и бгым ищIа аркъэным и кIапэр уанэ къуапэм ирапхыжри, я гъуэгу техьэжащ, бгымкIэ яунэтIри.

Тэтэрым и шыпхэм пысщ Жилиныр, пщIэнтIэпсымэм еукI. Iуоплъэ абы и плIабгъуэм, и пщэ лъынтхуабэр елъагъу, елъагъу пыIэ къуацэм къыщIэщ пщэдыкъ упсагъащIэр. Жилиным и щхьэм уIэгъэ телъщ, лъыр и натIэм щызэпцIыжащ. Шыпхэм траIулIа пэлъытэщи, зыхуэгъэхъейркъым, лъыри ирилъэщIэкIыфыркъым. И Iэр апхуэдизкIэ иракъузэкIащи, и Iэблэр ипкIыным нэсащ.

КIыхьт гъуэгур, бгым докI, къохыж, псым зэпрокIри къуэ кIуэцIым дохьэ.

Гъуэгур и гум ириубыдэн и гугъащ Жилиным – здахьыр зригъэщIэн папщIэ, арщхьэкIэ лъы пцIам игъаплъэркъым, зигъэзэнуи къару иIэкъым.

Пшапэр зэхоуэ. Зыпс зэпрыкIыжри, джабэ нэкIум кIэрыхьащ, Iугъуэмэ къыпщIихьэ хъуащ, хьэ банэ макъи къэIуащ.

Нэсащ къуажэм. Тэтэрхэр епсыхащ, тэтэр щIалэ цIыкIухэр къызэхуэжэсащ, Жилиныр къаувыхьащи, зэрогъэкIий, мэдыхьэшх, мывэ къраутIыпщ.

Тэтэрым щIалэ цIыкIухэр Iуихужащ, Жилиныр шым кърахьэхри и лIыщIэхэм ящыщ зы къриджащ. Нэгъуей нэкIутIэ къэсащ, и джанэр утIыпщарэ бгынтIэу. ЗэхэфыщIащ, и бгъэ пцIанэр къоплъэ. Тэтэр жьакIагъуэм зыгуэр жриIащ абы. ЛIыщIэм лъэхъу къихьащ – жыгей пхъэ тыкъыритI, уэрдыхъу щыукIэжауэ; зы уэрдыхъум IункIыбзэкъэб кIэрыщIащ.



Жилиным и Iэр къатIэтащ, лъэхъур иралъхьэри гуэщым щIашащ: щIадзэри, бжэр хуащIыжащ. Жилиныр вэнвейм хэджэлащ. Iэбэрабэурэ нэхъ гъущапIэ къигъуэтри, зригъэщIащ.

А жэщым и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым Жилиным. Гъэмахуэ жэщыр кIэщIкъэ? Гуэщ гъуанэм доплъ – нэху щыуэ щIидзащ. ЗыкъиIэтри, блыным кIэрыуващи, гъуанэм доплъ.

Гуэщ гъуанэм здыдэплъым, гъуэгур елъагъу – гъуэгур бгым докI, ижьырабгъукIэ тэтэр унэ щыболъагъу, бжэIупэм жыгитI Iутщ. Хьэ къарэ телъщ бжэщхьэIум, бжэни чыцIи дэтщ пщIантIэм, я кIэ ягъэкIэрахъуэу. Тэтэр хъыджэбз цIыкIу псыхьэ къокIыж, джанэ къуэлэнщ, лъахъстэн мест плъыжьщ, и щхьэм жэз къубгъанышхуэ тетщ. Къубгъаныр къызэрехьэлъэкIыр уолъагъу, и бгыр еухуэ, щхьэбалыджэ щIалэ цIыкIуи щIыгъущ, джанэ пцIанэу. Унэм щIыхьэжащ хъыджэбз цIыкIур, дыгъуасэрей тэтэр жьакIагъуэр къыщIэкIащ, шылэ къэптал щыгъщ абы, и бгым дыжьын къамэ ищIащ, вакъэ пIащIэ лъыпыIуащ. Мэлыфэ пыIэ фIыцIэ лъагэ щхьэрыгъэсащ. КъыщIэкIащи, зеукъуэдий, и жьакIэ гъуэплъым толъэщIыхь. Заулрэ дэтащ пщIантIэм, лIыщIэм зыгуэр жриIэри, куэбжэм дэкIащ.

ЩIалэ цIыкIуитI шыр псафэ яхуащ. Шыхэр щIэгъущхьэжакъым. ЩIалэ цIыкIу зыбжанэ, псоми я щхьэ упсауэ, къызэрыгъэугъуеящ, гуэщым къыбгъэдыхьащ, чы къащтэри гуэщ гъуанэм къыдаIу. Жилиныр щахуилъым, щIалэ цIыкIухэр, зэрыгъэкIийуэ, Iужыжащ.

Псы хуэлIащ Жилиным, и Iур игъущIыкIащ; зыгуэри къызэрымыкIуэ – аращ зэгупсысыр. ЗэпходэIукI – гуэщыбжэр Iуах. Тэтэр жьакIагъуэр къыщIыхьащ, нэгъуэщI зыи щIыгъущ – лIы къуапцIэ лъахъшэ. Нэ фIыцIэщ, нэкIущхьэплъщ, и жьакIэр лъагуэу пыгъэщхъащ; нэфIэгуфIэщ, и дзэлыфэ зэтехьэркъым. ЛIы къуапцIэр зэщыхуэпыкIащ: и шылэ джанэ щIыхуфэм уагъэ илъщ. И бгым къамэшхуэ ищIащ, дыжьын къамэщ, и лъахъстэн местыр плъыжьыбзэщ, дыжьын уагъэ тебзащ. Мест плъыжькIэ итщ къатырым. И пыIэр лъагэщ, мэлыфэ хужьщ.

Тэтэр жьакIагъуэм, гуэщым къыщIыхьэри, зыгуэр жиIащ, шхыдэ щIыкIэу; блыным зригъэщIащи, и къамэ Iэпщэр екъуз, и нэщхъыр Жилиным хузэхелъхьэри хущIоплъ, зыIуригъэлъэдэн хьэзыркъэ жыпIэнщ. ЛIы къуапцIэ лъахъшэр зэрынэжэгужэщ, къытреч, и пIэм изагъэркъым, Жилиным къыбгъэдохьэри лъэгуажьэмыщхьэ зещI, и дзэлыфэр етI, и дамэм къытоуIуэ, псалъэр къыIуролъэлъ, и нэр щIеукъуанцIэ, и щхьэр егъэкIэрахъуэ, и псалъэм къыхэхуэ зэпытщ: «Корошо урус! Корошо урус!»

Зыри къыгурыIуакъым Жилиным, зыщIэлъэIур зыщ: «Псы севгъафэ, си Iур гъущIащ!»

ЛIы къуапцIэр мэдыхьэшх. «Корош урус» – аращ и бзэгупэм телъыр.

IэпэтэрмэшкIэ ягуригъэIуащ Жилиным псы зэрыхуэлIар.

ЛIы къуапцIэм зэхищIыкIащ, дыхьэшхри и щхьэр гуэщым щIишиикIащ, еджащ зыгуэрым: «Динэ!»

Къэсащ хъыджэбз цIыкIу – IэпцIупцIщ, лантIэ цIыкIущ, илъэс пщыкIущ и ныбжьынщ, лIы къуапцIэм ещхьщ и нэкIукIэ. Зэрипхъур нэрылъагъущ. Нэ фIыцIэщ ари, дахэ дыдэщ. Джанэ щIыху кIыхь щыгъщ, Iэгъуапэ быхъущ, бгырыпх щIэлъкъым. И джанэкIэми, и бгъэми, и Iэгъуапэми уагъэ плъыжь илъщ. Мест плъыжькIэ итщ вакъэм, лъэдакъэ лъагэщ; и пщэм щыгъэ илъщ, урыс ахъшэ жьгъей зэфэзэщщ щыгъэр. ЩхьэпцIэщ, и щхьэц фIыцIэр ухуэнащ, абы щэкI бгъузэ хэщIащ, тхьэгъуурэ дыжьын сомрэ къыхэлыдыкIыу.

И адэм зыгуэр жриIащ абы. Iужыжри щIэх дыдэ къигъэзэжащ, кхъуэщынкIэ псы къихьри. Псыр къишийри, езыр хьэмбыIуу тIысащ, и лъэгуажьэпэр и дамащхьэм фIэкIыжауэ. ЕтIысэхащи, и нэр къихуу йоплъ Жилиным, псы зэрефэр егъэщIагъуэ.

Жилиным кхъуэщыныр хуишиижащ абы. Мэз бжэн нэхъей, къыщылъэтыжащ хъыджэбз цIыкIур. И адэрэ пэт дыхьэшхащ. Зыгуэр жриIащ. Кхъуэщыныр ипхъуэтэжри, гуэщым щIэжыжащ, пхъэбгъу хъурей цIыкIу телъу хьэлу къихьащ, етIысэхыжащи, и нэр Жилиным къытригъэкIыркъым.

ТэтэрхэрщIэкIыжащ, гуэщыбжэр къагъэбыдэжащ.

Заул докIри, Жилиным деж къокIуэ нэгъуейр, къыжреIэ:

– Хьайдэ, хозяин, хьайдэ!

Абыи ищIэркъым урысыбзэ. Сытми, къыгуригъэIуащ гуэщым щIэкIын зэрыхуейр.

Лъэхъур ирилъэфэжьащ Жилиным, йощIэкъуауэ, и лъэ зэблихыфыркъым, йощIэ. Нэгъуейм кIэлъыщIэкIащ Жилиныр. Зеплъыхь – тэтэр жылэщ, унагъуипщI хуэдиз мэхъу, мэжджыти дэтщ, азэн джапIи хэту. Унэхэм ящыщ зым и куэбжэпэм шищ Iутщ, уанэ ятелъу. ШхуэмылакIэр щIалэ цIыкIухэм яIыгъщ. Унэм къыщIэкIри, лIы къуапцIэм Iэ

къыхуищIащ Жилиным. Мэдыхьэшх, зыгуэрхэр жеIэри унэм щIохьэж. Абы кIэлъыщIыхьащ Жилиныр. Пэш зэлъыIухащ, блыныр ятIагъуэ щIыфэщ. Япэ узыIуууэ блыным щхьэнтэ къуэлэнхэр егъэтIылъэкIащ, блыным алэрыбгъу зыкъизыхы едзащ; алэрыбгъум фоч, фокIэщI, сэшхуэ фIэлъщ – дыжьынщи, зэщIолыдэ псори. ПлIанэпэм жьэгу дэтщ, унэ лъэгум хэщIыхьауэ. ЯтIэ лъэгущ, къабзэ дыдэщ, къиикIащ, алэрыбгъум къазыц щхьэнтэ телъщ. Алэрыбгъум тесщ тэтэрхэр: лIы къуапцIэр, жьакIагъуэр, хьэщIищ. Мест вакъэ ялъыпыIуащ псоми. Къазыц щхьэнтэхэм зрагъэщIащ, я пащхьэ Iэнэ хъурей итщ, Iэнэм ху хьэлывэ телъщ, фалъэм тхъуцIынэр щожабзэ, кхъуэщыным махъсымэ итщ. IэпэкIэщ шхыным зэрыхэIэбэр, я Iэпхъуамбэхэр дагъэ защIэщ.

ЛIы къуапцIэм зыкъиIэтащ, Жилиныр лъэныкъуэкIэ ягъэтIысыну унафэ ищIащ, алэрыбгъур ирапэсакъым, жыхафэ пцIанэм трагъэтIысхьащ. Бысымыр и пIэ итIысхьэжащ, махъсымэр яхурегъахъуэ хьэщIэхэм. Жилиныр иригъэтIысэхри, лIыщIэм и вакъэр зылъихащ, вакъэр бжэкъуагъым къуигъэувэри, упщIэм тетIысхьащ, ябгъэдэкIуатэри; мохэр Iэнэм щыIэбэкIэ, и гурыIупсыр къожэ.

Iэнэм пэрысщ тэтэрхэр; физ къыщIохьэ, джанэ быхъу щыгъыу; и щхьэр IэлъэщIкIэ щIэуфащ. Шхэн яухати, Iэнэр щIихыжащ физым, Iэнлъэ цIыкIурэ къубгъанрэ къыщIихьащ. Я Iэр ятхьэщIыжащ тэтэрхэм, лъэгуажьэмыщхьэ защIри, тхьэ елъэIуащ. Зыгуэрхэр жаIащ я бзэкIэ. ХьэщIэхэм ящыщ зым зыкъыхуригъэзэкIащ Жилиным, урысыбзэкIэ къыжреIэ.

– Уэ, – жи, – узикIэсыр Къазий-Мухьэмэдщ, – тэтэр жьакIагъуэм хуоплъэкIри, – Абдул-Мурат уритащ, – жи, лIы къуапцIэм зыхурегъэзэкIыжри. – Абдул-Муратщ иджы узейр. – Жилиныр щымщ.

Абдул-Мурат къопсалъэ, и Iэр Жилиным хуищI зэпытщ, щIэмычэуи мэдыхьэшх: «Солдат урус, корошо урус».

Тэрмэшым къыгурегъэаIуэ: «Фи деж хъыбар ебгъэщIэн хуейуэ унафэ къыпхуещI, яхуэтх, щхьэщэхужыпщIэ къыпхурырагъэхь. Ахъшэр къэсмэ, уиутIыпщыжынущ».

Жилиныр мэгупсысэри, жеIэ: «Дапщэ жиIэр?»

Тэтэрхэр зэпсэлъылIа нэужь, тэрмэшым къыжреIэ:

– Сом минищ.

– Хьэуэ, – жеIэ Жилиным, – апхуэдиз схузэфIэкIынукъым.

Абдул къыщылъэтащ, и Iэр ищIу, Жилиным щхьэщыуващи, зыгуэрхэр жеIэ – зэхищIыкIыу къыфIощI. Тэрмэшыр къоупщI: «Дапщэ пхузэфIэкIынур?»

ЗаулкIэ зеIэжьэри, Жилиным жеIэ: «Сом щитху».

Тэтэрхэр къыщылъэтащ, зыр зым хуолъ. Абдул жьакIагъуэм текIиящ, и Iупсыр епхъ. ЖьакIагъуэм и нэщхъыр зэхелъхьэ, зыгуэрхэр къебж.

Щым хъужа нэужь, тэрмэшым къыжреIэ:

– Сом щитхур фIэмащIэщ Абдул-Мурат. Сом щитI пщIитакIэщ абы. И щIыхуэ телът Къазий-Мухьэмэд. ЩIыхуэр ипшыныжын хуейти, arащ Абдул-Мурат ущIритар. Сом минищ и кIэ къихуамэ, уиутIыпщыжынукъым. Фи деж умытхмэ, хьэпс мащэм уридзэнущ, щIопщкIэ укIуэцIакъухьынущ. «Уащышынэу закъебгъэлъагъу хъунукъым, нэхъей екIуэнущ», – йогупсыс Жилиныр. Къыщолъэтри, жеIэ:

– ЖеIэ хьэм хуэдэм: шынагъэкIэ спихын щыIэкъым, щай фIыцIи естынкъым, ди дежи стхынкъым. Фыхьэщ фэ, игъащIэми сыфщышы-

накъым, иджыри сывгъэшынэнкъым!

Тэрмэшым ар щажриIэм, зэдауэ хъуащ тэтэрхэр.

Зэдэуащ куэдрэ, лIы къуапцIэр къыщылъэташ, Жилиным бгъэдохьэ.

– Урус, – жи, – джигит, джигит, урус!

«ЛIы ирокъу» жыхуиIэщ я бзэкIэ. Езыр мэдыхьэшх: тэрмэшым зыгуэр жриIащ, тэрмэшым къыгурегъаIуэ:

– Сом минкIэ арэзыщ.

Жилиныр яхуикIуэтыркъым: «Сом щитху нэхъыбэ фэстынукъым. СывукIмэ, абыи фыхэкIыжащ».

Тэтэрхэр зэчэнджэщыжащ, лIыщIэр зыщIыпIэ ягъэкIуащ, езыхэр зэ Жилиным йоплъ, зэми бжэмкIэ маплъэ. ЛIыщIэм къигъэзэжащ, абы и ужь зыгуэр итщ, пIащэщ, хьэлъэщ, лъапцIэщ, зэхэчэтхъащ; лъэхъу илъщ абыи.

Жилиныр къэскIащ, Костылиныр къиицIыхужри. Къаубыдат ари. ЗэбгъурагъэтIысхьащ тIури; зопсалъэ, я хъыбар зэхуаIуатэ, тэтэрхэр къапэрыуэркъым, къоплъ. И Iуэху къызэрекIуэкIар иIуэтэжащ Жилиным. И шым и лъэр зэрызэщIэнар, и шэр зэрыбзэщхъуар къыжриIэжащ Костылиным, мо Абдулыращ зыубыдар.

Абдул къыщолъэт, и Iэпэр Костылиным хуишийуэрэ, зыгуэрхэр жеIэ.

Тэрмэшым хигъэгъуэзащ: тIури зейр Абдулщ, щхьэщэхужыпщIэ нэхъапэ къезытыр нэхъапэ иутIыпщыжынущ.

– Плъагъуркъэ, – къыжреIэ Жилиным, – уэ зыбохъунщIэ, уи ныбжьэгъур Iэсэщ; я деж итхакIэщ абы, сом минитху къыхурагъэхьынущ. Шхыни паубыдынукъым, и жагъуи ящIынукъым.

Жилиным жеIэ:

– Си ныбжьэгъум зэрыфIэзахуэщ; ар хуэкъулей хъунщ, сэ збгъэдэлъ щыIэкъым. Сэ, – жи, – зэрывжесIам сытекIынукъым. Фыхуеймэ, сывукI – фи фейдэ хэлъмэ. Сом щитху нэхъыбэ стынукъым.

Заулрэ щымащ псори. Иужьым Абдул къыщылъэташ, къабзий, тхылъымпIэ напэ, шакъэ къыдихащ пхъуантэ цIыкIум, Жилиным къыIэщIилъхьэри, и дамэм къытеуIуащ: «тхы». Арэзы хъуащ сом 500-кIэ.

– Мыр гурыгъаIуэ, – жреIэ Жилиным тэрмэшым. – Шхын дыщремыгъащIэ, дрехуапэ, дызэкIэримычынуи жеIэ – хуэдднукъым, лъэхъури ирырех. – КъыпогуфIыкI ар здыжиIэм, Абдулым хуеплъэкIыурэ. Абдулри и пащIэкIэ щIогуфIыкI. Жэуап кърeтыж:

– Щыгъыным я нэхъыфIым себлэнкъым: цеи шырыкъуи – кърипшэ хъунущ. Пщы хуэдэу згъэшхэнщ. Зэгъусэн я щIасэмэ, сапэрыуэнкъым, гуэщым щIрырес. Ауэ лъэхъур исхынукъым – кIуэсэнущ. ЖэщкIэ исхынщ. – Къыбгъэдохутэри и дамэм къытоуIуэ. – Твоя хорош, моя хорош!

Итхащ Жилиным письмо, я деж нэмысын хуэдэущ зэритхар. Езым и гум илъыр нэгъуэщIщ: «СыкIуэсэжынщ».

Жилинымрэ Костылинымрэ гуэщым яшэжащ, нартыху бзий, псы кхъуэщын, щIакхъуэ Iыхьэ, цей тIорыситI, сэлэт шырыкъу зэщIэхуа къыхуахьащ. Сэлэт хьэдэм къыщатхъа хъунт. Лъэхъур ирахащ, жэщ щыхъум, гуэщыбжэр къагъэбыдэжащ.

Мазэ ягъэкIуащ Жилинымрэ и ныбжьэгъумрэ. Абдул-Мурат мэдыхьэшх:

– Твоя, Иван, хорош, – моя, Абдул, хорош. – Ар жиIэ щхьэкIэ, шхыным щосхь, ху мэжаджэ мышыущ къарипэсыр, хупцIынэ фIэкI игу

щыпымыкIи къохъу.

Костылиным аргуэру итхащ я деж, ахъшэм пэплъэурэ ешащ. Гуэщым щIэсщи, махуэр ебж е мэжейри щылъщ. И письмор я деж зэрынэмысынур ищIэрт Жилиным, а зым фIэкIаи итхакъым.

«Дэнэ, – жеIэ, – ди анэм апхуэдиз ахъшэ къыздрихынур? – Сэ хуезгъэхьIамэ, аращ зэрыпсэуар. Сом щитху зэхуихьэсын мурад ищIмэ, ди лъапсэр нэщI хъуауэ аращ. Тхьэм жиIэмэ, сакIэщIэкIуэсыкIыжынщ».

Зеплъыхь, зэпходэIукI, кIуэсэжа зэрыхъунум йогупсыс. Зэм уэрамым дохьэ, зэм бжэщхьэIум тотIысхьэри, пхъэкIэбжьэкIэм йопэщэщ е ятIагъуэм гуащэ къыхещIыкI, матэ цIыкIу ещI. Жилиныр IэпщIэлъапщIэт абыкIэ, сытми хэзагъэрт.

Гуащэ дахэ дыдэ ищIащ зэгуэрым, пэи, Iэи, лъакъуи хуищIыжащ, тэтэр джанэ щхъуэкIэплъыкIи щитIэгъэжри гуэщ бжыхь кIапэм тригъэуващ.

Тэтэр цIыхубзхэр псыхьэ здэкIуэм, Динэ гуащэр къилъэгъуащ. Гуэгуэнхэр я дамащхьэм трахауэ, гуащэм йоплъ псори, мэдыхьэшх. Жилиным гуащэр яхуеший, Iахын дзыхь ящIыркъым, къэIэбэн къахэкIыркъым. Гуащэр игъэуври, Жилиныр гуэщым щIыхьэжащи, гъуанэм доплъ.

Динэ къыбгъэдэлъэдащ, гуащэр ипхъуатэри щIэпхъуэжащ.

ПщэдджыжьыIм плъэмэ, Динэ бжэщхьэIум къытеуващ, и IэплIэм гуащэр илъщ. Ихуэпащ гуащэр, сабийм хуэдэу щIеупскIэ, гущIэкъу уэрэд жреIэ, егъэудэIу. Фызыжь къыщIэкIащ унэм, хъыджэбз цIыкIум къыщIэкIиящ, гуащэр IэщIичри хыфIихуащ, езыр зыщIыпIэ игъэкIуащ.



Жилиным нэгъуэщI зы гуащи ищIащ, нэхъ дахэжу, – Динэ иритащ. Кхъуэщын къихьри, гуэщыбжэм къыIухьащ Динэ зэгуэрым, кхъуэщыныр игъэуври езыр лъэныкъуэкIэ тIысыжащи, мэдыхьэшх, и Iэпэр кхъуэщынымкIэ ишийуэрэ.

«Сыту пIэрэ щIэдыхьэшхыр?» – игукIэ жеIэ Жилиным. Кхъуэщыныр къещтэри егъэщIей, псы и гугъащ итыр, шэуэ къыщIэкIащ. Шэм йофэ, «хорошо», – жи. ГуфIэгъуэр зэрехьэ Динэ!

– Хорошо, Иван, хорошо! – къыщолъэтыж Динэ, и Iэгур зэтрегъауэ, кхъуэщыныр IэщIечыжри щIопхъуэж.

Абы лъандэрэ шэ къыхуихь хъуащ, зигъэпщкIуурэ. Бжэнышэм хьэлывэ къыхащIыкI тэтэрхэм, унащхьэм тралъхьэри ягъэгъу – хьэлыви къыхуехь Динэ. Мэл иукIат и адэми, мэлыл Iыхьи къыхуихьащ, и Iэгъуапэм иригъапщкIуэри. Къыхуедзри, езыр щIопхъуэж.

Уафэгъуагъуэ уэшхышхуэ къешхащ зэгуэрым, пэгункIэ къракIыу фIэкI пщIэнтэкъым. Къуршыпс цIыкIухэр къиуащ, къэутхъуащ, арщынищ хуэдизкIэ зыкъиIэтащ псым, мывэжьхэр кърехьэх. Псыхьэлыгъуэщ дэнэкIи, бгыщхьэм Iэуэлъауэр итщ. Уэшхыр щхьэщыкIащ, псыхьэлыгъуэр жэщIыжакъым. Жилиным сэ цIыкIу къыIрихащ Абдул, пхъэм гудзэ, гупхъэтIэкIу къыхиупсыкIри, шэрхъ цIыкIу ищIащ, гулъэмыжым и кIапэ зырызым гуащэр тригъэтIысхьащ.

ЩэкI бзыхьэхуэ къыхуахьащ хъыджэбз цIыкIухэм, – гуащэхэр ихуэпащ: зыр лIыжьщ, зыр фызыжьщ; шэрхъыр псыхьэлыгъуэм тригъэуващ. Шэрхъыр мэкIэрахъуэ, гуащэхэр долъей-къолъых.

Жылэр къызэхуэжэсащ: щIалэ цIыкIуи, хъыджэбз цIыкIуи, фызхэри; цIыхухъухэри къэкIуащ, я щхьэр ягъэкIэрахъуэурэ жаIэ:

– Ай, урыс! Ай, Иван!

Абдул сыхьэт иIэт, урыс сыхьэт. ЗекIуэртэкъым сыхьэтыр, къутат.

Жилиныр ireджэри кърегъэлъагъу, Iэпэ хуещI. Жилиным къыгуроIуэ.

– Къащтэ, пхуэсщIыжынщ, – жи.

Сэ цIыкIукIэ зэтрихащ сыхьэтыр, зэпкърилъхьэжри хуишииижащ. ЗекIуэ хъужащ сыхьэтыр.

ГуфIащ Абдул, и къэптал тIорысэр къритащ. ТIорысэми, жэщкIэ зытеппIэ хъунущ, къыIрихащ.

Жилиным и фIыцIэ Iуащ абы лъандэрэ, зэрыIэпщIэлъапщIэр хэIуащ жылэм. НэгъуэщI къуажи къокI цIыхур: зым фоч е фокIэщI къехь, кIакхъур зэIыхьащи, адрейм – сыхьэт къута. Абдул Iэмэпсымэ къритащ: Iэдэ, бру, и.

Тэтэр гуэр сымаджэ хъуати, Жилиным деж къаIуэхуащ: «Тхуеплъ, тхуеIэзэ», – жари. ЗэрыIэзэн ищIэртэкъым Жилиным. КIуэри еплъащ сымаджэм, игукIэ жеIэ: «Езыр-езыру хъужынкIи мэхъу». Гуэщым игъэзэжащ, псым пшахъуэ хикIутэри зэхигъэзэрыхьащ. Сымаджэм деж игъэзэжри, псым ебж хуэдэу зищIащ, сымаджэр иригъэфащ. И насыпым кърихьэкIри, сымаджэр къызэфIэувэжащ. Я бзэр мащIэу къыгурыIуэ хъуат Жилиным. Къесэ хъуащ цIыхури, нэIуасэ къыхуэхъуар, къыщыхуейм деж, и цIэкIэ къоджэ: «Иван, Иван!» Зи нэр къыхузэзыгъэдзэкIи яхэтщи, яшхынущ жыпIэнщ, ялъагъумэ.

ЖьакIагъуэр къытеплъэ хъуртэкъым Жилиным, и нэщхъыр къыхузэхилъхьэнти, и щIыб къыхуигъэзэнт е къыщIэкIиент. ЛIыжь гуэри нэIуасэ къыхуэхъуащ Жилиным. Къуажэм дэстэкъым ар, бгы лъапэм тест. Мэжджытым нэмэзыщI къыщыкIуэм дежт ар Жилиным щилъагъур. ЛIыжь лъахъшэт, и пыIэм щэкI бгъузэ хужь къедэкIат, и пащIэри и жьакIэри щIэгъэщхъуат, хужьыбзэт, къыуц нэхъей; и нэкIу зэлъар плъыжьыбзэт, шыбжий фIэкI умыщIэну. Пэ къуаншэт, къашыргъэ хуэдэ, нащхъуэт, нэщхъыдзэт, дзэи Iусыжтэкъым, и дзэпэфIанитIым фIэкI. Сарыкъыр щхьэрегъэсри къожьэ, башыр и Iэдэжщ, дыгъужьым хуэдэщи, нэ жагъуэкIэ зеплъыхь. Жилиным къыIуплъакъэ, и щIыб къыхуегъазэри мэгъумэтIымэ.

Бгы лъапэмкIэ кIуащ Жилиныр зэгуэр – лIыжьым и хэщIапIэр зригъэлъагъун папщIэ. Лъагъуэм здытетым, хадэ цIыкIу ирихьэлIащ, мывэ сэрейкIэ къэщIыхьауэ. Мывэ сэрейм балийрэ шэфталрэ къыщхьэдоплъыых, хадэкум унэ щхьэгуэ итщ. Сэрейм бгъэдыхьащ; жыг щIагъым бжьэ матэхэр щIэтщ, бжьэр зэрызохьэ, мэву. ЛIыжьыр бжьэ матэм бгъэдэсщ, зыгуэрхэр къеIущэщри. Мывэ сэрейм щыщхьэдэплъыыхым, лъэхъум Iэуэлъауэ ищIащ. ЛIыжьыр къыдэплъеящ, фокIэщIыр къипхъуатэри, Жилиным къытриунэщIащ. Къытехуакъым шэр – мывэ сэрейм зыкъуидзащ.

Абдул къыхуэтхьэусыхащ лIыжьыр. Жилиныр ireджэри къоупщI:

– Сыт лIыжьым деж ущIэкIуар? – Езыр мэдыхьэшх.

– Сигу Iей хуилъкъым. И псэукIэ зэзгъэлъагъун щхьэкIэщ сыщIэкIуар.

ЛIыжьыр къытехьащи, и пIэ изэгъэжыркъым, мэгъумэтIымэ, и Iэ и лъэр ещI, Жилиныр зыIуригъэлъэдэн хьэзырщ.

ЛIыжьым жиIа псор къыгурыIуакъым Жилиным; къыгурыIуар Абдул унафэ къызэрыхуищIарщ: къуажэм дэбгъэс хъунукъым, жи, мыр, укIын хуейщ, жи. Ар жери кIуэжащ лIыжьыр.

Жилиныр йоупщI Абдул: сыт а лIыжьыр зищIысыр? Абдул къыжреIэ.

– Ар цIыхушхуэщ! Шуейуэ щытащ, къыщIыхьэ щыIакъым, и

гъащIэр зауэм щихьащ, хуэщIауэ псэуащ. Фызищрэ къуэуэ ирэ иIащ. НэгъуэщI къуажэ дэсащ. Сэлэтхэр къатеуэри, къуажэр зэтракъутащ, лIыжьым и къуибл яукIащ. Зы закъуэ къыхуэнати, урысым яхыхьэжащ. ЛIыжьыр кIэлъыкIуащ и къуэм, урысым екIужауэ фэ зытригъэуащ, мазищкIэ яхэсащ, и къуэр къигъуэтыжри езым и IэкIэ иукIыжащ, къахэкIуэсыкIыжри бгым ихьэжащ.

Абы лъандэрэ хыхьэжакъым зауэ, Мэчэм щыIащ, хьэжы хъуауэ къигъэзэжащ, аращ хьэжы пыIэ щIыщхьэрыгъыр. ФIыуэ фыкъилъагъуркъым абы. УзукIын хуейуэ къызиубыдылIащ лIыжьым; сэ узукI хъурэ – ахъшэ пщIэстащ. Сигу урихьащ уэ, Иван. УзукIын дэнэ къэна, узутIыпщыжынтэкъым, псалъэ уэзмытамэ. – Мэдыхьэшх, урысыбзэкIи къыщIегъуж: «твоя, Иван, хорош, моя, Абдул, хорош!»

Мазэ игъэкIуащ абы хэтурэ. Махуэм къуажэм дэтщ е и IэщIагъэм пылъщ, пшапэр зэхэуэрэ жылэр зэгъэжмэ, гуэщ лъабжьэр щIетIыкI. Мывэ лъэгущи, гугъу дохь, сытми, мывэр икIэ ихъуэурэ, блын лъабжьэр щIитIыкIащ, уихуэн хуэдэу. «Гъуэгум щыгъуазэ зыхуэсщIыфатэмэ, артэкъэ, – жеIэ игукIэ. – Абы щыгъуазэ уащIынкъым тэтэрхэм».

Абдул къуажэм дэкIауэ зрыригъэхьэлIэри, шэджагъуэ нэужь хъуауэ, къуажэбгъум кIуащ Жилиныр, бгым дэкIащ, зиплъыхьын мурад ищIри. Щежьэм, Абдул и къуэ нэхъыщIэм унафэ хуищIат и нэр Жилиным тримыгъэкIыну. Жилиным кIэлъожэ щIалэ цIыкIур, мэкIий:

– УмыкIуэ абыкIэ! Ди адэм идэнукъым. ЦIыхур къызэщIэзгъэстынщ!

Жилиныр щIалэ цIыкIум йодэхащIэ.

– Сэ, – жи, – жыжьэ сыIукIынукъым, мо бгым сыфIэкIынукъым: удз хущхъуэ къисчынущ, фи сымаджэхэм сеIэзэнущ. НакIуэ си гъусэу. Си лъакъуэм лъэхъу илъщ – сыщIэпхъуэжын уи гугъэ? Шабзэрэ шабзэшэрэ пхуэсщIынщ пщэдей.



КъигъэдэIуащ щIалэ цIыкIур. Удэплъеймэ, лъагэкъым бгыр – лъэхъурщ хьэлъэ къыпщызыщIыр: ерагъмыгъуейуэ дэкIащ бгым. ЕтIысэхащ Жилиныр, Iэшэлъашэр зэхеплъыхь. Бгым адэкIэ, джабэ нэкIум, шыбз гуартэ щохъуакIуэ, къуажи щыболъагъу псы Iуфэм. Махуэ някъуэ гъуэгу дэлъщ абы нэс. Къуажэм бгы задэ къыщхьэщытщ, адэкIи щыболъагъу зыбг. Бгы тIуащIэр мэзым иуфэбгъуащ, адэкIи, къуакIэбгыкIэщи, зым нэхърэ зыр нэхъ лъагэщ. Псом нэхърэ нэхъ лъагэр уэсыщхьэщ, фошыгъу щхьэщылъ фIэкI пщIэнукъым. Уэсыбгхэм зы къахопIиикI, ар псоми йолъэгэкI. КъуэкIыпIэмкIи къухьэпIэмкIи бгылъэщ, псы Iуфэм Iус къуажэхэм Iугъуэ мащIэ ящхьэщыболъагъуэ. «Ар мыбы я щIыналъэщ», – жеIэ игукIэ. Маплъэ урысхэр здэщыс лъэныкъуэмкIи: къуажэм псы блож, хадэхэр елъагъу. Псым, гуащэ цIыкIу нэхъей, фызхэр Iусщ, жьыщIыгъэ хаудынызщIэри. ИщхъэрэкIи къуажэ щыболъагъу, абы и щIыбагъ Iуащхьэ лъагитI къыдэтщ, а IуащхьитIым я зэхуакур губгъуэ сэтейщ, абы уриплъэмэ, Iугъуэ сырыхум щIым зытриубгъуауэ плъагъу къыпфIощI. Дыгъэр къыщыкъуэкI лъэныкъуэр къегубзыгъыж Жилиным – зыдэса быдапIэм елъытауэ. Шэч хэлъкъым: Iуащхьэ зэхуакум дэтщ ди быдапIэр. Аращ гъуазэ хъунур – жыжьэ къэлъагъуэ IуащхьитIыр.

Дыгъэ къухьэгъуэ хъуащ. Бгыщхьэ хужьхэр пшэплъым ириIащ: джабэ нэкIур, жьауэ трищIауэ, зэщIоуфIыцIэ; къуэ кIуэцIым салъкъын къыдех; ди быдапIэр зыдэт псыхъуэм пшэплъыр кърак Iыха хуэдэщ. И нэр къыхутечыркъым Жилиным, уэнжакъым щхьэщыт Iугъуэр илъагъу къыфIощI. Урыс быдапIэращ илъагъур – нэгъуэщIкъым, абы шэч къы-

трихьэркъым Жилиным.

Пшапэр зэхоуэ. Молэр азэн джащ. Іэхъуэр къыдохьэж, жэмхэр мэбу. ЩІалэ цІыкІум и жьэр кІэрыкІыркъым: «НакІуэ дыгъэкІуэж»; Жилинып и пІэ идиихьам хуэдэщ.

Къыдыхьэжащ къуажэм. «Иджы, – игукІэ жеІэ Жилиным, – гъуэгум сыщыгъуазэщ, кІуэсэжын хуейщ». А жэщ дыдэм кІуэсэжыну и мурадащ. Мазэхэ жэщт, кІыфІыбзэт. КъехъулІакъым – тэтэрхэм къагъэзэжащ а пщыхьэщхьэм. Іэщ къахуурэ къагъэзэж я хабзэт абыхэм, нэжэгужэ защІэу. Мы зэм къахуакъым Іэщ, хьэдэ къахьыжащ уанэгукІэ – жьакІагъуэм и къуэшым и хьэдэр. Нэщхъыдзэу, губжьауэ къагъэзэжащ. ЦІыхур къызэхуэсащ, хьэдэр щІалъхьэну. Жилиныр яхыхьащ. Хьэдэр джэбыным кІуэцІашыхьащ, къуажэм дахри, бжей жыгыжь гуэрым и щІагъкІэ щрагъэтІылъэхащ. Молэмрэ лІыжьхэмрэ итІысыкІащ, лъахъстэн вакъэхэр зылъагъэпкІащ.

Молэр я пащхьэ исщ, абы и щІыбагъ лІыжьищ къыдэтІысхьащ, хьэжы пыІэ ящхьэрыгъэсауэ; адрейхэри къабгъурытІысхьащ. Псалъэмакъыншэу зэхэсащ зыкъомрэ, нэщхъейхэщ. Молэм и щхьэр къиІэтащ иужьым:

– Алла! (Алыхь жыхуиІэщ) – А зы псалъэрщ къыжьэдэкІар, щым хъужащ аргуэру, зыкъомрэ щысащ апхуэдэу; щысщ замыгъэхъейуэ. Молэм и щхьэр къиІэтащ аргуэру:

– Алла! – псори къыдежьууащ: «Алла» – аргуэрыжьти, щым хъужащ псори. Хьэдэр я пащхьэ илъщ, езыхэр зэфІэсщ, псэ яхэмытыж пэлъытэщ. Жам хуэдэщ псори. Бжей жыгыжьым и тхьэмпэр зэрыщхъыщхъырщ зэхэпхыр. Молэм зэчыр жиІащ итІанэ, псори къэтэджащ, хьэдэр къащтэри ирахьэжьащ. Кхъэ мащэм щхьэщахьащ. Мащэр щІэтІыкІащ, бгъуэнщІагъ хуэдэ. Хьэдэр мащэм ирахьэхащ, бгъуэнщІагъым щІагъэкІуэтащ, и ІитІыр и ныбэгум тралъхьащ, зэрагъэзэхуэжащ.

Къамыл къахьащ, ар хьэдэм тралъхьэри, мащэр иратхъуэжащ, мащащхьэм мывэ сын трагъэувэжащ. ЩІыр яубэжри мащэм бгъэдэтІысхьэжащи, зэхэсщ, зы псалъи жаІэркъым.

– Алла! Алла! Алла! – къэтэджыжащ лІыжьхэр.

ЖьакІагъуэм ахъшэ къригуэшэкІащ, итІанэ и натІэм щІопщкІэ щэнейрэ еуэжри, мащэм къыбгъэдэкІыжащ.

Пщэдджыжьым елъагъу Жилиным – жьакІагъуэм зы шыбз деш къуажэм, абы и ужь лІищ итщ. Къуажэм дэкІащ, жьакІагъуэм цейр зыщихащ, и Іэщхьэр дригъэдджэрэзеящ, – Іэпщацэжь гуэрт, – и къамэр кърихри мывэупцІэм дидзащ. Тэтэрхэм шым и щхьэр яІэтащ, жьакІагъуэм къамэр шым и къурмакъейм щІилъэфащ, шыр ягъэукІурийри, и фэр трауду щІадзащ. ЦІыхубзхэр къэкІуащ, шым и кІуэцІфэцІыр ялъэсащ. Іыхьэ-Іыхьэ ящІащ шылыр, жьакІагъуэм и пщІантІэм яхьыжащ. Жылэр щызэхуэсащ жьакІагъуэм и пщІантІэм.

МахуищкІэ щызэхэтащ жылэр жьакІагъуэм и пщІантІэм, шылыр яшхащ, махъсымэ ирафащ – дунейм ехыжам и хьэдэІуст. МахуищкІэ дэкІакъым пщІантІэм. ЕплІанэ махуэм, елъагъу Жилиным, шэджагъуэ хъуауэ, зыщІыпІэ кІуэну загъэхьэзыр. Шыхэм уанэ тралъхьащ, цІыхуипщІ хуэдиз дэкІащ къуажэм, жьакІагъуэри ядежьащ; Абдул и закъуэщ и унэ къинар. Мазэр къэунэхуагъащІэщ, жэщхэр кІыфІщ иджыри.

«Игъуэ дыдэщ, – жеІэ Жилиным, – укІуасэ хъунущ», Костылиным гурегъаІуэ. Костылиныр тегушхуэркъым.

– Дауэ дызэрыкIуэсэнур? Гъуэгум дыщыгъуазэкъым.
– Сэ сощIэ гъуэгур.
– Зы жэщкIэ зэпытчыфынкъым гъуэгур.
– Зэпыдмычыфмэ, мэзым дыщIэсынщ. Гъуэмыли зэзгъэпэщакIэщ. Сыт дызыпэплъэнур? Хъарзынэт, щхьэщэхужыпщIэ къытхурагъэхьмэ, яхузэмыгъэпэщмэ-щэ? Тэтэрхэм ягу къытхуоплъ – я цIыху къызэраукIам щхьэкIэ. Сэ зэхэсхащ даукIын мурад зэраIэр.
Гупсысэщ-гупсысэри, Костылиныр акъылэгъу хъуащ.
– Хъунщ, дыкIуэсэнщ.
Гуэщ лъабжьэм щIатIыкIа гъуанэр нэхъ быхъу ищIащ Жилиным, Костылиныр ихуэн хуэдэу. ТIысыжащи, поплъэ къуажэр щызэгъэжынум.
Къуажэр зэгъэжа нэужь, гуэщым къыщIэпщащ Жилиныр. Костылиным жреIэ: «Къипщ». Костылиныр къипщащ гъуанэм, ауэ блын мывэм жьэхэуэри Iэуэлъауэ иригъэщIащ. ХьэмаскIэ къуэлэн дэлът Абдул и пщIантIэм. ХьэмаскIэ бзаджэкIейт, УлэшынкIэ еджэрт. Хьэлывэ хуидзурэ зригъэсат Жилиным. ХьэмаскIэр Iэуэлъауэм къыдэушащ, банэу щIидзащ, къуажэхьэр къызэщIигъэушащ. ХьэмаскIэм еджэри зы хьэлывэ хуидзащ Жилиным. Хьэм къицIыхужащ, и кIэр иритIэри бэяужащ.
Абдули къыдэушащ хьэ банэ макъым, унэм къыщIокIиикI: «Хьирэ! Хьирэ! Улэшын!»
Хьэм и тхыцIэм Iэ делъэ Жилиным. ХьэмаскIэм зыкъыщехъуэ, и кIэр егъэкIэрахъуэ.
Гуэщ къуагъым зыкъуаудыгъуащ. Хьэ банэ макъыр увыIэжащ, щым хъужащ къуажэр, мэл Iуей макъ зэзэмызэ зэхыбох, къурш псынэм и Iэуэлъауи къоIу. КIыфIыбзэщ, вагъуэхэм уафэ лъащIэм зрагуэшащ; мазэщIэр бгы къуагъым къыкъуэплъащ. Къуэ кIуэцIым пшагъуэ дэлъщи, шэм хуэдэу хужьыбзэщ.
Жилиным зыкъиIэтыжащ, и ныбжьэгъум жреIэ: «НакIуэ, си къуэшыжь, игъуэщ!»
Ежьащ; азэн джэ макъ зэхах асыхьэтым: «Бисмылахьий рэхьманырэхьим!» Жасы хъуауэ аращ, цIыхур мэжджытым кIуэнущ нэмэзыщI. КъуэгъэнапIэ зыкъуадзащ. ЗаIэжьащ заулрэ – цIыхур блэкIыху. ЦIыху зэхэзекIуэр увыIэжа нэужь, зыкъаIэтыжащ.
– Тхьэм дыкъихъумэнщ! – Iэпэ жор ящIри, ежьащ. ПщIантIэм дэкIри нэпкъым щхьэщыхьащ, псым зэпрыкIащ, къуэ кIуэцIым дыхьащ. Пшагъуэр Iувщ, лъэгу пшагъуэщ, вагъуэхэр къахуоплъых. Вагъуэм ирогъуазэ Жилиныр, мыгъуэщэн щхьэкIэ. Пшагъуэр щIыIэтыIэщ, я лъэр щIокI, шырыкъурщ къехьэлъэкIыр. Жилиным и шырыкъур зылъидзащ, лъапцIэ зищIащ. Мывэ лъэгукIэ макIуэ, вагъуэм худэплъей зэпытурэ. Костылин къыкIэрыху хъуащ.
– ДумыгъэпIащIэ, – жи, – си лъакъуэр трихащ, шырыкъур къызохьэлъэкI.
– Зылъых шырыкъур. ЛъапцIэ зыщI – нэхъ тыншщ.
ЛъапцIэ зищIащ Костылиным, итIани къыкIэроху, лъэгур щIиудыжащи, бэкъуэфыркъым. Жилин жеIэ:
– Уи лъэгур щIэбудыжакIэ, игъэ кIынкъым – хъужынщ, ауэ пхъэрыр къытщIыхьэрэ даубыдыжмэ, даукIынщ – ар нэхъыкIэщ.
Костылин зыри къыпидзыжыркъым, и ужь итщи, мэщэIу, мэгурым. Куэдрэ кIуащ къуэ кIуэцIым дэтурэ. Зэхах – ижьырабгъумкIэ хьэ къыщо-

банэ. Жилиныр къэувыIащ, зэщIэдэIукIащ, нэпкъым дэкIри зиплъыхьащ.

– Дыщхьэрыуащ, – жеIэ, – ижьырабгъумкIэ зеттыIуащ. Къуажэ щысщ мыбдежым – абы гу лъыстат. Дгъэзэжу, сэмэгурабгъумкIэ зеттыжын хуейщ. Мэз дрихьэлIэн хуейщ, бгым дыдэкIмэ.

Костылиным жеIэ:

– ТIэкIу зыдгъэгъэпсэху, си лъэгур щIиудащи, лъы защIэщ.

– КIыжынщ, къуэш, умыгужьей. Мывэ дзакIэ ущрихьэлIэкIэ, сакъ. Мыдэ къаплъэт!

Жилиныр ежьэжащ, игъэкIэрэхъуэжри. Бгым кIэрыхьащ, мэзым хуиунэтIауэ. Костылиныр къыщIыхьэркъым итIани, зэрыгъумэтIымэщ. Жилиным къыхуохъущIэ, къызэплъэкIыурэ. Къызэтеувы Iэркъым, бгым докI.

Бгыщхьэм къихутащ. Зэрыхуигъэфэщауэ къыщIэкIащ – бгыщхьэр мэзщ. Мэзым щIыхьащ. Банэм ифыщIащ тIури, щыгъын къащынэжакъым. Мэз щIагъым щIэкI лъагъуэм техьащ.

– Догуэт! – лъэ макъ зэхахащ. КъэувыIэри, заудыгъуащ, зэпходэIукI.



Шы лъэ макъыми ещхь хуэдэщ. Шы лъэ макъ зыкъещIри, мэсабырыж. Жилинымрэ Костылинымрэ йожьэж – лъэ макъ къоIу, аргуэрыжьщи. КъэувыIэмэ, лъэ макъри мэбзэхыж. Жилиным зигъэщхъри нэхум щIэплъащ. Лъагъуэм фIыщIагъэ гуэр тетщ. Шыми ещхькъым, зэщхьри пщIэнукъым. Зэрыпапщэр зэхыбох. «Сыт мыр?» – ягъэщIагъуэ. Жилин фиящ, щэхубзэу. ФIыщIагъэм зричащ, къуацэ-чыцэр зэтрикъутэу мэзым щIэлъэдэжащ. Борэным зэтрикъутэ фIэкI пщIэнтэкъым мэзыр.

Костылиным и псэр IукIащ. Жилиныр мэдыхьэшх:

– Щыхьщ ар. Къуацэ-чыцэр и бжьэмкIэ зэрикъутэр зэхэпхыркъэ? Щыхьым дэ дигъэщтащ, езыр дэ дгъэщтащ.

Лъагъуэм техьэжащ. Нэхущвагъуэр къыщIэкIащ, нэхулъэ къызэкIэщIитхъ хъуащ. Щхьэрыуарэ мыщхьэрыуарэ ящIэркъым. КIэс щащIам, мы гъуэгумкIэщ къызэрахьар – абыкIэ мэгугъэ Жилиныр, я деж нэсыжыным къэнэжа щIагъуэ щыIэкъым, зы теуэгъуэ-теуэгъуитIщ, мыщхьэрыуамэ. ЩIыпIэ мыцIыхущ, жэщри кIыфIщ – ущхьэрыуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Хуейм ихьащ. Костылиным зрегъэщтэх:

– Уэ дауи щIы, сэ сынэкIуэфынукъым, си лъэр схузэблэхыркъым.

Жилиныр йолъэIу, йодэхащIэ.

– Хьэуэ, – жи Костылиным, – схузэфIэкIыжыркъым.

Зэгуэпащ Жилиныр, убжьытхащ, Костылиным хуэхъущIащ.

– Мы хуейм укъизнэнщи сежьэжынщ!

Костылиным зыкъиIэтыжащ, къэгузавэри. Жилиным и ужь иувэжащ. Заул зэпачащ. Лъэгум дэлъ пшагъуэр нэхъри Iув хъуащ, уи лъэ зытеувэр плъагъуркъым. Вагъуэхэри мэкIуэдыж.

Шы лъэ макъ къоIу. Налым мывэ лъэгур зэригъэпсалъэр зэхыбох. Жилиным щIым зыхиIубащ, зэпходэIукI.

– Шы лъэ макъщ, гъунэгъу дыдэ къытхуэхъуащ.

Гъуэгум дадзыхри, чыцэм зыхагъэпщкIуащ. Чыцэр зэлъыIуегъэкIуэтри, Жилиныр гъуэгум ироплъэ, елъагъу зы шу, шум и пэ жэм итщ, езым дзапэ уэрэд жиIэ хуэдэщ. Шур блэкIащ.

– Тхьэм и фIыщIэщ, гу къытлъитакъым. Тэдж, дежьэжынщ.

Костылиным зыкъиIэтыну къеIащ, арщхьэкIэ зэфIэщэхэжащ.

– Къару сиIэжкъым, си лъэм сиIыгъыжкъым.

ЛIы пшэр гъумыщIэт – пщIэнтIэпсыр къохуэх, гъуэгум зэхиукIащ, и лъэгур щIиудыжащ, и псэ пыт къудейщ. Къигъэтэджын и гугъащ Жилиным, зыщIигъакъуэри. Костылиныр мэкIий:

– Богъэуз!

Жилиныр къощтэ.

– УмыкIий. Шур жыжьэ нэсакъым – дызэхебгъэхынущ. – Езым игукIэ жеIэ: «Хьэлъэ хъуар пэжщ, и лъэм иIыгъыжкъым; сыт сщIэнур? Уи ныбжьэгъу гъуэгум къытебнэ хъурэ?»

– Къэтэдж, – жи, – си щIыб къитIысхьэ, усхьыжынщ, унэмыкIуэфынумэ.

И щIыб иригъэтIысхьащ Костылиныр, и куэбзэпситIыр къызэщIиубыдэри ирилъэфэжьащ.

– Си тэмакъыр щумыубыдыкI закъуэ, – жи. – Си дамэр Iыгъ.

Къытохьэлъэ Жилиным, ешащ езыри, и лъэгури щIиудыжащ. Зрегъэлъэхъшэх, Костылиныр ещэтэхащи, еIэтыж, и щIыб ирегъэзэгъэжри ирелъэфэжьэж.

Костылиныр зэрыкIияр зэхихагъэнт тэтэр шум. Я ужь зыгуэр зэритыр зэхех Жилиным, и псалъэмакъи къоIу. Жилиным пабжьэм зыхидзащ. Тэтэр шум фочыр къипхъуэтащ, къеуащ – къатехуакъым, кIийщгуори блэцIэфтащ.

– Дыкъиумысащ, – жиIащ Жилиным. – Ди ужьым пхъэр къриутIыпщхьэнущ иджыпсту. Пхъэрыр къыткIэлъысмэ, даубыдыжакIэщ. – ИгукIэ хуошхыдэ Костылиным: «Щхьэ къыздеслъэфэжьат мыр? Си закъуамэ, куэд щIат сызэрынэсыжрэ».

Костылиным зегъэтхьэмыщкIафэ:

– КIуэ, уи закъуэ. Сэр щхьэкIэ уи щхьэ щIыхэплъхьэнур сыт?

– Хьэуэ, уи ныбжьэгъу хыфIэбдзэ хъурэ? Ар хъунукъым.

И щIыб иригъэтIысхьэжри, ирилъэфэжьэжащ. Мэзыр иухыркъым, пшагъуэр нэхъ зэкIэщIихужащ, уафэм пшэ къытрихьащ, вагъуэхэр плъагъужыркъым. Къаруи псэруи къыхуэнэжакъым Жилиным.

Гъуэгум псынэ щрихьэлIащ, мывэ пхъэбгъукIэ къищIыкIауэ. КъэувыIэри, Костылиныр иригъэтIысэхащ.

– ТIэкIу дыбэуэнщ, – жи. – Зы хьэлывэ дедзэкъэнщ. Къэнэжаи щыIэ хъункъым.

Псынэм щхьэщыгъуэлъхьа къудейуэ, шы лъэ макъ зэхахащ. ИжьырабгъукIэ задзри, пабжьэм зыхагъэпщкIуащ, щIым зыхаубгъуащи, мэдаIуэ.

Тэтэрхэм я псалъэмакъ зэхах; хуэзанщIэ къэхъури, къэувыIащ тэтэрхэр. ЗоIущащэри щытщ. Чыцэ Iэуэлъауэ зэхах, плъэмэ – зы хьэ къыхож чыцэм. Къабгъэдолъадэри, хьэр мэбанэ, зелIэж.

Тэтэрхэри къабгъэдыхьащ – я мынэIуасэщ; пабжьэм къыхалъэфащ тIури, япхри шым ягъэкIэсащ, ирахьэжьэри ежьэжащ.

Зы теуэгъуэ якIуауэ, Абдул, шууитI щIыгъуу, къаIууащ. Зэпсалъэщ, зэныкъуэкъури Абдул яIихыжащ, я шым ягъэкIэсыжри я къуажэ яхьыжащ Жилинымрэ Костылинымрэ.

Абдул дыхьэшхыжыркъым, нэщхъыдзэщ, зы псалъэ къажриIакъым, гъуэгу тетыху.

Нэху щауэ нахьэсыжащ къуажэм, уэрамым дадзащ. ЩIалэ цIыкIухэр къызэхуэжэсащ. Мывэ хъурей къраутIыпщ, зэрогъэкIий, щIопщкIэ зэпрахулэкI.

Тэтэрхэм къаухъуреихьащ. Бгы лъапэм тес лIыжьри къэсащ. Зыгуэрхэр жеIэ. Жилиным къыгурыIуащ я гугъу зэращIыр, иращIэнумкIэ зочэнджэщ. Зым жеIэ: «Бгыщхьэ жьанэм хьын хуейщ»; лIыжьым идэркъым: «УкIын хуейщ». Абдул акъылэгъукъым абыкIэ, йодауэ: «Сэ ахъшэ щIэстащ абыхэм, щхьэщэхужыпщIэм зыхэзгъэкIыжынукъым». ЛIыжьыр къеувалIэркъым абыкIэ: «Щхьэщэхужыпщ Iэ утрагъэплъэнкъым, я зэран къокIын фIэкI. Ебгъэшхыр псыхэкIуадэ хъунщ. УкIи, зэфIэкIащ».

ЗэбгрыкIыжащ. Абдул къыбгъэдохьэ Жилиным, къыжреIэ:

– Фи щхьэщэхужыпщIэр къысIэрымыхьэмэ, – жи, – тхьэмахуитI нэхъыбэ сыфпэплъэжынкъым – фыкIуэцIысщыхьынщ. УкIуэсэжын мурад иджыри зэ пщIырэ – хьэ укIыкIэу узукIынщ. Яхуэфтх фи деж, сызэрывдэмыгушыIэр ягурывгъаIуэ!

ТхылъымпIэ къыхуахьащ, тIуми ирагъэтхащ. Лъэхъу иралъхьэжри, мэжджыт щIыбагъымкIэ яхуащ. Хьэпс мащэ къыщатIат абдежым, арщынитху хуэдиз и куууагъыу. Мащэм ирадзащ тIури.

Иджыт хьэзаб щыхэхуар. Лъэхъур ирахыркъым, дунейм къытрагъэхьэркъым. ХупцIынэ хурадзых, хьэм хуадз хуэдэ, кхъуэщынкIэ псы тIэкIу хуаший. Мэм иреукIыхь мащэм, мащэ кIуэцIыр псыIэщ, бэуапIэ бгъуэтыркъым. Костылиныр лъэрымыхь дыдэ хъуащ, зэщIэбэгащ, и къупщхьэр къозауэ; щэIу зэпытщ, жейм къыхэкIыркъым. Жилин и щхьэри къыфIэхуащ, я Iуэхур зэрыхэплъэгъуэр елъагъу. Сыт и Iэмал – къыхуэгупсысыркъым.

Мащэр щIитIыкIын и мурадащ – щIыр дэнэ пхьын, мащэм къыпхуидзынукъым. Абдул гу къылъитэри къыхуилъащ: «Уи псэр бужэгъужа?» – къыжриIащ.

Мащэм исщ, и щхьэр къыфIэхуауэ. Здэщысым, зы хьэлывэ къохуэ и куэщI, балий къолъалъэ. Къыдэплъеймэ, Динэ къыщхьэщысщ мащэм. Къеплъщ-къеплъри, дыхьэшхащ, хьэлывэрэ балийрэ къыхуридзыхри, щIэпхъуэжащ. Жилиным гукъэкI ещI: «КъыддэмыIэпыкъуфыну пIэрэ Динэ?»

Мащэ лъэгур кърит IыкIри, ятIагъуэ зэхипщащ, гуащэ цIыкIу къыхещIыкI. ЦIыху сурэт, шы сурэт, хьэ сурэт ищIащ, игукIэ жеIэ: «Динэ къакIуэмэ, естынщ».

ЕтIуанэ махуэм къэкIуакъым Динэ. Шы лъэ макъ зэхех Жилиным,



2 Заказ № 129

зыгуэрхэр блэкIащ мащэм, мэжджытым щызэхуэсащ тэтэрхэр, зодауэ, къызэрогъэплъ, урысхэм я гугъу ящI. ЛIыжьым и макъыр къецIыхуж. ЗэхищIыкIакъым псори, ауэ къыгурыIуащ сэлэтхэр гъунэгъу къызэрыхъуар, тэтэрхэр ирогузавэ абы, къуажэм къыдэуэнкIэ мэшынэ, гъэрхэм иращIэнумкIэ зэгурыIуэркъым.

Зэныкъуэкъущ-зэдауэри, зэбгрыкIыжащ. Лъэ макъ зэхихащ асыхьэтым. Дэплъеймэ – Динэ мащэм къыщхьэщысщ, зыкъригъэзыхащ, и щыгъэр зэщIожьыуэ. И нэ цIыкIуитIыр къоцIыщхъукI, вагъуэ хуэдэ; и Iэгъуапэм кхъуей хьэлывитI кърехри кърезыхыхх. Хьэлывэр къеубыдри, Жилиным жеIэ:

– Щхьэ укъэмыкIуарэ алъандэм? ГуащэцIыкIу пхуэсщIащ. Мэ, къэубыд! – зырызыххэурэ дредзей гуащэхэр. Динэ и щхьэр егъэкIэрахъуэ, къеплъыркъым.

– Сыхуейкъым, – жи. Щым мэхъуж, нэщхъейщ. – УаукIынущ, Иван! Аращ я унафэр. – И Iэр и пщэм хуехьри кърегъэлъагъу.

– Хэт сызыукIынур?

– Ди адэм, унафэ къыхуащIащ лIыжьхэм. Сэ усфIэгуэныхьщ.

Жилиным жеIэ:

– СыпфIэгуэныхьмэ, зы къурагъ къысхуэхь.

Динэ и щхьэр егъэсыс – «хъунукъым» жыхуиIэщ. Жилиным и IитIыр еший, йолъэIу хъыджэбз цIыкIум:

– КхъыIэ, къысхуэхь, Динэ. Къысхуэхь, си псэм хуэдэ!

– Хъунукъым, – жи, – сыкъащIэнущ. – IукIыжащ мащэм.

Жэщ хъуащ. Жилинэр щысщ нэщхъейуэ: «Сыт къытщIэлъыр?» – абы егъэгупсысэ. Дэплъей зэпытщ. Вагъуэхэр къитIысхьащ, мазэр къыщIэкIакъым иджыри. Молэр азэн джащ, щым хъужащ псори. Мэщхьэукъуэ Жилиныр, игукIэ жеIэ: «Шынэнщ хъыджэбз цIыкIур».



Ар жиIа къудейуэ, ятIэ къытещэщащ: дэплъеящ – къурагъыпэр къилъэгъуащ. Хуэм-хуэмурэ къокIуэтэх мащэм. ГуфIэри къыщылъэташ Жилиныр, къурагъым епхъуащ. Къурагъышхуэщ, унащхьэм телъащ – илъэгъуауэ ещIэж.

Дэплъеящ аргуэру: лъагэщ вагъуэр, мэпщIыпщI; мащэм къыщхьэщысщ Динэ, и нэ цIыкIуитIыр кIыфIым къыхолыдыкI. Зыкърегъэзыхри, мэIущащэ: «Иван, Иван» – и Iэр къыхуещI, «Iэуэлъауэ зумыгъэщI» жыхуиIэщ.

– Сыт ар? – доплъей Жилиныр.

– Гъуэгу техьащ псори. Унэм тIу дыкъинауэ аращ.

Костылиныр къызэщегъэу:

– НакIуэ, иджыри зэ деплъынщ, сэ усхьынщ щIыбкIэ.

Костылиным и тхьэкIумэ иригъэхьэххэркъым.

– Хьэуэ, – жи, – мыбы икI сиIэ хъункъым сэ. Дэнэ сыздэкIуэнур, зысхуэгъазэркъым, зысхуэIэтыркъым.

– Уи Iуэху фIы ирикIуэ атIэ, уигу къызумыгъабгъэ, – IэплIэ хуищIыжащ Костылиным.

Къурагъыр иубыдащ, ищхьэкIэ Динэ щиIыгъыну жриIэри, дэпщейуэ щIидзащ. Зэрэ-тIэурэ къехуэхыжащ – лъэхъур зэран къыхуэхъуртэ. Костылиныр къыщIэрыIэурэ, къипщащ мащэм. И пщампIэр иубыдауэ къоIэ Динэ, и къарум къызэрихькIэ, мэдыхьэшх.

Къурагъыр хуешииджри, Динэ жреIэ:

– Здэщылъам деж гъэтIылъыж, Динэ. Ямыгъуэтыжмэ, уаIэщIэукIэнщ.

Динэ къурагъыр ирилъэфэжьэжащ, езым бгы лъапэмкIэ иунэтIащ. Нэпкъым ехри, мывэ дзакIэ къигъуэтащи, лъэхъум ищIа IункIыбзэкъэбым йоныкъуэкъу. IункIыбзэ быдэт, хуэкъутэркъым, хуэгъэIэрыхуэркъым абы нэхъей. Лъэ псынщIэ макъ зэхех – бгым зыгуэр къожэх. «Динэ хъунщ», – жеIэ зиущэхуауэ. Къыбгъэдэлъэдащ Динэ, мывэр IэщIипхъуэтащ:

– Сэ скъутэнщ.

Лъэгуажьэмыщхьэ зищIащ, IункIыбзэкъэбым мывэр трекъутэ. И Iэблэ цIыкIуитIыр псыгъуабзэщ, чы лантIэ цIыкIу хуэдэщ – и къару пэлъэщыркъым. Мывэр хыфIидзэжауэ, магъ. Жилиныр пыхьэжащ IункIыбзэм, Динэ къыбгъэдотIысхьэри, и Iэр и дамэм къытрелъхьэ. Жилиныр къыдэплъеящ, елъагъу – бгым и сэмэгурабгъумкIэ мазэр къыкъуэплъащи, плъыжьыбзэщ. – «Къуэр зэпыупщIауэ мэзым нэсын хуейщ, мазэм зыкъиIэтыху», – жеIэ игукIэ. Мывэр хыфIихуэри къызэфIэуващ. Лъэхъу илъми, афIэкIа зиIэжьэ хъунукъым.

– ФIыкIэ, Динэ. ИгъащIэкIэ усщыгъупщэнкъым.

Динэ зыкIэрищIащ абы, и жыпыр къеIэбэрэбыхь, хьэлывэр зрилъхьэн къелъыхъуэ. КъыIрихащ хьэлывэр.

– УхъыджэбзыфI дыдэщ, – жи, и щхьэм Iэ делъэ. – Хэт пхуищIын иджы гуащэ?

Динэ, къыщиудри, и Iэр и нэкIум IуипIащ, чыцI цIыкIу хуэдэ щIэпхъуэжри, бгым кIэрылъэдэжащ. КIыфIым къыхоIукI хъыджэбз цIыкIум и щыгъэ макъыр.

IэпэжорищIри, Жилиным IункIыбзэкъэбыр къытриIэтыкIащ, Iэуэлъауэ имыщIын щхьэкIэ. Ирилъэфэжьащ лъэхъур, бгыщхьэм къытетIысхьа мазэм хуеплъэкI зэпытщ. Гъуэгум щыгъуазэт ар. Верстий хуэдизкIэ кIуэн хуейщ, зыщIыпIэкIи дэмыдзыхауэ. Мазэгъуэ нэху мыхъу щIыкIэ мэзым нэстэмэ, арат зыхуейр. Псым зэпрыкIащ, мазэр къыдокIуэтей. Къуэм дохьэри ирегъэзых, къызэплъэкIыурэ макIуэ. Мазэм бгым зыкъуидзэжащ, и жьауэр джабэ нэкIум къокIуэтэх, нэхъ нэху хъу зэпытщ.

Жьауэ кIыфIым хэтурэ макIуэ Жилиныр. МэпIащIэ, зоплъэкI – мазэр бгым къыкъуэкIыжынущ щIэх дыдэ; мэзыщхьэр ижьырабгъумкIэ къызэщIэнэхуащ. Мэзым нэблэгъауэ, мазэр бгым къыкъуэплъыжащ – нурыр къыIурех, нэхубзэ къэхъуащи, махуэ шэджагъуэм хуэдэщ. Жыг пщIащэхэр IупщI дыдэу плъагъу хъуащ. Даущыншэщ, къуэ кIуэцIри джабэ нэкIури зэщIэнэхуащ. Къуэ кIуэцIым щыIэуэлъауэ псым и макъырщ зэхэпхыр.

Нэсащ мэзым – зыми Iуuакъым. Мэзым щIыхьэри етIысэхащ, тIэкIу бэуэн щхьэкIэ.

Зигъэпсэхуащ, зы хьэлыви ишхащ. Мывэ дзакIэ къиштауэ, IункIыбзэм йоныкъуэкъу аргуэру. И Iэбжьанэр триудыжащ – зыри хуещIакъым IункIыбзэм. ЗыкъиIэтыжри ежьэжащ. Ешащи, и лъэр зэблихыф къудейщ, къару къыхуэнэжакъым. ЛъэбакъуипщI ичмэ, къоувыIэ. «Сыт си Iэмал, – жи, – си лъэм саIыгъыху, сетIысэхынкъым. СетIысэхмэ, сыкъызэфIэувэжыфынукъым, нэху къыстещхьэмэ, махуэр мэзым щызгъэкIуэнщи, пщэдей пщыхьэщхьэ сытехьэжынщ гъуэгу».

Жэщ псом етIысэхакъым. Тэтэр шууитI щрихьэлIащ гъуэгум – гу къылъатакъым, пабжьэм зыхигъапщкIуэри блигъэкIащ.

Мазэр фагъуэ хъуащ, уэсэпс къох, нэху мэщ, Жилиныр мэ-

зым щIэкIакъым иджыри. «Лъэбакъуэ тIощIырыпщI хуэдиз скIужмэ, гъуэгум дэздзыхынщи, мэзым зыхэзгъэпщкIуэнщ», – йогупсыс Жилиныр. ИкIуащ лъэбакъуэ тIощIырыпщI хуэдиз, плъэмэ – мэзыр иухащ. ЩIэкIащ мэзым, нэхубзэщ, и пащхьэ губгъуэр къилъщ, быдапIэри елъагъу, бгы лъапэм, сэмэгурабгъумкIэ, мафIэ къыщоблэ, Iугъуэр акъужьым хокIуасэ, мафIэм сэлэтхэр бгъэдэсщ.

Iэдакъэжьауэ ещIри, маплъэ, елъагъу: фочхэр мэлыд, къэзакъхэр, сэлэтхэр къокIукI-нокIукI.

ГуфIащ Жилиныр, къарууэ иIэр зэщIигъэуIуэжри губгъуэм ихьащ. ЗдэкIуэм, игукIэ жеIэ: «Тхьэм жимыIэкIэ тэтэрхэм гу къыслъатэнкIэ, сыкъэблэгъэжами, саубыдыжынщ».

Ар жиIа къудейуэ, зэплъэкIмэ, Iуащхьэм, сэмэгурабгъумкIэ, къытехьа тэтэр шууищыр къелъагъу – зэрамыщIэжщ щыри. Гу къылъатэри, и ужь къилъэдащ. И фэр пыкIащ Жилиным, и лъэр щIэхуащ. И Iэр ещI, и къару къызэрихькIэ мэкIий:

– Си къуэшыжьхэ! Сыкъевгъэл! Си къуэшыжьхэ!

Зэхахащ – къэзакъ шухэр зэрехьэжьащ.

Къэзакъхэр пэжыжьэщ, тэтэрхэр къэблэгъащ. Жилиным, лъэхъур къытриIэтыкIри, и тхьэ къызэрихькIэ щIэпхъуащ, Iэпэ жор ищIурэ мэкIий:

– Си къуэшыжьхэ! Си къуэшыжьхэ!

Шу пщыкIутху хуэдиз хъурт къэзакъхэр.

Iэнкун къэхъуащ тэтэрхэр, къэсыпауэ зэтеувыIэжащ. Къэзакъхэм ябгъэдэлъэдащ Жилиныр.



Къаувыхьащ къэзакъхэм, къоупщI: «Ухэт, дэнэ ущыщ, дэнэ укъикIыжрэ?» Жилиным и гур къызэрыгъуэтыжакъым, и нэпсым къызэпижыхьащ, зы псалъэщ къыжьэдэкIри:

– Си къуэшыжьхэ! Си къуэшыжьхэ!

Къэсащ сэлэтхэри, Жилиным къыбгъэдэлъэдащи, зым щIакхъуэ бзыгъэ, зым фадэбжьэ къыхуаший, зым цей къытреубгъуэ, зым лъэхъур екъутэ.

КъацIыхужащ офицерхэм, быдапIэм яшэжащ. КъыщыгуфIыкIащ сэлэтхэр, и ныбжьэгъухэр къызэхуэжэсащ.

И Iуэху къызэрекIуэкIар яхуиIуэтэжащ Жилиным, мэгушыIэ:

– СыщыIащ жыпIэркъэ лъагъунлъагъу, нысэ къыхуэсшакъэ ди анэми! Хьэуэ, си натIэм къритха хъункъым ар.

Кавказым къинэжащ къулыкъу ищIэу. Мазэ дэкIауэ, сом минитхукIэ къащэхужыгъащ Костылиныр. И псэ пыт къудейуэ къахьыжащ.



*Кавказ зауэм хэта бгырыс лъэпкъ псоми я ужькІэщ убыххэм Іэщэр щагъэтІылъар. А махуэ жагъуэм кІэ игъуэтащ илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь бгырыс лъэпкъ мащІэм – убыххэм я тхыдэм: хэкур ирагъэбгына нэужь, лІэщІыгъуэ нэхъ къагъэщІэжакъым убыххэм – зэман гущІэгъуншэм ІэщІэкІуэдащ.*

*Лъэпкъ насыпыншэм и щхьэ кърикІуа гукъутэгъуэм и тхыдэщ Шинкубэ Бэгърат и романыр – «ЖылакІэр».*

ШИНКУБЭ Бэгърат

# ЖылакІэ

Роман

Зи быдзышэ уефа уи анэм и бзэр пщыгъупщэжынукъым, ар, хэт жиІэми, уи фІэщ умыщІ. Уи анэр пщыгъупщэжын – апхуэдэщ, ар пхузэфІэмыкІынщ. Си анэдэлъхубзэм нэмыщІи сщІэ пэтми. Ари къыпщхьэпэнущ. СыщІалэ дыдэт сэ, бзищ щысщІам. Уи гупэр хым хуэбгъазэмэ, убыххэм ди ижьырабгъумкІэ адыгэхэр, сэмэгурабгъумкІэ абхъазхэр щысащ. Сэ абхъазыбзи сощІэ, сощІэ адыгэбзэри, зэрызгъэшэрыуэфыр нэхъ мащІэми. Дэ дызэгъунэгъут, ди Іыхьэ зэхэлът, зым и бзэр адрейм дымыщІэуи хъунутэкъым. Убыхыбзэр къыздалъхуат, сызэрысабий лъандэрэ сІурылът ар, дэнэкІи щызэхэсхырт – ди уни, ди хьэбли, жылэм сахыхьэми, – ар дауэ сщыгъупщэжынт? Абхъазыбзэр ди анэм сигъэщІат, адыгэбзэм ирипсалъэрт ди анэшхуэр, сыщысабийм адыгэ таурыхъ, шыпсэ, псалъэжь Іэджэ къызжиІэгъащ ди анэшхуэм. Щхьэл дыщыкІуэкІэ, цыІэрылъхьэри и Іэблэм зэрыфІэдзауэ, къыхидзэнти, мащІэм сригъэдаІуэрэт – таурыхъи шыпси и гъунэжт нанэ! Зэгуэрым, сощІэж, щхьэлым дежьауэ дыздэкІуэм, хъумпІэцІэдж илъагъури къэувыІащ:

– ЗекІуэ зэрехьэжьащ. Хэт япэувыфын абыхэм, хэт япэлъэщын?

– Сэ сапэлъэщынкъэ! – жысІэри хъумпІэцІэджхэр зэтеспІытІэн мурад сщІат, сэ сынэхъ лъэщкъэ жыхуэсІэу, арщхьэкІэ ди анэшхуэм къысхуидакъым:

– Абыхэм нэхърэ узэрынэхъ лъэщыр сыбгъэлъагъуну ара? Мы дыздэкІуэм шу гуп къыдихьэлІэрэ лъабжьэкІэ дахьыну жаІэмэ-щэ? СыптокІуэ жыпІэу уэ нэхърэ нэхъ гуащІэмащІэм лей епх хъурэ? Нэхъ цІыкІу дыдэр, нэхъ гуащІэмащІэ дыдэр псом нэхърэ нэхъ Іущу къыщыщІэкІ щыІэщ.

Шыпсэ хьэлэмэт гуэр сригъэдэІуэгъащ абы щыгъуэ ди анэшхуэм. ЦІыхум и гур шыбзэм хуэдэщ: зыр пщыгъупщэжми, адрейр уи гум игъащІэкІэ къонэ. ИгъащІэкІэ сигу къинащ а адыгэ шыпсэр.

ЛІы гуэр псэугъащ, жаІэ, хьэми бгъэми я бзэр къыгурыІуэу. Зэгуэрым, гъуэгу здытетым, хъумпІэцІэджым теуващ ар. ХъумпІэцІэджыр къыдэпсэлъеящ:

– Зытеувэр зымылъагъу лъапэнэфыр дэнэ къиукІ! – жери.

ЛІым хъумпІэцІэджыр къиІэташ, и Іэгум иригъэтІысхьащи, егъэщІагъуэ:

– Сыту ущхьэ гъум?

– Си акъылыр щызгъэпщкІу сиІэщ, – жиІащ хъумпІэцІэджым.

– Уи бгыр щхьэ псыгъуэ атІэ?

– ЩІэпсыгъуэр сышхэн щхьэкІэ сыпсэуркъым, сыпсэун щхьэкІэщ сыщІэшхэри аращ.

– Илъэсым сыт пхурикъун?

– Гуэдз хьэдзэм срикъунущ, – жэуап къитыжащ хъумпІэцІэджым.

– Деплъынкъэ урикъурэ уримыкъурэ, – жери, лІым хъумпІэцІэджыр фэлъыркъэбым иридзащ, зы гуэдз хьэдзи кІэлъридзэри, фэлъыркъэбым и щхьэр щипхыкІыжащ.

Илъэс дэкІауэ хъумпІэцІэджыр игу къэкІыжри, лІым фэлъыркъэбым и щхьэр итІэташ. Хьэдзэм и ныкъуэрт хъумпІэцІэджым ишхар.

– Хьэдзэм и ныкъуэм фІэкІ щхьэ умышхарэ? – йоупщІ.

– Лажьэ симыІэу мы хьэпсым сизыдза делэм игу илъэситІкІи сыкъэмыкІыжынкІэ хъунщ жысІэри, хьэдзэм и ныкъуэм фІэкІ щІэзмышхар аращ, – жиІащ хъумпІэцІэджым...

ФІыуэ солъагъу а шыпсэр, си псэм и щІасэщ, илъэс тІощІым щІигъуагъэнщ ар зыми зэрыхуэзмыІуэтэжрэ, – зыхуэсІуэтэн сиІэжкъым. Ар сигу къыщІинар мы гъащІэм и гъуэгу кІыхьыжьым апхуэдэ гузэвэгъуэ куэд си нэгу зэрыщыщІэкІарагъэнщ. Гузэвэгъуэм пэлъэщын къарурэ бэшэчыгъэрэ схэлъагъэнщ сэ. Си къарум хуэдиз акъыли сиІэжатэмэ, си Іуэхур нэгъуэщІу къыщІидзынкІи хъунт – хэт ищІэрэ?.. Ди анэр, зэрыбжесІащи, абхъазыпхъущ, Цэбал щыщащ, Шэт-Ипахэ. Сыщысабиями нэхъ сыкъыщыдэкІуэтеями ди анэшым я деж Цэбал сыкІуэрейуэ щыташ. Ди анэшыр унагъуэшхуэт, хьэщІэ щепсыхрейуэ.

ЩІымахуэ пшыхьхэм ди анэшым я хьэщІэщым цІыху куэд щызэхэст, хъыбарыжьхэр ирашэжьамэ, нэху къащытещхьи щыІэу.

Абы щызэхэсхащ сэ тхьэхэм япэувыфа АбрскІыл лІыхъужьым, пасэрей нарт шу щхьэмыгъазэхэм я хъыбар Іэджэ. СощІэж: зыгуэрым и щытхъуцІэ жаІэн хуей щыхъукІэ, ар псы лэгъупыр псалъэ къудейкІэ къэзыгъэкъуэлъэфа нартым ирагъэщхьырт. Мызэ-мытІэу зэхэсхащ а хъыбарыр. Хэт нэхъ жьэ нахуэ, хэт и псалъэр нэхъ шэрыуэ – зэпеуэрт жаІэ нартхэр, лэгъупым къеувэкІырти. Зыт ар зылъэкІыр: абы и псалъэр апхуэдизкІэ жант, шэрыуэти, зэрыжаІэжымкІэ, лэгъупым ит псыр, мафІэ щІимыщІэу, къигъэкъуэлъэфырт.

Ди анэшыр шыгъупІастэм еблэртэкъым, хьэщІагъэ къущахыфырт, псалъэ шэрыуэм пщІэ щигъуэтырт абы я деж.

Сысабийуэ слъэгъуауэ хъуар си гум къинащ, мывэ сыным къытена фІыцІагъэм хуэдэу. Іэджэ щІащ абы лъандэрэ, итІани уаери, гуауэри, жьыбгъэри, пшагъуэ борэнри зыпэмылъэщынщ сабийм и гукъинэр...

Си сабиигъуэм къэсщта бзэхэр зэрысщымыгъупщэжар умыгъэщІагъуэ, гъащІэм срихулІэри, тыркубзи хьэрыпыбзи сщІэн хуей хъуащ, абыи сыхущІегъуэжакъым. Хьэлъэу щыташ си гъащІэ Іыхьэр, Іэджэри сыкъыхигъэщІащ, къысІэщІэужэгъуэным нэсауэ. Мо бзитІыр сымыщІатэмэ, абы сыпэмылъэщынкІи хъунт. Насып къысхуахьакъым. Къысхуамыхьами, нобэм сыкъахьэсащ.

Дыгъуасэ къызжепІащ Тыркуми, Сириеми, нэгъуэщІ хэкухэми сэр фІэкІ убыхыбзэр зыщІэж ущримыхьэлІауэ. Къэукъасэми, убыххэм я лъахэм, а бзэм ирипсалъэ имысыжу къызжепІащ. КъызгурымыІуауэ

ара, хьэмэ убыхыбзэр кIуэдыжауэ, ар афIэкIа дунейм темытыжу къызжепIэну ара? Арами, ар си фIэщ хъунукъым, пэжынкIи мэхъу уэ жыпIэр, ауэ ар си фIэщ хъунукъым.

Убыххэм я лъахэм Iэджэрэ уихьащ уэ, ар фи гъунэгъущ, Хъуэстэ узэпрыкIрэ Сошэ псыхъуэ удыхьэмэ, убых лъахэщ. Иджыпсту зэрыхъуар хэт ищIэн, ауэ ди зэманым ар псышхуэу щытащ. КъызжепIэркъэ атIэ: Сошэ ущхьэщыхьамэ, зэхэпхакъэ абы и макъыр, и бзэр? Хьэмэрэ уэ ар зэхыумыщIыкIауэ ара? И псэ щыпыткIэ, абы и бзэр иубыдакъым. И бзэр щиубыдынур псыхъуэр ижэщIыкIмэщ, зы ткIуэпс закъуи къыдэмынэжауэ.

Убыххэм къызэранэкIа лъахэм уихьамэ, ди тхьэлъэIупIэжьу щытар умылъагъункIэ Iэмал иIакъым – Бытхьэ и хэщIапIэр. Iуащхьэ лъагэм жыгей гуэрэн тетащ, пасэрей жыгеижьибл. Абы я жьауэрщ ди тхьэлъэIупIэу щытар. Зэхэпхакъэ атIэ абы я бзэр – ар убыхыбзэщ, ди бзэрщ ахэр зэрызэпсалъэр. Жыгей къудамэхэм телъ дыркъуэхэри плъэгъуакъэ, ахэри ди Iэужьщ...

Ди лъахэм дыщисыжам, нэхъыжьхэм жаIэжу Iэджэрэ зэхэсхыу щытащ гъэмахуэр къыщихьэм деж Бытхьэ, жыгей гуэрэныр ибгынэрэ, мафIэ бзийр къыпылъэлъу, бгыщхьэ лъагэм ихьэжу зэрыщытар. ИужькIэ къигъэзэжырт абы...

СощIэж а гъэм, хэкур щыдбгынэну гъэм, щIымахуэкуу уафэгъуагъуэм зыкъызэщIищIауэ зэрыщытар. Зэи къэхъу хабзэтэкъым апхуэдэу. Уафэр бзыгъэт а махуэм, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ жыгей гуэрэнымкIэ уафэр къыщыгъуэгъуащ. Жьыри щIэри, къэхъуар дымыщIэу, унэм дыкъыщIэжащи, долъагъу: мафIэ бзийр къыпылъэлъу уэгум ихьэжащ Бытхьэ; тIэкIу дэкIри уафэгъуагъуэри хуэмхуэмурэ ужьыхыжащ.

Абы и пэкIэ зы убыхи илъэгъуатэкъым Бытхьэ тхьэлъэIупIэр щIымахуэкум ибгынауэ.

Насыпыншагъэ къытхудэкIуэнущ, жаIащ абы щыгъуэ...

Плъэгъуауэ пIэрэ жыгей гуэрэным къыщIэж псынэр? Плъэгъуамэ, зэхэпхакъэ абы и макъыр?

КъызжепIэркъэ: ущыIагъэххэ МашIэпсы? МафIэпсыр къыщыкъуалъэ псыхъуэм? ЩIым нэпс пщтырыр щыщIегъэкI а псыхъуэм. Зыри къыбжиIакъэ атIэ щIы щIагъым къыщIэж мафIэпс пщтырым?

НэгъуэщI зыри умылъэгъуами, зэхыумыхами, ди лъахэм къеуалIэ хышхуэр плъагъун хуеящ. Къопсэлъакъэ ар? Зыри къыбжимыIауэ пIэрэ хышхуэм?

Ди адэжьхэм я кхъащхьэр-щэ, мывэ сын къутахуэхэр зыщхьэщыт кхъащхьэ исэхэжахэр? Мывэ сынми бзэ иIэщ, захуэкъым ар бзагуэщ жызыIэр, уи гур мынэфмэ, Iэджэм уригъэдэIуэфынущ мывэ сынми.

Лъапсэжьым къидна къуалэбзур-щэ? Зэхэпхакъэ, жызоIэ, абы я бзэри?

Хьэуэ, си щIалэ, бзэр лъэужьыншэу кIуэдыжыркъым, апхуэдэу къыпщыхъуми. Анэдэлъхубзэр уи лъым хэтщ, уилъми и закъуэкъым. Анэдэлъхубзэм иропсалъэ дэ къызэднэкIа псыхъуэр, жыгей гуэрэнхэр, ди адэжьхэм я кхъащхьэхэр. Убыххэм я лъахэм къидна псынэхэр, жыгхэр, псэущхьэхэр си анэдэлъхубзэмкIэ ноби зопсалъэ, ар хьэкъыу си фIэщ мэхъу сэ! А бзэр кIуэдыжакъым!..

Ди адэри ди адэшхуэри мэкъумэшыщIэу щытащ. Ди адэшхуэр сэ сыкъалъхури зы илъэс дэмыкIауэ дунейм ехыжащ. Iэщыхъуэу

ирихьэкIащ абы и гъащIэр, лIакъуэлIэш гуэрым деж лIыщIэу Iуташ, и унагъуэр лIыщIапщIэкIэщ зэрипIар. Ди адэм, Хьэмырзэ, щIырщ IэщIагъэ хуэхъуар, зы махуэ етIысэхауэ сщIэжыркъым ар...

АйшэкIэ еджэрт си шыпхъу нэхъыжьым, абы кIэлъыкIуэр сэращ, си ужькIэ къалъхуащ МатIэ, си шынэхъыщIэр, МатIэ и ужькIэ дунейм къытехьащ Джунэрэ КIунэрэ, си шыпхъу нэхъыщIитIыр; ахэр зэтIолъхуэныкъуэт.

Тыркум дыкъэIэпхъуэху, псори дызэхэсащ, Айшэ нэмыщI; ар ди гъунэгъу къуажэм яшэгъащ.

Бжьэ матэ зыбжанэ диIэгъащ, бжьыхьэм нартыху тIэкIу, фо, шэху тщэфырт. Абы къыщIэкIамкIэ шыгъу, сабын, нэхъыщхьэращи, гын къэтщэхурт.

Уэгъу е уэлбанэ кIыхь хъуамэ, си шынэхъыщIэр пщIантIэм къыдэднэрти, ди адэмрэ сэрэ Сошэ псыщхьэ дыдэкIуейрт, чэщей пыдупщIын щхьэкIэ. Гъуэгуакъуэт, сощIэж, хы Iуфэм выплIэпкъкIэ къэтлъэфэсырти, чэщейр тырку сондэджэрхэм етщэрт.

Ди адэр цIыху хьэлэлт, цIыху захуэт. Къуажэм дауэ къыдэхъуамэ, ди адэр чэнджэщэгъу ящIырт, тIу зэфIэнамэ, арат зэзыгъэкIужыр.

Зауэм хыхьамэ, нэгъуэщIт: шу щхьэмыгъазэт, щысхь ищIэртэкъым, лIыгъэр илъытэфырт.

Сабий ныбжьым диту шымрэ Iэщэмрэ дыхуригъэсащ ди адэм – зэдгъапщэм фIэдмыгъэкIыу, сэшхуэр дгъэбзэфу, шым я нэхъ емылыджыр дгъэIурыщIэфу.

ЩIымахуэм бгым дихьэрт, дыщакIуэрт, къапхъэни дгъэувыфырти, фочкIи дыIэкIуэлъакIуэт. Уэсыр куумэ, лъэрыжэкIэ дыщIэтт мэзым.

Хыри тпэжыжьэтэкъыми, абыи дыздишэрт ди адэм. ЕсыкIэ дигъэщIат, кхъуафэри зедгъэкIуэфырт.

Убыххэр хым кхъуафэкIэ бдзэжьеящэ техьэрт, хъунщIакIуэ щытехьи щыIэт, Абхъазым, Шэрджэсым нэсыфу, е тырку сондэджэрхэр хым щаубыду...

...Убыххэм ижь-ижьыж лъандэрэ я щхьэр яхъумэжыфу щыташ, я нэм къеIэм я псэм еIэжыфу, – я гъунэгъухэрами, е жыжьэ къикIами, алыджхэрами урымхэрами, хьэрыпхэрами тыркухэрами. Зауэ Iэджэ я нэгу щIэкIащ убыххэм, зыр хъыбару къэсат ди деж, зыр нэхъыжьхэм ящIэжырт, ауэ зыми имыщIэжыр щIэблэр зауэм хуагъасэу щыщIадза лъэхъэнэрт. ЗауэлIу фIэкIа зилъытэжтэкъым зыми, нэгъуэщIу зыкъызыфIагъэщIыфынутэкъым, Iэщэ гъэбзэнырт къызыхуалъхуар. НэгъуэщI къытхалъхуэмэ, зыхэтхурт, и цIэкIэ деджэртэкъым, хэкум идгъэстэкъым.

Лэжьыгъэм нэхъ щигуащIэгъуэми, гъэмахуэм, унагъуэ къэс зы шу игъэшэсыфын хуейт. ШууипщIым зы пашэ хахырт, шууищэми – зы, шу минырщи – ари зым едаIуэрт. Шу мин зыбжанэ зекIуэ зэдежьамэ, пашэ яхуэхъуфыр куэд зи нэгу щIэкIа нэхъ хахуэ дыдэрт, мафIэми джатэми мызэ-мытIэу пэщIэхуауэ. Шу пашэр, дзэпщыр, хаха нэужь, абы псори едаIуэрт: ар иремэкъумэшыщIэ, иреуэркъ шу. ЗекIуэ щежьэну пIалъэри, дзэр щызэхуэсыну щIыпIэри арат зыгъэнахуэр. Дзэм шууэ хэтын хуейри, лъэсу ежьэн хуейри зи унафэр дзэпщырт. Дэтхэнэми и гъуэмылэр езым къыздищтэжырт, Iэщэ-фащэкIи зыкъызэщIаузадэрт...

ЗекIуэ щежьэкIэ, гъуаплъэ бжьамийр ягъаджэрт, мис иджыпсту плъагъу мы бжьамийм хуэдэ...

* * *

Илъэс тIощI нейкIэ убыххэм я шу пашэу, дзэпщу щытащ Адагуэ и къуэ Хьэжы Бэрзэдж. Зауэ гуащIэ куэдым хэтащ ар, къыхэзыгъэщIэфаи щыIакъым. Иужьым, IэщэкIэ къызэрыпэмылъэщынур щалъагъум, урыс пащтыхьым и инэралхэр бзаджагъэ къыхуекIуащ: убыххэм я дзэпщ ябгэм и щхьэр яхуэзыхьым дыжьын сом мин кърατыну ягъэIуащ.

ИтIани насыпым и щIыб къыхуигъэзакъым абы: и щхьэр зыхьын къахэкIакъым убыххэм. Езыр-езыру епсыхыжащ, езым итыжащ дзэпщ къулыкъур.

Абы и щхьэусыгъуэр нобэми сщIэркъым: е и ныбжьыр зэрыхэкIуэтарат, е, хэт ищIэрэ, куэд зыгъэунэхуа дзэпщ Iущым гу лъита убыххэр гъуэгу шынагъуэм тезэрыгуэIуэу хуежьауэ, – сытми, лъэныкъуэ зригъэзыжри, Iуэхум хэмыхьэж хъуащ, куэд мыщIэуи дунейм ехыжащ. Ар къыщыхъуар урысхэмрэ тыркухэмрэ зэращIылIа зауэшхуэр щыувыIа гъэм къыкIэлъыкIуэрщ. Шу пашэ хъуащ абы и унэкъуэщ Хьэжы Бэрзэдж Джырандыкъуэ.

АбыкIэ мыарэзыи щыIащ, ар дзэпщ мыхъуну ялъытэри. Ауэ зауэм и зэмант, узэдауэу, учэнджащэу узэхэтыну хущIыхьэгъуэ щыIэтэкъым. КъинэмыщIауи, мобы и адэ къуэш цIэрыIуэм и щIыхьми пщIэ иIэ хъунт.

Убыххэм пашэ яхуэхъури, Хьэжы Бэрзэдж Джырандыкъуэ унафэр щIигъэткIиящ, хахуэу зигъэлъэгъуащ, дзыхь хуэзымыщIахэм фIэщ ящищIыфа хуэдэт шхуэIур къазэрыжьэдикъуэзэнур. Дзыхь хуэзымыщIахэм щхьэусыгъуэ гуэри яIэ хъунт: къебэ-небэ хэлъу жари ягъэхъыбарырт. ЩIагъэхъыбарыр мырат: зауэшхуэм щIидзэн и пэIуэкIэ ар пащтыхьым и инэралхэм екIужыгъащ, щекIужым, дзэ къулыкъу къыхуагъэлъэгъуащ, дыжьын ахъши кърат хъуащ. ТIысыжри, зыбжанэкIэ и унэ исыжащ, сотрэш джэгун фIэкI нэгъуэщI Iуэху зэримыхуэу. И адэ къуэшыр абы щыгъуэ убыххэм я дзэпщт, пащтыхь инэралхэм езауэрт.

Убыххэм я Iуэхур зэрыхъунур хэт ищIэнт, Кърым зауэжьыр къэмыхъеятэмэ. Зауэр къэхъейри, урысыдзэр абхъаз хы Iуфэми ди хы Iуфэми IукIыжащ, апхуэдэу щыхъум, Умар-пэщэ и дзэр Сыхъум къыщитIысыкIащ. Бгым къыщхьэдэхри, ди къуажэхэм къыдыхьащ Дагъыстаным къикIа молэхэр; тыркухэми ящIыгъуу мащIэ къэкIуакъым, псоми дызрагъэдаIуэр зыт: урысхэр зэтракъутащ, ирахужьэжащ, къэгъазэ яIэкъым.

– Дэ дикIуэтыжыну дыкъэкIуакъым, – жаIэрт абыхэм, – дэ дыкъыщIэкIуар тырку пащтыхьу зыри зыпэмылъэщыжынум и бэракъ лъапIэр ди къуршыщхьэхэм щыфIэддзэн щхьэкIэщ.

Мис абы щыгъуэщ Хьэжы Джырандыкъуэ урыс пащтыхьым епцIыжу тырку сулътIаным дежкIэ зыщридзэкIыжар.

Пащтыхьымрэ сулътIанымрэ щызэзауэм, Абхъазым я пщышхуэр, Чачбэ Хьэмутбей, урысхэм епцIыжакъым, Хьэжы Джырандыкъуэ тыркухэм заритащ. Абы щыгъуэщ ар шу пашэ щытхуэхъуари. Шу пашэ тхуэхъури, сулътIаным и лъэныкъуэр зэриубыдауи къэнэжащ, тырку сэлэтхэр, кхъухьхэм зрагуэу, хым зэпрысыкIыжа пэтми.

Пащтыхь инэралхэм къагъэзэжу щIадзащ, къагъэзэжри, ябгынауэ щыта быдапIэхэр яубыдыжащ.

Абдежми къикIуэтыжакъым Хьэжы Джырандыкъуэ, дызэрыщымыгугъауэ хахуэу, ткIийуэ зыкъыдигъэлъэгъуащ: тыркухэм кIэбгъу защIыжащ, мор утыкум къранэри, итIани епсыхыжакъым, пащтыхь инэралхэм езауэу щIидзащ. Урыс пащтыхьхэм дзэр зэ ТIуапсэ деж, зэ Арыдбэ деж, зэми Сошэ деж къыщрагъэтIысыкI. Хы Iуфэм къыбгъэдэкIыртэкъым ахэр зэкIэ, здитIысыкIам деж быдапIэ щаухуэрт, ауэ къыдгурагъэIуакIэт абыкIэ къызэрызэтемыувыIэнур. ФIыуэ къыгурыIуат ар ди шу пашэ Хьэжы Джырандыкъуи. ЗэрыхузэфIэкIкIэ зэран яхуэхъурт пащтыхьым и сэлэтхэм, быдапIэ никъуэщIхэм ебгъэрыкIуэрт.

Ди лIыгъэм дригушхуэрт дэ, ауэ, си щIалэ, пэжыр жыпIэнумэ, ди цIыхум зауэр къытехьэлъэ хъуакIэт абы щыгъуэ. Зауэм къыдэхуэртэкъым цIыхур, къэкIар зетхьэжыфыртэкъым, зетхьар къетхьэлIэжыфыртэкъым, лIаIамэ, зэгъусэу щIэтлъхьэжыфыртэкъым, хьэгъуэлIыгъуэ къэхъуамэ, декIуэлIэну хущIыхьэгъуэ диIэжтэкъым.

Я дэ ди тхьэ, сыту куэд дэкIа абы лъандэрэ, сытуи куэдкIэ зихъуэжа мы дунейм!

ГъащIэмрэ хымрэ зэрагъэщхь, абы пэж хэлъщ. Хыр къэукъубиймэ, псыдзэ гущIэгъуншэм псори зыIурегъэлъадэ, зыIурегъэлъадэри мэжэщIыж. Псыдзэр жэщIыжамэ, пшахъуэ псыфым къытенэр псыхьэлъахуэщ...



Ар сигу къохьэ дапщэщи, дэ, убыххэм, ди натIэ хъуам сыщегупсыскIэ. ПхуэсIуэтэфыну къыщIэукI дэ ди нэгу щIэкIар...

ХъыбарыфI къэIугъащ абы хэту: урысхэм «дызэвгъэкIуж» жари къаIуэхуащ, пащтыхьым лIыкIуэ къищIа инэралымрэ ди шу пашэ Хьэжы Джырандыкъуэрэ Мзымтэ деж щызэхуэзэнущ, зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу. Абхъазым я пщышхуэ, убыххэм я къан Чачбэ Хьэмутбейщ дэлэлыр, ар шэсыпIэ ихьащ.

Хьэжы Джырандыкъуэ и жагъуэгъу мащIэ яхэтакъым адрей уэркъ лъэпкъхэм, ауэ и лIыгъэр зауэм щигъэлъэгъуа нэужь, убыххэм я дзыхь

ирагъэзащ абы. Си нэгу щIэт хуэдэщ ноби: лIыкут абы щыгъуэ, ауэ и щхьэцым тхъугъэ хидзатэкъым, щхьэпэлъагэкIэ уеджэнтэкъым, Iэчлъэчт, жант, мафIэр къыIурех жыхуаIэм хуэдэт, макъыфIэт, къоплъмэ, уигъэткIурт. И нэр къыптриубыдэнти, куэдрэ къоплъынт, нэкIэ сешх жыпIэну.

Адрей убых щIалэхэми хуэдэу, Хьэжы Джырандыкъуэ и лIыгъэмрэ и щIыхьымрэ сатхьэкъуат сэ. АпхуэдизкIэ пщIэ хуэсщIырти, абы кърагъэпща шэр сэ къыстехуэмэ, нэхъ къэсщтэнут. Щхьэхъумэ пэлъытэу илъэсищкIэ сыщIыгъуащ, ажалым къезгъэлын щхьэкIи, сымыщIэн щыIакъым. ИлъэсищкIэ сыщIыгъуащ жысIакъэ, и ужь сикIакъым, сыткIи зезгъэщхьырт, сыдэплъейрт: и шэсыкIэкIи, уанэгум зэрис щIыкIэкIи, и зыIыгъыкIэкIи.

Иджы, Iэджэ слъэгъуа нэужь, абы щыгъуи иужькIи Хьэжы Джырандыкъуэ ищIамрэ илэжьамрэ зэпызолъытыжри, къысщохъу ар тэмакъкIэщIыIуэу, пщтырыIуэу, нэхъыкIэращи, жыжьэ мыплъэфу щытауэ. Ауэ абы щыгъуэ сэ сыщIалэт, щIалагъэм сигъаплъэртэкъым.

Зи гугъу пхуэсщIа жыгей гуэрэным хасэр щызэхэтIысхьащ: Хьэжы Джырандыкъуэ ечэнджэщырт фIэлIыкIрэ пщIэрэ зиIэу ди лъэпкъым хэт лIы цIэрыIуэхэм.

Куэдрэ зэдэуащ, ауэ абы къаухэсыр зыми зэхахыртэкъым. Сэ, сыщхьэхъумэти, сабгъэдэтт, жаIэри зэхэсхырт. Хьэжы Джырандыкъуэ къэгубжьат, пащтыхь инэралым деж апхуэдизыдзэ щIыгъуу кIуэн идэртэкъым.

– Сыщышынэу иремыгугъэ, – жиIэрт Хьэжы Джырандыкъуэ. – ШууипщI фIэкI зыщIызгъунукъым, адрейхэр мыбдеж къыщыспреплъэ.

Хасэр абыкIэ акъылэгъу хъуакъым, зэкIужыным и пIэкIэ зэзэуэнри хэлъщ, жаIащ, пащтыхь инэралхэм дзыхь яхуэпщI хъунукъым, мащIэкъым абыхэм ягъэхутыкъуэурэ яубыдар, мащIэкъым яубыдурэ Сыбыр щагъэкIуэдар, жаIащ, ноби зыгуэр къэхъу хъумэ, убыххэм я шу пашэм дзэр и Iэгъуэу щытын хуейщ.

Сытми, Хьэжы Джырандыкъуэр акъылэгъу къащIащ. Хасэр яухри, псори зэщIэтэджащ. Уанэгум зридзэри, шу минрэ щитхурэ щIыгъуу, Хьэжы Джырандыкъуэ МзымтэкIэ иунэтIащ.

Апхуэдиз шу гъуэгу щытехьэкIэ уэрэд къыхадзэ хабзэт. Ауэ а пщэдджыжьым апхуэдэ гукъыдэж зыми иIэтэкъым, псори щымт. Дэ зауэм дыхуэщIат, ауэ ди щIыбагъкIэ ди унэхэр, ди сабийхэр, кIэ зимыIэж зауэм и зэранкIэ зэщIэкIэжа ди хьэсэхэр къыдэднат. Зауэм дыхуэщIами, мы лъыгъажэм зэгуэр кIэ игъуэтын зэрыхуейми демыгупсысу щыттэкъым. Хэт ищIэрэ, нобэ кIэ игъуэтынкIи хъунут абы.

ДыздэкIуэм, Хьэжы Джырандыкъуэ, уащхъуэдэмыщхъуэу шыр къыжьэдикъуащ, шым къелъэтэхри, Iэдакъэжьауэ ищIауэ уэгум йоплъэ.

Дэри депсыхащ: дыдэплъеймэ, долъагъу: къухьэпIэмкIэ, пшэ фIыцIэ гуэрэну, къуанщIэ хъушэ зэрохь. ДыкъэуIэбжьауэ дызэхэтщ, жытIэнури тщIэркъым. Хьэжы Джырандыкъуэ и псалъэм дыпоплъэ.

– Сыхьэтджэрий къевджэ, – жиIащ абы, къызэмыплъэкIыу, и нэр уэгум зэретауэ.

Дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу, дзэм пхрыкIри, абы и пащхьэ ихутащ Сыхьэтджэрий. Ар лIыгъур кIыхьт, и пащIэ цIырхъыр гуэлэлу. Убыххэм ди молэ пашэт, Iэщэ зымыIыгъыуи къытхэтыр а зырат.

– Сытым хуэпхь хъуну мыр? – къеупщӀащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ, и Ӏэр къуанщӀэ хъушэмкӀэ ишийри.

– ФӀыкъым, – жиӀащ Сыхьэтджэрий; абы и нэри уэгум етат. – Дгъэзэжмэ, нэхъыфӀ жызоӀэ. Нобэ ди гъуэгур къуанщӀэм зэпаупщӀащ, джаурхэр пщэдей ди псэм къещэнщ. Алыхьталэрщ зи Ӏэмырыр: дэ мы лъахэр дыбгынэн хуейуэ иухащ. ЗытӀэжьмэ, Алыхьым и нэлатыр къыттехуэнщ!

Хьэжы Джырандыкъуэ, зыри жимыӀэу, зыкъомрэ хэплъэу щытащ. Шу минрэ щитхурэ иувыкӀауэ зэхэтт, щыму, дзэпщым и унафэм пэплъэу. Шы пырхъ макъ фӀэкӀ зэхэпхыртэкъым.

Хьэжы Джырандыкъуэ, зыкъипхъуатэри, уанэгум напӀэзыпӀэм зридзэжащ, и лъэрыгъыр субыдыни сыхунэсакъым. Дышэсыжри, гъуэгу дытеувэжащ.

Хъуэстэ дызэпрыкӀа нэужь, дзэр пакӀищу гуэшын хуейуэ унафэ ищӀащ Хьэжы Джырандыкъуэ: зы пакӀэр Мзымтэ и хэхуэжыпӀэмкӀэ иунэтӀащ, хым кӀэлъыплъын щхьэкӀэ; адрей пакӀэр псыщхьэмкӀэ дэкӀуеящ, ди щӀыбкӀэ къыдыхьэӀа хъужыкъуэмэ, дыкъахъумэн папщӀэ. Шу щитхур езым зыщӀигъури МзымтэкӀэ игъэзащ.

Мзымтэ и мыдрыщӀкӀэ ди дзэпщым шэтыр щыхуагъэувакӀэт. Псы адрыщӀми шэтыритӀ щыхасат – урыс инэралымрэ Абхъазым я пщышхуэмрэ я шэтырхэр.

Урыс афицар, тэрмэш щӀыгъуу, псым къызэпрыкӀащ, зы убых уэркъ зыщӀигъури игъэзэжащ абы.

Заулрэ зэпсэлъа нэужь, зэгурыӀуащ мыдрыщӀкӀэ щызэхуэзэну.

Брамыр псы Ӏуфэм къесылӀащ, абы къикӀащ урыс инэралыр, афицар зыбжанэ, щхьэхъумэхэр, абхъаз пщышхуэ Хьэмутбей. Ар иужьрейуэ щыслъэгъуар и атэлыкъ Хьэжы Бэрзэдж щыщӀалъхьэ махуэрат. Пщышхуэр зэхэуфат, щымт, брамым къытекӀауэ нэпкъым къыщыдэкӀым и лъэр ерагъмыгъуейуэ зэблихыу къысфӀэщӀащ.

Пащтыхь инэралым и фащэр зэщӀэлыдэрт, и дамэтелъыр зэщӀэпщӀыпщӀэрт. НэкӀу хъурейт, и жьакӀагъуэр къэщыхьат.

Абы и пэкӀэ апхуэдэу гъунэгъуу слъэгъуатэкъым пащтыхь инэрал. Джаурми, узыӀуригъэлъэдэну шынагъуэу фэ теттэкъым абы.

ДызэбгъэдэкӀуатэурэ гъунэгъу дызэхуэхъуа нэужь, Абхъазым я пщышхуэ Хьэмутбей, япэ зыкърите гъэщри, Хьэжы Джырандыкъуэ къыбгъэдыхьащ, зигъэщхъри и бгъэм ба къыхуищӀащ, убых унагъуэм и къаным зэрищӀын хуей хабзэу.

Зэпсэлъэн щӀадзащ. Сэ Хьэжы Джырандыкъуэ схъумэн хуейти, и щӀыбагъкӀэ сыкъыдэтт, жиӀэу хъуари, зы псалъэ дэмыхуу, зэхэсхырт.

УмыгъэщӀагъуэ, Ӏэджэ сщыгъупщэжащ сэ, ауэ а махуэм и дэтхэнэ дакъикъэри сощӀэж. Ар ди лъэпкъым натӀэ хуэхъунум и унафэр щащӀ махуэт. ИужькӀи ди нэгу куэд щӀэкӀащ, дэтхэнэри псэзэпылъхьэпӀэу, ауэ мор псом я щӀэдзапӀэт. Сигу къинащ псори, псори сощӀэж иджыпсту слъагъу хуэдэу, си тхьэкӀумэм итщ лъакъуащхьэкӀэ дызыхэта нэгъабэрей нартыху бзий гъуэжам и щхъыщхъ макъыр. Слъагъу хуэдэщ а махуэм ди щхьэщыгу ита дыгъэри: ар зэ пшэм хыхьэрт, зэми къыхэплъыжырт епӀэщӀэкӀыу. Хы лъэныкъуэмкӀэ къыщыкъуэуа жьыбгъэри сощӀэж, сощӀэж уэшхым зэрэ-тӀэурэ зыкъызэрызэщӀищӀари. СощӀэж куэдрэ зэрызэдэуар, кӀуэ пэтми нэхъ къызэрыгъэплъу, я макъым зрагъэӀэт зэпыту. А махуэм Хьэжы Джырандыкъуэ шы мыгъасэм и уанэгум ис фӀэкӀ пщӀэнтэкъым: зэрызищӀынумрэ и псалъэр зытриу-

быдэнумрэ имыщIэжми ярейт. Дакъикъэ къэс зихъуэжырт и нэкIум, и натIэм лъынтхуэр къытридзат – ерагъмыгъуейуэ зэрызызэтриIыгъэм и нэщэнэт ар, и къамэр кърипхъуэту илъын хьэзырт.

Сэ сцIыхужырт ар, сыти зэхищIыхьынкIэ зэрыхъунури сщIэрти, зыкIэлъыздзыным сыхуэхьэзырт. ЖаIэ псор зэхэсх пэтми, сыщытегупсысыкIи къыхэхуэрт, къамэм щепхъуэнум сыпэплъэу.

Пащтыхь инэралым япэ къыщIидзащ. И фэкIэ зэрыIэдэбым хуэдэтэкъым абы и псалъэр, ткIыбжьт, тэрмэшым иримыгъэлейуэ пIэрэ жысIэу гукъэкIи сщIат.

– Уэ, Хьэжы Джырандыкъуэ, – жиIащ инэралым, – лъэпкъ цIэрыIуэм, Бэрзэджхэ, уащыщщ, улIакъуэлIэшщ, къокIуркъым нобэ зы пщIэуэ, пщэдей нэгъуэщI блэжьу. Ди пащтыхьышхуэм дзэ къулыкъуи къуитри хуэфэщэн улахуи къыпхуигъэлъэгъуат, ауэ пащтыхьым и нэфI зыщыхуэм ухуэмыфащэу укъыщIэкIащ. Зауэр къызэрыхъейуэ уелъэпэуэжащ ди пащтыхьым къыпфIища цIэми улахуэми. Арысейм пэжыгъэкIэ убгъэдэтыным и пIэкIэ, тыркухэм уакъуэлъэдащ, къыптракъузатэкъым, ухагъэзыхьатэкъым, уэр-уэру уеущэкIыжащ. Псалъэу зэIытхам уепцIыжащ, уи хэкум цIыхухъуу исыр IэщэкIэ зэщIэбуззэдащ, ди быдапIэхэм бэуапIэ къептыркъым, уакъытоуэ, тыркухэм запыпщIащи, Iэщэ къаIыбох.

– Зиусхьэн инэрал, уи псалъэм хуэсакъ, – жиIащ Хьэжы Джырандыкъуэ. – Сэ сытхьэкIумэкIыхькъым, уи щакIуэхьэхэми уи пащхьэ сыкърахуакъым. Сэ си лъахэ ситыжщ, си IитIи пхакъым, Iэщи сIыгъщ.

Хьэжы Джырандыкъуэ къызэщIэплъащ, къэлыбащ, инэралым зыкIи зихъуэжакъым, мобы и псалъэр зэридзэкIыху, тэрмэшым пэплъэри адэкIэ къыпищащ:



– Ари пфIэмащIэщ уэ, – жиIащ инэралым, Хьэжы Джырандыкъуэ и псалъэр зэхимыха фэ зытригъэуауэ. – Уэ иджыри ущогугъ тырку сультIаным. ДзэкIэ узэрелъэIуар дощIэ. СультIаным нэхъ лъэщ дунейм темыту плъытэ пэтрэ, абы ублоплъыкIри нэгъуэщI щIыпIи ущолъыхъуэ къыбдэIэпыкъун. Иджыпсту къыббгъэдэт Ахъмэт, Бэрэкъей и къуэр, илъэсищ и пэкIэ Лондон бгъэкIуауэ щытащ, инджылызхэм укъахъумэнкIэ уащыгугъыу. Абы и хъыбар ягъэIуащ инджылыз газетхэм, ар зым дежкIи щэхукъым. Сыхъум дэс инджылыз лIыкIуэм иджыблагъэ хуэптхари дощIэ. Хуэптхар уэзгъэлъагъужыфынущ, ди Iэрылъхьэщ. Уи жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ зи псалъэм епцIыжакIэ зэджэр нэгъуэщIкъым.

Хьэжы Джырандыкъуэ къамэм епхъуэн си гугъат, инэралым и псалъэр щиублэм. Губжьыр ирикъухыжри, ар иджыпсту нэгъуэшI хъужат, зы псалъи пимыдзыжу едаIуэрт инэралым къыжриIэм, жам хуэдэу зэфIэтт, и зы Iэр и бгым иригъэуварэ и зы IэмкIэ сэшхуэ Iэпщэр икъузауэ. Инэралым еплъыртэкъым ар, и нэр пшэ фIыцIэр зыщхьэщыгъуэлъхьа къуршыщхьэмкIэ щыIэт. Зыри зэхимых, зыри имылъагъу къыпфIэщIынт. Тэрмэшым, Iэнкун къэхъуати, псалъэр хузэкIэлъыгъэкIуэжыртэкъым. Хьэжы Джырандыкъуэ, арыншэми урысыбзэр зэхищIыкIырти, абы жиIэми емыдэIуэжу, дыджу пыдыхьэшхыкIащ, и нэр инэралым триубыдэри пидзыжащ:

– Ар пэжщ. ЕпцIыжакIэ укъызэджэ хъунт сэ, нэгъуэщI гуэрхэм зэрахабзэу, фи къулыкъумрэ фи дыжьын сомымрэ зыкъезгъэгъапцIэу, си лъэпкъыр сщатэмэ. Алыхьым и фIыщIэщ, абыкIэ сыдэфшэхыфакъым. Зиусхьэн инэрал, уэ епцIыжакIэ укъызэщащ. Дзэ фIыцIэр къытхуэпшэри укъытлъихьащ, убыххэр я хэкум зэрипхунырщ узэщэр.

СыткIэ уеджэ хъуну абы?

КъызжеIэт атIэ, къэралыгъуэжьхэм я Iэтащхьэхэм хасэ ящIрэ «сыт убыххэм къуащIар, щхьэ зэтебукIэрэ, сыт къуаншагъэу къуалэжьылIар?» – жаIэрэ къеупщIамэ, уи пащтыхьым яритынкIэ хъуну жэуапым сегъэдаIуэт.

Пэж къызжепIащ нобэ: зэгуэр дывэувэлIауэ щытащ, фIы къытхудэкIуэн ди гугъэри. Дэ сату тщIыуэ десащ, сату зыдэтщIынумкIэ дызэупщIи щыIакъым. Ди хы Iуфэм фи кхъухьхэм фIэкI къыбгъэдыхьэ мыхъуну фукъуэдиящ. Фэ ди уэркъхэм дыгъуэгъуакIуэкIэ фыкъощ, зауэм кIэсу къыхэтхар тщэну хуит дыфщIыркъым. Дэ ди хабзэр зыщ, фэ фи хабзэр нэгъуэщIщ. Фи хабзэхэм далъэхъэну дыхуейкъым дэ, зым и бжьи дыщIэувэну ди нэ къыхуикIыркъым. Ди диныр IэщIыб дывгъэщIыну аращ фызыхэтыр. Дэ дощIэ, фи лъэгум дызэрыщIэхуэу, ди сабийхэм жор къазэрыпщIэхэфлъхьэнур. Зауэ къэхъумэ, мы хы Iуфэр тыркум ящыфхъумэфыркъым, кIэбгъу зывощIыжри, дэ утыкум дыкъывонэ! Къэвгъэзэжакъэ – епцIыжакIэ фыкъыдощ. Дауэ атIэ, къызжеIэт, дэ дызэрызэгурыIуэнур?

Инэралым, зы псалъи къыпимыдзыжу, и жыпым бэльтоку кърихащ, и натIэм къытрикIута пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри щиху жыг лъагэм бгъэдыхьащи, зэпеплъыхь, ар къэбгъауэ зэрыхъунур зэпилъыт щIыкIэу. ИтIанэ зыкъригъэзэкIри Ахъмэт, Бэрэкъей и къуэм, къыжьэхэплъащ.

– ПшIэ зыхуэсщI Ахъмэт, Бэрэкъей и къуэ, убыххэм я нэхъ хуэмыхухэм уащыщкъым уэ, уи псалъи зэхэсхыну сыхуейт нобэ.

Ахъмэт, Бэрэкъей и къуэр, къэскIакъым, щIэхи жэуап итакъым, заулрэ зыпигъэплъащ къеупщIар. Иужьым жиIащ:

– Фэ дэ дызэхэфщIыкIыркъым, зиусхьэн инэрал, дэри фэ фызэхэтщIыкIыркъым.

Хьэжы Джырандыкъуэ и нэщхъыр зэхилъхьащ: игу ирихьа хъунтэкъым Ахъмэт и жэуапыр.

Инэралыр пыдыхьэшхыкIащ:

– Уэ угубзыгъэщ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, уэ узыхуейр, фи дежкIэ зэрыщыжаIэу, дзасэри имысу лыри бгъэжьэну аращ. Ауэ ар зауэм деж къыщемызэгъ Iущыгъэщ. Зауэм нэгъуэщIщ и хабзэр!

Инэралым, и Iэр и щIыбкIэ щызэридзэри, заулрэ къикIукIникIукIыу зиIэжьащ, итIанэ Хьэжы Джырандыкъуэ къыбгъэдыхьэри, и макъым зригъэIэтауэ жиIащ:

– Ди пащтыхьым и ней къыфщыхуамэ, фэращ зи лажьэр. Фи гъунэгъу бгырысхэр нэхъ губзыгъэу къыщIэкIащ: ахэр е бгым къикIри бгы лъапэм тетIысхьащ, е Iэщэр ягъэтIылъри, ди лъэныкъуэ защIащ, фэ иджыри къэс фыщогугъ сулътIаным. Нэгъабэ Кавказым къыщыкIуам щыгъуэ ди пащтыхьышхуэм фэ къыфхуищIа унафэр аргуэру зэ, иужьрейуэ, фигу къэзгъэкIыжынщ: «Псыжь губгъуэ Iэпхъуэнумэ, ирeIэпхъуэ убыххэр, абыкIэ арэзымэ, щIыи еттынущ, я хабзэми пэрыуэгъу иIэнукъым. Хьэуэ жаIэмэ, Тыркум ирeIэпхъуэ».

Инэралым а псалъэм, псоми я гум ежэлIа псалъэ жагъуэм, зыри щIигъужакъым. ЩIакIуэ зытеубгъуа жыг лъэдакъэм тесу пащтыхьым а псалъэр щыжиIам, куэдым зэхахат, Къэукъасэ псор зэлъищIысат а псалъэм. ИтIани мыбдеж гуэрым ар щыблэм хуэдэу къащытепсыхащ убыххэм.

– Псыжь губгъуэр псэупIэ хъуну щытатэмэ, ар дэ къытлъывгъэсынтэкъым, иджыри къэс нэщIуи щытынтэкъым, – жиIащ Хьэжы

Джырандыкъуэ. – Дэ хы Iуфэм дыIусщ, сатуи тщIыуэ десащ. Дэ десащ бгым дыщыщакIуэу, десащ гъэмахуэм ди Iэщыр къущхьэхъу тхуэ, дэ мыращ, мы хэкурщ, нэгъуэщI щIыпIэкъым дызэсар. Хьэуэ, зиусхьэн инэрал, ди щхьэр уи къапхъэным итлъхьэфынкъым. Фэ дыфщызыхъумэ бгыр IэщIыб тщIырэ Псыжь губгъуэ дыIэпхъуэмэ, фызыхуейр къызэрыдэфщIэфынум дыщыгъуазэщ дэ. Ди пщылIхэр ттефхынщ, IэщIыб тщIы ди щIым и пIэкIэ къыдэфтынур е къыдэфщэнур зыщIэри хэт? Фэ фызыхуейр, абы дывгъэIэпхъуэу, ди пщылIхэр дауэгъу къытхуэфщIыну аращ, пщIэи къытхуамыщIыжу, жытIэми къемыдэIуэжу. Дякум къаугъэ къыдэфлъхьэну арщ фызэщэр, нэхъ щIэх дыхэвгуэн щхьэкIэ!

Хьэжы Джырандыкъуэ абдежым зыхуэшыIэжакъым. Ар губжьат, и псалъэ кIапэри хуэубыдыжтэкъым; инэралыр щымт, мобы щиухынум пэплъэу.

Инэралым жэуап къритыжакъым. Псалъэм къыхыхьащ Абхъазым я пщышхуэ Чачбэ Хьэмутбей. Абы зыри жиIатэкъым иджыри къэс.

– Бгы щхьэдэхыпIэм ухуэзышэр зы лъагъуэ фIэкI щымыхъукIэ, абы утетын хуей мэхъу, – жиIащ пщышхуэм. – Уи щхьэм ирумыгъажэ бжесIэр, ауэ фэ, убыххэм, фыщэнауэу фызэхэтыну зэман фиIэжккъым.

Чачбэ Хьэмутбей жиIэр и гум къызэрыщIитхъыр нэрылъагъут.

– Сыт хуэдэ IэнатIэ дыIутми, уи Iуэху къытхыумылъхьэ, ди унафэр дэ тщIыжынщ, – щIэкIиящ абы Хьэжы Джырандыкъуэ, арщхьэкIэ Хьэмутбей и псалъэр щIилъэфыжакъым.

– Сэ убыххэм я быдзышэ сIулъщ, убых унагъуэ сыщапIащ. Убыхым сракъанщ, срашщ, насыпыншагъэм щысхъумэнуи си къалэнщ. Абхъазхэм кьехъулIэр кърехъулIэ убыххэми – абы нэхъыбэкIи, нэхъ мащIэкIи, нэхъыфIкIи, нэхъ IейкIи сахуэупсэркъым. Хуей хъумэ, ар фIэщ фщысщIыфынщ, си щхьэ нэхъыфIщ жысIэнкъым.



Хьэжы Джырандыкъуэ аргуэру пэрыуащ абы, и псалъэр нригъэгъэсакъым:

– Уи псалъэр фIэщ хъугъуейщ. Дэ, убыххэм, дощIэж пащтыхь инэралхэм урагъусэу укъызэрыдэзэуар. Ди быдзышэ зэрыпIулъыр уигу къэкIыжащ. Ауэ ар лъыкIэ буцIэпIащ уэ. Уи лъэпкъ дыдэми уепцIыжащ уэ! Пащтыхьым и лъэгу щIэувэн зымыдэу къэувахэм я лъыр зыгъэжар уэрмырауэ пIэрэ? МащIэ бгъэунэхъуа уэ, мащIэм я щхьэр хебгъэлъхьа?

Уи адэшхуэм, Къылышбий, дызэгуигъэхьауэ щытащ, ар псэужатэмэ, фэри, абхъазхэри, дэри, убыххэри, мы нобэ дыздынэсам дынэсынтэкъым. Ауэ ар псэужкъым, уи адэм, Сэфарбей, зы кIакхъуи щIимычу Абхъазыр урыс пащтыхьым и лъэгум щIигъэуващ, иджы уэ ди пщэм аркъэн къибдзэну ухэтщ.

Пщышхуэр, зимыгъэхъейуэ, зэфIэтт, Хьэжы Джырандыкъуэ, хъийм икIауэ, абы тримытхъуэ щымыIэми, зы псалъи къыпидзыжыртэкъым.

– Зыми къыдитакъым дэ мы лъахэр, – жиIащ Хьэжы Джырандыкъуэ, и гур пщышхуэм тригъэзэгъа нэужь, инэралым и пащхьэ иувэри. – Ауэ ар ттезыхыни къэхъункъым, ди псэр пытыху. ФIыкIэ дызэгурывгъаIуэ, нэгъуэщIкIэ дывэлъэIуркъым. Хьэуэ жыфIэрэ – Iэщэр дгъэтIылъынукъым.

Хьэжы Джырандыкъуэ Iэ сэмэгумкIэ сэшхуэ Iэпщэр зэрикъузат, и Iэ ижьыр ищIырт, Iэщэр игъэдалъэ щIыкIэу.

Тэрмэшым пщIэнтIэпсыр къекIуат, сэ си нэр инэралымрэ абы и щIыб къыдэт урыс афицархэмрэ къатесхыртэкъым, зыгуэр къэхъу

хъумэ, сэшхуэр къиспхъуэтынуи сыхьэзырт.

Инэралым и нэр къытриубыдащ Хьэжы Джырандыкъуэ, заулрэ щымащ, итIанэ пыдыхьэшхыкIри жиIащ:

– Хъунщ. Зауэ фыхуеймэ, зауэ флъагъунщ. ИтIани сыноупщIынут лъэпкъ псом и унафэр зи пщэ дэзылъхьэжыф уэ: фи мылъкур фщэжмэ, тырку сондэджэрхэмрэ инджылыз тIасхъэщIэххэмрэ я деж Iэщэ гуэрхэр дяпэкIи къыщыфщэхуфынущ, абы сыщыгъуазэщ сэ. Iэщэ вгъуэтынщ зэкIэ, дощIэ иджыблагъэ Инджылызым топих къызэрыфхурагъэшари фи цIыхур абы хуэзыгъэсэн къызэрыфхуагъэкIуари. Щхьэ уета, пщIэжыркъэ уи лъэпкъым и къарур здынэсыр, уи лъэпкъым и бжыгъэр? АфIэкIа пкъуэмылъу укъызэрытпэмылъэщынур къыбгурыIуэркъэ? КъыбгурыIуэмэ, уи лъэпкъыр бгъэунэхъуну ущIыпыхьар сыт?

Псори пэплъэрт Хьэжы Джырандыкъуэ абы иритыжыну жэуапым, ауэ зым и пщIыхьэпIи къыхэхуэнтэкъым абы итыжа жэуапыр.

– Дэр щхьэкIэ умыгузавэ, зиусхьэн инэрал, – псоми зэхахын хуэдэу и макъым зригъэIэтри жиIащ Хьэжы Джырандыкъуэ. – ЦIыхум я лIыгъэр зэлъытар я бжыгъэркъым. Дэ Iэщэ ди мащIэкъым, ди мащIэкъым ар зезыхьэфыни. Iэщэ зезыхьэр къыдэмэщIэкIмэ, ди фыз уэндэгъухэм къамэкIэ депыджыжынщи, я ныбэм илъыр къытщIэувэнщ!

Ар жери, Хьэжы Джырандыкъуэ си дежкIэ зыкъригъэзэкIащ: «Шыр!» – къысщIэкIиящ ар, къуаншэр сэра хуэдэ.

Инэралым зыри жиIакъым, и дамэр дригъэуейри абхъаз пщышхуэм хуеплъэкIащ: «Уи фIэщ хъуа мыбы зыри къызэримыкIынур?» – жиIэ щIыкIэт.



Чачбэ Хьэмутбей зигъэхъеякъым, инэралыр ней-нейуэ къыжьэхэплъа пэтми. И IитIыр и бгъэм щызэридзауэ щытт ар, и гугъэр химыхыжауэ.

Инэралыр аргуэру хуеплъэкIащ абы, пщышхуэр и пIэ икIакъым, и Iэр и бгъэм зэрыщызэрыдзауэ и щхьэр къиIэтри, ди шу пашэм зыкъыхуигъэзащ:

– Хьэжы Джырандыкъуэ, ди быдзышэ зэIулъщ, си зы псалъэ къедэIуэж. Нобэ псэзэпылъхьэпIэ махуэщ, дызыхущIегъуэжын унафэ тщIыну тхуэфащэкъым нобэ хуэдэ махуэм. Джатэр аргуэру къипхын и пэ егупсыс: Дагъыстаным зауэр щыувыIащ, Шэшэным щыувыIащ зауэр... Къэукъасэр урыс пащтыхьым и IэмыщIэ ихуащ, абыкIэ мыарэзыр хым зэпрокI, хым зэпрыкIми фIыгъуэ къыпэплъэу си гугъэкъым. Тыншыгъуэми гугъуехьми, IэфIми дыджми, дунейр мамыр хъунущ. Лъыуэ иракIутар я лъэгуажьэм къосри, убыххэм иджыри зэхамыщIыкIагъэнкIи хъунщ мы зауэр и кIэм зэрынэсар, абы икIужын зэрыщымыIэр, Iэщэр ямыгъэтIылъмэ, езыхэм я IэкIэ зэрызаукIыжынур! Фызытеунахъуэр хэт, фи щхьэм ефхыжа лей мыр, хьэмэ хамэм къывидза лажьэ?

Убыххэм я дзэпщышхуэу щыта си атэлыкъым, Адагуэ и къуэ Хьэжы Бэрзэдж, и хьэдрыхэпсэ узогъэлъэIу, си хьэтыр къэлъагъуи, уи хэкум зы махуэ сынигъэхьэ. Мыбы и псалъэм пщIэ иIэщ жыхуэпIэр зэхуегъэшэси, жаIэм дегъэдаIуэ, уэ жыпIэри сэ жысIэри зэхахынщ. Сэ инэрали нэгъуэщIи зыщIызгъункъым, си закъуэу сынэкIуэнщ, пIальэр уэ гъэув. Сыт уи жэуап, дызэбгъэдэкIыжын и пэ къызэт жэуап.

– Дунейм ехыжам, Адагуэ и къуэ Хьэжы Бэрзэдж, и цIэкIэ

укъызэлъэIуащи, уи хьэтыр сымылъагъуу хъунукъым. НакIуэ, ди цIыхум жаIэр зэхэпхынщ – зи бдзышэ уефа лъэпкъым жаIэр. Тхьэмахуэ къакIуэ нэхъ пIальи къыхыумыгъэкI, дыппэплъэфынукъым. Уи Iуэху фIы ирикIуэ.

Хьэжы Джырандыкъуэ, и Iэр и бгъэм хуихьщ, и щхьэр мащIэу игъэщхъри, шыхэр здэщытымкIэ иунэтIащ.

Инэралымрэ Абхъазым я пщышхуэмрэ брамым зэрытеувэжар слъэгъуащ, сызэплъэкIати. Псым адрыщIкIэ щэ топ уэ макъ къыщыIуащ, сэлэтхэр, жыг жьауэм къыщIэцIэфтурэ, зэхэзожэ, сатыр защIыж.

Дэри, Хьэжы Джырандыкъуэ ди пашэу, дышэсыжащ. Абы щIопщыр иIэтащ, асыхьэтуи къэIуащ гъуаплъэ бжьамийм и джэ макъыр. Абы къикIырат: зэгурыIуэнкIэ гугъами, зыри къикIакъым, Iэщэ зезыхьэфым зауэм зыхурегъэхьэзыр – арат бжьамийм игъэIур.

* * *

Тыркум дыкъэIэпхъуа нэужь, меджлискIэ еджэу зэхэтхащ абы, ди хэкум хасэкIэ дыщеджэрт, лъэпкъым и унафэр зыIэщIэлъри арат. ЦIыху пщыкIуз хэст хасэм, садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ я цIэкIи цIыхуитI; садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ абхъаз лъэпкъщ, ауэ а лъэхъэнэм ди дежкIэ нэхъ зыкърагъэщIат.

Убыххэм я хэкур жылагъуэ пщыкIуз хъурт. Тыркухэр вилайеткIэ зэджэ жылагъуэм хуэдэщ жыхуэсIэр. Хасэм хыхьэр жылагъуэхэм я тхьэмадэхэрт. Абы ди жылагъуэм я цIэкIэ хэсыр Ало и къуэ Шардынт. Жылагъуэ тхьэмадэхэм нэмыщI, хасэм нэгъуэщIитIи хэст: СыхьэтджэрийкIэ зэджэ жылэ къадымрэ МусэкIэ еджэу нэгъуэщI зырэ; Мусэ щIэныгъэ бгъэдэлъауэ къыщIэкIынт, еджэкIэрэ тхэкIэрэ ищIэрти, хасэм къыщаухэсыр итхыу щыст. Абы и макъ зэи щызэхэсхакъым хасэм, и щхьэ щIигуауэ тхэуэ щыс зэпытт, Iэнэ цIыкIум зытриубгъуауэ; Iэнэ цIыкIум къабзийхэр тезт, зэ зыр, зэ адрейр къищтэурэ хьэрып хьэрфхэр иритхэкIырт, зы псалъи димыгъэхуу.



Хасэр щызэхыхьэр Мытхэс жылэрт, абы езы Хьэжы Джырандыкъуи Хьэжы Джырандыкъуэ и лъэпкъри, Бэрзэджхэ, дэст. Гъэмахуэм хасэр жыгей гуэрэнышхуэм и жьауэм щызэхэст, щIымахуэм хъуэш унэм щызэхэтIысхьэрт.

Хъуэш унэращ убыххэр Тыркум Iэпхъуэн зэрыхуейм и унафэр щащIар, сэри срихьэлIэгъащ а хасэм. Хъуэш унэм къыщаухэса унафэм и фIыгъэщ убыхыбзэ зыщIэж сэ зым фIэкI нобэ къызэрымынэжар.

Гъатхэ пасэт, жэщым уэшхышхуэ къешхат, апхуэдизкIэ уэшхышхуэти, уэсыр ирилъэсэхыжат, къуэ кIуэцIхэм къыщызэтенам фIэкI къэмынэжауэ. Уэшх нэужьым уафэр бзыгъэ хъужащ, ауэ Хьэжы Джырандыкъуэ дыщIыгъуу хъуэш унэм дынэсыху, дунейр къызэIыхьэжри уэшхрэ уэсрэ зэщIэлъу къех хъуащ.

Апхуэдэ махуэм и унэ икI щыIэтэкъым, щхьэж и жьэгу дэсыжт. А махуэр нэгъуэщIт: цIыхур Iувт, хьэдэ изыхауэ, нэщхъейуэ зэхэтт.

Хъуэш унэм пэмыжыжьэу щепсыхащ Хьэжы Джырандыкъуэ. Хасэр зэхуэсауэ къыпэплъэрт абы. Хьэжы Джырандыкъуэ и ужь иувэри, хасэм хэсхэр хъуэш унэм щIыхьащ.

Хъуэш унэм щыслъэгъуамрэ щызэхэсхамрэ ноби си нэгу щIэтщ, фIыуэ сощIэж, сщIэжыр пхуэсIуэтэжынщ. Хьэжы Джырандыкъуэ

3 Заказ № 129

щхьэхуэу тIысащ, абы и бгъуитIымкIэ щызэхэтIысхьащ адрейхэр. Абыхэм я щIыбкIэ къыдэуващ бгъащхъуэ акъыл зиIэкIэ дызэджэхэр; къызыхэкIа лъэпкъкIэ мыцIэрыIуэми, абыхэм я псалъэм пщIэ иIэт, я чэнджэщ унафэм халъхьэфырт. Щолэхъуи ящыщт абыхэм – тхьэпщ лIыжьыр. Хьэжы Джырандыкъуэ хасэм зэритхьэмадэрэ куэд щIат, абы срищхьэхъумэти, хъуэш унэм сэри увыпIэ къыщысльысырт, Хьэжы Джырандыкъуэ и щIыбкIэ.

А пщэдджыжьым псом я ужь къинауэ хасэм къахыхьар жылэ къадырщ – Сыхьэтджэрий. И лъэр хуэм дыдэурэ зэблихыу къахыхьащ ар хасэм, хьэжы пыIэр щхьэрыгъэсауэ. Псоми яблэкIащ, яхуеплъэкIакъым, кIуэри, Хьэжы Джырандыкъуэ пэмыжыжьэу, етIысэхащ.

Садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ я лIыкIуэхэм я тIысыпIэхэр нэщIт. А пщэдджыжьым кърихьэлIакъым ахэр хасэм. Ахэр къримыхьэлIами, цIыхур хъуэш унэм щIэз къэхъуат, кърихьэлIат жьыи щIэи, хасэм псалъэ хэзылъхьэфынкIэ зыхуагъэфащэ дэтхэнэри. Хасэм и лIыкIуэхэм я щIыбкIэ щызэхэуват ахэр, Хьэжы Джырандыкъуэ хасэм къахилъхьэну псалъэм зэрыпэплъэри слъагъурт. Куэдрэ зыпигъаплъэ хабзэтэкъым абы, и псалъэр шэм хуэдэу къахидзэу есат, ауэ а пщэдджыжьым щIэх къахэпсэлъакъым. И лъэгуажьэм зытригъэщIауэ хэплъэу щысащ куэдрэ. И напIэр къэпщат, жейм зэремызэгъар пщIэуэ. Заул дэкIауэ, и щхьэр къиIэтащ, псори зэпиплъыхьащ, псынщIэу къэтэджащ, и пыIэр дригъэкIуэтейри, и къамэ Iэпщэр IитIкIэ иубыдащ:

– Зауэр зэрекIуэкIым фыщыгъуазэщ, дыгъуасэ вжесIам нэхъыбэ вжесIэфынукъым зауэр зэрекIуэкIым и IуэхукIэ. Урысхэр дэни къыщыдобгъэрыкIуэ. Гъунэгъу дыдэ къэхъуащ, хыIуфэмкIи ищхъэрэкIи къыщытпэуващ. АбыкIэ хъыбар къызагъэщIащ ди тIасхъэщIэххэм. Махуищ мэхъу си адэ къуэшыр инэрал Гейман деж зэрыкIуэрэ – зэгурыIуэн щхьэкIэ, хъыбар иджыри къэс къытIэрыхьакъым. ЯукIами тщIэркъым, яубыдами тщIэркъым. Садзхэмрэ ахъчыпсохэмрэ я тIысыпIэр зэрынэщIыр фолъагъу – къыщIэмыкIуар къэдзыхауэ арагъэнщ. Шапсыгъхэм Iэщэр ягъэтIылъащ, лъыуэ дгъэжар ирикъунщ, жари. Натхъуэджхэр хым зэпрокI, адрейхэми ящIэнур ящIэркъым. Абхъазым я пщышхуэр, Чачбэ Хьэмутбей, япэрымыуэмэ, Псхъуу дэсхэри, Дал дэсхэри, Цэбал дэсхэри я псалъэ епцIыжынукъым, дэIэпыкъуэгъу къытхуэкIуэнущ. Убыхым ди Iуэхур хэплъэгъуэ зэрыхъуам лейуэ сыщIытепсэлъыхьыжын щыIэ? Нобэ дэ тщIэркъым пщэдей къытпэплъэр – зауэ хьэмэ мамырыгъэ, хуитыныгъэ хьэмэ гъэрыпIэ е хым дызэпрыкIын хуей? Убыхыр зэрыжылэу къыпоплъэ ди унафэм. Зы унафэ щытщIын хуей махуэщ нобэ. Ар дгъэтIылъын тхузэфIэкIынукъым, пIалъэ къыхэдгъэкI хъунукъым, ди жагъуэми, ди щIасэми.

Щысми щытми яхэплъащ Хьэжы Джырандыкъуэ, и нэгу зэхэуауэ. Яхэплъэри, етIысэхыжащ, и Iэр и лъэгуажьэм щызэридзэжри, хэплъэу тIысыжащ.

Куэдрэ щымащ псори. «Хэт къыхэзыдзэнур?» – жысIэрт сигукIэ. Сигу япэ зыхуэжар Ало и къуэ Шардынщ: Тыркум Iэпхъуэн мурад ищIакIэщ абы, ауэ апхуэдэ мурад зэриIэр мыбдеж, Хьэжы Джырандыкъуэ и пащхьэ, щыжиIэфыни щыжимыIэфыни, шыжиIэмэ, лъы гъэжэн хуей хъункъэ? Абы сыздегупсысым, сыхуоплъэкI Ало и къуэ Шардын. Зыри къэмыхъуа хуэдэ, щысщ ар, и Iэпэ пIащэмкIэ и

жьакIэпэм хопэщэщыхьри.

Япэ къэпсэлъэнур къысхуэщIакъым, сытми.

Япэ къыщылъэтар жылэ къадырщ – Сыхьэтджэрий. И IитIыр и жьакIэ цIырхъым хуихьри, зэчыр къыхидза хуэдэ, и макъыр къикIэзызыкIащ абы:

– Алыхьым и гущIэгъур инщ, Алыхьым и гущIэгъум дыхинынкъым! – ИтIанэ и IитIыр и бгъэгум щызэридзащ, и пщэр хишри, цIыху Iувым яхэплъащ. – Ди натIэм итым дыфIэкIынукъым, ар Алыхь Iэмырщ. Алыхьым иухакIэщ: мы хэкур дыбгынэн хуейщ дэ, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, дыбгынэн хуейщ. Аращ Алыхьым къытхуиухар, абы деувэлIэн хуейщ, дэ нэгъуэщI гугъапIэ диIэкъым. Джаурхэм ди хэкум драху, хым дызэпрыкIмэ, жэнэт щIыналъэр къытпоплъэ. Дуней псом и щIэлъэныкъуэр IэщIэлъщ тырку пащтыхьым, пащтыхьым IэплIэешэкIкIэ дригъэблэгъэнущ. Муслъымэн щIыналъэщ ди кIуапIэ хъунур. Ар щытщIэкIэ, зи щIыхьыр ин хъун жылэ, сыт дызыпэплъэр, зыщIэтIэжьэр сыт, жызоIэ! Урыс инэралхэм къытхуамурадыр фощIэ – Псыжь дызэпрахуну аращ. Псыжь дизэгъэну дэ? Дин зрыдагъэхьэн итIанэ, джаур дыхъункъэ псори! Хэт пхуэкIуэн а жыхьэнмэм? Жэнэтым и бжэр зэIугъэузэщIыкIакъэ, ТыркумкIэ дгъазэмэ!

Сыхьэтджэрий и псалъэр я щыпэзэхэхтэкъым цIыхум, куэд щIат абы апхуэдэ псалъэмакъ зэриутIыпщрэ, ауэ апхуэдизу иригъэлеинкIэ иджыпсту зыри пэплъагъэнтэкъым.

ИтIани сэ гу лъыстащ зыбжанэм ар къабыл зэращыхъуам – я фэкIэ къапщIэрт, я жьэкIэ ямыIуатэми. Къадым и псалъэр шэуэ зытехуари мащIэтэкъым.



Бэрэкъей и къуэ Наурыз, блэ зэуам нэхъей, къыщылъэтащ. ЦIыху пхъашэт Бэрэкъей и къуэ Наурыз, хэщIыхьат, плIабгъуэт. И пыIэ къуацэр унэ лъэгум иридзэри, и нэщхъ зэщIэIулIауэ, мафIэр къыIурылъэлъащ:

– Мыр лIым я хасэкъым! Мыр фызымрэ джэшыдзымрэ я теупIэщ! Махуищ хъуауэ дызэхэсщ, джэш додзри! ЛIыр зауэм Iутщ, лъы ягъажэ! Джэш ддзыуэ дызэхэсынумэ, цIыхухъу щыгъыныр зыщыдвгъэх, ди напэр зытедвмыгъэхыж, пыIэ зетхьэну тхуэфащэкъым дэ! IэлъэщI зытедвгъалъхьи, жьэгум дыдэвгъэувэ, джаурхэм мырамысэ яхуэтпщэфIынщ, я Iэнэр зетхьэнщ! ЦIыхур къыдэдэIуэжыркъым, зауэм дыкъыпокIуэтри! Шы зиIэр шы хьэху лъыхъуэжыркъым! Дэ хэку диIэщ, ди лъахэ дисыжщ, хэт деж щIы хьэху щхьэкIэ лъэIуакIуэ дыздэкIуэнур? Мыращ ди лъапсэр, Псыжьи Тыркури дэ лъапсэ тхуэхъункъым. Къэрабгъэр дэнэ хуейми ирекIуэ, сэ сылIщ жызыIэм лъы игъэжэнщ, зы убых псэууэ къэнэху!

И пыIэр къищтэжри иутхыпщIащ, ауэ щхьэритIэгъэжакъым, тIысыжри ибгъукIэ игъэтIылъащ.

– Захуэщ Наурыз! – къыхэкIиикIащ зыщыплI.

– Дэ дыгъэркъым, Iэпхлъэпх дызыщIыни къэхъуакъым! – и IитIыр и бгым иригъэувэри, къэпсэлъащ Хъырыпсэ и къуэ Мурат. – Дэ зыдмытмэ, Iэщэр дымыгъэтIылъмэ, псори ди ужь ниувэнщ.

– Iэщэр дгъэтIылъынкъым, ди псэм деблэжынкъым! – къыхэкIиикIащ нэгъуэщI зыи; хэтми къысхуэщIэжыркъым. – Хэт къыхагъэщIэнуми, зыщIэ щыIэкъым – дэра хьэмэ ди бийхэра?

– Зэ фыкъытримыч. Гупсыси псалъэ щIыжаIар нобэ хуэдэ зы махуэщ. Уемыгупсысауэ кIаккхъур щIэпчмэ, уи IэкIэ зыбукIыжауэ аращ, –

къахэпсэлъащ Сит. Ар ди благъэ лIыжьт, лIыжь губзыгъэт, и псалъэм пщIэ иIэу къэгъуэгурыкIуат. ЩIы е нэгъуэщI гуэр щхьэкIэ тIу дауэгъу зэхуэхъуамэ, япэ зэкIуалIэр арат, ар я хеящIэт, чэнджэщэгъут. Хьэжы Джырандыкъуэ илъытэрт абы и псалъэр.

Сит и макъыр щызэхахым, псоми зыхурагъэзэкIащ абы, ауэ лIыжьым афIэкI къыпидзакъым.

– Уэ уцIыху Iущщ, Сит, – жиIащ Хьэжы Джырандыкъуэ. – Псалъэр къыщыхэбдзакIэ, и кIэм нэгъэс. Уи псалъэ зэхэтхыну дыхуейщ.

– Си акъыл мащIэм къимытIэсэн Iуэхущ, – жиIащ Сит. – Си къуищ зауэм Iутщи, лъы ягъажэ, я Iуэху зытети сыщыгъуазэкъым, ауэ псэууэ къагъэзэжмэ, плIыри деувэлIэнщ фи унафэм, ар сыт хуэдэ унафи ирехъуи. Дызэрывэлъэ Iур зыщ – фемыпIэщIэкI, фегупсыс унафэм. Дыщывмыгъауэ! Нэхущ вагъуэмрэ пшапэ вагъуэмрэ зэхэвмыгъэгъуащэ! Нэхущ вагъуэращ си нэ къызыхуикIыр, атIэми пщыхьэщхьэ вагъуэ слъагъуу къысфIощI, ари лъы защIэрэ нэпс пщтырым зэщIищтауэ!

ИужькIэщ, куэд дэкIа нэужьщ, лIыжьым и псалъэр сигу къыщыкIыжар. А махуэм сегупсысакъым абы, гуи лъыстакъым. Сэ си нэр зэтар нэгъуэщIт: лъэпкъым и унафэр зыщIынумрэ ди унагъуэм и унафэр зи IэмыщIэ илъымрэ.

Ало и къуэ Шардын и пIэ икIакъым, зы псалъи жиIакъым, щысщи, зыми имыгъэдзыхэ хуэдэщ, и унафэр ибзщ, идри игъэтIылъыжащи, игу зэгъащ.

Хьэжы Джырандыкъуи щымщ. Зыри зэмызэгъын быдапIэ къысщыхъурт ар, къэзыгъэдзыхэни къэхъунтэкъым. ЕмыкIу сыкъэпщIынкъым, бегъымбарри си фIэщ хъуртэкъым абы щыгъуэ Хьэжы Джырандыкъуэ си фIэщ зэрыхъум хуэдэу!

Заулрэ щымащ псори. Иужьым къэтэджащ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, Наурыз хъыжьэм и шынэхъыщIэр. Ар плIабгъуэт, и шынэхъыжьым хуэдэу, ауэ бгы псыгъуэт, лэныстэкIэ зэпыбгъэлъэтынкъэ жыпIэну. И жьакIэр кIэщIу пыгъэщхъат, и цей фIыцIэм джанэ хужьыбзэ къыдэщырт. Сэ сщIэрт абы Хьэжы Джырандыкъуэ теплъэ зэрымыхъур, теплъэ мыхъуми, ибзыщIырт, ар къыдищIэмэ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт урысхэм дежкIэ ебгъунлъэкIынкIэ шынэрти.

Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт псэлъэн щIидзакъым занщIэу. И дыжьын къамэм теIэбэщ, и дыщэ сыхьэтыр кърихри зэтригъэпкIащ, зэтрипIэжри и жып ирилъхьэжащ, итIанэщ псалъэ щыжиIар:

– Унафэр зытедубыдэнур дымыщIэу куэдрэ дызэдэуащ, дызэдауэурэ щыхупIэм дыщхьэщыхутащи, убыхыр жыг къудамэ гуэгъукIам дыфIэс пэлъытэщ – хуэм-хуэмурэ зэрыгуэщIыкIыр зэхыдох псоми. Сигу илъыр щIэзбзыщIын щыIэкъым, абыкIэ зыми сыщышынэркъым. Пащтыхьым и дзэр дзэ фIыцIэщ, зауэкIэ дыпэщIэувэн хуеякъым. Дяпэ итахэри дэри ди нэр уфIыцIауэщ дызэрызэуар, къызэтетхмэ, ди къарумрэ бийм и дзэ фIыцIэмрэ шурэ лъэсрэ зэразэхуакур тлъагъункIэ дышынэрти.

– Уи нэр нобэ къыщызэтепхар, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт? – къыщылъэтри щIэкIиящ абы Хьэжы Джырандыкъуэ. – Адагуэ и къуэ Хьэжы Бэрзэдж ди шу пашэу щыщытам, уэратэкъэ цIыхур псом япэ зэщIэзыгъаплъэр? Уэракъэ Тыркум, Инджылызым Iэщэ къизышар? Топрэ фочрэ кхъухькIэ къытхуэзышар уэракъэ, жызоIэ? Сабий ухъужа нобэ, къыджепIэр сыт?

– Хьэмэрэ зи лъэужь хэзыгъэгъуэщэж тхьэкIумэкIыхьым ухуэ-

дэ? – къыкIэщIидзащ къадыми.

КIий макъымрэ губжь макъымрэ зэтесабырэжыху, зиIэжьащ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, псори ишыIащ.

– Узахуэщ, Хьэжы Джырандыкъуэ, – жиIащ Ахъмэт. – Урысхэм Iэщэ къащыхуитхым, фи ужь ситакъым, фяпэ симытамэ. Фэр нэхърэ нэхъ мащIэри сыщыуакъым. ЛIыгъэншэкIэ къыдэджэнкъым зыри, лъы мащIэ иткIутакъым. Ауэ иджы кIуэдыпIэм дынэсащ. КIуэдыпIэ дызэрихуэнур тщIэн хуеящ, Iэщэр нэрыгъ щытщIым. Мы ди щхьэ къэбымкIэ мывэм зедудэкIауэ аращ, ди щхьэр хэтлъхьащ, мывэм лажьэ иIэкъым, зэрыпсэущ. Урыс пащтыхьым и инэралхэм я закъуэкъым абыкIэ гъэкъуэншэн хуейр. ДагурыIуэу щытакъэ абыхэм? АфицарыцIэ къыщытфIащми дэзэгъащ, ахъшэ къыщыдатми Iумпэм тщIакъым. Тырку пащтыхьым дежкIэ деущэкIыжащ итIанэ, абы дыкъыкъуэгушхукIри, зауэр дублэжащ, урыс инэралхэм дапэуващ. ДытхьэмыщкIэщ, дыщIэтхьэмыщкIэри мыращ: тырку пащтыхьым нэхъ лъэщ дунейм темыту ди гугъэщ, лъы зыхуэдгъажэр аращ, езыр урыс пащтыхьым езэуэн мэшынэ. Аращ нобэ утыкум дыкъыщIинар, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым, урысхэм дагурыIуэн хуейуэ и чэзу хъуащ.



Наурыз зыхуэшыIэжакъым абдежым, и шынэхъыщIэм хуилъащ:

– Зи щхьэ хэкIуэда щыIэмэ, хэкIуэдар уи щхьэращ! Щхьэ пфIэтыжкъым уэ, джаурхэм гущIэгъу къыпхуащIынкIэ уащыгугъмэ! Къэрабгъэм и псалъэщ дызэбгъэдаIуэр, уэрэ сэрэ зы анэм дыкъилъхуащ, къызжеIэт: дауэ урысхэм дазэрекIужынур? Ди къуэшитI мыжурэпэм фIэзыIуар хэт жызоIэ! Хэт ди къуэшитIым ялъ зыщIэжынур, нобэ джаурхэм декIужрэ деувалIэмэ? Дунейм ехыжа ди адэм и хьэдрыхэпсэщ, апхуэдэ псалъэкIэ иджыри зэ укъыдэщхьэкIуэмэ, зэшэзэпIэ усщIынкIэ! Абы сынумыгъэс! Къэбгынэ мы хасэр! ТхэкI!

Къамэр кърипхъуэтыным нэсакIэт Наурыз, ерагъмыгъуейуэ зэтраIыгъащ.

– Си псалъэр и кIэм нэзвгъэгъэс, – жиIащ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, и шынэхъыжьым жэуап иримытыжу, Хьэжы Джырандыкъуэ зыхуригъэзэкIри. – УкIыпIэ сифшами, зы псалъэ жысIэжыну сыхуитщ.

– ЖыпIэнур жыпIащ уэ! – къыхуилъащ Наурыз аргуэру.

– Укъытримыч. И псалъэр и кIэм недгъэгъэсынщ, – пэрыуащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

– Фэри фощIэ: куржыр дэр нэхърэ нэхъыбэщ куэдкIэ, итIани урыс пащтыхьым зауэкIэ пэщIэувакъым ахэр, – жиIащ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, кIий-гуор увыIэжыху зиIэжьэри. – Пащтыхьым зратащ абыхэм, зратами, ящIри я бзэри къахуэнэжащ, зыми трихакъым, хэт ищIэрэ, я хуитыныгъэри зрагъэгъуэтыжынкIэ мэхъу зэгуэр.

– Сытри пхузэфIэкIынущ уэ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, уигу сыти тебгъэхуэфынущ, ауэ уи диным уелъэпэуэжыфын си гугъакъым, – къеуащ абы къадыр, Сыхьэтджэрий. – Хэт дызэплъытыр? Куржыри урысри чыристанщ, я диныр зыщ, аращ щIызэгурыIуар. Дэ дымуслъымэнщ, игъащIэм драбийщ джаурым, игъащIэкIи драбиинущ.

Ар жиIэн щхьэкIэ къэтэджащ Сыхьэтджэрий. Ар жиIэри, етIысэхыжащ, къыпэрыуэжынIакIи щыгугъакъым.

Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт пэрыуэжащ:

– Зи пщIэр ин Сыхьэтджэрий, – жиIащ абы, – чыристан диныр къэтщтауэ щытащ илъэс мин и пэкIэ, абы ущыгъуазэщ, сэр нэхърэ нэхъ ущыгъуазэщ. Дымуслъымэну зыдолъытэж нобэ, итIани хъуромэри IутIыжри зыхэднакъым. ГъащIэ бийуэ драIакъым джаурым, демыбиини тлъэкIынущ дяпэкIэ...



Наурыз и пыIэр унэ лъэгум иридзащ абдежым, и къамэр кърипхъуэтащ.

– Ди адэм и цIэкIэ тхьэ зэрысIуар зэхэпхащ, Хьэжы Джырандыкъуэ! Мыр мы унэм иджыпстуупцIэ щIумыхумэ, мэлым хуэдэу си IэкIэ фIэзгъэжыжынщ! Бэрэкъей урикъуэкъым нобэ щыщIэдзауэ, Ахъмэт, дэри дызэшкъым, уэ урыс диным уихьащ, укъумалщ, укъыдэпцIыжащ! ИкI ди пащхьэ!

Къыбгъэдэсхэр къапхъуэри, Наурыз зэтраубыдащ. Хьэжы Джырандыкъуэ къэтэджащ, и Iэр и щIыбагъкIэ щызэридзащи, къокIукIнокIукI. ИтIанэ хуэмурэ бгъэдыхьащ Ахъмэт, Бэрэкъей и къуэм:

– НэгъуэщIи сыт къыджепIэн, Ахъмэт? Урыс инэралхэм узэрыдашэхара къыджепIэнур? Инджылызым ущыщыIам, дыщэ сэшхуэ къуатащ. Урысхэм узэращэхуар сыткIэ? Инджылызым укъикIыжри, IэджэкIэ дыкъэбгъэгугъащ, Инджылызыр къыддэIэпыкъуну къыджепIащ, урысхэм дебуштащ. ЩыхупIэм щхьэщыт жыгым и къудамэм дыфIэсщ жыбоIэ нобэ, абыкIэ умыкъуаншэу жыпIэну ара иджы? Ар пэжщ, щыхупIэм ущхьэщыхьакIэщ уэ!

– ЩыхупIэм дыщхьэщыхьащ псори. Псом япэ щхьэщыхьар уэращ, Хьэжы Джырандыкъуэ, – зэрыIэдэбым тету, жэуап кърitыжащ Ахъмэт. – Инджылызхэм дыкъагъэпцIэжамэ, зи лажьэр сэра? Пэжщ, инджылыз Iэщэ къыфхуэсшащ, мащIэ къыфхуэсшакъым. Иджы къызгурыIуащ: дэр щхьэкIэ езэуэнукъым инджылызхэр урыс пащтыхьым. Дыхэт дэ инджылызхэм я дежкIэ? ЦIыху Iэл хъушэщ! Лондон сыщыдэтым ахэр нэхъ зэплъар си фащэрщ – я щыпэлъагъут! Дызыхэт мыгъуагъэр къазэрыфIэIуэхуа слъэгъуакъым! Урыс инэралкIи сумыгъэшынэ нобэ! Ди щIым щозауэ, итIани яубыдар ялIакъым, ди

цIыхубзхэми лей кърахакъым, ди сабийри яшхакъым. Щамили и унагъуэри яубыдащ, ауэ ялIакъым. Урысейм яша къудейуэ аращ. Дагъыстанхэми зратащ, ахэри ялIакъым, я унэ къинэжащ. Ди гъунэгъу шапсыгъхэри фолъагъу: хым зэпрымыкIар я лъапсэ къинэжащ, ахэри зэтраукIакъым. Урыс инэралхэм щызауэкIэ гущIэгъу зэрамыIэр сощIэ сэри, зауэм хэмытмэ, лIыукIкъым ахэр. Сэ зэхэсхащ, абыхэм ящыщ зым ди бзэм хьэрф къыхуигупсысауэ жаIэ, тхыль ди бзэкIэ къыдигъэкIыну пылъщ. Ди лъэпкъым хэкIыпIэ хуэхъуну слъагъур тIущ: е зауэм хэкIуэдэн хуейщ псори, е бийр къызэрыттекIуар къыдгурыIуэмэ, къыттекIуам и IэмыщIэ зитлъхьэн хуейщ – я напэ къызэрырагъэзэгъкIэ къыддызекIуэнщ. Сэшхуэ къихакIэ къытпэщIэтыр нэхъ си фIэщ мэхъу сэ, Iэщэр гъэпщкIугъэкIэ къыдэзыщам нэхърэ – лъы дэр щхьэкIэ ягъэжэн мурад яIакъым абыхэм зы махуи. Куэдрэ сыкIуащ сэ Тыркум, фIыуэ сыщыгъуазэщ цIыхухъухэм абы къыщытпэплъэм. Дэ дыцIыхухъущ, тырку лэгъунэхэр унапIэ тхуащIынукъым, ди шыпхъухэм хуэдэу. Зи лъахэр нобэ зыбгынэр и IэфракIэ едзэкъэжынщ, и гъащIэр мыгъуэкIэ ихьынщ! Шэч къызытезмыхьэжыр зыщ: убыхым ди лъапсэр дыбгынэмэ, дыхэкIуэдэжауэ аращ. Иджы фызыхуейр къызэфщIэ: фыхуейми сызыхэфху, фыхуейми сывукI.

Ар жери, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт лъэныкъуэкIэ увыжащ, тIысыжакъым. Хасэм хэмысыжу зилъытэжащ езым.

Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт и псалъэм иужьыгуа хуэдэт псори. Псори щымт. Шы лъэ макъ къэIуащ, бжэмкIэ дыплъащ. Хьэжы Джырандыкъуэ и адэ къуэш Бэрзэдж Арслъэнбей къыщIыхьащ унэм. Инэралым, Гейман, деж къикIыжауэ арат ар. ЩIакIуэ псыфыр щхьэхъумэм хуидзри, хасэм я пащхьэ ихьащ ар. Псори пэплъэрт абы къихьа хъыбарым, инэралым епсэлъэну ягъэкIуати. Хасэр зэщIэтэджащ, иджыпсту къатещэхэну хьэлъэм, щысмэ, щIипIытIэнкIэ къэшына щIыкIэу.

– Сыт къытхуэпхьа? – еупщIащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

– Iейщ къэсхьар, – жиIащ Бэрзэдж Арслъэнбей. – ЩIэх дригъэблэгъакъым инэралым, куэдрэ дызыпигъэплъащ, гъэр хуэдэ. ИтIанэ, и пащхьэ драша нэужь, къыдэпсэлъэни и щхьэ трилъхьакъым. «КIасэ хъуащ, – къыджиIащ, – фэрэ дэрэ дызэгурыIуэжынукъым! Псыжь зэпрыкIынкIэ арэзыр дубыдыркъым, блэдгъэкIынщ. Тыркум Iэпхъуэн зи мурадым гъуэгуищ хуит яхуэтщIынущ, бгым фыкъикI, кхъухьхэр хы Iуфэм къыщыфпоплъэ. Мы лъапсэм зы цIыху фыкъиднэнукъым», – къыджиIащ.

Дыкъригъэжьэжри, езым зауэр иублэжащ, здынэсым мафIэ иредз, зэтрефыщIэ. КъыщIэувыIэн щыIэкъым, махуитI-махуищ дэкIынукъым – мыбы къэсынущ!

Къэхъуну псор сымыщIэми, мыгъуагъэ къызэрытщIэлъым шэч къытезмыхьэжу, сэ Хьэжы Джырандыкъуэ жиIэнум сыпэплъэрт, а зырат сызыщыгугъыжри.

Къару хэмылъыжми ярейт ар, зэфIэщэха нэхъей, хуэму етIысэхыжащ, и щхьэр и IитIымкIэ иубыдыжри, заулрэ гупсысэу щысащ.

НэгъуэщI зыбжани етIысэхыжащ, нэхъыбэр зэхэтт, гужьеигъуэм зэхиIулIауэ.

Жьапщэм зэтрикъута мэз плъэгъуагъэнкъэ? Апхуэдэт а махуэм хасэм и унэм щызэхэс убыххэр.

Шы лъэ макъ къэIуащ аргуэру. Бащлъыкърэ щIопщрэ и Iэ зырызымкIэ икъузауэ, унэм зылI къыщIэлъэдащ, бауэбапщэу.

– Хьэжы Джырандыкъуэ, Сулеймэн Ефэнды хъыбар къыпхузигъэхьыжащ: «Махуищ хъуауэ хы Іуфэм дыІутщ, хэт абы и пщІэр къыдэзытынур? Фыкъытхуейрэ фыкъытхуэмейрэ ныщхьэбэ къыджевмыІэмэ, ди кхъуххэри инджылыз кхъуххэри хым техьэжынущ».

– Си пащхьэм икІ! – щІэкІиящ абы Хьэжы Джырандыкъуэ.

ЛІыр, и щхьэ къыфІэхуауэ, щІэкІыжащ. Хьэжы Джырандыкъуэ ибзыщІыр хасэм я пащхьэ щиІуэтащ абы, ар хуэбдэ хъурэт! Унафэ пщІакІэмэ, хасэм ущІеджэжынур сытыт? А псор къызгурыІуакъым абы щыгъуэ. ИужькІэщ къыщызгурыІуар.

– Хасэм хэтым фІэкІ къэмынэу, псори щІрырекІ, – унафэ ищІащ Хьэжы Джырандыкъуэ. – Уэри щІэкІ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, хасэм щыпщІэн щыІэкъым уэ.

Нэхъыжьхэр япэ идгъэщри, зыр зым и ужь иту дыкъыщІэкІащ унэм. Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт ди ужьщ къыщыщІэкІар.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуат, пшэр зэкІэщІихужат, ауэ жьыбгъэ щІыІэ къепщэрти, дыгъэр уэгум идиихьауэ къыпщыхъурт. ЦІыхур нэхъ Іув къызэрыхъуам гу лъыстащ, хэт шууэ, хэти лъэсу къекІуэлІауэ. Ди адэр щІэх яхэслъэгъуакъым цІыху Іувым. Иужьым, езыр си дамэм къытеІэбэри, лъэныкъуэкІэ сыІуишащ.

– Сыт хасэм я унафэр: дыІэпхъуэрэ хьэмэ дыкъинэрэ? – къызэупщІащ ар.

– Иджыри мэхасэ, – жысІащ сэ.

– Ухасэу узэхэскІэ сыт и мыхьэнэж? Зэманым ищІакІэщ унафэр, – и щхьэ хужиІэжащ ди адэм. – Захуэщ Ало и къуэр. Хасэр зэфІэкІыху, уэ зыІэжьэ. Сэ Шардын и унэ сихьэжын хуейщ. Гъуэгум зыхуагъэхьэзырри, садэІэпыкъуну къызэлъэІуащ. Ало и къуэм сыздиІуэхуам сыщыІащ, акъылэгъу мыхъуаи къыхэкІащ. Езы Шардын ирырепсалъэ иджы!

Шэуэ къыстехуащ а псалъэр. Іэпхъуэн унафэм шэч къытрихьэжыртэкъым ди адэм. Абы еувэлІат, нэгъуэщІым щыгугъыжыртэкъым. Бжыхьым сегъэщІауэ сыздэщытым, хасэм хэтхэр хъуэш унэм къызэрыщІэкІар слъэгъуащ. Хьэжы Джырандыкъуэ я пашэт.

ЦІыхур унэм екІуэтэлІащ.

– Ди унафэм фыкъедаІуэ, – жиІащ Хьэжы Джырандыкъуэ, и макъыр иІэтри: «фышэс!» жиІэнкІэ сыщыгугъырт сэ абы иджыри. – Ныжэбэ жэщ ныкъуэм зауэр догъэувыІэ. Бийр къыттекІуащ дэ, ди лъахэр яубыдащ, ауэ дэ я лъэгу дыщІэувэнкъым! Нобэ дызыхэхуа гузэвгъуэр илъагъури, тырку пащтыхьым и щІым и нэхъыфІыр тхупичащ, кхъухьи къытхуигъэкІуащ, хым дызэпрашын щхьэкІэ. Мыбы къыщыдгъэзэжын махуэри къэсынщ, тырку пащтыхьым и дзэр тщІыгъуу къэдгъэзэжынщ. Ди лъахэр дыбгынэн хуейщ нобэ, дыгъужьым зэкІэщІихуа мэл хъушэ щІыкІэукъым гъуэгу дызэрытехьэнур, псори дызэщІыгъуущ, жылагъуэ къэс я тхьэмадэхэр я пашэу. Пщэдей шэджагъуэм Бытхьэ и Іуащхьэм фыкъекІуалІэ. Бытхьэ тхьэ хуэтІуэнщ зылІ и быну зитчынкІэ! НэгъуэщІ щІыпІэкІэ зыгъазэм Бытхьэ и нэлатыр къытихуэ! Фышэси, жылэ-жылэкІэрэ хъыбар евгъащІэ, ди унафэр дэнэ псыхъуи, дэнэ жыли щыунафэщ! Ахъчыпсоуи, Дали, Псхъууи, Цэбали хъыбар евгъащІэ. Къыдбгъурыту къыддэзэуащ ахэр, иджы ди гъусэу нытрехьэ гъуэгу. Бытхьэ пщэдей тхьэ хуэтІуэмэ, хы Іуфэм дыкІуэнщи, кхъухьым дитІысхьэнщ.

Сыт зэхэсхами здэнт асыхьэтым, ар зэхэсха нэхърэ! Ажалри

нэхъ сфIэIэфIынт! Хьэжы Джырандыкъуэтэкъэ лIым я лIыжыр, аратэкъэ ди шу пашэр, мащIэрэ дыIуишат абы зауэм?! Щхьэ къэдзыха нобэ? Бийм ар пикIуэтынкIэ зи фIэщ хъун щыIэт?! АтIэ сыт къэхъужар иджы? Шу пашэ хъыжьэм срищхьэхъумэтэкъэ сэ! Сыт иджы слъагъур, сыт зэхэсхыр? Иджыпсту зи пащхьэ дитыр бийм щыщтауэ кIэбгъу зызыщIыжа цIыхут, дэри кIэбгъу зызэрытщIыжыным дыхуигъэIущу.

СибгъукIэ лIыжь тхышэ цIыкIу щытт, щIыпцIэм кууэ хэтIысхьа башым зытригъэщIауэ, ар хэщэтыкIащ:

– НасыпыфIэт дяпэ итахэр: щIым щIыхьэжащ, мы зэман бзаджэр я нэгу щIэмыкIауэ.

– Мэкъу къэфхь! – унафэ ищIащ Хьэжы Джырандыкъуэ. ЩIалэ зыбжанэ шы фIэдзапIэмкIэ задзащ – мэкъу Iэмбатэ зыбжанэ щызэтелът абдеж. Мэкъур япхъуатэри, хъуэш унэм щIахьащ. ЩIалэхэм лъэныкъуэ зрагъэзыжа нэужь, Хьэжы Джырандыкъуэ хасэ унэм мафIэ иридзащ.

Унэм Iугъуэ фIыцIэр къыщIэуащ, мафIэ бзийр бжэ-щхьэгъубжэм къыдоплъ, блыныр дресей.

ЦIыхур къащтэри зэрызехьэ хъуащ:

– Унэм и лажьэр сыт?

– Хэт-тIэ къызыхуэбгъэнэнур?

– Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI!

– Мыбдежым дыщаукIми нэхъыфIщ, хым дыщитхьэлэ нэхъ рэ!

– УщылIыхъужькIэ, щхьэ ущыт мыбдей? Iэщэ къихи, инэралым пежьэ!



ЦIыхур нэхъ зэтесабырэжа нэужь, нэгъуэщI зы псалъи зэхэсхащ:

– Ди унэхэми еддзыжыну мафIэ?

МафIэр нэхъри зэщIоплъэ, унащхьэр зэщIищтакIэщ. Хьэхэр мэбанэ, щхьэж и куэбжэпэ къэтIысащи, пщIэууэ щIадзэ.

Хьэжы Джырандыкъуэ шы фIэдзапIэмкIэ бэкъуащ, ауэ нэмыс щIыкIэ къызэтеувыIэжащ. Сэ къыспэплъэ хъунт ар. Шэсынумэ, шыр бгъэдэсшэ си хабзэт, и лъэрыгъыпсыр субыдырти, згъэшэсырт.

Сыбгъэдыхьакъым. Си пIэ сижыхьащи, хъуэш унэр мафIэм зэрилыпщIым сопль. НэгъуэщI гуэрым игъэшэсыжагъэнщ Хьэжы Джырандыкъуэ. МафIэ нэхум хэслъэгъуащ ар шым зэрелъэдэкъэуар.

МафIэм зэщIищтащ унэр. Унащхьэр пхрисыкIри, мафIэ бзийм уэгум зригуэшащ.

ЦIыхур зэбгрыкIыжыркъым, мафIэр къаувыхьауэ зэхэтт, я Iи я лъи къызэримыхьыжынуIар къагурыIуэжауэ. МафIэм и хуабэр иужьрейуэ зыхащIэрт абыхэм – лъахэр щабгынэну махуаем и пщыхьэщхьэ кIыфIым хисхьэ хъуэш унэм и мафIэ хуабэр. Сэ щыхупIэ лъагэм сыщыхуауэ къысщыхъурт а дакъикъэм. Ноби си нэгум щIэтщ а пщыхьэщхьэр, мафIэм и нэхум хызолъагъуэ ноби цIыху гужьеяхэм я нэгур...

* * *

Гъуэгум зыхуэдгъэхьэзыру дгъэкIуащ етIуанэ махуэр. Дыщежьэну махуэм и жэщым ди нэбдзыпэ къехакъым. Здетшэжьэнур зэкIуэцIытпхэри, жьэгум дыдэтIысхьэжащи, псалъэмакъыншэу дызэхэсщ. Ди жьэгу мафIэр щыункIыфIыжыпэну пщэдджыжьт. Ди анэр гъыуэ идакъым ди адэм – гъуэгу ущытехьэкIэ уи нэпс къыщIэбгъэкI

хъунутэкъым. Зауэм ущыIухьэкIи арат. ЗыхуэшыIакъым ди анэ тхьэмыщкIэм. И нэпсыр димыгъэлъагъун щхьэкIэ, IэлъэщIкIэ зыщIиуфащ. ИтIани слъагъурт ди анэм и нэпсыр и куэщIым зэрилъалъэр. Я дэ ди Тхьэ, нэпс мащIэ щIигъэкIа ди анэм а махуэм! Дэни кърихат апхуэдиз нэпс? Дигъеижырт насыпыншэм, Цэбал къыдинэ и Iыхьлыхэр игъеижырт, я хъыбар ищIэртэкъым. Си шыпхъу нэхъыжьри – ар унэ ихьакIэт – игъеижырт. Си шыпхъу нэхъыжьыр хым тетт абы щыгъуэ.

Жэщыр жьэгум щитхри, пщэдджыжьым пщIантIэм дыдыхьащ. Си шынэхъыщIэри къыщIэкIащ, щIакъуэ башым зытригъэщIауэ. Дыхигъэзыхьри, пщэдджыжьышхэ дигъэшхащ ди адэм. Гъуэмылэр нэхъыбэу къыздэтщтэну унафэ ищIащ. Жэмхэр къэтшакъым, хъуакIуи дэдгъэкIакъым, Iуэм къиднащ.

Ди ежьэгъуэр къэмыс щIыкIэ, Фэлдыщэ дэрэ зэрызэдухылIати, пщIантIэм сыдэкIри псынащхьэмкIэ сунэтIащ. Зыри къыспэрыуакъым, удэмыкIи къызжаIакъым. Апхуэдэм ирипсалъэ хабзэкъым, ауэ сэ ди адэмрэ ди анэмрэ дыгъуэпшыхь ягурызгъэIуат нысэ къазэрыхуэсшэнур. АбыкIи къыспэрыуакъым.

Шу ныслъежьами, ныскIэлъыщIыхьэнтэкъым, пщащэм апхуэдизкIэ сыхуэпIащIэрти. ЩIалэм и гугъэр инщ, зыубыдыни щыIэкъым. Си нэкIур щIэзыхулыкI къудамэ лантIэри зыхэсщIэртэкъым сэ, сызэгупсысыр зы закъуэт, си нэгу щIэтри а зырт: ар ди унэм зэрысшэнурт, си шыпхъухэм седжэу, зэражесIэнурт: «Мис фи нысэр!»

Хьэжы Джырандыкъуэ Iуэху и мащIэт! Унагъуэ щиплI зэщIэпIэтэныр псынщIагъуэ! Абы елIэлIэху, Фэлдыщэ къэзгъэкIуэсэфынтэкъэ – шэч къытесхьэжыртэкъым.

Хъуэш жыгым сежэлIащ, сыбауэ-сыбапщэу. Псынащхьэм зыри къыщыспэплъэртэкъым. УIэгъэ хьэлъэ зытехуа нэхъей, си лъэр зэщIэнауэ, хъуэш жыгыжьыр хъурейуэ къызокIухь, сыздэкIуэнури сыздэжэнури сщIэжыркъым. Псынащхьэм пэмыжыжьэу, гъатхэ удз пасэм кхъуэщын къутахуэ хэслъэгъуащ.

«И дамэм щытригъэувэжым, Iэпыхуу къутауэ арагъэн? Хьэмэрэ... Езым икъутэжа кхъуэщыныр? Ди насып зэрызэхэмылъыр абыкIэ къызигъащIэу ара?» Iэджэм жащ си гур. Мыгъуагъэ гуэр къэхъуащ – си гум сыкъигъэпцIэнутэкъым. Пщащэм и ади и ани сеплъыжакъым, емыкIу- екIугъи сыхэтыжакъым: лъагъуэ цIыкIум сытелъэдэжри бжьэпэм сыдэжащ, зы дакъикъэ нэхъ дэмыкIауэ я куэбжэм сыIулъэдащ.

ПщIантIэр нэщIт: хьэи бгъэи щыдымтэкъым. Бжэ-щхьэгъубжэр къегъэбыдэкIат, ихъуреягъкIэ щымт, бадзэ лъэтамэ, зэхэпхыну. Унащхьэм тес джэду фIыцIэр, гу къыслъитэри, къэпщIэуащ: «Дэнэ ущыкIуэда, зыри дэсыжкъым пщIантIэм, сыт пхузэфIэкIыжын?» – губгъэн къысхуищI хуэдэт абы.

Нэхъ пасэу техьащ ахэр гъуэгу. Сэ ар сщIакъым. Хьэжы Джырандыкъуэ счэтхъэфынут иджыпсту, си псэр хуэстын хьэзыру иджыри къэс сыщIыгъуами. Си Iэ сыт къикIыжынт: Фэлдыщэ хым техьагъэнкIэт, кхъухьым ущIыхьэжынт!

Унэм къэзгъэзэжри, си шыр бом къыщIэсшащ. А зырат ди шэщым щIэтыжыр – ди адэм ишри си шынэхъыщIэм ишри иужьрей зауэм щIаукIыкIат. Псым есшэхри, шыр згъэпскIащ, шэщым щIэсшэжри, Iус естащ, итIанэ пщIантIэм дэсшащ. Ар щалъагъум, ди анэмрэ си шыпхъуитIымрэ къыщиудащ. Бзоу игу сыт къэкIынт, ар

зэрылъэпсынщIэт, шэщым щIэзэшыхьати, лъэтэным хуэдэт. Сызэрымышэсырт игу къеуэр!

Гъэхъунэм дихьащ. ПщыхьэщхьэкIэрэ шыр щызгъэджэгу си хабзэт абы. Бзоу къытреч, дунейр хурикъуркъым, сыщышэсынум поплъэ.

– Iэджэрэ сыкъебгъэлащ ажалым, Бзоу, си IэкIэ узукIыжын хуейщ иджы! – шым зезгъэщIри, сыкъыщиудащ.

Нахъутэр къыпщIэхэсхри, шыр гъэхъунэм изутIыпщхьащ. Зэрыжылэу зэдухылIат: бийм Iэрыхьэ хъунутэкъым дишхэр, шы зиIэм иукIыжын хуейт.

ФокIэщIыр къэзгъэIэгъуэри, си Iэпэр кIакхъум щIэслъхьащ. Бзоу збгъэдэкIыртэкъым, зэзэмызэ епхъухыурэ, сибгъукIэ щыджэгурт.

«Хьэм яшхами нэхъыфIти!» – узырт си гур, шым сыщыIуплъэкIэ. КIакхъур схущIэчыртэкъым.

Си нэр суфIыцIри, фокIэщIыр шы тхьэкIумэм изубыдащ. КIакхъур щIэсчащ: уэ макъ зэхэсхакъым – шэр бзэщхъуащ.

КIакхъур етIуанэу щIэзмычын щхьэкIэ, бгым селъэнт! Ажалым щхьэдэлъых щIыкIэу, шым зэрэ-тIэурэ зричащ, иужьым, джалэри, и щхьэр си дежкIэ къэгъэзауэ, си лъапэм щызэгъэжащ. НэгъуэщI щIыпIэкIи къиIукIащ фоч уэ макъ – шыр яукIыжырт. УгущIэгъуншэным нэхъыкIэ зэрыщымыIэр япэ дыдэ щызыхэсщIар а дакъикъэрщ.

Си IэкIэ щIэслъхьэжащ Бзоу, и кхъэ лъапэм зы мывэ теслъхьэри, си щхьэр къыIусхащ абдеж. КъуажэкхъэмкIэ сунэтIащ си щхьэр къысхуэмыIэту. Ди унагъуэри кхъэм зэрыкIуар сщIэрт. ЦIыхур зэщIэгъуагэрт. Кхъэм сыдыхьащ. Ди адэр лъэгуажьэмыщхьэщ, ди адэшхуэмрэ ди анэшхуэмрэ я кхъащхьэм щхьэщысщи, и нэпсыр къожэх, и щхьэр фIеудыж. ЩIакъуэ башым тегъэщIауэ, си шынэхъыщIэр бгъэдэтщ, и уIэгъэм иригъэтIысэхыркъым. Ди анэмрэ си шыпхъуитIымрэ лъэныкъуэкIэ щытщ, сабийуэ дунейм ехыжа си шынэхъыжьым и кхъащхьэм нэпс щракIутри. Я щхьэц утIыпщауэ мэпыхьэ ахэр, кхъащхьэ цIыкIум Iэ далъэ. Си нэпс езгъэлъагъуртэкъым сэ цIыхум, сызэрысабий лъандэрэ сесат зысшыIэфу. А махуэм зысхуэшыIэжакъым, си нэпс схуэубыдакъым.

Ди анэм зыкъиIэтыжри, и нэпсыр къызэрыщIэлъэлъу, ди адэр зыщхьэщыс кхъащхьэм бгъэдыхьащ:

– Ахърэт нэхур Тхьэм къывит, къемэт махуэм дызэхуихьыжынщ, ди щхьэ мыгъуэр щIыдагъэхьаи. – Нэхъри къыщиудащи, гущIэм зыкъыдигъазэу магъ...

Убых хэкум и хьэдагъэ махуэт а махуэм: зэщIэгъуагэрт зэрыжылэу, хьэдэ зрамыха унэ къимынэжами ярейт.

Си псэм хуэдэ, лIыжьрэ сабийрэ зэщIэгъуагэу плъэгъуагъэххэ зэгуэр? Умылъэгъуамэ, уи ныбжькIэ Тхьэм уимыгъэлъагъу. Абы нэхъ гукъутэгъуэ плъагъункIэ хъунукъым. Дауи яхуэшэча ди бгыжьхэм, щхьэ зэтемыщэхэжарэ, ар щызэхахым! Ди къуршыпсхэр щхьэ ирамыIарэ а махуэм щIагъэкIа лъы нэпсым!

Ди напIащхьэ бэгыху дыгъри, кхъэм дыкъикIыжащ, санэ зэрыт кхъуэщын цIыкIухэмрэ шхынрэ къытеднащ ди щIыбагъ къыдэднэ кхъащхьэхэм – дигу нэхъ зэгъэнкIэ дыщыгугъащ. Кхъэм дыкъикIыжри, щхьэж и пщIантIэ нэщI дыдыхьэжащ.

Жьэгум дэлъа мафIэр зэхэкIыжат, унэ кIуэцIыр щIыIэт. Мырамысэ диижар зэрылъ лэгъупыр къищтэри, ди адэр куэбжэм дэкIащ, хьэр ириджэри мырамысэр яхурикъухьащ, ди ужь нимыувэн щхьэкIэ. Дэ

дызэхэувэжауэ дызэхэтт, ди Iи ди лъи зэщIэнауэ. Гъуэгум къыщыпэплъэр зымыщIэ цIыхум игу фIы щыщIэн? Абы нэхъ насыпынши къэхъун!

Ди адэр пщIантIэм къыдыхьэжащ.

– И чэзу хъуащ, – жиIащ ди адэм. – Ди гъунэгъухэр къежьащ.

И пыIэр щхьэрихри, жыхафэгум теуващ ди адэр, и Iэр иIэтащи, унащхьэм доплъей, абы кIуэцIроплъри уэгум йоплъэ жыпIэнщ.

– Ялыхь, уэращ дызыщыгугъыр, уи гущIэгъум дыхыумын!

ЖьэгумкIэ бэкъуащ итIанэ.

– Уи хуабэ дыщыщIакъым, си ади, си ани, си быни пэрысащ уи мафIэ! Губгъэн къысхуумыщI – нобэ узгъэункIыфIащ!

Ари жери, кIэгъуасэм игъэуфIыцIа лъахъшым хуихьащ и Iупэр. ИтIанэ къамэр кърихри, жьэгу пащхьэм епыджащ, щIы Iэгуэ къиштэри бгым ищIа лъахъстэн чысэм ирикIутащ.

– Дунейм сехыжмэ, мы щIы Iэгуэр си кхъащхьэм къытефкIутэ, – къыджиIащ си шынэхъыщIэмрэ сэрэ. – Иджы фынакIуэ, дежьэнщ, ди пIалъэр къэсащ.

БжэщхьэIум дыкъебэкъуэхащ. Ди адэм ди ужь зыкъригъэнащ. Бжэр щыхуищIыжым, къэкIыргъащ: «КъызэфщIэ гущэр сыт?» – жыхуиIэу.

– Бжэр мэкIыргъ – ар нэщэнэфIкъым гъуэгу ущытехьэкIэ, – жери, ди адэр тхьэ елъэIуащ: – Я дэ ди Тхьэ, дыздэкIуэм унэншэ дыщумыщI, дэнэкIэ дгъазэми, ди унагъуэбжэр Тхьэм зэхудимыгъэщIыжкIэ!

ЦIыхур уэрамым къыдэзэрыгуащ, гъуэгум зэрытегъахуэркъым, кIуэ пэтми нэхъ Iув зэрыщогъэхъу цIыхур гъуэгум. Хэт лъэсщ, хэт шущ, хэти выгу зэщIэщIакIэ техьащ гъуэгу. Гъуэгум уриплъэмэ, цIыхур тезщи, и кIэм унэплъысыркъым. Я щхьэ къыфIэхуащ, кхъаблэм щIэт пэлъытэщи, псалъэмакъыншэщ.

Ди гъунэгъум я фызыжь сымаджэр выгум ирагъэгъуалъхьэри къыздрашэжьащ. Илъэситху хъуат ар пIэм къызэрыхэнэжрэ.

– Дэнэ мыгъуэм сыфшэрэ? – уи гур егъэуз фызыжьым. – СыщIэфлъхьэжмэ, дыщэм хуэди...

Заул дэкIауэ, гъуэгущхьитIыр щызэхыхьэж жьэгъум деж цIыхур къыщызэтеувыIащ. ЩIалитI-щы, цIыху Iувым дапхыкIри, япэ дищащ. Гъуэгум и кум иувауэ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт сэшхуэр игъэдалъэрт. Шы пщIэгъуалэр гъуэгу щхьэIум щрипхауэ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт цIыхум къапэуват, кIуапIэ яримыту.

– СывукI, сывмыукIауэ лъэбакъуэ фэзгъэчынкъым адэкIэ! – гъуэгукум итт ар, сэшхуэ пщIанэм и Iэпщэр икъузауэ. – Вгъэзэж, кIасэ мыхъу щIыкIэ! Щхьэж и унэ фихьэжи, фи жьэгу мафIэ фыпэрысыж! Фи мафIэ зэхэкIыжакъым иджыри!

– Ди гъуэгум текI, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт! Дэ кхъухьыр къытоплъэ!

– Фэ кхъухьыр къыфпоплъэ, ауэ фыкъызэрагъэпцIар фи нэкIэ флъэгъуа нэужь, хым фыкъызэпрашыжынкъым абы! Тыркум Iэджэрэ сыщыIащ сэ, сощIэ: пщылIыпIэрэ ажалрэщ Тыркум къыщыфпэплъэр, шхын щхьэкIэ фыщызэтелIэнущ! Фи щIалэхэр дзэм хахуэнущ, зауэм Iуахуэнщи, игъащIэкIэ фапыкIащ. Аращ къызэрыфхуейр, хым фыщIызэпрашыр нэгъуэщIкъым!

Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, цIыхур заулкIэ зэтригъэувыIами, зыри къедаIуэртэкъым, кIуэ пэтми нэхъ тезэрыгуэрт, лъабжьэкIэ яхьын хьэзырт.

– Щхьэ укъытпэува? – ебгъэрыкIуэрт абы цIыхур. – Ди сабийр джаурым ттребгъэхыну ара? Дэ дымуслъымэнщ, дыздэкIуэри муслъымэн лъахэщ.

– КIуэдыпIэщ фыздэкIуэр! КIуэдыпIэ! – япикIуэтыркъым Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт.

– Уа, Iыхьлыи благъи иIэкъэ мыбы: зыгуэрым щхьэ емыдаIуэрэ? ТекI ди гъуэгум, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт!

– И шынэхъыжьыр хым зэрытехьэрэ Iэджэ щIащ.

– Фыкъызбгъэдэмыхьэ! – сэшхуэр егъэдалъэ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, цIыхум кIуапIэ яритыркъым. – СывмыукIауэ, фыблэзгъэкIынкъым! БлэкIар блэкIащ, къэнам вгъэззэж, фи унэ фихьэж! ЛъэпкъкIуэдыр къыфхуэкIуэнущ!

– Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт! Уигу фIы къытхуилъатэмэ, гъусэ укъытхуэхъунт нобэ! Жылэм щхьэ уапэуврэ? Жылэр здэкIуэм щхьэ умыкIуэрэ?

– ЗылI щхьэ фхэмытрэ: ди лъэпкъыр зэрыкIуэдыр слъагъу нэхърэ, фыкъызэпыджрэ зэшэзэпIэ сыфщIмэ, нэхъыфIи! – яхутекIыркъым гъуэгум Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, адэкIэ зедз, мыдэкIэ зедз.

Сабиймрэ лIыжь-фызыжьымрэ япэ ираутIыпщхьэри, цIыху Iувыр ебгъэрыкIуащ. Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт жьэгъум ирагулIащ, сабиймрэ лIыжь-фызыжьымрэ зэтриубыдэфакъым. ЦIыху Iувыр зэрехьэжьащ. Жьэгъум ирагулIам зы цIыхуи хуеплъэкIыжакъым, псыдзэм хуэдэти, зэрыблэхащ.

Дызыпэплъэжын щыIэтэкъыми, кхъуафэжьейхэм дитIысхьэу щIэддзащ. Кхъуафэжьейхэм цIыхур кхъухьхэм ирашалIэ, ирагъэтIысыкIри хы Iуфэм ягъэззэж. Тыркухэр къыттокIие, дагъэпIащIэ. Ди деж зэрыщыжаIэщи, зи кхъуафэжьей уисым и уэрэд жыIэ! Сыт ди къарут, къыттекIиеми къытхуилъми?

Дыгъэ къухьэгъуэм хы Iуфэм зыри къыIунэжакъым, Iэщ зэщIэгъуагэм фIэкI. Сэрэ нэгъуэщI щIалитI-щырэ я ужь зыкъидгъэнащ, зытIэжьащ, цIыхур кхъухьхэм идгъэтIысхьэху. Хы Iуфэм къыIуднэ мывэ джейм ба хуэтщIыжри, кхъуафэжьейм дитIысхьащ…

Дауи сшэча ар? Кхъуафэжьейм сыщебэкъуа дакъикъэм си гур щхьэ зэгуэмыударэ? Насыпти ар, иужькIэ си нэгу щIэкIа псор слъагъунтэкъыми, си псэр а дакъикъэм хэкIамэ!

Кхъуафэжьейр кхъухьым нэсыжатэкъым, хы IуфэмкIэ макъ щыщызэхэтхам: хы Iуфэм къыIулъэдащ Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, шы пщIэгъуалэр тхъурымбэ защIэщ! Шым къелъэри, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт нэпкъ лъагэм къытеуващ, шхуэмылакIэр и пщэм иридзэри шыр иутIыпщащ. И Iэр къызэрытхуищIыр долъагъу, жиIэр зэхэтхыркъым, и псалъэр жьым ирехьэкI.

– Дывгъэгъэззэжи, къыздедвгъэшажьэ, – яжесIащ си гъусэхэм. – И закъуэ хы Iуфэм къыIудвмыгъанэ.

Си гъусэхэм жэуап къызатыху, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт и унафэр езым ищIыжащ. ФокIэщIым и макъ къэIуащ, гын Iугъуэ мащIи къэтлъэгъуащ. Гын Iугъуэ мащIэр жьым ирихьэжьэжыным нэмыс щIыкIэ, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт, ещIэри, нэпкъ лъагэм къеджэлэхащ! ФокIэщIым и макъым дэщта шы пщIэгъуалэр, щIитхъури, ныджэ нэщIым телъэдэжащ.

Сыт ди Iэмалт? Гъуэгум къащыпэувым, зыри едэIуакъым. Иджы ди нэгу щIигъэкIам ди гур икъутащ.

«Ар зи щхьэ езыщIэжыфар дэ дымыщIэм щыгъуазэ хъунт!» –

жытIащ дигукIэ. И чэзум дигу къэкIакъым ар, иджы сыт и мыхьэнэжт? Убыхым я хэкур жьэгу нэщI хъуакIэт, Бэрэкъей и къуэ Ахъмэт насыпыншэм и хьэдэр хы толъкъуным жьэгъу мывэм ириудэкIырт. Хымрэ нэпкъымрэ зэпаубыдауэ зэIэщIамыхыжыф пэлъытэу…

ЦIыхур игуауэ, кхъухьым зигъазэри хым триукъуэдиящ. Хы Iуфэм нэхъ жыжьэ дыхуэхъуху, къуршыщхьэхэр пшэсым нэхъ наIуэ хохъукI. Абы я бгъафэм сыкъыщIэхъуат сэ, я акъужь гуакIуэр си Iум итт иджыри. Ноби си нэгу щIэтщ къуршыщхьэ дзакIэхэр – иужьрей махуэм зэрыслъагъужауэ си нэгу щIэт зэпытщ.

Пшапэр зэхэуэри, къуршыщхьэхэр кIыфIым хэбзэхэжащ…

* * *

Толъкъуныр увыIакъым, хым дытетыху: зи хэкур зыбгынахэм къытхуэгубжьащ жыпIэнт, кхъухьыр апхуэдизкIэ зэридзэрти. Дыгужьеями, ди гугъэ хэтхыжыпакъым. Дыкъэсащ хамэ щIыналъэм, и щIы кIапэ дыщитIысыкIащ. Зыри къытпежьакъым, къытпэмыплъэххаIами ярейт. Дригъэблэгъакъым пащтыхьми. Борэным зэкIэщIихуа къуалэбзу гуэрэнщи, щхьэж здрихьэлIа щитIысыкIащ. Ало и къуэ Шардын дыщIыгъут дэ, «Нусред-Бахърий» кхъухьымкIэ дыкъыдэкIуат. Кхъухьышхуэт, а зэманым елъытауэ. Кхъухьым дыкъикIри, кхъухь тедзапIэм пэмыжыжьэу дыщызэхэувэжащ. Самсун къалэкIэрт ар. Хьэм игъэщта шы гуартэ нэхъей, дызэхэтщ. Гъуэгум сыти къыздетхьэжьэнт – япэ узэпхъуэн гуэрт. МафIэ зыщIэна унэм сыт къыщIэпхыфын – абы дрещхьт. Япэ къытIэрыхьар къыздетшэжьауэ арат.



Зи гъащIэр хамэ щIыналъэм щиухын хуейуэ зи натIэ кърихтам нэхъ насыпыншэ щыIэнкIэ хъуну? Сытхэр и гугъапIэ абы, сытыр и дуней?

Гъатхэр къихьа къудейт. Хамэт дэркIэ дыкъызэрыхьа щIыналъэр, нэщIт, гущIэгъуншэт. Жьыри тхурикъуртэкъым, ди бгъэ щызу дызэрыбэуэн дгъуэтыртэкъым. Хьэмэрэ апхуэдэу къытфIэщIрэт, ди хэкужь дыхуезэшауэ? Ди псэм телъ зэпытт ар, бэуапIэ къыдимыту. Дыгъэр пшэм хыхьамэ, щIыIэтыIэ мэхъу, пшэр щхьэщыкIуэтакъэ – хуабэвэхщи, уи щхьэр здэпхьынур пщIэркъым. Уэгум уиплъамэ, плъагъур дыгъэ жьэражьэрщ, апхуэдизкIэ жьэражьэщи, уафэм иткIухьауэ къыпщохъу.

Мазэ ныкъуэ щхъуантIэм и бэракъыр зыщхьэщыхуарзэ кхъухьхэм дыщитIысхьа махуэрщ ди вагъуэр щижар, си псэм хуэдэ, къыттекъутэжащ псори. ЩIы къатиблкIэ щIыхьащэрэт а кхъухьхэр!

Сэ сызэрыса кхъухьым и цIэ исIуакIэщ – «Нусред-Бахърий». БахъэкIэ зекIуэрт ар.

Апхуэдэ кхъухь зыбжанэ нэкIуэгъащ. Дапщэ щIа абы лъандэрэ, итIани я цIэр сщыгъупщэжыркъым: «Мэхьмэдие», «Ассарий-Шэфкэт», «Уэсмэние». НэгъуэщI кхъуафэ зыбжани несылIащ. Кхъухьхэр зейм пщIэ зэрыхахыр щхьэ бжыгъэкIэт, хым Iэщ зэпраш хуэдэ. Нэпсейм мывэми псы къыщIихунщ жаIакъэ? Кхъухьым цIыхур ирагуащ, Iэпэ дэупIэ умыгъуэтыжыну. Ди кхъухьыр зейм игу къеуэрт: «Псым дыщIилъэфэнкIэ сошынэ амыхъу, иджыри къизгъэтIысхьэнт». Ди гъуэмылэмрэ псымрэ къытIэщIэухащ, хым дыздытетым. Хыр къэукъубейуэ хуежьащ. Абы есакъыми, цIыхур гугъу йохь. Къэдзыхаи къыхэкIащ. Зыр тхьэ йолъэIу, зым и щхьэм нэлат ирехыж.

ЛIэри мащIэкъым. Гугъуехь пылъкъым лIэнми – кхъэм уахьынукъым, мащэ къатIынукъым. Кхъухьым и занщIэкъым, жьы пхэнжщ къепщэр. Борэным хэкIуадэри, зы кхъухь дыгъэ къухьэпIэмкIэ

ирихьэкIащ. Псыр къащыIэщIэухэм, хуабэ узыр къахыхьащ кхъухьым исым. ЦIыхур лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Самсун кхъухь тедзапIэм къыщекIуэлIэжам, а кхъухьым псэууэ къинэжар мащIэ дыдэщ. Кхъухьым къикIын хуадакъым а мащIэми, узым игъэшынэри. Кхъухьыр хым тесщи, насыпыншэхэм Iэ къытхуащI. Сыт тхузэфIэкIынут? КхъуафэжьеймкIэ десылIэурэ псы тIэкIу яIэрыдгъэхьащ. Къэрэгъулхэм дыкъащIэмэ, къытхуадэхханутэкъым: кхъухьым къинари дэри дыIуапIэнут.

ЦIыхум и фэм дэхуэнур пщIэнукъым. Садз жылагъуэ цIыкIу къыддежьэгъащ, зы кхъуафэ къитIысхьэри. Борэным хиубыдэри, кхъуафэр хым куэдрэ тесащ, къуэщIийм хуэдэу зэридзэу. Толъкъуныр инщи, хы Iуфэм къесылIэфыркъым. Псы зэфэни яIэжкъым. Яхуэмыхьыж щыхъум, псы шыугъэр ирафу щIадзащ. Ар яхуэшэчынт? ЗэтелIэ хъуащ. ДжэдылIэ къахыхьами ярейт сабийм. Кхъуафэр зейм сабий хьэдэр хым хедзэ. Зы фызабэ ист кхъуафэм. И сабий закъуэрт насыпыншэм къыхуэнар. Узыр къыпкърыхьэри, сабийр лIащ. ИтIани и бгъафэм къыщIихакъым, лIауэ къаригъащIэркъым. Кхъуафэр зейр щилъагъукIэ, сабийр игъэундэIу зещI, гущэкъу уэрэд къыхедзэ: «Лоу жыпIэркъэ, си щIалэ, лоу пщIыркъэ, си къан». Мобы и щIыб къигъэзакъэ, гъыбзэр къреш. МахуитI-щы дэкIауэ, къаумысащ, хьэдэмэ къащIихьэри. Сабий хьэдэр IэщIатхри, хым хадзащ. Фызабэ тхьэмыщкIэм и сабийм зыкIэлъидзащ. Зыми хуэубыдакъым, кIэлъыпхъуа щхьэкIэ.

Узэрыгугъэ ухъумэ, уунэхъурэт жызыIам пэж жиIащ. Хым къелам, кхъухьым къызэритIысыкIыххэу, гу лъатащ абы. Тхьэр зэуар апхуэдэ щIыналъэтэкъэ! ЩхъуантIагъэм хуэхейт, дыгъэм ижьэри зэлъэжат, шурэ лъэсрэ я зэхуакут абырэ дэ IэщIыб тщIа лъахэмрэ. Абы пэIэщIэ ухъуа нэужьщ и уасэр щыпщIэр. Ди нэгу къыщIыхьэжынтэкъэ ди мэзышхуэхэр, ди псыхъуэ зэвхэр. Псынащхьэхэм щхьэщыт бжей абрагъуэхэм я жьауэхэмрэ пщIащэ Iувыр зытещIэ къуршыпс уэрхэмрэ ун нэгу щIэкIынт! Дэ къэдбгына щIыналъэм хуэдэ къэхъункIэ фIэщ хъугъуейт! Унэ уимыхьэми, мэз щIагъри пхуэхъунут унапIэ. Санэмрэ мэракIуэмрэ зэщIаблат мэзыр, дэшхуейхэм, кхъужьейхэм, мей жыг абрагъуэхэм мэз лъапэхэр яуфэбгъуат, гъунэжт хъуэшыр, зейр, зэрыджэр, жыг кугъуанэхэр бжьэм я тIысыпIэт. СыщэкIуэнущ жыпIэмэ, къурш ажэри, домбейри, щыхьри гъунэжт. Бдзэжьей уещэнуми, арат: къуршыпс къабзэм бдзэжьей къуэлэныр хэзт... Уафэм и щIагъ апхуэдэ щIыналъэ щыбгъуэтынутэкъым, жэнэт унапIэт, ар зыбгынэм жыхьэнмэ гъуэгурщ къыщIэлъыр. Мыбы дыкъэса нэужьщ ар къыщыдгурыIуар. КъыдгурыIуэри, ди IэфракIэ дедзэкъэжащ, ауэ кIасэ хъуакIэт: жыхьэнмэм ихьам бжэр кIэлъагъэбыдэж, ар пхуIухыжынукъым.

* * *

Ныбэм уимыгъэщIэн щыIэкъым. Мывэми уригъэгъунущ... Ди гъуэмылэр куэдрэ тхурикъунт, дзэкъэгъуэ къытхуэнэжакъым. Ахъшэ гуэр къытхуэнэжыху, дыкъуэлIыкIакъым: щIакхъуэ зыгъажьэ, зыщэ дэст къалэм. Ахъшэр къыщытIэщIэухэм, хэкум къитха хьэпшып тIэкIуфэкIур тщэж хъуащ. Пудыбзэу дощэ: ныбэм хигъэзыхьам сату ищIын! МэжэщIалIэр куэд зэрыхъуар щалъагъум, тыкуэнхэр зейхэм бжэ-щхьэгъубжэр кърагъэбыдэкIыжащ. Щыгъуэзэнтэкъэ ахэр: мэжэщIалIагъэм хьэкIэкхъуэкIэри мэзым къыщIеху. Iэджэм дыщызыгъэгугъахэр, къытхэплъэри, икIуэтыжащ, я щIыб къытхуагъэзэжа-

щи, я щхьэм щIотIахъуэ, дыздахьынур ящIэркъым. Iэщэ зэрытIыгъыр къыщащIэм, шынэри, дызэкъуаудын мурад ящIащ, къэралым драгуэшэн щхьэкIэ. ДызэкIэщIэпчмэ, нэхъ жыIэдаIуэ дыхъунтэкъэ! «Къыхэфхыр фи псэупIэщ!» – абыкIэ дыкъэзыгъэгугъам кIэбгъу защIыжащ. ПсэупIэ тхуэхъунур езым тхуагъэлъэгъуащ. Тхуагъэлъэгъуар щIыпIэ пхыдзарэ щIыкъуейрэт, псыи щхъуантIагъи хуэхейуэ. Iэщми дытрагъэплъакъым, дыкъагъэгугъауэ щытами. НэгъуэщIкIи къыддэIэпыкъуакъым, псалъэ къызэрыдатауэ. Псалъэм пщIэ щIатрэ жыхуаIэращ. Я псалъэр жьым ихьыжащ, хэт тебгъуэтэжын? НапIэзыпIэм бзэхыжащ псори – жэнэт унапIэм дыщызыгъэгугъахэр.

Дыкъызэрыгъэплъащи, дапэув хъуащ:

– Фи псалъэм фемыпцIыж, дыкъызэрывгъэгугъар къытхуэфщIэ! ЩIым илъэситхукIэ пщIэ щIэдвмыгъэтыну жыфIакъэ? ЖыфIам фытедгъуэтэжыркъым! КъурIэным фытеIэбэурэ тхьэ къытхуэфIуащ ди щIалэхэр дзэм евмыджэну – абыкIи дыкъэвгъэпцIащ! Дауэ ар?

Хэт ухуэтхьэусыхэнт? Къытщодыхьэшхри, я Iэгум Iэпэ задэкIэ йотIахъуэ:

– Тхылъ фиIэ абыкIэ, ди пащтыхьым Iэ тридзауэ? «Псалъэ къыдатащ», – жывоIэ. Псалъэр тхылъ фхуэхъункъым!

Гу зылъыттар зыщ: къытщошынэ. Къытщышынэнтэкъэ: цIыхур гужьеймэ, имыщIэн щыIэкъым.

Ди гугъу зыкъомрэ къыщIамыщIари арагъэнщ: зэрышхынщ, зэрылIынщи, я пIэ итIысхьэжынщ, жаIагъэнщ. ЖыIэдаIуэ дыхъун я гугъащ, дыупщIыIужмэ. «Щхьэл мывэм сытри ехьэж» – арагъэнщ ягу къытхуилъар.

ГуэщыжьхэмыщIыщ зым, зэрыбжесIащи, нартыху щIэлът. Ныбэм урихужьэмэ, къыщIэбгъэзэн щыIэкъым. Къытпэувынум дыщышынакъым, къытпреувIаи иреплъыт! Бжэр ткъутэри, нартыхур зэрытпхъуащ. Щхьэж хуэхьыр ихьащ, и плIэм ирилъхьэри. Щхьэл иттэкъым а куейм. МывэкIэ зэтедудащ нартыхур. Нартыху хьэдзэр зэрыхъурейуэ зыгъэваи къыхэкIащ. Ныбэм кърихуэкIым пщэфIэкIэ ещIэ. Нартыхур куэдрэ тхурикъуакъым. Щыдухым, къуажэ-къуажэхэм дыдэуащ. ПцIы бупсыну гуэныхькъэ: зэрахузэфIэкIкIэ къыддэIэпыкъуащ тырку мэкъумэшыщIэхэр. Я щхьэ дралъытащ. Щыгъыныджэ ялъагъумэ, я плIэ ирадзэн гуэркIэ къахуэупсащ. Гъавэ зиIэр къыддэгуэшащ, я бжэIупэ дыкъыIуахужакъым. ИтIани апхуэдиз мэжэщIалIэ пхуэгъэнщIынт! Ныбэм щIихуа цIыхур псыдзэм хуэдэщ: пхузэтеубыдэнукъым. ДрихулIащ. Iэмал диIэжтэкъым – хъунщIэ къытхэкIащ. Ди фэм имылъIами, дыжьын къамэр дибг ищIат. Нэхъ щIалэхэр абрэджу ежьэжащ. МэжэщIалIагъэрат абы я шу пашэр. Iэщ къахури, цIыхум трагуашэ: зэрызэтелIэр ялъагъурт. Къалэхэми дэуэ хъуащ, тыкуэнхэр яхъунщIэ. Пэжыр пхущIэхъумэнукъым: я лъи дгъэжащ, ди лъи ягъэжащ. Ди хъыбар Iей Iуащ, хъунщIакIуэ дыхъуащ. Сабийр ди цIэм щагъащтэ. Самсун и уэрамхэм дэз хъуащ бгырыс мэжэщIалIэхэр. Я ныбэ илъIакъыми, я нэр мэлыд. Цей чэтхъахуэхэм я къупщхьэр къыпхоплъ, лъапцIэщ нэхъыбэр, я лъэпхъуамбэр лъы защIэщ. ШхапIэ бжэIупэ Iухьамэ, цIыхур зэрогъащтэ. Сымаджэмрэ лIыжь-фызыжьымрэ, жыг щIагъым щIакIуэ щаубгъуауэ, сабэм хэлъщ, я нэкIу иуэжарэ я гугъэ гъащIэм хахыжауэ. Бадзэри зыщхьэщахужыфыркъым, я джий дзэкъэгъуэ зэремыхрэ Iэджэ щIащи, я щхьи къаIэтыжыфыркъым.

Махуэ гуэрым, хы Iуфэм пшахъуэм сыздыхэтым, зы кхъуафэ къесылIауэ къэслъэгъуащ. Кхъуафэм зылI кърадзащ, и Iэ-и лъэр пхауэ. Ди лъэпкъ т и фащэкIэ. ЛIы пхар кърадзри, кхъуафэр хым техьэжащ.

– Адлиа!* – и дзэр зэригъэшхырт кхъуафэм кърадзам, хъуанэ



* Адлиа — хьэ (убых псалъэщ).

псалъи абы дыщIигъужырти. Сыбгъэдыхьэри, къызэфIэзгъэуващ, си фIэщ хъуакъым сыщыIуплъам, ар Дэшан Сэидт. Хьэжы Джырандыкъуэрэ абырэ, къызэдамылъхуами, я быдзышэ зэIулът, зэш пэлъытэт.

– Сыт къэхъуар? Уапхыу щхьэ укърадза кхъуафэм? – сеупщIащ.

– Къэхъуар пщIэркъэ, Зауркъан? – игу къимыхьэжауэ, жэуап къызитащ Сэид. – Къэхъуну псор къэхъуащ. Абы нэхъыкIэ къэхъужын!

ГуащIэшхуэ зыхэлъ цIыхут Сэид, нарт хуэдэт, кIапсэ лэрыгъум я нэхъ быдэр зэпичыфырт, выбжьэр иубыдырти, выр пхэщIыщхьэкIэ игъэтIысыфырт. КъыпхуэцIыхужынутэкъым иджыпсту, фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуат, зэфIэтыф къудейт.

– Си Iур игъущIыкIащи, псалъэр къысхудэшейркъым. Псы Iубыгъуэ къысхуэгъуэт.

– Къэдгъуэтынщ. Къэдгъуэтынщ, – жызоIэ, щIэп кIапсэр къамэкIэ здызэпызгъэлъэлъым.

ЗыкъыстригъащIэри, есшэжьащ. Дыгъэ къухьэгъуэ хъуат, дыгъэм и бзий махэр хым щIэтIысыкIыжырт. Къалэр къызэднэкIащ. Сэид нэхъри зыкъыстрегъащIэ, нэхъ хьэлъэ мэхъу. И лъэ зэблихыжыф къудейщ, къару иIэжкъым. Чыцэ цIырхъ гуэр деж згъэгъуэлъри, псыхьэ сыIукIащ, щIэх къэзгъэзэжынкIэ къэзгъэгугъэри.

ЩIакхъуэ бзыгъэрэ псы Iэбжьэрэ къэзгъуэтащ ерагъмыгъуейуэ. ТрахыжынкIэ шынэрэ жыпIэнт: псы Iэбжьэр зэ гъэщIеигъуэм ирифащ. И щхьэр къиIэтри, къысIуплъащ итIанэ. Уигу хамыгъэщIын плъэкIынтэкъым абы и нитIым – гугъапIэ лъэпкъ щIэтыжтэкъым. Нэпскъудамэщ щIэслъэгъуар.





– КIэ дгъуэтащ, Зауркъан!.. Зэрылъэпкъыу!.. Ди IэкIэ зыдукIыжащ!.. – ерагъмыгъуейуэ къыдришеящ Сэид. Езым и щхьэри игъэкъуаншэрт абыкIэ, зэрылъэпкъыуи игъэкъуаншэрт. Арат абы и нитIым къызжаIэр.

Сэид и псалъэр шэуэ къыстехуащ, аркъэн къызадзауэ къысщыхъуащ асыхьэтым. Ар жызыIэр зэгуэр гушхуэ зыкIуэцIылъа цIыхут, къыщIэдзыхэнрэ гугъапIэншэ щIэхъунрэ къэмыхъуауэ. Арат абы и

псалъэм си гущIэр щIыпхилыгъукIар.

Жыжьэ уплъэмэ, уафэмрэ хымрэ щызэхыхьэжым, пшэплъ бзыгъэр зэрыкIуэсэжыр щыплъагъурт. Пшэплъ бзыгъэм хэслъэгъуауэ къысфIэщIащ пщащэ насыпыншэм и ныбжь. Пшэплъ бзыгъэ тIэкIур хым хэкIуэдэжащ хуэм-хуэмурэ, пщащэм и ныбжьри бзэхыжащ.

– Быдзышэ удефащ Хьэжы Джырандыкъуэ. Дэнэ щыхэт иджыпсту, пщIэнкIэ хъуну, Сэид? – гугъэм и зы къудамэ цIыкIу къысIэрыхьауэ слъытэрти, сеупщIащ.

– ХьэщIагъэ къыдэзыха мы хэкум и тетхэм гулъытэншэ ящIакъым ар: Родос хытIыгум щIапIэ къыщратащ. Ди унагъуэм нэмыщI, и цIыхур псори щIыгъущ, – жэуап къызитыжащ Сэид.

Сэид си пащхьэ исщ, и щхьэр къыфIэхуауэ. ЩIакхъуэ бзыгъэми щымыгуфIыкIа хуэдэщ, и гум Iэпимых нэхъей, хуэмурэ йодзакъэ. Хъыбарым сызэригъэгуфIами гу лъита хуэдэкъым. Си нитIыр хым къытесчыжри, Сэид сыIуплъащ. Асыхьэтырщ сигу къыщыкIыжар: щхьэ семыупщIрэ иджыри къэс – дауэ къыщыхута мыбы? Iэщым хуэдэу япхри, кхъуафэм кърадзащ. Хьэжы Джырандыкъуэ быдзышэ дефатэкъэ, и хамэкъым. Ар щхьэ кърaщIэн хуей хъуа, апхуэдэ лей щхьэ къраха?

АбыкIэ сыщеупщIым, Сэид, щIакхъуэ бзыгъэр игъэтIылъри, и щхьэ къызэрыфIэхуауэ, жыжьэ къыщригъэжьащ:

– Iэщэ къызэхуитхауэ щыташ зэгуэр уэрэ сэрэ, Зауркъан. Ар пщыгъупщэжа? Лъы дгъажэ пэташ, дызэпэувври.

Сэид, щIыбкIэ зригъэщIри, хым хэплъэурэ, и псалъэм пищащ:

– Уэ пщIэ къыпхуищIат убыхым я шу пашэм, быдзышэ сызыдефа Хьэжы Джырандыкъуэ, и щхьэхъумэкIэ къыпхуэупсэри. Яхуэбдакъым. Ар сигу техуэнутэкъым – дыкъэбгъэпудауэ слъытат. ЦIыхур Iэжьэгъу къытхуэмыхъуамэ, дыщызэхуилъым, зэриухынур хэт ищIэнт?

И нэр хым зэретауэ, Сэид и псалъэр зэпигъэуащ, жьыр хурымыкъужу. Хы щхьэфэм зыгуэр къыщилъыхъуэ хуэдэт абы, и нэр ета зэпытти. Ауэ сэ зыри къысIэщIэлъэгъуакъым, химкIэ сыплъа щхьэкIэ.

И псалъэ зэпызудауэ къыщымыхъун щхьэкIэ, заулкIэ зысIэжьэри, жэуап естыжащ:

– Хьэжы Джырандыкъуэ пщIэ щыхуэзмыщIа махуэ къэхъуакъым. Ар тхьэпэлъытэт сэркIэ. Абы щхьэкIэ псэр стын хуей хъуами, мэскъалкIэ сыкъызэфIэщIэнутэкъым. Зым пщIэ хуэпщIкIэ, адрейр хэутэн пщIы хъунукъым. И Iэщэ ирилъхьэжри, Тыркум Iэпхъуэн мурад ищIащ Хьэжы Джырандыкъуэ. Абы и ужькIэ пщIэ хуэсщIыжакъым ди шу пашэм. ЕмыкIу къысхуумыщI, сэ бжесIэнур мыращ: быдзышэ узыдефар зи шу пашэр къэрабгъэращ!

Ар жысIа нэужьщ гу щылъыстар: я къаным щхьэкIэ жэуап щIихьын щыIэкъым Сэид. Апхуэдэ псалъэкIэ уещ хъунукъым, ар хуэфащэкъым. Апхуэдэ псалъэм дыркъуэ тридзэн дэнэ къэна, иукIыпэнкIэ мэхъу. АрщхьэкIэ Сэид къыспэрыуэжакъым, си псалъэр и гум ешыкъылIауи фэ есплъакъым. Хьэжы Джырандыкъуэ хужысIар зыуи зыхищIакъым.

– Джырандыкъуэ мыпсэуж пэлъытэщ сэркIэ, – щIызгъужащ сэ псалъэм.

«Абы щхьэкIэ дызэщыIеин хуейкъым, и Iуэху къытхэлъкъым, ди Iуэху хэлъыжкъым, блэкIам къигъэзэжынукъым» – апхуэдэу къыбгурыIуэ хъунут иужьрей псалъэр. Сыпэплъагъэххэкъым: Сэид и псалъэр нэхъ пхъашэу къыщIэкIащ:

– Убыхым щIалъхьэжауэ лъытэ ар! Кхъэ мащэм дыщхьэщыхьа нэ-

ужьщ ди нэр къыщыпщIар!

Апхуэдэ псалъэм сыкъимыгъэуIэбжьыпIэр иIэтэкъым: ар жызыIар Хьэжы Джырандыкъуэ быдзышэ дефа цIыхут, къуэш дыдэм нэхърэ нэхъ лъапIэт ар Сэид дежкIэ!

– Сэ бжесIэнур уигу иубыдэ, Зауркъан, – зыкъысхуригъэзэкIащ Сэид. – Ар зыжесIэн щыIэкъым нэгъуэщI... – Абы къыкIэлъыкIуа псалъэр шэуэ къыстехуащ: – ФIыуэ сыщыгъуазэщ: мэл хъушэм дыхуэдэти, дыкъыпахури дащащ. «Хым доIэпхъукI!..» Ди тхьэкIумэ дгъэкIащ, а псалъэр зэрызэхэтхыу. Ди тхьэмадэхэр здэкIуэм дэри дыкIуэнущ! Я ужь дикIынукъым! Дыбылымщ, къытхуэт щымыIэу!.. Абы фейдэ къыхэзыха ухуеймэ, фейдэ къыхихащ быдзышэ сызыдефа Хьэжы Джырандыкъуэ. Уанэ мыгъуэр тезылъхьэным!

– Иумыгъэлей, Сэид, губжьыр чэнджэщэгъум я нэхъыфIкъым, – сыпэрыуащ Сэид, псалъэм къыпищэнкIэ хъунум сигъэщтауэ. И псалъэр ирикъухыжакъым Сэид:

– Бытхьэ и цIэкIэ соIуэ, бжесIэр пэжкIэ! Апхуэдэ щэху щаIуатэ махуэщ нобэ. ЩIым здыщIэсхьэну сыхуейкъым! Сигу щIэныкъуэр фэкIэ гугъу сызэрехьыракъым. Сигу хэзыгъэщIыр нэгъуэщIщ. ЛIыгъэ пхэлъмэ, зышыIи, си псалъэм къедаIуэ. Ухахуэщ уэ, ущIэдзыхэн къэхъуакъым – ар си нэгу щIэкIащ. Урыс инэралхэм убых тхьэмадэр ящэхуауэ бжесIэмэ, дауэ къыпщыхьун атIэ?

Ар егъэлея къысщыхъури, шэч къытесхьэн мурад сиIащ, арщхьэкIэ Сэид си жьэр зэщIызигъэхакъым:

– Укъыспэрымыуэ! КъыжраIар мыращ: «Зауэр вгъэувыIэрэ уи цIыхур Тыркум Iэпхъуэну къэбгъэдэIуэфмэ, ди пащтыхьыр къуэзэротэнум щIэ щIэткъым, уэр дэнэ къэна, уи быным я быныжым жылкIэ яхурикъунущ. Зауэр фэри дэри къытIэщIэужэгъуащ, шэч къыпхуэзыщIын щыIэкъым». АбыкIэ зэгурыIуащ.

– Ар сыткIэ я фIэщ пщIыфыну цIыхум? – сеупщIащ Сэид.

– Зи фIэщ мыхъунум, узэхищIыкIынукъым. Хьэжы Джырандыкъуэ срищхьэхъумащ сэри – абы ущыгъуазэщ. Зы лъэбакъуэкIэ сыкъыбгъэдэкIыу щытакъым. Кхъухьым дыщитIысхьэ махуэм урыс афицаритI къэкIуэгъащ. Си нитIкIэ слъэгъуащ Хьэжы Джырандыкъуэ къыIэщIалъхьа пхъуантэ цIыкIур. Сэ тхьэ щысIуэжыфынукъым а пхъуантэ цIыкIум дэлъар дыщэкIэ. МэлкIэвей дэлъауэ пхужыIэнукъым уэри. Си тхьэкIумэкIэ зэхэсхащ Хьэжы Джырандыкъуэ пащтыхь ныкъуэм фIыщIэ зэрыхуищIар. Дауэ къыбгурыIуэну ар?

Бгы къыгуэуам гъуэгум сытриубыдауэ къысщыхъуащ асыхьэтым. Уи нэгу щIэкIагъэнкъэ апхуэдэ? Бгыщхьэм къыщожьэри, мывэм мэзыр кIуэцIрекъутыкI, насып уиIэмэ, блэлъэтынщи, къуэ кIуэцIым дэхуэнщ. Абы къыкIэлъысынущ етIуанэ мывэри. Уэ гъуэгукум уриубыдащ, кIуапIи жапIи уиIэжкъым... Сэид и псалъэхэр апхуэдэ мывэм ещхьт. ГущIэгъу хэмылъыжми ярейт абы. И псалъэ къэс ухагъащIэрт, бгыщхьэм къыгуэуа мывэти, уи гур ирахырт. «Аращ дэ тхуэфащэр!» – абыкIэ уагъэкъуаншэрт Сэид и дэтхэнэ псалъэми.

Хьэжы Джырандыкъуэ гъэпцIагъэ къызэрыткIэлъызэрихьам шэч къытрихьэжыртэкъым Сэид. Абы щыхьэт техъуэр и мащIэтэкъым.

– Ди кхъухьым СамсункIэ къиIуэнтIащ япэщIыкIэ, – къысхуиIуэтэжащ Сэид. – Хы Iуфэм дыкъесылIэным куэд къэмынэжауэ, кхъуафэжьей ныдбгъэдыхьащ. Абы къикIри, кхъухьым зылI нихьащ. Пащтыхьым и лIыкIуэт ар, иужьым къызэрытщIамкIэ. ИстамбылкIэ есылIэну къыжриIащ абы Хьэжы Джырандыкъуэ. «Уэзирышхуэр къыппоплъэ», – къыжриIащ. Босфор дыдэкIри къалэм

хуэзанщIэ дыхъуащ. Кхъухьым икIынкIэ хуит ящIар Хьэжы Джырандыкъуэ и закъуэщ. Ар яхуэддакъым. «Щхьэхъумэ щIыгъун хуейщ», – жытIащ. Зэшищ дыхъурти, щыри дрищхьэхъумэт, ди быдзышэ зэIулът.

Уэзирышхуэр зыщIэс унэм – «Арз ардасыкIэ» зэджэм – дыкIуащ. КъэрэгъулырбжэщхьэIумтетщ.ПэшышхуэгуэрдыщIашащ,унэлъэгум алэрыбгъу илъщи, лъэ макъыр зэхэпхыркъым, бзу щызекIуэ хуэдэщ. Тахътэбан плъыжьым, и лъакъуитIыр зыщIиупщIэжауэ, уэзирышхуэр исщ, и жьакIэр фIыцIэрэ сарыкъ щхьэрыгъэсыжауэ. ДыщыщIыхьэм къэтэджакъым ар, Хьэжы Джырандыкъуэ и Iэр къиубыдакъым, щхьэукъуауэ къысфIэщIащ. И Iэр иIэтри, и щхьэр хэпщIыкI къудейуэ игъэхъеящ. КъыздикIари къысхуэщIакъым, унэIутыр къыщIыхьащ, уэзирышхуэм и пащхьэ ит Iэнэ хъурейм фалъэ цIыкIу къытригъэувэри, щIыбкIэ икIуэтурэ, пэшым щIэбзэхыкIыжащ. Уэзирышхуэр фалъэм хэфащ, итIанэ и нэр къиIэтри Хьэжы Джырандыкъуэ къыIуплъащ. Цей хужьрэ хьэзырыбгъэу, уэзирышхуэм и пащхьэ итт Хьэжы Джырандыкъуэ, дыжьын къамэ Iэпщэр икъузауэ.

– Алыхьырщ, Алыхьым и ужькIэ муслъымэныр дыкъэзыхъумэр ди пащтыхь дотэрщи, и гущIэгъур инщ. Уи лъэпкъыр джаурым ебгъэшхакъым, жыхьэнмэм щыпхъумащ, муслъымэн щIыналъэм къипшэри ди пащтыхь дотэм и IэмыщIэ къиплъхьащи, ди пащтыхь дотэр къыпхуэарэзыщ...

Уэзирышхуэм, и псалъэр зэпигъэури, и нэр иуфIыцIащ.

Хьэжы Джырандыкъуэ, и Iэри натIэм хуихьри, уэзирышхуэм зыхуигъэщхьащ. И IупщIэр зэтригъэжри, уэзирышхуэм и псалъэм пищащ:

– Урыс лIыкIуэр къыдэлъэIуащ уэ, Хьэжы Джырандыкъуэ, ди нэфI пщыдгъэхуэну, гулъытэншэ удмыщIыну. Дунейм и щIэлъэныкъуэр зи IэмыщIэ илъ ди пащтыхь дотэм и нэфI къыпщыхуэнущ, урыс лIыкIуэр къигъэгугъащ абыкIэ. Муслъымэнир дызыщыгугъыр Алыхьымрэ Мухьэмэд бегъымбарымрэщ, абы уакъыфIэкIмэ, ди пащтыхь дотэри, уи лIыгъэрэ уи Iуэхурэ елъытэри, тырку пэщэм и цIэр къыпфIещ, хуэфэщэн улахуи къуитынущ. Родос хытIыгум унапIэ щыпхухихащ. ЦIыху щиплI здэпшэнкIэ ухуитщ абы. Ди пащтыхь дотэм и гущIэгъур инщ!

Хьэжы Джырандыкъуэ пащтыхьми уэзирышхуэми фIыщIэ яхуищIащ. Си шынэхъыжьыр, Хьэжы Джырандыкъуэ и чэнджэщэгъути, шу пашэм еIущэщащ:

– Жэуап ептын и пэ, гупсысэ, сынолъэIу, сэ сыхамэкъым. Гугъуехь Iэджэ плъэгъуащ, уи псэ ущебла къэхъуакъым, уэращ ди бэракъыр. Лъэныкъуэ зебгъэзыж хъунукъым иджыпсту. Лъэпкъыр уэращ зэплъыр, уэращ зыщыгугъыр, утыкум къибнэ хъунукъым, я гуэныхьым уигъэкIуэнкъым, уи щхьэр хэпхмэ. Зэтеунэхъуэнущ, уэ уахэмытыжмэ. Ар къыбгурыIуэркъэ? КъыбгурыIуэркъэ: зэщэр лъэныкъуэ урагъэзыну аращ!

Джырандыкъуэ къызэщIэплъащ. Си шынэхъыжьым жриIар зыуи къыщымыхъуауэ фэ зытригъауэри, пыгуфIыкI зищIащ, итIани къыхуилъащ:

– Уи чэнджэщым зыри къикIыжынукъым. Мыбдеж щичэзукъым! ЛIар къэбгъэхъужын? Хэт и шу пашэ? Шу пашэкIэ хэт къысхуеиж? Хасэм и унэм мафIэ щеддзыжа сыхьэт лъандэрэ сышу пашэжкъым сэ!

Ар си шынэхъыжьым къыжьэхидзэри, Хьэжы Джырандыкъуэ уэзирышхуэм бгъэдэкIуэтащ, и зы Iэр и натIэм хуихьщ, и зы Iэр и бгъэгум ирилъхьэри, щхьэщэ хуищIащ:

– Пащтыхьым и гущIэгъур инщ! Псалъэ узот, зи щIыхьыр ин, нурыр зыщхьэщих пащтыхьми уэри сыфхуэпэжынкIэ!

Уэзирышхуэр нэжэгужэ къэхъуащ, и нэ фIыцIитIыр къицIыщ-

хъукIащ, игу зэгъауэ, къытхуэарэзыуэ, дызэпиплъыхьащ.

– Ди пащтыхь дотэм и пэщэ ухъуныр – ар пщIэшхуэщ! – жиIащ уэзирышхуэм. – Зи тетыгъуэр ин ди пащтыхь дотэм пщIэ къыпхуищIащ, хьэщIагъэ къуихащи, ар птекIуадэ хъунукъым... – Уэзирышхуэм зыкъиIэтащ, тахътэбаным къикIри ибгъукIэ щыт шэнтжьейм итIысхьащ. – ПщIэр птемыкIуэдэн щхьэкIэ, пщIэнури бжесIэнщ. Ар щыхабзэщ муслъымэн лъахэм...

Хьэжы Джырандыкъуэ и тхьэкIумэр игъэкIащ, ауэ ищIэн хуеймкIэ щIэупщIакъым.

Убых шу пашэм хабзэ зэрыхэлъым гу къылъитащ уэзирышхуэм.

– Алыхьыр закъуэщ, Мухьэмэд бегъымбарыр абы и лIыкIуэщ! – зэчыркIэ къыщIидзащ уэзирышхуэм. – Пэщэм зэрихьэн хуейр муслъымэн диным хуэфащэ цIэщ, аращ КъурIэным жиIэр. Дэ дычыристанкъым, унэцIи зетхьэркъым. Нобэ щыщIэдзауэ уэ дызэрыноджэнур Бэрзэдж Хьэжы Джырандыкъуэкъым. Нобэ щыщIэдзауэ дызэрыноджэнур Хьэжы Сулеймэн-пэщэщ. Ди пащтыхьым и бжаблэм уи цIэр дыщэ хьэрфкIэ иратхэнущ. Ар япэрауэ! Пэщэм и фащэр и цIэм екIун хуейщ. Къэукъасэ фащэм пыкI. ЕтIуанэр аращ! – къриубыдылIащ уэзирышхуэм, упэрыуэж зэрымыхъунури фэкIэ къыгуригъаIуэу. Щхьэукъуафэ тетыжтэкъым абы иджыпсту!

Хьэжы Джырандыкъуэ и фэр шэхум хуэдэ хъуащ. Хэплъэгъуэт абы и Iуэхур. И гур мафIэ жьэражьэм зэрыпэрыхуар нэрылъагъут: и пащхьэ уэзирышхуэр къист, и щIыбагъым дэ дыдэтт, зэшищыр.

Ди шынэхъыжьым зыхуэшыIакъым:

– Бэрзэджхэ лъэпкъыжьщ, убыхым я набдзэщ. Ныбжьрэ щIыхькIэ Бэрзэджхэ къапэувын зы уэркъи къэхъуакъым. Уи лъэпкъыцIэ теубжьытхэ къыбжаIэ иджы! Уэ уунэIуткъым, кIэсу укъахьакъым. ЖеIэ ар!

– УвыIэ, – зэхэпх къудейуэ, къыжьэдэкIащ Хьэжы Джырандыкъуэ.

АрщхьэкIэ ди шынэхъыжьыр къыхуикIуэтакъым:

– Уигу къэгъэкIыжыт: урыс инэралым, удихьэхын щхьэкIэ, афицарыцIэ къыпфIищауэ щытати! Абы зыдебгъэшэхакъым, апхуэдэпщIэм уелъэпэуащ, дыщэ дамэтелъыр мафIэм пэрыбдзэжауэ щытащ. Бгъащхъуэм къазыцIэ фIащын мурад ящIащ иджы. Ар напэтехщ! Тырку хьэрэмлыкъым щIэс фызхэм зэрахьэ шылэ гъуэншэджыр зыщыптIэгъэну?! Зытебгъэгушхуэмэ, аракъым къуащIэнур! Ди фащэм нэхъ екIу зэрыщымыIэр жеIэ мы лIыжь кхъахэм, емыкIу къыдумыгъэхь!

Уэзирышхуэм ди бзэр дэнэ къыщыгурыIуэнт, итIани гу лъитащ ди шынэхъыжьым и псалъэр мафIэ дэпым зэрыхуэдэр. Пащтыхьым и уэзир пашэр бажэм хуэдэ гуэр хъунти, абы гу зэрылъитар къызыхигъэщакъым, и пIэ къикIакъым, нэмэз щыгъэр егъажэри щысщ.

– Уи псалъэм сыпоплъэ, – жиIащ уэзирышхуэм, къыдэмыплъэйуэ.

Ар зэхимыха фэ зытригъэуащ Хьэжы Джырандыкъуэ, жэуап иритыжакъым.

Уэзирышхуэм и нэр щIиукъуэнцIащ:

– Алыхьым и пащхьэ къикIа фIыщIагъэм итыр мыращ: «ФIыкIэ къотэр умыгъэщIэхъу». – Нэхъ хикъуэзэри, къыщIигъужащ: – Ди пащтыхь дотэм и унафэм уеувалIэрэ, хьэмэрэ уи унафэ зыщIыр мохэра? – Ар ди шу пашэм къыжьэхидзэри, уэзирышхуэр ди дежкIэ къеплъэкIащ, нэкIэ дишхын хьэзыру.

Хьэжы Джырандыкъуэ и лъыр къызэрыкъуалъэр долъагъу, ерагъмыгъуейуэ зешыIэ. И дзэр зэтрикъузэри, лъэныкъуэкIэ еплъэкIащ, итIанэ, и губжьыр ирикъухыжри, уэзирышхуэм бгъэдэкIуэтащ:

– Зи ІэмыщІэ зитлъхьа пащтыхьым сыхуэгъазэ. А зымкІэ сынолъэІу, зи щІыхьыр ин!

– Иджыпсту нэщІ мазэщ. НэщІ дисщ. НэщІ щисым деж ди пащтыхь дотэм и пащхьэ зыри ихьэркъым. Ди пащтыхь дотэр нэмэзлыкъым тес зэпытщ, рэмэзан мазэр икІыху. Муслъымэным тхьэ яхуолъэІу. ЛаІилахьэ Іилэлэхь, Мухьэмэду рэсулилахь! Іэмин!

ЗэрынэщІ мазэм дыщыгъуазэт дэ, муслъымэным дыгъэр къыщыкъуэкІымрэ щыкъухьэмрэ я зэхуакум ерыскъы зыІуагъахуэркъым, я нэмэз благъэкІыркъым, ар я фарзщ, итІани Хьэжы Джырандыкъуэ и фІэщ хъуакъым нэмэзлыкъым тес зэпыту пащтыхьым нэщІ мазэр зэрырихыр. Уэзирышхуэм ебзэджэкІын мурад ищІагъэнщ мыр игу къыщигъэкІыжым:

– Фи пащтыхь дотэм и анэр адыгэпхъущ, Шэрджэсым щыщщ. Дэ дилъ зыщ, дызэлъэпкъэгъущ. Абы нэхъ дызэхищІыкІынщ, ди гукъеуи ди лъэІуи нэхъ зыхищІэнщ. Уэзирышхуэм и Іэ къикІынущ ар: пащтыхьым и анэм зы дакъикъэкІэ нэхъ мыхъуми сыхуэгъазэ!

Нэмэз ищІ хуэдэ, и Іэгур иущІри, уэзирышхуэм жиІащ:

– Муслъымэным ди пащтыхь дотэм нэмэз щищІкІэ, Іуэху къетхьэжьэркъым дэ. Алыхьырщ, Алыхьым и ужькІэ Мухьэмэд бегъымбарырщи, гущІэгъуншэ дыхъункъым!..

Уэзирышхуэм и нэр иуфІыцІыжащ, щхьэукъуэжа нэхъей.

Хьэжы Джырандыкъуэ къыгурыІуащ лІыжьым узэрыхэмызэгъэнур. Ерыщ уекІуэныр губзыгъагъэтэкъым. АтІэми дэ дригъусэу. Кхъухь тедзапІэм дгъэзэжыну унафэ къытхуищІащ.

– Мыр бажэщ, си закъуэмэ, къэзгъэдэІуэфынкІэ мэхъу, – къыджиІащ Хьэжы Джырандыкъуэ. – Кхъухь тедзапІэм фыкъыщыспэплъэ.

Ди чэнджэщ етхьэлІащ:

– Умыгубжь. УмытэмакъкІэщІ. Губжьым фІым ухуишэнукъым.

– ФыкъыхэмыщтыкІ абыкІэ! ЗыкъезгъэгъэпцІэнкъым, тхуэмыфащэм сахуеувэлІэнкъым! – дигу фІы къытхуищІащ Хьэжы Джырандыкъуэ.

Кхъухь тедзапІэм дгъэзэжри, мазэр къыщІэкІыху, дыпэплъащ. Уи фІэщ щІы, Зауркъан, сыкІуэцІрыхуамэ, нэхъыфІтэкІэ а махуэм!

КъыдищІам еплъ! КъыдэзыщІари хэт? Инэрал Евдокимовым и дзэм пимыкІуэтар аратэкъэ! Хьэжы Джырандыкъуэтэкъэ шу пашэу диІар, абы и цІэратэкъэ псом япэ кърaІуэр! Аратэкъэ сабийр зыдрагъэплъейр: «Лоу пщІыркъэ, си нэху, лоу пщІыркъэ, си дотэ, ди шу пашэм удэшэсынкъэ, си щауэ!» Апхуэдэт къыдэпцІыжар! Абы дищащ дэ, Зауркъан, и цІэм теубжьытхэжащ, тырку пэщэм и цІэр нэхъ фІэІэфІ хъуащ, ди фащэри пхъэнкІийм хидзэжащ.

Ар ди анэм ищІатэмэ, кхъухьым елъэнти, псым зыхидзэжынт, хьэрэм щищІынт быдзышэу зригъэфар. «Зы хьэ спІамэ, нэхъыфІт!» – нэлат ирихынт быдзышэ зригъэфам...

*ЗэзыдзэкІар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

*КъыкІэлъыкІуэнущ*



*ЩIыналъэ нэхъыбэ къэзэунрэ хамэ мылъку зэлъэфэлIэнрэ фIэкIа нэгъуэщI плъапIэ ямыIэжу къызэхэнауэ щыта европей къэралыгъуэжьхэм я бийуэ XIX лIэщIыгъуэм екIуэкIа цIыхубэ зэщIэхъеенығъэм жыджэру хэта тхакIуэхэм ящыщщ Чех Сватоплук (1846–1908). Абы и къалэмыр жану хуигъэлэжьащ зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэн лъэпкъхэм я къарур зэщIэгъэуIуэным, цIыхур гъэлъэпIэным, абы и хуитыныгъэхэр хъумэным. Ахэращ зыхуэгъэпсар чех литературэм и классикым, тхакIуэ цIэрыIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэу «ПщылIым и уэрэд», «Губгъуэ» поэмэхэр, «Пан Броучек XV лIэщIыгъуэм зэригъэзэжыгъар» повестыр, «Адыгэ» рассказыр, нэгъуэщIхэри.*

*Ар ящыщщ кавказ лъэпкъхэм, псом япэу адыгэхэм, лей къазэрытехьэр ямыдэу къэувауэ щыта цIыху пажэхэм. Австро-Венгрием и бжьым къыщIэкIыну лIэщIыгъуитIым нэблэгъауэ никъуакъуэ чеххэмрэ словакхэмрэ ирагъэкIуэкI бэнэныгъэм пасэу хыхьэу ипсыхьа щIалэм къыгурыIуат шэрджэсхэр бэлыхь тIуащIэм зэрыхадзар, ядэIэпыкъу хуэдэ защIурэ, политик щхьэхуещэхэм ахэр зэрагъэжакъуэр. И щхьэ течауэ абы жиIэрт империалистхэм я мурад щэхухэр зэфIэкIыху, зи зэхэщэщэжыгъуэр къэблэгъа Уэсмэн къэралыгъуэжьым и щIыналъэр зэхуагуэшыжыху, Урысейм и зауэ шэрхъым кавказ бгырысхэр пэщIадзурэ зэрекIуэкIынур.*

*1874 гъэм, и ныбжьыр илъэс 28-м иту, Сватоплук Кавказым къэкIуауэ щытащ. Теплъэгъуэ шынагъуэт хы ФIыцIэ Iуфэр зи хэщIапIэу щыта адыгэхэм я щIыналъэм щIалэм и нэгу щыщIэкIар. Ар тхакIуэм фIы дыдэу къыщигъэлъэгъуэжащ «Адыгэ» рассказым.*

*Чех Сватоплук, зи гугъу тщIа тхыгъэм нэмыщI, очерк зыбжани итхащ адыгэхэм ятеухуауэ. АбыхэмкIэ щIалэм Европэм кърагъэщIащ дунейпсо культурэм хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа лъэпкъ уардэм къытепсыха насыпыншагъэр зыхуэдэр.*

*«Адыгэ» рассказым наIуэу къыхощ Чех Сватоплук адыгэхэм къахуиIа фIылъагъуныгъэшхуэр. «Адыгэ» – апхуэдэ фIэщыгъэцIэщ абы и рассказым хуищIар, армыхъу Европэм щыпсэухэр нэхъ зэса «шэрджэскъым» икIи «бгырыскъым». Ди фIэщ мэхъу илъэсищэ ипэкIэ дунейм къытехьа мы художественнэ тхыгъэ кIэщI цIыкIум – адыгэпсэмрэ адыгэ дунеймрэ телъыдджэу щызэхэухуэнам – нобэрей ди щIэджыкIакIуэхэр гуапэу зэрыIущIэнур.*



ЧЕХ Сватоплук

# АДЫГЭ

*Рассказ*

Хы шэжыпсыфэм щабэуірижэ толъкъунхэр хиупщIэу кIуэцIрокI тырку кхъухь цIыкIужьейр. Жьыбгъэ Iэубыдыпlэншэм кIэщI-кIэщIурэ игъэбырыб чэтэн зэхэдыжыхьар зыщхьэщыт кхъухь зэщIэскъыскъэр IэпапIэ закъуэу къыхолыдыкI уафэ къащхъуэ-фIыцIафэмрэ тенджыз гъуабжэ-щхъуантIафэмрэ щызэIусэ нэз уэрдыхъум.

Дыгъэм къигъэва я щхьэхэр адэ-мыдэкIэ езыдзэкI кхъухьзехуэхэр ней-нейуэ хуоплъэкI зи кIапэхэр Iэта чэтэн шэтырым зыщызыгъафIэ я унафэщIым. Алэрыбгъу теукъуеикIыжа цIыкIум зи лъакъуэхэр зэблэдзауэ тес тырку пэщэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ йокъу и жьэм хуихь бжьамий псыгъуэм, дыщэ вагъуэхэр зыхэгъэтIысхьа абдж наргъылэм (ка-

льян) ит псыр къигъэкъуалъэу. Пэщэр здэщысым адкIэIуэкIэ жьауэм щIэлъщ шухьэ пIащIэ шхыIэн папщIэу зытепIа цIыхухъу гуэри. Шухьэм къыщIощ щадыхьа фIэкIа умыщIэну лъахъстэн вакъэ фIыцIэхэр къызэкъузэкIа и лъакъуэхэр, и натIэ лъагэмрэ и пэ псыгъуэ кIыхьымрэ нэхъри гъур щIэхъукI нэкIу зэхэуар. Iупэ пIащIэхэр къыхэщ къудейщ и пащIэ тхъуам.

Абы и нэхэр мащIэу зэтехами, жей куум хэт хуэдэщ. Гугъуехьымрэ нэщIэбжьэ хьэлъэхэмрэ пасэу зэрагъэлымпIыжа напэм и дэтхэнэ лэдэхри гуауэ кIыхьхэм я нэпкъыжьэ жагъуэу абы къытощ. Тенджызым къызэрытехьэрэ лIыжьым зигъэхъеяуэ гу лъатакъым кхъухьзехуэхэм – кхъухь зэщIэскъыскъэм игъэш тхьэусыхэри, езыхэм я зэрызехьэ макъри къызэрыфIэIуэху щыIэкъым абы. «Тенджызыр езэгъыу къыщIэкIынкъым, – зэхъуцацэрт ахэр. – ЕшагъэнкIи мэхъу, уафэмрэ хымрэ я сурэт зызымыхъуэжыр имыужэгъуа уи гугъэ?»

Абы хэту, тутын ефэныр зэпигъэури, кхъухьыр зейм шухьэр зытепIам дежкIэ зриIуэнтIэкIащ, и Iэпэр кхъухьыр здэкIуэмкIэ ишийуэрэ:

– Плъэт, Аслъэн-бей!

ЛIыжьым хуэмурэ и нэхэр къызэтрихащ. Абы и нэ фIыцIэ пIащитIым занщIэу зрагъэхъуэжащ и нэкIум. Хъуэпсэгъуэ нур гуэрым къыдэхъуэпскIа а плъэкIэм напэ зэлъэжам гуауэм и Iэужьу къытена дыркъуэхэр тралъэщIыкIыжри псэ къыхагъэхьэжат. ЗытэлайкIэ ар гупсэхуу плъащ тырку пэщэм и Iэр здишия лъэныкъуэмкIэ. Аслъэн-бей и нэгу зэхэуар зэлъыIукIыурэ плъагъуу нэху къэхъурт. Асыхьэтым и Iэпкълъэпкъым малъхъэдису ирижа гуэрым Аслъэн-бей къызэщIиIэтащ, и тепIэн тIэкIур зытридзри тIэу пкIэгъуэкIэ ар кхъухьыпэм къыщыхутащ. Апхуэдэ лантIагъэрэ къарурэ лIыжьым къызэрыкъуэкIар яфIэтелъыджэу иджы абы кIэлъыплъырт кхъухьзехуэхэр. И щIыб къэгъэзауэ кхъухьыпэм тетым и ныбжьым хуумыгъэфэщэну и Iэпкълъэпкъыр зэрызэкIужым, ятIэхум къыхэгъэжыкIа хуэдэ къабзэу упса и щхьэм, иджыри зэрыкъарууфIэр къыбжиIэу шэщIа и пщэм еплъурэ тырку пэщэми игъэщIагъуэрт гъащIэ хьэлъэм къызэфIимыгъэщIа а «уэздыгъей уардэр».

И лъэнкIапIэм къытехьэу Аслъэн-бей къепхъухат тырку кIагуэ къуэлэн кIыхьыр. Иджы ар зэтекIуэтати, дыгъэ бзийхэр зытеджэгукI и цей хьэзырыбгъэр къыщIэщырт. Арат къозыгъащIэр Аслъэн-бей и гъусэхэм зэрамылъэпкъэгъур. IэщэкIэ апхуэдэу зи бгъэгур зыгъэщIэращIэ хабзэр кавказ цIыху уардэхэрщ.

Фэеплъ сыну кхъухьыпэм трагъэжыхьами ярейт Аслъэн-бей – мыхъейуэ абы тетт, илъагъум и нэр тенауэ.

Сыту пIэрэт апхуэдизу зытхьэкъуауэ лIыжьыр зэплъынкIэ хъунур? Хы нэз фIыцIэмрэ уафэ къащхъуэмрэ я зэхуаку къыдэува дыжьыныфэ ныбжьхэра? Абы и плъэкIэмкIэ хуэбгъэфащэ хъунут хы нэпкъ задэм е щхьэхынэу уафэ гъунэхэм щызеджадэ пшэ къетхъухахэм яIуплъэу. Ауэ гупсысэ пIейтеям Аслъэн-бей и нэгу къыщIигъэхьэр нэгъуэщIт: бгъэ плъэкIэу абы и нэ фIыцIэ пIащитIым къыхаубыдыкIат, кIуэтэху нэхъ псынщIэу къеуэ и гум зыхищIат илъэс куэдкIэ зыщIэбэга къурш лъагэхэмрэ мэз гъунапкъэншэхэмрэ я теплъэр.

Апхуэдэу мыхъейуэ куэдрэ тетащ ар кхъухьыпэм. Иджы абы къыфIэIуэхужтэкъым и щхьэ пцIанэр тезыжьыкI дыгъэ гуащIэри, и дежкIэ Iэ къащIурэ хъуэр псалъэхэр къезыутIыпщ кхъухьзехуэ-

хэм я  макъри. Абы илъагъури зыхищIэри зыт – нэхъ гъунэгъу хуэхъуху нэгъуэщI теплъэрэ плъыфэрэ зыгъуэт дыжьыныфэ ныбжьырат. Ныбжьыр хуэм-хуэмурэ зэкIэщIэкIри, абы къыхэщу хуежьащ къыр папцIэхэмрэ нэпкъ еупсыхахэмрэ – зи щыгур лъагэу зыIэт къуршхэм я лъапэр.

– Аслъэн-бей! – къеджащ абы зыгуэр. Жей куум хэтауэ къызэщыужа нэхъей, а макъыр щызэхихым, зыкърпигъэзэкIащ лIыжьым. Чэтэн пщыIэм щIэс тырку пэщэм и щхьэр ищIащ, Аслъэн-бей къыбгъэдыхьэну ириджэу. ФIэмыфIыщэурэ лIыжьыр пэщэм дежкIэ кIуэтащ икIи алэрыбгъум и кIапэм тетIысхьащ. ЗытэлайкIэ ахэр щыму щысащ, итIанэ тыркум къригъэжьащ:

– Аслъэн-бей, хуабжьу узэрыщIэлъэIуарщ укъыщIыздэсщтар. Ауэ... ахъшэ уимыIэми, Iуэхукъым, абы щхьэкIэ умыукIытэ, пщIэншэу уздэсшэжынщ.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, Мыхьмуд-бей, сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым уи жумартагъым, – жиIащ хуэму, ауэ хэкъузауэ лIыжьым.

Езыр зэрыхуейм хуэдэу псалъэмакъыр унэтIа щымыхъум, пэщэр увыIэжащ, лIыжьми къифIигъэкIаIакъым. Нэмэз щыгъэм пыбла мывэ цIыкIухэр зэригъэунтIэIуурэ пэщэр нэбгъузкIэ Аслъэн-бей къыхуеплъэкIырт, ар зэгупсысыр и нэгум къриджыкI хуэдэ. ИтIанэ къызыфIимыгъэIуэхуурэ къыжьэхидзащ:

– Дэри къурш диIэщ.

– Дауи.

Аслъэн-бей и Iупэхэр зэтежащ, пащэм и псалъэм пидзыжам ауану хэлъыр зэрынэхъыбэр къыбгуригъаIуэу. Мыхьмуд-бей ар зэхимыха зищIащ.

– Фэ езыхэм нэхъ къафщтэу ди деж фыкъэIэпхъуащ. Дэ фэ ди гъавэ щIапIэхэмкIэ, ди хъупIэхэмкIэ дывдэгуэшащ, ди къуэшу, ди динэгъуу фыкъедгъэблэгъащ.

– Алыхьым псапэрэ гуапэу къывитыжынщ къытхуэфщIа псори. Алыхьым и закъуэщ зыщIэр мобы хуэкIуэ гъуэгум сэ сыкъытезышар, – жиIащ Аслъэн-бей, къурш щхьэ хужьхэмкIэ и Iэр ищIурэ.

Тырку пащэм абы къыфIигъэкIакъым.

Аслъэн-бей и нитIыр аргуэру тедиящ уафэ къащхъуэ лъащIэм иджы IупщI дыдэу къыщIэува къуршхэм. Уеблэмэ абыхэм къахэщырт хы Iуфэм къеуалIэ ауз куухэр, ахэр щIэзыгъанэ мэз Iувымрэ мэкъупIэхэмрэ. Аслъэн-бей къыфIэщIырт мывэ идзмэ, псы Iуфэм хунэгъэсыну; гъэми щIыми шылэхъар удзыфэхэр къызэубгъуэха кипарисхэмрэ къуэрэдэрэ щхьэ баринэхэмрэ я щхъуантIагъэ тенджызым къахилъагъукIыу къыщыхъурт. Ауэ кхъухьыр иджыри зыкъомрэ есащ, хым занщIэу къыщхьэщыувэ нэпкъ задэм нэсын щхьэкIэ.

Адэ жыжьэу укъыщыплъэмэ, гу зылъумытэу щыта пэум и къуагъыр псыдыхьэ бгъуфIэу къыщIэкIат. Кхъухьыр абы щынэсам, дыгъэр къухьэжырт, и дыщэ бзийхэмкIэ хы щIыIур зэпилъэщIыхьыжурэ. Псыдыхьэм и ижьырабгъумкIэ екIуэкI нэпкъ кIыхьыр щхъуантIагъэм щIигъанэрт. МащIэу зиIэтурэ ар хыхьэжырт сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ зыщызыукъуэдий къуршхэм. А лъэныкъуэмкIэ псы Iуфэ дыдэм къыIут члисэм и щыгу удзыфэмрэ кхъуэщын унащхьэ плъыжьхэмрэ махэ хъуа дыгъэ бзийхэр теджэгукIырт.

– Новороссийск! – хэщэтыкIащ Мыхьмуд-бей.

ЛIыжьым и нэхэр къэхъуэпскIащ, и Iупэхэр нэхъри зэтрикъузащ,

езыгъэблагъэ къалэ цIыкIумкIэ и Iэр ишийуэрэ. Кхъухьыр мыпIащIэу хуэкIуэрт абы.

Дыгъэ къухьэжым шакъафэу ириIат ижьырабгъумкIэ псыдыхьэм къыщхьэщыт бгыхэр. Ауэ ари хуэм-хуэмурэ ужьыхыжри, зэхэуэу хуежьа пшапэм гъуабжафэу къахэувэжащ. Гъэмахуэ жэщ хуабэр псыдыхьэм къыщхьэщыхьэрт, дыщэ вагъуэ мелардхэр алэрыбгъу фIыцIэ щIыIум къыхигъэтIысхьэу.

Мэзыр псы Iуфэ дыдэм къыщеуалIэ щIыпIэм гъунэгъу щыхуэхъум, кхъухьыр къэувыIащ. Кхъуафэжьейр ирагъэжэхри, абы итIысхьащ Аслъэн-бейрэ хьэнцэхэр зыIыгъ зы щIалэрэ.

Кхъуафэжьейр псы Iуфэм зэресылIэу, абы къипкIри абдеж дыдэм къыщыт жыгеижьым зришэкIащ лIыжьым. Зыкъомрэ щытащ ар, и нэкIур жыгым ирикъузылIарэ пIалъэ кIыхькIэ зыщIэбэга мэ гуакIуэр кууэ зыжьэдишэу...

Апхуэдэ щIыкIэкIэ къигъэзэжащ шэрджэс лIыжьым – адыгэ лIыжьым – и лъахэм, и адэжьхэм я кхъэр здэщыIэм, и щIалэгъуэм епха гукъэкIыж IэфIхэмкIэ гъэнщIам. Мы бгыхэр зэгуэр джэрпэджэжу къыпэджэжу щытащ Аслъэн-бей и фоч уэ макъым, бий ерум ебгъэрыкIуэ и ныбжьэгъухэм я уэредадэм – абыхэм яхъумэрт я щхьэхуитыныгъэр, зи цIэр тхыдэм хыхьа мы къурш щIыналъэр.

Хамэр къакIуэри ахэр я лъахэм ирихуащ. ЗдэIэпхъуа щIыналъэм исхэр я динэгъухэрами, лIыжьым зы дакъикъи игу ихуакъым фIэкIуэда хэкур.

... Аслъэн-бей зыкъищIэжри къызэплъэкIащ, итIанэ и гуфIакIэм къыдихри зы зэкIуэцIылъ гуэр кхъуафэжьейм иридзащ. Тырку щIалэм фэ хъуржын хьэлъэ цIыкIур къищтэрэ еплъмэ... изыбзэу дыщэ ахъшэ илът.



* * *

ЛIыжьым ерагъыущ къызэрыхуэгъуэтыжар зэгуэр зыщыпсэуа къуажэм ухуэзышэж гъуэгур. Ар зэщIэкIэжат. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщыгуэуа бгым ар зэхуищIат, куэд щIауэ зэрабгынэжар къуагъащIэу удз лъэрыжэхэри мывэхэм я щыгум илъэджат. Иджы лIыжьым лъагъуэр пхиупщIыкIырт и къамэ жанымкIэ. Удз лъэнтхъуийхэм ар ялъахъэрт, хьэцыбанэ «дзэкъэрейхэм» и щыгъыныр яфыщIырт, ауэ а псор абы къызэрыфIэIуэху щыIэтэкъым.

КIэщI-кIэщIурэ ар уафэмкIэ дэплъейрт: къыщхьэщыт жыг щхьэкIэхэм пхрыплъурэ къырыщхьэ щIыхуфэр къилъыхъуэрт. А зэ Iуплъэгъуэм кърит гурыщIэ IэфIым абы къаруущIэ къыхилъхьэжырти, аргуэру къэкIыгъэ блыныр пхиупщIыкIыу ежьэжырт.

ИкIэм-икIэжым ар нэсащ а щыгум. Ауэ адэкIи абы къыпэплъэ гъуэгуанэр нэхъ хьэлъэжт. Иджы лъагъуэр щыхупIэм екIуэкIырт. Жэщ псом етIысэхакъым Аслъэн-бей: ар къагъэувыIакъым лъагъуэ зэщIэкIэжами, щIы зэгуэзахэми, мылыпс уэрхэми, ихъуреягъкIэ къыщыкъугъ хьэIуцыдз мэжэщIалIэхэми. Нэхущым ирихьэлIэу ар нэсащ щалъхуа къуажэм къыщхьэщыт Iуащхьэжьым и щыгум. Гъуэгуанэ хьэлъэм зи къарур щIиха Аслъэн-бей абдеж щехуэхри Iурихащ.

ЛIыжьыр къыщыушыжам, дыгъэр фIыуэ къыдэкIуэтеят. Ар ерагъкIэ къызэфIэтIысхьащ. БдзапцIэм хагъэжыхьам хуэдэу зэщIэIулIат и Iэпкълъэпкъыр. А здэщысым хуэмурэ щIыпIэр зэпиплъыхьу щIидзащ. Дэплъеймэ, мэз Iувым щIигъанэ Iуащхьэхэм зыр адрейм

къыщхьэщытыжу заIэтырт. Ахэр иухыжырт уафэ нэзыр щIэзылъэщIыкI мывэ къыр абрагъуэхэм ящхьэщыгъэтIысхьэжа таж хужьыбзэхэмкIэ.

Еплъыхмэ, нэм къиплъыхьыр мэзщ, къуршыпс уэрхэм даха къуэкIий куущ, я лъащIэхэр мывэ абрагъуэхэмрэ пхъэ ентIырыжьхэмкIэ сеяуэ. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ псы Iуфэхэм къаIуохутэ алэрыбгъу удзыфэ шэщIахэр – я гъавэ щIапIэу щытахэр. ЛIыжьым псори гупсэхуу зэпиплъыхьырт.

Зэгуэр мы Iуащхьэхэр, мы аузхэр и хэщIапIэу щыташ Аслъэн-бей и лъэпкъ уардэм. Мыбы щаухуэрт цIыхухэм я мывэ абгъуэхэр, мыбы фоч уэ макъхэр щхьэщытт, шууей хъыжьэхэм я шы лъэгум щIыгур къыщыдэпсалъэрт, хъушэ бжыгъэншэхэр щыбагъуэрт, гъавэм игъэхыщIэ выгухэр щызекIуэрт, щхьэхуитыныгъэм и уэрэдхэр щыжаIэрт; гуэгуэнхэр я дамэм тету пщащэ тхьэIухудхэр и псыхъуэм къыдыхьэрт.

Иджы-щэ? Нэм къиплъыхьыр мэзщ. Пхъэмбеифэ къызытеуа мы щIылъэ абрагъуэм псэ зыIут ущрихьэлIэркъым. ЗыщIыпIи щыплъагъуркъым мэз нэзыншэм къыхэкI Iугъуэ щхъуэш тIэкIуи. ЦIыху псалъэмакъи, хьэ банэ макъи... уи тхьэкIумэм къиIуэркъым мэзауэхэм ягъабзэ уэщхэм я Iэуэлъауи. Зи хуэдэ щымыIэ дахагъэм и кхъэлъахэ... и даущыншагъым шынагъуэу уи гущIэм зыкъыдигъазэу.



Гукъыдэжыншэу, и щхьэр хьэлъэу ириIуэнтIэкIыурэ зэпеплъыхь адыгэ лIыжьым и лъахэр. Чыцэхэм ячэтхъа тырку кIагуэ дытар куэд щIащ абы зэрызыщидзыжрэ. Иджы щытщ ар, шэхэр зи бгъэгум къеблэкIа цей морэр щыгъыу: хуэфIыпсщ зи лъапщэ кIыхьхэр цей къуащIэм щIихъумэ лъахъстэн вакъэ хужьыпсри; и пыIэм щэкI удзыфэ пычахуэр къешэкIащ; и бгыр щIэкъузащ адыгэ къамэрэ сэшхуэрэ зыкIэрыщIа дыжьын бгырыпхкIэ; и плIэм идзащ фэ зэгъэдзэкIам къыхэщIыкIа хъуржын кIыхь къэуалыр зэрылъыр; и дамэ ижьым фIэлъщ щIакIуэ фIыцIэр.

Зыкъомрэ апхуэдэу хэгупсысыхьауэ щытри, и гъуэгу хигъэщIу ежьэжащ лIыжьыр. Иджы жыжьэжкъым ари, моуэ уIэбэмэ, зи щхьэщыгум уиIэбэну къыпщыхъу Iуащхьэжьым къыкIэрысщ и къуажэр.

Ауэ мыгурыIуэгъуэр абы ухуэзышэ лъагъуэр зэрыщымыIэжырщ. ЩIыпIэр щIагъанэ жыгей, кIей, тхуей, дей, блашэ жыг абрагъуэхэм; дыгъапIэ джабэ нэкIухэр яуфэбгъуащ мэракIуапцIэхэр къызэшэкIа пыжьей, хьэцыбаней гуэрэнхэм. Къат-къату, зыр адрейм къыщхьэщыту, къэкIыгъэхэм я дуней телъыджэм нэр здынэплъысым зыщаукъуэдий. Удз дэжейхэмрэ жыг, чыцэ къудамэхэмрэ апхуэдизкIэ быдэу зэрыубыдащи, уапхрыкIыфыркъым; уешауэ удэплъеямэ, хъумбылей тхьэмпабгъуэхэмрэ мэз жызумейхэмрэ я тыгъэ телъыджэхэмкIэ жумарту зыкъыпхуаший. Уеплъыхмэ, тхьэгъуш плъыжьыбзэхэр зыпыбла шэщIыдэр удз Iувымрэ мэзбзий Iэбапхъэмрэ къахолыдыкI.

Аслъэн-бей тенджызым хуэдэу уфафэ къэкIыгъэм хэплъэурэ мащIэу хэщэIукIащ икIи, и къамэр кърихри, адэкIэ лъагъуэ пхищIыкIыу хуежьэжащ.

ЛIыжьым и къарур зэрыкIуэщIыр зэуэ зыхищIащ, ауэ къэувыIэркъым. ИкIэм-икIэжым ар нэсащ къуацэ-чыцэу зэщIэкIэжа и пщIантIэм, унэм. Ар удз лъэрыжэхэм зэщIащтэжат, блын зэгуэзахэм адэ-мыдэкIэ удз ежьужьхэр къыдэплъырт. Мывэ дэкIуеипIэри лъэныкъуэкIэ ещIат; ихъуреягъкIэ псэ зыпыт щыдымыртэкъым, зыпэмыплъа хьэщIэр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ дэкIуеипIэ къуагъым къыкъуэплъ шындырхъуо удзыфэ цIыкIум къищынэмыщIа.

ЛIыжьыр дэкIуеипIэм тетIысхьэри къемыдэIуэжу сыс и IэхэмкIэ и щхьэр фIиубыдыкIыжащ.

ГущIэм зыкъыдэзыгъазэ абы и щэIу макъыр зэхэзыха щыIэкъым.

* * *

ЩIыпIэ пхыдза гуэрым щыIауэ Новороссийск къэкIуэжа алыдж лIыжьым къалэ псор къызэщIиIэтащ, бгыхэм адыгэхэм къыщакIухьу жиIэри. Тхьэ щиIуэжырт езым и нитIкIэ абыхэм ящыщ зы илъэгъуауэ.

Алыджым игъэхъыбарыжт: Iуащхьэжь гуэрым къыщыщхьэдэхыжым псыхуэлIэ Iей къыхуэкIуат. Арати, адыгэхэм псынэ куэд яIауэ къызэрыжраIар игу къэкIыжри абыхэм ящыщ къилъыхъуэу хуежьащ. Псынэм пэмыжыжьэу лъагъуэ пхрышагъащIэм Iууащ. Абы теувэри, унэ ныкъуэкъутэ гуэрым иришэлIащ. ДэкIуеипIэм кIэрыгъэщIауэ щылът лIыжь гуэр, и пащIэ-жьакIэр хужьыпсу тхъуауэ. Ар зэрыадыгэр и нэкIумкIэ, и щыгъынымкIэ къапщIэрт. Адыгэ лIыжьым и псэр хэкIат, и Iэм къамэр IэщIэлъу. Абы зэрыIуплъэу, къигъэкIэрахъуэри, къокIуэкъолъей...

Алыдж лIыжьым къиIуэтэжхэм едэIуа къэзакъым псалъэмакъым къыпищащ:

– Хэт ищIэрэ, а лIыжьым и закъуэу къыщIэкIынщ а щIыпIэм адыгэу узыщрихьэлIэнури. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ абыхэм я лIыжьхэр Тыркум къикIыжурэ къокIуэж.

– Сыт щхьэкIэ? – щIэупщIащ нэгъуэщI зыгуэри.

– Зи щхьэкIэр сщIэрэ сэ?! Емынэми таломи ищIэнкъым ар зи щхьэкIэр!.. ЖаIэ ахэр щрагъэкIым щыгъуэ хъугъуэфIыгъуэ куэд адэмыдэкIэ щыщIатIауэ, щIэх къагъэзэжыну гугъэхэу. Иджы абыхэм къакIэлъыкIуэу къыщIэкIынщ. Сэ сызэрегупсысымкIэ, арагъэнущ щхьэусыгъуэри...

Ауэ урысыдзэм и унафэщIхэр нэгъуэщIут а Iуэхум зэреплъыр, икIи абыхэм IэщэкIэ зэщIэузэда зауэлI гупышхуэ бгыщхьэм ягъэкIуащ.

Алыдж къэрабгъэм илъэгъуа дыдэрщ къэзакъ зауэлIхэри зыIууар: адыгэ лIыжьыр и унэ дэкIуеипIэм телът, алыджым къызэриIуэтэжа дыдэм хуэдэу, цы кIыхь зытет и щIакIуэр къешэкIарэ и къамэр и Iэм IэщIэлъу. Абы и пыIэр лъэныкъуабэ хъуауэ, и щхьэ упсагъащIэр къыщIэщырт.

Къэзакъ гуэр лъакъуэкIэ еIунщIащ хьэдэм. «ШейтIан бацэр» (апхуэдэущ къэзакъхэр бгырыс зыкъэзыIэтахэм зэреджэр) хьеякъым.

... Адыгэр и лъапсэжьым къэкIуэжат, и псэр абдеж щыщинэну.

*ЗэзыдзэкIар* **ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэщ**

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

## КАВКАЗ ЗАУЭМ ХЭКIУЭДА АДЫГЭХЭМ

**Ди шыпхъухэ, дядэ-анэхэ, ди къуэшхэ,**
**ЩIы фIыцIэр жэнэт пщIащэ зыхуэхъун,**
**Насыпыр лъэпкъ къабзагъэкIэ ягуэштэм,**
**ЩымыIэт хьэрхуэрэгъу фэ къыфхуэхъун.**
**Фи лIыгъэкIэ фэ псоми фраплъапIэт,**
**Фи хабзэкIэ Кавказым фрищIыхьт,**
**Фи Хэкум къизышием зэ и лъапэ**
**Къыщыхъурт илъэгъуахэр жэнэт пщIыхь.**
**АрщхьэкIэ пцIыр здэуэркъ мы дунеижьу,**
**Здэмысэу хейхэр, мысэхэр здэхейм,**
**Лъыпсае зауэм къыфхукъуэури и жьыр,**
**ИщIащ фи натIэ щыIэм я нэхъейр:**
**Иныкъуэр фикIуэдащ зэуапIэ губгъуэм,**
**Иныкъуэр гъеймрэ узымрэ фихьащ.**
**Абыхэм къащIэнар ищхъэрэ жьыбгъэм**
**Зэрыдунейуэ дыщрикъухьащ.**
**Дэ дыпсэухукIэ дгъэлъэпIэнущ фи цIэр,**
**ФлъэкIащи фи псэ къабзэхэр щIэфтын**
**КъарукIэ къывэбэкI хамэдзэ фIыцIэм**
**Лъэпкъ щIыхьыр имыщIыным лъэгущIэтын.**

* * *

**Лъэпкъ щIыхьым зи псэр шэпэIудз хуэзыщIу,**
**ЯукIыхункIэ бийм хуимыкIуэтахэм,**
**Хьэжрэту мыжурэпэм ирихужьэу,**
**ИстамбылакIуэ гъуэгум текIуэдахэм**

**Щана псэ нэхухэм я фэеплъэщ мы сынри,**
**Адыгэ, зэтеувыIи хуэгумэщI…**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## ТЕНДЖЫЗ ФIЫЦIЭМ

**СыIутщ уи Iуфэм**
**ПыIэр щхьэрысхауэ,**
**Си тенджыз ФIыцIэ,**
**Си гуауэ фIыцIэ,**
**Си ухыгъэ фIыцIэ…**

**Уэ уоIущащэ,**
**Уогурым,**
**УохъущIэ.**
**Езэш имыщIэу, хышхуэ,**
**БгъэIу уи макъым**
**Уэ къыпщIэдэIухэм дежкIэ**
**КъыхэIукIыр**
**Я гущIэм илъырщ,**
**Я гум нэхъ къепIэскIурщ.**

**Мес лIыжь жьакIэху,**
**Псалъэншэу ар къодэIу.**
**Сыт абы жиIэр?**
**Зэхэзмыхми — сощIэ:**
**Гъитху ныбжьым иту,**
**Уэсэпсыр иутэу**
**УдзыпцIэм хэту**
**Чышыр егъэджэгу.**

**Дадэм фызабэ**
**Къыбгъэдэтри щымщ,**
**И нитIым хитI щызеуэу.**
**Уэ уи макъыр**

**Зэгуэр псалъэфІу щыІэр**
**Къезыпэсу**
**Щытам и макъыр ару**
**ЗывегъэщІ.**
**Мо щІалэ цІыкІури,**
**И нэ топхэр къихуу,**
**Уэ къоплъ,**
**КъодэІу,**
**Ар пщІауэ гугъэ нэІу.**
**Гугъэ ептари**
**Уэ пхуэдизу инщи,**
**КъэкІуэну махуэм**
**И уэрэд егъэІу.**

**...Сэ-щэ?**
**Бгырысу, Іуащхьэмахуэ лъапэ**
**КъикІам зэхэсхыр сыт**
**Уэ сыщодэІум?**
**Сэ уи макъ жьыуэр**
**Шы лъэ макъ къысфІощІыр.**
**Уи толъкъун-сокухэр**
**ЩІихуу жьым солъагъу...**



**Си тенджыз ФІыцІэ,**
**Си ухыгъэ фІыцІэ,**
**Си гуауэ фІыцІэ...**
**Илъэс куэд блэкІащ,**
**Блэжащ псы Іэджэ**
**Къызэрыхъурэ мыр:**
**Молэхэм къагъэпцІауэ,**
**Пащтыхьым ифыщІауэ**
**Си лъэпкъ и бынхэм**
**ЯщІ мурад техьэну**
**Нэхъ лъагъуэ фІыцІэу щыІэм,**
**Нэхъ гъуэгу шынагъуэу щыІэм,**
**ХамэщІ хуэзышэ,**
**Хамэ гъащІэ кІуэм...**

Хуеят уэ укъилъын,
Хуеят уэ угубжьын,
Мо пшэжьхэр къебджэу
Къэбгъэхъун борэн,
Толъкъун губжьар топышэу
Нэпкъ лъагэм жьэхэбдзэн, –
Щыуахэр гъуэгуу
Къыпщымыгугъыну,
Къыпщымышынэу
КъомыкIуэлIэфыну.

Уэ-щэ?
Ди Iуащхьэмахуэ,
Ди Тэрчыжьым
Я бынхэм я лъэм
КъыщIэбдзащ уи тхыцIэр, –
Шы къарэ тесу
Тенджыз ФIыцIэм тету
Ухыгъэ фIыцIэм
Ахэр пепшэжьащ...
Абы я гурым макъыр,
Шы лъэ макъыр –
Нобэр къыздэсым
Я тхьэкIумэм итщ
Ди Кавказ бгыжьхэм.

Ей, си гуауэ фIыцIэ,
Си тенджыз ФIыцIэ,
Си ухыгъэ фIыцIэ!

...Жьыбгъэр ешауэ
Кара-Даг докIыжыр,
Арыххэу жэщыр
Кара-Даг къыдокI.
Фызэхохьэж фэ тIури –
Хыри кIыфIри –

**Фохъу зэIэпэгъуи**
**ЗанщIэу нэф сывощI.**

**Уи Iуфэм Iута дадэр**
**Бзэхыжащ.**
**КIуэжащ фызабэр,**
**ЩIалэ цIыкIури щIыгъуу.**
**Сыщысщ си закъуэ...**
**Уэ зыбоущэхужыр –**
**Мэхъу шы лъэ макъыр**
**КIуэхукIэ нэхъ спэIэщIэ...**

**Сэ соджэ жэхэм,**
**Ауэ сызэхахкъым –**
**ЩIихьауэ мажэ.**
**Мажэ,**
**Мажэ,**
**Мажэ...**



**Си тенджыз ФIыцIэ,**
**Ей, си гуауэ фIыцIэ!**
**Ухыгъэ фIыцIэ...**
**СфIэпщIащ си гур абгъуэ!**

БИЦУ Анатолэ

ИСТАМБЫЛ

**Сыдэтащ сэ уэ уи уэрам зэвхэм,**
**Уи мэжджыт Iэтахэм сыщIэтащ.**
**Сынэщхъейуэ уэ уи тенджыз Iуфи**
**Си нэр плъызу куэдрэ сыIутащ.**

**Ауэ сытым щыгъуи, Истамбыл,**
**Зы гупсысэщ си гум имыкIар сэ:**

5 Заказ № 129

**Си къуэш дапщэ, къыстепхауэ бзаджэу,**
**Нобэм къэс щыбгъэпщкӀурэ уэ мыбы!**

**Сэ слъэгъуащ абыхэм я псэукӀэр –**
**Я фэм дэкӀыр абыхэм слъэгъуащ.**
**Дунейм тетыр пхъуэж мыхъуну зыкӀи**
**Хэкуу зэрыщытыр си фӀэщ хъуащ.**

**ЩӀэтыжынщ си нэгу сэ куэдрэ, сощӀэ,**
**Си пщӀыхьэпӀи куэдрэ хэтыжынщ**
**КъысхуэкӀуахэр, я нэпсхэр ялъэщӀу,**
**ЖаӀэу: «Ди хэкужь къикӀа тлъагъунщ».**

**КъакӀуэрт ахэр нэхущым, жэщыбгым,**
**КъакӀуэрт щӀалэр, къакӀуэрт лӀыжь щхьэ тхъуар…**
**ХамэщӀ ису апхуэдиз адыгэ**
**ПхуэмыщӀын и фӀэщ, зымылъэгъуам.**



**Истамбыл, сэ нобэ сурихьэщӀэщ.**
**Ауэ къысхуэпщӀахэр сэ бысым**
**УэркӀэ зэрыхьэщӀэр илъэсипщӀу**
**Ӏэджэ хъуауэ пщӀэжрэ уэ езым?**

**Яужэгъуат зауае кӀыхь—лъэпкъ ухыр,**
**ЗыхуащӀыну нежьат Тхьэм гъунэгъу…**
**Ауэ Тхьэ гущӀэгъуи ямылъагъу –**
**Ягъеижу я щхьэ исщ уи лъахэм.**

**Исщ уи лъахэм, ялъэмыкӀыу, ахэр**
**Къэхъужыфкъым хуити – я гур мэгъу…**
**Истамбыл, уэ уи мэжджыт Ӏэтахэр**
**Ӏуащхьэмахуэ ахэм яхуэмыхъу!**

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас

## АДЫГЭ УСИТI

### I

**Уэ уадыгэщ дэнэ ущымыIэми,**
**Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми,**

**Уэ уадыгэщи – уи лъахэмкIэ еплъэкI,**
**ЕплъэкIи хуэщIэ къыумыгъанэу плъэкI.**

**Уэ уадыгэщ, зи гур уз уи лъапсэм**
**И теплъэм дэнэ къикIри зрегъэхъуапсэ,**
**Къехъуапсэм ищIэркъым ди щIыр зыщIыр пшэр:**
**Лъы ящIэтарщ дядэжь, зытахэм псэр.**



**Уэ уадыгэщ, Ермоловым, щIыгъуахэм**
**Щысхьрабгъу ямыIэу зи лъыр ягъэгъуахэм**
**УраIыхьлы-лыджанэщ, улIэужьщ,**
**Упсэуухункiэ ахэри псэунщ.**

**Лъы защIэщ, гуауэщ адыгэм диIэр тхыдэу,**
**Нэхъ мащIэу дефэу, нэхъ мащIэури дышхыдэу,**
**ЗыкъэзыщIэж  ди лъэпкъым хуэщхьэпэн**
**Хуэдлэжьмэ, хэкум псэуэ къыхэнэнщ.**

### II

**Ди къуэпсыр куущ, ди тхыдэри лъы защIэщ,**
**КъэткIуа гъуэгуанэм къытхинэжари мащIэщ,**
**ИтIани псэуныгъэ – мурад гуащIэр**
**Адыгэ хэкум ену хуэлэжьэху,**

**Уэрэду, щIакхъуэ Iыхьэу, гъатхэ псыпэу,**
**ЩIэныгъэм ич лъэбакъуэу е псэупIэу,**

**Сабий щыгъыныр зыгъэбыдэ дыпIэу**
**Ди шэрджэс гъащIэм ныхэтлъхьэхукIэ Iуэху,**

**Хьэршым кIуэжахэм я псэр нэхъ зэгъэнущ,**
**Къызыхуеплъых ди гъащIэр нэхъ гъэгъэнущ,**
**Псэум ди къалэн тэмэмри арагъэнущ,**
**Дехуэхыу — ди псэр хьэршым изэгъэху.**

## АДЭШХУЭ

**Си адэм ядэм и адэж**
**ЛIы ябгэр куэдрэ къызоджэж:**

**«Угубзыгъащэ? УщыкIа?**
**Уи къуэпсхэр пщэжу — уисыкIа?**

**ЗыкъыпфIэщIыжрэ? Уеджэща?**
**Уадэмыхъужрэ? Уезэша?»**



**Си адэм ядэм и адэж**
**ЛIы пагэр ткIийуэ къызоджэж:**

**«Ядэхъу, ядэжэ, дэни нэс,**
**ИтIани умыгъэгъу уи къуэпс.**

**Уи къуэпсыр зэ пыбупщIыжам,**
**Уэ къыпщIэжынур къыпщIэжащ.**

**ЗэпщIэжыфынур зэпщIэжащ,**
**УщIэпсэунур щIэптIэжащ».**

**И нэ бзаджитIыр пщтыру къоплъ,**
**Сэ тIэкIу дзыхьмыщIу къысхукъуоплъ.**

**И къамэр фIыцIэщ, и дзэр хужьщ,**
**И пыIэр къуацэщ, и нэр плъыжьщ.**

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *

**Си нанэу си нанэ дыщэ,**
**СыщIалэу си фэр мэкIуэд.**
**Гупсысэу сыхэзыгъащIэр**
**Сщхьэщихрэ псэм къедэхащIэу,**
**КъызжеIэт, кхъыIэ, уэрэд.**

**Си лъэпкъыу сэ си лъэпкъ мащIэм**
**И блэкIа гъащIэр гуузт.**
**Бий куэдым куэдрэ яфыщIми,**
**И лIыгъэм яхухэмыщIу,**
**И джатэ Iэпщэр ихузт.**

**Залымыгъэу залымыгъэ бзаджэт,**
**Схуегъэхкъым тэмакъым ар:**
**Сабийхэр балигъхэм еджэу,**
**Балигъхэр макъкIэ зэщыджэу**
**Я лъахэм зэрырашар.**

**СпэIэщIэу псэу си лъэпкъэгъухэр**
**ХэмыкIыу сохьыр си пщIыхь.**
**ХамэщIыр хэку зэрымыхъур**
**КъиIуатэу я нэпс шыугъэм,**
**Хэтщ ноби ахэр бэлыхь.**

**Си Хэку и дыгъэр гуапащэщ,**
**ЩымыIэ фIыгъуэу зыпэсщI,**
**ИтIани сехьыр гухэщIым:**
**Адыгэр щIым щыхэпхъащи,**
**Хэпхъауэ шэпхъ си гум сфIощI.**

**А псом нэмыщIкIи си лъахэм**
**Анэдэлъхубзэр щокIуэщI.**
**КIуэдыжмэ си адыгэбзэр,**

**Хэкӏынущ си адыгэпсэр –**
**Лъэпкъ бзэншэм и гъащӏэр кӏэщӏщ.**

**Си нанэу си нанэ дыщэ,**
**Си сабиигъуэр зи куэщӏ,**
**Уэрэдым уэрэд схупыпщэу,**
**Фӏыр текӏуэу ем хьэкъ къысщыпщӏу,**
**Сощӏэжыр, нэхухэр здэбгъэщт.**

**Дахащэу си адыгэбзэр**
**Макъ щэхукӏэ ноби схуэшэщӏ.**
**Щхьэщыпхыу бэлыхьхэр си псэм,**
**Плъэщӏыжу къысфӏекӏуэ нэпсхэр,**
**Уи куэщӏым щхьэр щезгъэгъэщӏ.**

**Уэрэд къыхэбдзэм, си нанэ,**
**Хъурт фӏыуэ щыӏэр си фӏэщ.**
**Си лъэпкъым зыкъищӏэжыну,**
**И щӏыхьыр иӏыгъыжыну**
**Гугъэ ӏэфӏыщэ сыгъэщӏ.**



ТӀЭШ Хьэмид

## ӀУАЩХЬЭМАХУЭ

**Ӏуащхьэмахуэ уэсу телъым**
**Жэщи махуи нэпсыр щӏож.**
**Щӏым и бынхэр щикъухьащи,**
**Магъыр ар, имыщӏэу еш.**

**Адэжь Хэкум нобэ исыр**
**Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.**
**Димыягъэу, димылажьэу**
**Дыфпэӏэщӏэщ – къытхуэвгъэгъу.**

**Ӏуащхьэмахуэ дымылъагъуми,**
**Я нэхъ дахэу щӏэтщ ди нэгу.**

**Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,**
**Дрогушхуэ – ар ди хэкущ.**

**Ди анэ дахэу ди Хэкужь,**
**Ди нэхъыжьхэр димыIэж.**
**Хамэ щIыпIэм дыкъыумынэу,**
**Дурибынкъэ – дынэшэж.**

**Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр**
**Дымылъагъуурэ долIэж.**
**Ди адэр лIами, ди анэр псэукъэ?!**
**ЦIыкIуи ини дывгъэкIуэж.**

**ЛIы зыукIым и бэлыхьыр**
**Илъэс бжыгъэкIэ еух.**
**Мыухыжу ттелъ бэлыхьым**
**Дигу хегъэщIыр, лъэр тфIыщIех.**



**Лыуэ ттелъыр дыдымеймы,**
**Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ...**
**Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,**
**Адэжь лъахэу Къэбэрдей!**

*Сирие*

## ХЪУНЭГУ Надия

### ХЭКУМ ПЭIЭЩIЭМ И УЭРЭД

**Сэ сыхэхэсщ –**
**ЩIэкIащ хэкужьыр нэгум,**
**Ауэ сыт щыгъуи**
**Лъахэм псэр хуозэш.**
**ЛIэщIыгъуэ кIуам,**
**Тхьэгъуш хуэхъуауэ си гур,**
**ГуфIэгъуи гуауи**
**Абы хузогуэш.**

**Жьыбгъэ унэншэ закъуэрщ**
**Си ныбжьэгъур,**
**Нэрымылъагъуми –**
**Сэщхьу ар нэщхъейщ.**
**Зэщыджэу къыздехь жьым**
**Гъащlэ гугъусыгъур,**
**Дызэподжэж –**
**Пlалъэншэу дыпlейтейщ.**
**Жьыр гъуэгу техьамэ –**
**Сэри зызоlэтыр;**
**Хьэпщlэууэ ари**
**Къызбгъэдоувэж, –**
**Дызэlэпэгъуущ зеиншэ**
**Тхьэмыщкlитlыр, –**
**Дыщалъхуа унэр**
**Дэ къыдолъыхъуэж.**

*Иордание*



КЪАЗБЭЧ Самихь

## ТХЬЭМЫЩКIАГЪЭЩ

**Хэхэсыныр тхьэмыщкlагъэщ,**
**Бзэмыlуныр нэхъыкlэжщ.**
**Къылъысащи а мыгъуагъэр,**
**Кlыфlщ хьэжрэтым и дунейр.**
**Ди адэжьхэр къуущхьэхъу шухэт,**
**Я тlысыпlэр бланэ хэкут.**
**Хамэ лъахэр шыгъу мышыути,**
**Гу лъыстакъым сигъэткlуху.**
**Си пщlыхьэпlэр адэжь хэкущи,**
**Си гуращэр удзу щокl.**
**Тхьэмыщкlагъэр бжьыхьэ уэгущи,**
**Къешхыр нэпсу къызобэкl.**
**Щыкъухьэжкlэ къуршхэм дыгъэр,**
**Жьыбгъэ пхъашэм сеутхыпщl.**
**Сигу зыгъэфlыр зыщ – усыгъэщ,**
**Адрей псомкlи сыlэгу нэщlщ.**

АНСЫКЪУЭ Зулфикъар

## СИ САБИИГЪУЭМ И УЭРЭД

**Си гуапэщ жэщ къэсыху слъагъуну пщIыхь, —**
**А пщIыхьхэм хэту щытмэ Къэбэрдейр.**
**КъысфIокIри си бгъэм, си гум къелъэтыхь.**
**КIуэжынт, лъэкIамэ, си хэкужь пщэдей.**

**Каир, Дамаск, Амман сэ сыщыдэткIи**
**ЩызгъафIэр си гупсысэхэм уэращ.**
**А къалэхэр щрырет фIы дыдэу хэткIи —**
**Хэхэсу гъащIэр ахэм сэ щысхьащ.**

**Сэ Истамбыл бэзэрым сфIэфIщ сыкIуэну —**
**Щызэхызох абы «ФIэхъус апщийр».**
**Апхуэдэм деж си нэпсхэр къысфIекIуэну**
**Хьэзыр  сыкъохъу, сыхуэдэу сэ сабийм.**

**«Упсэу апщий!» — стыжамэ сэ жэуапыр,**
**Си адыгагъэм си щхьэр сегъэIэт.**
**Хэкужь къикIахэм сокъуз я Iэр гуапэу,**
**ЗащызмыгъэнщIу куэдрэ сабгъэдэтщ.**

**Апхуэдэм деж Босфорым техьэ пшагъуэм**
**Полъэщыр си гум дыгъэ къыщепсар.**
**Сыпхоплъри пшагъуэм, сэ солъагъу си вагъуэр —**
**Си Iуащхьэмахуэ щыгу щызэщIэнар.**

**Си сабиигъуэм и уэрэд мыр хъуауэ,**
**Къыздызохьэк1  сIурылъу: «Къэбэрдей,**
**Си дуней, си дуней…» Тхьэр къызэхъуэхъуауэ**
**УзиIэщ уэ, бгъэнэхуу си пщэдейр!**

*Тырку*

ХЪАН Исмэхьил

## ДЫНЭКIУЭЖЫНУЩ ХЭКУЖЬЫМ

**Сымыпсэужу жаIэми,**
**СыкIуэдыпауэ хахьэми,**
**Гъусэ сиIэнущ – зэвгъащIэ,**
**Къысхуагъэдахэу гъащIэр.**
**Бзэ зимыIэж бзэншэхэр,**
**ЦIэ зимыIэж цIэншэхэр**
**Си гъусэу сынэкIуэжынущ –**
**Ди лъэпкъыр лъэрыхь хъужынущ.**
**ЩIэрыщIэу сэ фхуэстхыжынущ**
**Хэхэсым и тхыдэ жагъуэр,**
**Ди бынхэми яIуэтэжынущ,**
**Я нэм текIынущи пшагъуэр.**
**СылIауэ сэ зыгъэIуахэм**
**ИрыращIэ, укIытэжынущ.**
**Гум телъа дыркъуэр мыкIыжурэ**
**Лъахэм и дыркъуэр кIыжынущ.**
**ДынэкIуэжынущ щхьэхуиту,**
**Адэжь бэракъыр тщхьэщыту,**
**Мы ди псэр илъу зы чысэ,**
**И дыгъэр лъахэм къыттепсэу.**



# АДЫГЭ НЫП



1830 гъэм Шэрджэсым къэкIуащ инджылыз дипломат Спенсер Дэвид. Зауэ кърващIылIауэ бэлыхь хагъэт адыгэхэм къащхьэщыжын щхьэкIэт ар Кавказым къыщIэкIуар. Шэрджэсым и нэгу щыщIэкIамрэ и гукъэкIыжхэмрэ иту абы Лондон тхылъ къыщыдигъэкIащ. А тхылъыр бзэ зыбжанэкIэ зэрадзэкIри дуней псом щызэбгрыкIащ. Абы итщ вагъуэ пщыкIутIрэ шабзэшищрэ зыхэщIыхьа адыгэ ныпым и сурэт. КъызэралъытэмкIэ, ныпыр зыщIар Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэм и секретарь Уркарт Дэвидщ.

Уркарт Дэвид Шэрджэсым куэдрэ къэкIуащ, кууэ щыгъуазэ зищIащ адыгэхэм я хабзэхэм, я псэукIэм, я дуней тетыкIэм, зэрыхузэфIэкIкIэ абыхэм къадэIэпыкъуащ, Iэщэ, гын къахуишэурэ.

Ныпым вагъуэ пщыкIутI щIыхэщIыхьам щхьэусыгъуэ иIэт; Уркарт щыгъуазэт адыгэхэр лъэпкъ пщыкIутI зэрыхъум: абазэхэхэр, беслъэнейхэр, бжьэдыгъухэр, жанейхэр, кIэмыргуейхэр, къэбэрдейхэр, мамхэгъхэр, мэхъуэшхэр, натхъуэджхэр, убыххэр, хьэтыкъуейхэр, шапсыгъхэр. Къэбэрдейхэм нэмыщI, адрей лъэпкъхэм кIахэ адыгэкIэ йоджэ.

КIахэ адыгэхэр Псыжьрэ хы Iуфэмрэ я зэхуаку дэсащ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щытащ. Къэбэрдейхэм я щIыналъэр Лабэ къыщыщIэдзауэ Сунжэ псым и сэмэгурабгъу Iуфэм нэсырт, адэкIэ Каспий тенджызым нэс зиукъуэдийрт (Тэрч хым щыхэхуэжым деж щыпсэуащ къэбэрдей дзэпщ цIэрыIуэ Сэнджэлей, «Сэнджэлеишхуэурэ дзэшхуэр зезышэ» зыхужаIар).

Адыгэ ныпым зэблэдзауэ шабзэшищ щIыхащIыхьар адыгэ лъэпкъхэр зэрыубыдын, зэрыIыгъын зэрыхуейрщ.

# АДЫГЭ ЛЪЭПКЪХЭР

## Абазэхэхэр

Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, абазэхэхэм я бжыгъэр мин 300-м нэблагъэу щытащ Кавказ зауэм и зэманым. Ахэр Іусащ Лабэ, Псеикъуэпс, Пшиш, Пшехэ псы Іуфэхэм, шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ я гъунэгъуу. Зауэр увыІэху, Іэщэр ягъэтІылъакъым, хэкумрэ лъэпкъымрэ я хуитыныгъэм щІэзэуащ. Кавказ зауэр увыІа нэужь, я лъахэр ябгынэн хуей хъуащ. Кавказым къинэжар зы абазэхэ жылэ закъуэщ.

## Беслъэнейхэр

Беслъэнейхэр къэбэрдей лъэпкъщ. Къэбэрдейхэр къыщыІэпхъуэм беслъэнейхэм я лъахэр ябгынэн ядакъым, я пІэ къинэжащ. Кавказ зауэм лъапсэрыхыр зыхуигъэкІуа адыгэ лъэпкъхэм ящыщщ беслъэнейхэр. Ахэр дэсащ Краснодар крайм хыхьэ Беслъэней, ВакІуэжылэ, Кургъуокъуей, Къанокъуей жылэхэм, я анэдэлъхубзэр къэбэрдей адыгэбзэм и диалектщ. Я псэупІэу щытар Лабэ, Хуэдз псы Іуфэхэрщ.

## Бжьэдыгъухэр

Бжьэдыгъухэм я лъапсэр хы Іуфэм – ТІуапсэ деж – къыщыщІедзэ. Бгым къыщхьэдэхри абыхэм Псыжь тафэр псэупІэ ящІауэ щытащ. Бжьэдыгъухэр лъэпкъитІ мэхъу – хъымыщейхэмрэ чэрчэнейхэмрэ. Хэкум куэд иІэпхъукІын хуей хъуами, бжьэдыгъухэр нэхъ къызэтенащ. Ахэращ нобэрей Адыгэ Республикэм лъабжьэ хуэхъуар.



## Жанейхэр

Жанейхэм щІышхуэ яІэщІэлъащ. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, абыхэм я хэку гъунапкъэр Азакъ (иджы Азов къалэм) нэсу щытащ: Хьэзэз (Азов) хым и Іуфэм Іусащ. Къырым хъанхэм я дзэр зэуакІуэ къыщежьэкІэ, япэ зрихьэлІэу щытар жанейхэрати, я щхьэр халъхьэн хуей хъурт. Абы и зэранкІэ ахэр натхъуэджхэмрэ шапсыгъхэмрэ яхэшыпсыхьыжащ. Зы жаней жылагъуи къэсакъым ди зэманым.

## КІэмыргуейхэр

XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм кІэмыргуейхэр унагъуэ мини 10-м нэсу щытащ (еплъ: Волкова Н. Г. «Этнический состав населения Северного Кавказа в XVIII – начале XX века». М., «Наука» тхылъ тедзапІэ, 1974). А зэманым адыгэ унагъуэм нэрыбгэ 20-м нэблагъэ ису щытащ. КІэмыргуейхэр Лабэ, Уарп псы Іуфэхэм Іусащ. Абыхэм егъэщІылІауэ щытащ мэхъуэшхэмрэ мамхэгъхэмрэ. КІахэ адыгэхэмрэ къэбэрдейхэмрэ я бзэхэр зэпищІэу а тІум я кум дэтщ кІэмыргуейхэм я бзэр, аращ адыгей литературэбзэмрэ къэбэрдей литературэбзэмрэ гъунэгъу зэхуэзыщІар.

## Къэбэрдейхэр

Къэбэрдейм и тхыдэр зыдж дэтхэнэри щыхьэт тохъуэ абы и гъунапкъэхэм жыжьэ задзауэ зэрыщытам. Лабэ псым къыщыщІэдзауэ Сунжэ нэс яІэщІэлъащ къэбэрдейхэм, Сунжэрэ Тэрчрэ щызэхэхуэм деж тетащ къэбэрдей дзэпщхэм я къалэ-быдапІэ. А щІыпІэм ГудермескІэ

йоджэ нобэ (Гъудэмэз – Комариный лес). Къэбэрдей дзэпщхэм къалэбыдапIэ щаIащ Тэрч Хъэзэр хым щыхэхуэм дежи, абы (ТэрчкъалэкIэ зэджэм) дэсащ къэбэрдей дзэпщ цIэрыIуэ зыбжанэ – Чэлимэтыпщыр, Къанкъылыш, Сэнджэлей, Муцал сымэ, нэгъуэщIхэри.

XIX лIэщIыгъуэ пщIондэ Къэбэрдейм и щIыналъэм хэтащ Псыхуабэ, Нартсанэ, ЕсэнтIыгу, Мэздэгу, Мэлгъэбэг – а щIыналъэхэр Кавказ зауэм Къэбэрдейм IэщIихащ. Зауэм и закъуэкъым Къэбэрдейм лъапсэрыхыр къыхуэзыгъэкIуар: XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм етауэ щыта емынэ узым ихьащ цIыхуипщIым щыщу бгъур. Аращ къэбэрдейхэм мыпхуэдэ псалъэжь къащIыдэгъуэгурыкIуэр: «Емынэм къелар Хъумбылейм ихьыжщ». Хъумбылей (Камбилеевкэ) псым и Iуфэм урыс генералхэм щызэтраукIащ мащIэ хъуа Къэбэрдейм и дзэр.

«Къэбэрдей гъуэгукIэ» еджэу щытащ Сотей губгъуэм кIуэцIрыкI чэруанакIуэ гъуэгу кIыхьым – ар Астрэхъан деж къыщежьэрт. Астрэхъан урысхэм къыщыщIагъэIауэ къикIуэтыж тыркудзэр а гъуэгум щызэхакъутауэ щытащ къэбэрдей шухэм. Абы лъандэрэ къэбэрдейхэм псэлъафэу къахуэнащ: «Сотей зэхудипIалъэщ» («зэуакIуэ фыкъежьэмэ, аращ фэтщIэнур» – арат бийм ираIуэкIыр).

Генерал Бларамберг И. Ф. зэритхыжымкIэ, зауэм щыIухьэм деж къэбэрдей дзэпщхэм шу мин тIощI ягъэшэсыфу щытащ – XVIII лIэщIыгъуэм. «Къэбэрдей шур бийм ебгъэрыкIуамэ, аслъэныр Iэщ хъушэм хэлъэда пэлъытэщ», – жыхуиIэ псэлъафэр къызэранэкIащ къэбэрдей шуудзэм хузэфIэкIыу щытам фIыуэ щыгъуазэ урыс дзэпщхэм. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «полк псо зауэм Iупшэри къэбэрдей шууищэ бгъэшэсри зэхуэдэт».



## Мамхэгъхэмрэ мэхъуэшхэмрэ

Мамхэгъхэр Мейкъуапэ деж щыпсэуащ – Щхьэгуащэрэ Кхъужьыпсрэ я тIуащIэм, абазэхэхэм япэгъунэгъуу. Мэхъуэшхэр Щэхъурадж, Псыфыр, Псыхужь, Хуарз, Банэкъуэ, Чамлыкъ псы Iуфэхэм Iусащ.

Хъан-Джэрий зэритхымкIэ, мэхъуэшхэр бжьэдыгъу лъэпкъщ. Бжьэдыгъухэм къахэкIри, ищхъэрэ-къуэкIыпIэмкIэ Iэпхъуащ, Iэпхъуэшапхъуэурэ ТхьэщIагъ мэзым зыщIагъэзэгъащ, еджэрыкъуейхэм ябгъэдэсащ, Лабэ псым и Iуфэми Iусащ абазэхэхэм я гъунэгъуу.

## Натхъуэджхэр

Натхъуэджхэр, я гъунэгъу лъэпкъ цIыкIухэр къахэшыпсыхьыжурэ, лъэпкъышхуэ хъуауэ щытащ. Я тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ахэр Адэгум, Бэкъан, ПцIэмэз псы Iуфэхэм Iусащ – Тамань къыщыщIэдзауэ Анапэ нэс. Бзиикъуэ зауэр иуха нэужь, я лIакъуэлIэшхэр лъэныкъуэ езыгъэза шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ «демократическэ лъэпкъкIэ» еджэу щIадзащ. А цIэр натхъуэджхэми ятеIукIащ Занокъуэхэ япщхэр зыхахуа нэужь.

Къызэралъытэмкiэ, XIX лIэщIыгъуэм икухэм натхъуэджхэм я бжыгъэр минищэм нэблэгъауэ щытащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар лIакъуэлIэшхэр щытепщэ адыгэ хэкухэм къикIуэсыкIыурэ, щхьэхуит хъуныр зи щIасэ цIыху куэд натхъуэджхэм къазэрыхэтIысхьарщ. ГуащIэмащIэ хъууэ щыхуежьэм, жанейхэм зрагъэщIылIащ натхъуэджхэм, абыхэм хуэм-хуэмурэ яхэкIуэдэжащ. Кавказ зауэм и ужькIэ натхъуэдж закъуэтIакъуэщ я хэкум къинэжар: ябгынэн хуей хъури Тыркум зэрыхьащ.

## Убыххэр

Кавказ зауэм кӀэ щигъуэтар убыххэм я хэкурщ – 1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м. Я лъэм зэрихьэху, Ӏэщэр ягъэтӀылъакъым убыххэм: Бэрзэдж Джырандыкъуэ пашэ яхуэхъури, я щхьэхуитыныгъэм щӀэзэуащ, я лъапсэм псы ирагъэжыхьыжыху. Аращ убыххэм я натӀэ хъуар: урыс дзэпщхэм лъэныкъуиткӀэ къаувыхьри, щысхь лъэпкъ ямыщӀэу зэтраукӀащ.

Хы Ӏуфэм къыщыщӀэдзауэ бгыщхьэм нэсу щытащ убыххэм я лъахэр. Я лъэпкъэгъухэр – садзхэр, ахъшыпсохэр – къэплъытэмэ, убыххэм я бжыгъэр мин 75-рэ хъууэ щытащ. Абыхэм ящыщу зыри къранакъым Кавказым. Хэкум икӀа нэужь, илъэсищэ нэхъыбэ яхьыжакъым убыххэм – нэгъуэщӀыбзэхэм (адыгэбзэм е тыркубзэм) техьэри я вагъуэр ижащ. Зи анэдэлъхубзэр зыщӀэж убых закъуэ къэсат ди зэманым – Тефикъ Эсендж; убых тхьэмадэр илъэс зыбжанэ и пэкӀэ дунейм ехыжащ.

Тыркум Ӏэпхъуа нэужь, дзэпщ, лӀыщхьэ, къэрал унафэщӀ, дипломат цӀэрыӀуэ куэд къахэкӀащ убыххэм, аркъудейри щыхьэт тохъуэ убыххэм акъыл жанрэ лӀыгъэшхуэрэ зэрахэлъам.

## Хьэтыкъуейхэр

ЕпщыкӀубланэ лӀэщӀыгъуэм цӀэрыӀуэ дыдэ хъуауэ щытащ хьэтыкъуейхэр. Нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщащ ахэр, езыхэм нэхърэ нэхъ лъэрызехьэ кӀэмыргуейхэм егъэщӀылӀауэ щытами, я щхьэр абыхэм хуамыгъэлъахъшэу къадекӀуэкӀащ. ЕпщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэр къихьэху, хьэтыкъуейхэр хы Ӏуфэм Ӏусащ, иужькӀэ абдеж къиӀэпхъукӀри, Ахупс, Убын, Ил, Ашыпс псыхъуэхэм дэтӀысхьащ. ЗэрыхуагъэфащэмкӀэ, минищэ нэхърэ нэхъ мащӀэ хъууэ щытакъым. Хьэтыкъуейхэм ящыщ куэд бгым щхьэдэхри Псыжь Ӏэпхъуащ. Унагъуэ минихым щӀигъурт хьэтыкъуейхэр, зауэ къалъыкъуэкӀмэ, шу миних ягъэшэсыфырт, лъэсыдзэ минипщӀи щӀагъуфырт. Гупищ зращӀыкӀри, хьэтыкъуейхэм абазэхэхэмрэ кӀэмыргуейхэмрэ гъунэгъу зыхуащӀащ, абыхэм гъавэ щӀапӀэрэ хъупӀэрэ кърӀатауэ щытащ.

Хьэтыкъуейуэ мащӀэ дыдэщ хэкум къинэжар, я нэхъыбапӀэм ар ирагъэбгынащ.

## Шапсыгъхэр

Шапсыгъхэм нэхъ лъэпкъышхуэ яхэтакъым кӀахэ адыгэхэм. ЕпщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм и пэщӀэдзэм абыхэм я бжыгъэр мин 500-м нызэрыхьэсу щытащ. Шапсыгъхэр хы Ӏуфэми Псыжь губгъуэми щыпсэуащ. Хы Ӏуфэм Ӏуса шапсыгъхэм я гъунэгъуащ натхъуэджхэмрэ убыххэмрэ, Псыжь губгъуэм исахэм – абазэхэхэр, кӀэмыргуейхэр, бжьэдыгъухэр, мэхъуэшхэмрэ мамхэгъхэмрэ. Кавказ зауэм и хьэлъэр нэхъ зытещӀахэм ящыщщ шапсыгъхэр. Зауэ нэужьым я хэкум къинэжар жылагъуэ цӀыкӀу зыбжанэщ.

Шапсыгъхэм усакӀуэшхуэ къахэкӀауэ щытащ – ЩэрэлӀокъуэ Наутокъу (епщыкӀубгъуанэ лӀэщӀыгъуэм икухэм псэуащ). Наутокъу и зы усэщ ди деж къэсар. Абы зэхилъхьащ адыгэбзэм и алыфбеи. ЗэрыхуагъэфащэмкӀэ, и жагъуэгъухэм хагъэзыхьри, ЩэрэлӀокъуэм игъэсыжын хуей хъуащ и алыфбейр.

# Лъапсэрых

Кавказ зауэр илъэсищэкIэ зэрекIуэкIам псори дыщыгъуазэщ – Къэбэрдейм щызэхаублэри, убых щIыналъэм 1864 гъэм щаухащ. Зауэм Кавказ щIыналъэм и нэхъыбапIэм зыщиубгъуауэ щытащ, ауэ ар лъапсэрых дыдэ зыхуэхъуар адыгэхэрщ: а мафIаем хэкIуэдам нэмыщI, я хэкур ирагъэбгынащ адыгэхэм я процент бгъущIым. Апхуэдэ лей ирахащ адыгэхэм: я лъахэр нэщI хъуху, лъэпкъгъэкIуэд зауэр ящхьэщыкIакъым. Аращ зи лъапсэм псы ирагъэжыхьыжакIэ зэджэр – лъэпкъыр зэтебукIэмэ, къэнар и хэкум ипхумэ.

1837 гъэм Кавказым кIуауэ щытащ пащтыхь Николай Езанэр. Абы «гъуэгур хуагъэхьэзырын» хуейуэ я пщэ далъхьащ Шэрджэсым щызауэ урыс дзэпщхэм; Кавказым къагъэкIуэжащ полковник Хъан-Джэрии, бгырыс тхьэмадэхэм яIущIэн папщIэ.

Генерал Филипсон игу къегъэкIыж: «Геленджик дынэсри, етIуанэ махуэм хъыбар дагъэщIащ бгырыс тхьэмадитху зиусхьэн Вельяминовым епсэлъэну быдапIэм къызэрыкIуамкIэ. Шапсыгъхэмрэ натхъуэджхэмрэ я лIыкIуэу жаIащ абыхэм. ЛIыкIуэхэм епсэлъащ Вельяминовыр. Ахэм генералым къыжраIащ: «АбыкIэ хуитыныгъэ имыIэми, Урысейм дэри ди лъахэри тырку сулътIаным дритауэ игъэIуащ. Дэ дыщхьэхуитщ, ди хуитыныгъэр тхъумэн щхьэкIэ, лъы дгъэжэнущ, урысхэр Псыжь зэпрыкIыжыху, зауэр дгъэувыIэнукъым, ди лъахэр яубыдын мурад ящIауэ къытлъемыжьэмэ, урысхэмрэ дэрэ дызэныбжьэгъунущ…» ЛIыкIуэхэм жэуап кIэщI яритащ Вельяминовым: «Ди пащтыхьым и унафэр догъэзащIэ дэ, зауэм хэунахъуэхэмэ, зи лажьэр езы шэрджэсхэращ…»

Адыгэ лIыкIуэхэм я псалъэм тепщIыхьмэ, Урысей къэралыгъуэм и къарур здынэсым хащIыкI щыIагъэнукъым бгырысхэм. Езы урыс генералхэми я пщIыхьэпIэ къыхэхуагъэнкъым зауэм иджыри илъэс щэщIым нэблагъэкIэ зэрызиукъуэдиинур, абы цIыху куэди зэрихьынур, мылъкушхуэ дыди зэрытекIуэдэнур.

Урыс дзэпщхэм я нэхъыбэм зэралъытэмкIэ, сыт текIуадэми, зауэр и кIэм нэгъэсын хуейт, бгырысхэр зэтекъутауэ; абыхэм уепсалъэурэ уагурыIуэмэ, сату ядэпщIурэ къыдэпхьэхмэ, нэхъ зыфIэзахуи яхэтащ урыс дзэзешэхэм.

Шэрджэс лIыкIуэхэм Вельяминовыр ткIыбжьу щепсэлъа 1837 гъэм Кавказым щызауэ генерал Симборскэм убыххэр щыгъуазэ ищIауэ щытащ урысей пащтыхьым и унафэм. Езы Симборскэм убыххэм яхуитхащ: «Зиусхьэн императорым и IэмыщIэ зифлъхьа нэужь, абы фIыгъуэ къыфхудэкIуэнущ, мамыру фыпсэунущ, къайгъэрэ зауэ-банэрэ фяку къихъуэжынукъым, Урысейм сату дэфщIурэ зывужьынущ, абы фи пщIэмрэ фи щIыхьымрэ лъагэ дэхъунущ». Убыххэр нэгъуэщIкIи къигъэгугъащ генералым: «Фи хабзэхэм зыри хэIэбэнукъым, фи динымкIи пэрыуэгъу фиIэнукъым». АдэкIи: «Фи щхьэмрэ фи мылъкумрэ фызэрыхуитщ, сату вдэтщIынущ, фи IэрыкIхэр фэ вгъэув уасэхэмкIэ фщэ хъунущ…»

А псор бгырысхэм къыхуащIэн папщIэ, ахэр еувэлIэн хуейт къыпаубыд псоми (ахэр щызэхалъхьар Бытырбыхущ): Iэщэр ягъэтIылъу зауэр ягъэувыIэн; бгырысхэм я деж кIуэсахэмрэ яубыдахэмрэ къратыжын; зауэр зэщIэзыгъэстхэмрэ абрэджхэмрэ зыхамыгъэхьэн;

унафэщIу къыхуагъэув «урыс нэхъыщхьэм» и жыIэм фIэмыкIын… Зэрынэрылъагъущи, шэрджэсхэр генерал Симборскэм зыщигъэгугъымрэ абыхэм Бытырбыху къапиубыдымрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакут. Бытырбыху къажриIэр къащтэмэ, вакъэ зэв зылъатIэгъауэт бгырысхэм зэралъытэнур: зэрыгурыIуэгъуэщи, абы еувэлIакъым шэрджэсхэр, ар дэнэ къэна, шэрджэсхэр Урысейм нэхъри пэжыжьэ ищIащ Бытырбыху къапиубыдам. Урыс дзэпщхэм а псор яхузэфIэкIыххэнутэкъым 1837 гъэм – шэрджэсхэр нэхъри къызэщIагъэплъэн фIэкI.

Симборскэм жиIам хуэфащэ жэуап къратыжащ убыххэм: «Хэт ди пщэ къыдэвгъэтIысхьэнур, абы и жыIэм дыфIэкI щIэмыхъунур сыт дэ? Ди хэкум фикIыжи, зэуакIуэ дыныфхуэкIуэнукъым…»

Натхъуэджхэм, шапсыгъхэм, абазэхэхэм я жэуапыр нэхъ щабэт, ауэ абыхэми Iэщэр ягъэтIылъын ядакъым. Махуэ къэси къебгъэрыкIуэ урысыдзэм пэуври, 1840 гъэм хы Iуфэм къыIуащIыхьа быдапIэ зыбжанэ зэхакъутащ. Абы и ужькIэ, лъэныкъуитIри зэрытемыгъакIуэурэ илъэс пщыкIубгъу нейкIэ зэпыуакъым зауэр.

1859 гъэм и кIэм генерал Филипсонрэ абазэхэхэмрэ зэгурыIуэри, зауэр ягъэувыIащ. Абазэхэхэм затащ: абыхэм я дзэпщ Мухьэмэд-Iэмин урысхэм я IэмыщIэ зрилъхьащ. Я диныр, я хабзэхэр, я хэкур къыхуагъанэмэ, зауэр яублэжынутэкъым абазэхэхэм – апхуэдэ псалъэ ятащ.

Абазэхэхэр зауэм зэрыхэкIам щыгуфIыкIащ Бытырбыху е щыгуфIыкIауэ фэ зытригъэуащ. Абы щымыгуфIыкIар, уеблэмэ къигъэуIэбжьар урыс дзэпщхэрт: абазэхэхэм зата щхьэкIэ, зауэр игъэувыIэн мурад иIэтэкъым Кавказ армэм и дзэпщ нэхъыщхьэ генерал-фельдмаршал Барятинскэм. Абазэхэхэр къащыдэмызэуэжкIэ, адрей бгырыс лъэпкъхэр нэхъ хэгъэщIэгъуафIэ хъунут – ар ящIэрт урыс дзэпщхэми, адыгэхэм кIэ щратынум нэхъри зыхуагъэхьэзыру щIадзащ. Генерал Ольшевскэм итхыгъащ: «Мухьэмэд-Iэмин бзаджагъэ хуекIуауэаращ, абы псалъэ къыдита щхьэкIэ, абазэхэхэм я нэхъыбэм затын мурад яIэкъым, уащIепсэлъэни щыIэкъым – дагъэплъэкъуэн фIэкI, къикIынуIакъым. Дзэм дежкIэ емыкIущ абазэхэхэм уекIужауэ плъытэныр».



Шэрджэсхэмрэ урыс дзэпщхэмрэ, дапщэрэ зэпсэлъами, щIызэгурымыIуэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар бгырысхэр лъыгъажэ зауэм хэзыдза дзэпщ къанлыхэм гущIэгъу зэрахэмылъарщ. Абыхэм зэрахьа лейм къыхэкIащ бгырысхэм и нэм нэсыху Iэщэр зэрамыгъэтIылъар. Шэрджэсхэр абы зыхуишар псоми дощIэ: зауэм къелахэм хэкур ябгынэну ирахулIащ.

Шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр) я хэкум игъэкIын хуейуэ япэ зыукъуэдияр Кавказ корпусым и штаб нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ Милютин Дмитрийщ. 1857 гъэм абы итхащ: «Ахэр (шэрджэсхэр) Дон гъэIэпхъуэн хуейщ, сыту жыпIэмэ Ставрополь губернэм щIы нэщI щыIэкъым. Апхуэдэ мурад дызэриIэр бгырысхэм ящыдобзыщI, щыдгъэIэпхъуэну пIалъэр къэсыху».

Кавказ корпусым и дзэпщ Барятинский Александр акъылэгъу дэхъуащ Милютиным: «Лъэпкъ жыIэмыдаIуэхэм гущIэгъу щIахуэтщIын щхьэусыгъуэ диIэкъым, абыхэм я щIыр къатетхын хуейщ, къэралым и фейдэ хэлъщи».

Кавказ комитетыр (Бытырбыху) арэзы техъуакъым Милютинымрэ Барятинскэмрэ къыхалъхьа Iуэхум. Абы хэплъа нэужь, Комитетым

чэнджэщ къыхилъхьащ: «Хэкум пащI зэрыщымыIэм дыщыгъуазэщ (адыгэхэрщ зи гугъу ищIыр – *Ред.*), абы къыхэкIкIэ, шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым Дон губгъуэм Iэпхъуэ нэхъри (адыгэхэм) лIэныгъэр нэхъ къызэращтэнум. Лъэпкъхэр дэнэ къэна, унагъуэ щхьэхуэхэри пхуеувэлIэнукъым абы, а щIыкIэмкIэ ахэр къэбгъэдэIуэфынукъым, зэтумыукIауэ. Апхуэдэ мурад яхуэпщIрэ я ужь уихьэмэ, псори къызэрыIэтынурэ къытпэувынущ, уеблэмэ я пIэ итIысхьэжа лъэпкъхэри гъусэ яхуэхъунущ абыхэм».

Апхуэдэ псалъэмакъ къыщыхъеям, Шэшэнымрэ Дагъыстанымрэ зауэр щыувыIа щIыкIэтэкъым – илъэситI дэкIа нэужьщ Щамил зыщитар (1859 гъэм). Бытырбыху дэс лIыщхьэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ зыщышынар аращ – бгырыс лъэпкъ псоми я къарур зэщIагъэуIуэнырщ. ЛIыщхьэхэм, дауи, къагурыIуэрт бгырысу хъуар зэувалIэрэ дзэм къыпэувамэ, абы кърикIуэнкIэ хъунур. Зауэр гъэувыIэн зэрыхуейм шэч къытрахьэртэкъым абыхэм – Бытырбыху ар нэхъ фIэзахуэу къыщIэкIынут а зэманым, ауэ ар дзэпщхэм я тхьэкIумэ ирагъэхьакъым.

Адыгэхэри абы хуэхьэзыр хъуагъэнутэкъым асыхьэтым – щхьэусыгъуэхэр мащIэтэкъым: шэрджэсхэм я дежкIэ IупщIтэкъым зауэ къезыщIылIа къэралыгъуэм бгъэдэлъ къарур зыхуэдизыр, къинэмыщIауи, ахэр ягъэжакъуэрт, къызэщIагъэст зэпытт инджылыз тIасхъэщIэххэм. Кавказ армэм и дзэпщ Барятинскэри абы и генералхэри зэщэр арат: зауэр нэхъри зэщIэгъэплъауэ, бгырысхэр абы нэхъ кууэ хэшэн – итIанэ ахэр зэтебукIи я хэкур егъэбгыни хъунут, псори езы бгырысхэм я зэранкIэ къэхъуауэ бгъэIуу.

1860 гъэм къащтащ адыгэхэр зытеунэхъуа унафэр. Абы теухуауэ Милютиным итхыгъащ: «Псыжь адрыщI (Шэрджэсым – *Ред.*) зауэр зэрыщекIуэкIын хуей щIыкIэмкIэ я акъыл зэтехуакъым генерал-лейтенант Филипсонрэ граф Евдокимовымрэ. Филипсон зэрыжиIэмкIэ, КъухьэпIэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэмрэ КъуэкIыпIэ Кавказым исхэмрэ зэплъыт хъунутэкъым, Шэшэнымрэ Дагъыстанымрэ щедгъэкIуэкIа зауэм хуэдэ къыщезэгъынутэкъым Шэрджэсым, псом хуэмыдэу шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ я деж – абыхэм дахуэпхъашэмэ, европей къэралхэр, псом япэрауэ, Инджылызыр, зауэм къыхыхьэнкIэ зыхуэIуа щыIэтэкъым. Филипсон зэрилъытэмкIэ, КъухьэпIэ Кавказым ис лъэпкъхэм дахэкIэ дагурыIуэн, къэдгъэдэIуэфын хуейт, Тыркум дащI сатумкIи я хабзэхэмкIи дапэрымыуэу. Илъэс щэщI хъуауэ къулыкъу щещIэ Кавказым Филипсон Григорий, ауэ иджыри къэс къыгурыIуакъым бгырысхэм дахэкIэ уазэрыхэмызэгъэнур, къэбгъэдэIуахэу фэ зытрагъауэми, гува-щIэхами, къызэропцIыжынур».

Си гугъэмкIэ, Филипсон фIыуэ къыгурыIуэрт шэрджэсхэр къэгъэдэIуэгъуафIэ зэрымыхъунур – абы зэман зэрыхуейр. Шэрджэсхэм я хьэл-щэным, я хабзэхэм, я псэукIэм кууэ щыгъуазэ хъуа цIыхут генерал-лейтенант Филипсон. Илъэс тIощIрэ тхукIэ щыIащ ар абыхэм я щIыналъэм. Абы шэч къытрихьэртэкъым уахуэмыпхъашэмэ, захуагъэ якIэлъызепхьэмэ, шэрджэсхэм уазэрыхэзэгъэнум (1859 гъэм ар ягурыIуауэ щытащ абазэхэхэм – Iэщэр яригъэгъэтIылъын хузэфIэкIащ епсалъэурэ; ахэр иужькIэ зауэм хыхьэжын хуей хъуамэ, зи лажьэр Филипсонкъым, – абы и псалъэм емыдэIуа урыс дзэлIхэрщ).

Милютиным адэкIэ етх: «Филипсон и ужькIэ къэпсэлъащ граф



6 Заказ № 129

Евдокимовыр. Мор зэрыщыуэр псоми я фӀэщ ищӀын хузэфӀэкӀащ графым, дзэпщми фӀэкъабыл, езыри зыхуэлажьэ Ӏуэхур пхигъэкӀащ: бгым къихуауэ, шэрджэсхэр е къэзакъ жылагъуэхэм я щӀыб дэгъэтӀысхьэн, е Тыркум гъэӀэпхъуэн хуейщ. ЗэрыгурыӀуэгъуэщи, граф Евдокимовым и псалъэм еувэлӀащ псори, къэнэжар ар зэдгъэхъулӀа зэрыхъуну Ӏэмалхэр убзыхун хуейуэ аркъудейрт».

Шэрджэсхэм я унафэр ӀупщӀ дыдэ щыхъуар пащтыхь Александр ЕтӀуанэр 1861 гъэм и бжьыхьэм Кавказым щыкӀуам щыгъуэщ. А гъэм и сентябрь мазэм и 16-м пащтыхьым ӀущӀащ абазэхэхэм, убыххэм, шапсыгъхэм я лӀыкӀуэхэр. Милютиным и гукъэкӀыжххэм дыкъыщоджэ: «Урыс императорым и пащхьэ ихьащ Бэрзэдж лъэпкъ цӀэрыӀуэм ящыщ зы. (Зи гугъу ищӀыр убых дзэпщ Бэрзэдж Джырандыкъуэщ – *Ред.*). Абы пащтыхьым иритащ абазэхэхэм къабгъэдэкӀ тхылъ. Тхылъым зэрыратхамкӀэ, урыс пащтыхьым и ӀэмыщӀэ зралъхьэн мурад яӀэт абазэхэхэм, абы игъащӀэкӀэ хуэпэжын щхьэкӀэ; абазэхэхэр хущӀегъуэжат зэрымыщӀагъэкӀэ иджыри къэс зэрызэуам… Пащтыхьым зэрелъэӀури иратхащ тхылъым: Лабэ псым къыщыщӀэдзауэ бгыщхьэм нэс, Псыжьрэ шапсыгъхэмрэ яку дэлъ щӀыналъэр къыпамыубыдыну, я хэкум быдапӀэ къэрамыщӀыхьыну, хамэ жылагъуэхэр къэрамыгъэтӀысхьэну, гъавэ щӀапӀэхэм зэран хуэхъу гъуэгухэр ямыщӀыну. Апхуэдэуи щӀэлъэӀуащ Псыжь адрыщӀ урысхэм я деж кӀуэса пщылӀхэмрэ унэӀутхэмрэ къэратыжыну. Шэрджэс лӀыкӀуэхэм пащтыхьым жэуап кӀэщӀ къаритащ: ди ӀэмыщӀэ зыкъифлъхьэнумэ, къытпэвубыдӀауэ фхуэздэнукъым, фи Ӏуэху зытетынумрэ фи псэукӀэ хъунумкӀэ унафэ яхуэсщӀащ си дзэпщхэм. ЛъэӀу гуэр фиӀэмэ, ар граф Евдокимовым ефхьэлӀэ».

Милютиным зэритхымкӀэ, бгырыс лӀыкӀуэхэм ягу зэгъакъым пащтыхьым къарита жэуапымкӀэ. Абы щыгъуазэ щыхъум, бгырысхэр къызэрыгъэгубжьащ, зызытын мурад зиӀахэми лъэныкъуэ зрагъэзыжащ. Убыххэмрэ шапсыгъхэмрэ унафэ ящӀащ – зауэр яублэжу, и кӀэм нэсыху мыувыӀэну. Абазэхэхэм Едокимовым иджыри зэ епсэлъэху заӀэжьэмэ нэхъ къащтащ. Евдокимовым аргуэру зыхуагъэза щхьэкӀэ, къикӀа щыӀэкъым.

Абдеж кӀэ щигъуэтащ лъэныкъуитӀри арэзы зытехъуэн унафэм щыгугъахэм я жэрдэмым.

Милютиным и гукъэкӀыжххэм ущыхэплъэкӀэ, гу лъыботэ ар зыщымыгъуазэ (е ибзыщӀ) гуэрхэри Ӏуэхум зэрыхэлъам. Шэрджэс тхьэмадэхэмрэ урыс пащтыхьымрэ 1861 гъэм щызэхуэзам щыгъуэ Ӏуэхум нэгъуэщӀ унафи тращӀыхьынкӀэ хъуну зэрыщытар къыхощ тхыгъэ гуэрхэм. Зи гугъу сщӀыр Венюков М. И. къызэринэкӀа «Кавказ гукъэкӀыжхэрщ» (дунейм къыщытехьар 1880 гъэрщ).

«Куэд зыщымыгъуазэ Ӏуэху гуэрым и гугъу сымыщӀын слъэкӀынукъым, – итхыгъащ Венюков М. И. – Кавказым нэса нэужь, бгырыс тхьэмадэхэм захуигъазэу епсэлъылӀэну мурад ищӀащ пащтыхьым. Си гугъэмкӀэ, абы щыгъуэ унафэ белджылы гуэри щыӀакъым бгырысхэм ятеухуауэ, – адыгэхэр я лъахэм ихун хьэмэ ар къахуэгъэнэн хуей?! «Александр II и тетыгъуэм и тхыдэр» (1871) щыхьэт зэрытехъуэмкӀэ, абы и правительствэм бгырысхэр я лъахэм ирихун мурад иӀагъэнукъым. А «Тхыдэм» дыщрохьэлӀэ: «Бгырысхэр я хэкум ипхун щхьэкӀэ, абы куэд дыдэ зэрыхэкӀуэдэнумрэ зэрытекӀуэдэнумрэ егупсысагъэнщ… Бгырыс лӀыкӀуэхэм щепсалъэм,

пащтыхьым яжриIащ я хабзэхэмрэ я мылъкумрэ зэрыхэмыIэбэнуIар, гулъытэ зэрыхуащIынур, быдапIэхэр зытращIыхьа щIым фIэкI зэрафIэмыкIуэдынур, а псом щхьэкIэ бгырысхэм къыпаубыдыну-ри зыщ: гъэр ящIахэмрэ  я деж кIуэсахэмрэ къратыжынырщ. Сыт хуэдэ жэуап бгырыс тхьэмадэхэм кърatar? ЕтIуанэ махуэм абыхэм пащтыхьым къыхуахьащ езыхэр зыхуей псори зэрыт тхылъ – уры-сыдзэр Псыжьрэ Лабэрэ икIэщIыпIэкIэ  зэпрыкIыжын – къагъэувырт бгырыс тхьэмадэхэм». Ар пэжщ, ауэ пэж псор хэIущIыIу ищIакъым а хъыбарыр къэзыIуэтэжам – Iуэхум и пэжыпIэм зэрыщымыгъуазэм къыхэкIагъэнщ. Сэ сыщыгъуазэщ абы.

Шэрджэс лIыкIуэхэр пащтыхьым хуэза нэужь, граф Евдокимовыр гузэвэгъуэ хэхуащ: Iэщэр ягъэтIылъырэ Урысейм и Iэмыщ1э зралъ-хьэмэ, ахэр я лъахэм къранэнкIэ шынащ. Генералым и мурадыр нэгъуэщIт: бгым зы шэрджэси къимынэн – арат зыщIэзэур. Евдокимо-выр бзаджагъэ хуекIуащ: и дзэлIхэм ящыщ полковник Абдеррахман жэщым бгырысхэм я деж игъэкIуащ, ахэр игъэжэкъуэн щхьэкIэ. «Хэв-гъэзыхьмэ, пащтыхьым сытри къыфхуищIэнущ, – яжригъэIэрт Евдо-кимовым бгырыс тхьэмадэхэм. – Пащтыхьым пэвубыд дзэр Лабэрэ Псыжьрэ зэпришыжыну, хы Iуфэм IуащIыхьа быдапIэхэри яригъэкъу-тэжыну…» Евдокимовым и чэнджэщым игъэжэкъуащ шэрджэсхэр, абдеж къыщыкъутащ я Iуэхур – зэщэр къехъулIащ генералым.

Венюковым и псалъэм уи фIэщ мыхъун хэлъкъым. Алек-сандр ЕтIуанэм имылъагъупIэр иIэтэкъым Урысейм и къарур зауэ кIыхьым зэрыщIихар, абы мылъкушхуэ зэрытекIуадэр. Шэрджэс-хэр къэбгъэIурыщIэн щхьэкIэ, дяпэкIи зауэм Iэджэ зэрыхэкIуэдэнур



къыгурыIуэ хъунт  пащтыхьым,  ауэ ар къафIэIуэхутэкъым дзэпщхэм, шэрджэсхэм кIэ иратын мурад ящIати, абы текIынутэкъым ахэр. Им-ператорым нэгъуэщI мурад гуэр иIауэ хуэбгъэфащэмэ, егъэлея хъун ди гугъэкъым.

Дауи щрети, шэрджэсхэр иджыри къэс зытетам тетыж хъуну къыщIэкIынутэкъым – абы ирихулIат езы зэманми. ТIум я зыр къы-хахын хуей хъунут шэрджэсхэм: е Урысейм хуэм-хуэмурэ гъунэгъу зыхуащIын, е я щхьэр зауэм халъхьэн – нэгъуэщI хэкIыпIэ яIэжакъым а лъэхъэнэм. ЕтIуанэращ я натIэ кърикIуар – аращ зытекIуэдэжар; Урысейми фIы къыхудэкIуакъым абы.

Шэрджэсхэм насыпыншагъэ иныр къалъыкъуэкIын щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым Евдокимовым. Хэт ар езыр – шэрджэсхэм апхуэдиз лейр езыха генерал къанлыр?

Дэ дыщыгъуазэщ ар Наурскэ станицэм (Шэшэным) къызэры-щалъхуам, къэзакъ унагъуэ хуэмыщIам къызэрыхэкIам. И адэм илъэс 29-кIэ дзэм къулыкъу щищIащ прапорщик хъуху. Дагъыстаным щызауэурэ, штаб-офицерым нихусащ. ЛIыгъэншэкIэ уеджэнтэкъым, нэгъуэщIхэм ялъ игъажэурэ, езыри зыбжанэрэ уIэгъэ хъуащ. Бгырыс-хэращ зэрысабий лъандэрэ бийуэ иIар – ятеплъэ хъуртэкъым абы-хэм,  ар икIи зэи ибзыщIакъым. ЦIыху ябгэт, гущIэгъуншэт – абы щы-хьэт тохъуэ и гъусэу зэуахэр.

Евдокимовыр зэрыIэбжьанэ фIейри кIэзонэ ахъшэм зэрыхэIэбэри ящIэрт, итIани хуагъэгъуэрт. Генералыр кIэзонэ ахъшэм хэIэбэныр зэримыжагъуэр щыжраIэм, фельдмаршал Барятинскэм жэуап къа-ритыгъащ: «СлIожь-тIэ? Куэд хуэшхын? Мелуан ныкъуэ, мелуан, уе-блэмэ мелуанитI. Урысейм хуэдэ къэралым дежкIэ сыт мелуанитIыр

зищIысыр? Сэ абы Кавказыр къысхуизэунущ, аращ псори хуэбгъэгъу щIэхъунур: Кавказ зауэм кIэ игъуэтмэ, урыс мелуан дапщэ псэууэ къэнэнур?..» Дзэпщым ищIэрт зауэм, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, шэрджэсхэм, кIэ ептын щхьэкIэ, Евдокимовым хуэдэ дзэлI гущIэгъуншэ уиIэн зэрыхуейр…

Мы тхыгъэр зэрыдубламкIэ, геноцид Iуэхум, тебгъэзэжмэ, хэкум щрахум щыгъуэ шэрджэсхэм кIэлъызэрахьа леймрэ залымыгъэмрэ зэбгъэпщэн бгъуэтынукъым – ар къалэжьатэкъым абыхэм, ялъ щIэбгъэжэн, я хэкур нэщI щIэпщIын лажьи ябгъэдэлъакъым.

Адыгэхэм я нэхъыбапIэр, – тхьэмадэхэмрэ нэхъ хуэщIахэмрэ нэмыщI, – шэджэладжэ зэтехъуауэщ Тыркум зэрыIэпхъуар. Абхъаз щIэныгъэлI цIэрыIуэ Дзидзарие Георгий етх: «Хьэжрэтхэм я мылъкур пудыбзэу ящэн хуей хъуащ. Ар къызыхэкIар Тыркум Iэщэ ирахьэну, я Iэщыр хым зэпрашыну бгырысхэм къызэрыхуамыдарщ». Хым Iэщ зэпрагъэшын ядакъым урыс дзэпщхэми. Зэпрашын мурад яIами, ар къайхъулIэнутэкъым шэрджэсхэм.

Тыркум Iэпхъуэн и пэкIэ хы Iуфэм щызэтрихьащ бгырыс мин Iэджэ, абыхэм ятелъа хьэзабыр урысхэми хамэ къэралхэм къикIахэми я нэгу щIэкIащ. «Хы Iуфэр ясеят бгырыс хьэдэхэмрэ зи псэм еджэ насыпыншэхэмрэ, абыхэм яхэплъагъуэрт кхъухьхэм пэплъэурэ зи гур зэщыуа цIыху гужьеяхэр», – итхыжащ а гукъутэгъуэр зи нэгу щIэкIахэм ящыщ зым.

Евдокимовым и унафэр фIэкIыпIэ зимыIэ хъуати, шэрджэсхэр бгым къырахухыурэ тенджыз Iуфэм къырахулIэрт, ауэ апхуэдиз мин бжыгъэр псым зэпрызышын кхъухь щIэх къалъэIэсакъым.



А насыпыншагъэм и щапхъэ куэд къэпхьыфынущ.

«Шэрджэсхэм я хэкуращ Урысейр зыхуейр, езыхэм яхуэныкъуэкъым» жызыIауэ щыта генерал, щIэныгъэлI Фадеев Ростислав иужькIэ зиумысыжауэ щытащ «я лъахэм щрахум шэрджэсхэм лей куэдыщэ зэрырахамкIэ».

Къыумыгъэхъун плъэкIынутэкъэ а насыпыншагъэр – шэрджэсхэм я хэкукъутэр? Абы жэуап етыгъуафIэкъым. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, Кавказ зауэр зэхэзыубла урыс дзэпщхэм къыхахари зытемыкIари гъуэгу нэхъ пхэнж дыдэрщ – абы теунэхъуащ шэрджэсхэр, Урысейми мыгъуагъэ куэд къыхудэкIуащ.

**ГОРДИН Яков,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор*

# Шэрджэс хэкум

*Лондон къыщыдэкI «Таймс» газетым и корреспондент Лонгворт Джеймс 1837 гъэм Шэрджэсым къакIуэри адыгэхэм зы илъэсым щIигъукIэ яхэсащ, зауэ гуащIэм хэт бгырысхэм я хъыбари дуней псом щигъэIуащ. Нэхъ иужькIэ абы и гукъэкIыжхэр тхылъ щхьэхуэм щызэхуэхьэсауэ инджылызыбзэкIи урысыбзэкIи зыбжанэрэ къыдэкIащ. Щыгъуазэ фыхудощI Лонгворт и гукъэкIыжхэм щыщ пычыгъуэхэм.*

… Шэрджэсым сыкIуэн и пэ Синоп зыбжанэрэ зыщысIэжьэн хуей хъуащ, кхъухьым сыпэплъэурэ. Синоп сыздыдэсым нэIуасэ сыхуэхъуащ Хьэжы зи цIэ тырку сатуущIэ; хьэпшып ишэурэ, Шэрджэсым кIуэрейт ар, абы хэгъэрей щикуэдт, я Iуэху зытетми щыгъуазэт. НэIуасэ дызэхуэхъуа нэужь, тырку сатуущIэр къызэупщIащ: «Нэгъуей Исмел пцIыхурэ?» – жери. ЗэрызмыцIыхур щыжесIэм, абы и хъыбар сригъэдэIуащ.

СатуущIэм къызэрызжиIамкIэ, Нэгъуей Исмел Занокъуэ Сэфарбий и бзэгузехьэт, езы Занокъуэр, шэрджэсхэм я лIыкIуэ цIэр зытригъэIукIауэ, Истамбыл дэст. Урыс министрым къащытрикъуэм, ар Истамбыл дагъэкIри тэтэр къалэ цIыкIу гуэрым, Базарджик, дагъэтIысхьат. Нэгъуей Исмел Занокъуэ Сэфарбий и тхылъ зэриIыгъыр къиищIащ сатуущIэм, къысщибзыщIакъым шэрджэсхэм къахуигъэхь тхылъым итри: Занокъуэм зэритхымкIэ, мистер Уркарти, Белли, сэри дытIасхъэщIэхт, шэрджэсхэм я тIасхъэ щIэтхын, абы урысхэр щыгъуазэ тщIын фIэкI нэгъуэщI Iуэху зетхуэртэкъым. Мистер Уркарт Истамбыл дэсащ, инджылыз лIыкIуэм деж щылэжьащ, Шэрджэсми щыIащ, Лондон яшэжами, зэрыхузэфIэкIкIэ ядоIэпыкъу шэрджэсхэм; Белл Шэрджэсым кIуауэ щыIэт, Iэщэ, бдзапцIэ яхуишауэ. Занокъуэр зыхэтыр пцIы къыткIэлъызэрихьэурэ дызэригъэулъиинт, ар къехъулIамэ, «шэрджэс лIыкIуэ» цIэр фIэмыкIуэдынкIэ гугъэрт.

Уигу фIы щыщIэнт, апхуэдэ хъыбар зэхэпхамэ! ИтIани сыщIегъуэж хъунутэкъым: шэрджэсхэм я Iуэхур зытетыр си нэкIэ зэзгъэлъагъун щхьэкIэт сыкъыщIежьар – ахэр зауэ гуащIэм зэрыхэтым сыщыгъуазэт; сяпэ кIуауэ шэрджэсхэм ядэзауэ си лъэпкъэгъу Белли сыхуэзэн хуейт.

Толькъунхэр нэхъ увыIэжа нэужь, хым дытехьащ, хы Iуфэм гъунэгъу зыхуэдмыщIыщэурэ дыздэкIуэм, Шэрджэсым дынэблэгъауэ, пшэ хужьыбзэхэм къыхэплъ Iуащхьэмахуэ ди нэгу къыщIэуващ…

Май мазэм (1837 гъэм) сыхьэтипщIым деж хы дэуапIэ гуэр дыдыхьэри хъурзэр еддзыхащ. Кхъухьым дикIынути, хы Iуфэм щытлъэгъуар цIыху зыщыплIщ. Iэнкун дыхъуауэ зытIэжьэху мэзым зы шу къыхэкIащ; псым къыхыхьэри, къыдбгъэдэкIуэтащ ар, Iэ къытхуищIри псым хэкIыжащ. Мэзым къыхэкIыурэ, хы Iуфэр цIыху куэдыкIейм яуфэбгъуащ асыхьэтым – хэт шущ, хэт лъэсщ: шэч хэлътэкъым ахэр дэ къызэрытпежьам.

Кхъухьым дыкъикIа нэужь, хы Iуфэм Iут хьэщIэщым дашащ. Сэ жьантIэм сыдагъэтIысхьащ; зырыз-тIурытIурэ къыщIохьэ бысымхэр; «Узэпэщмэ!» – жари фIэхъус къызах, абы къыфIагъэкIыркъым. Псори зэщIэузэдащ: дохъутейм илъ фочхэр я плIэм фIэдзащ, я сэшхуэхэмрэ я къамэхэмрэ я бгым ищIащ. ЦIыху екIу защIэщ шэрджэс-

хэр, бжьыфIэхэщ, Iэчлъэчхэщ – апхуэдэщ хьэщIэщым къихьахэм я нэхъыбапIэр – дауи, зауэлIщ ахэр, мафIэлыгъэр Iэджэрэ ягъэунэхуауэ.

Сыхьэт ныкъуэ хуэдэ къэтауэ, хьэщIэщым къихьэжащ тырку сатуущIэр. Абы къызжиIащ гъуэгу дытехьэн зэрыхуейр; уанэшищ къыIуашащ хьэщIэщ бжэIупэм. Шым сыщышэсым, гу лъыстащ адыгэ уанэр зыми зэремыщхьым, сышэса нэужьщ абы пэхъун зэрыщымыIэр си фIэщ щыхъупар. Тырку уанэр жыжьэуи щIыхьэнукъым шэрджэсхэм я уанэм – уи Iэпкълъэпкъым зегъэпсэху абы уисмэ, шым махуэ псом укъемыпсыхакIэ уешыркъым. ЗекIуэмрэ зауэмрэ хуэщIащ шэрджэс уанэр: абы здисым зрегъэзэкIри зоуэкI шэрджэс шур, зыкъригъэзэкIыжмэ, сэшхуэр егъабзэ…

Махуищ гъуэгу дытета нэужь, цIыху цIэрыIуэ гуэрым и хьэщIэщым драшащ, абы къыщыдаха хьэщIагъэр зэи сщыгъупщэжынукъым. ХьэщIэм пащI щыIэкъым шэрджэсхэм, сэри апхуэдэущ къызэрысхущытар. Адэ-мыдэкIэ къикIыурэ куэд къыслъыгъуэзащ а хьэщIэщым сисыху. Псоми зи гугъу ящIыр зыт: урысхэр Пшат деж къыщитIысыкIынущ. Абы щхьэкIэ гузавэу фэ ятеткъым шэрджэсхэм – зэрыIэдэбщ, ихъу-илъ яхэслъагъуэркъым. Зауэ я щыпэлъагъукъым шэрджэсхэм, есэжащ абы, зауэм я нэхъ гуащIэм хэхутэкIи къэдзыхэ я хабзэкъым.

Пшат деж къыщитIысыкIынкIэ хъуну дзэм нэхърэ шэрджэсхэр сэ нэхъ згъэпIейтеяуэ къысщыхъуащ, абыхэм сахыхьэри тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIауэ. Сыхэт сэ, сыт сакъыщIыхыхьар, сыт си мурадыр – зэрызэхэсхыжымкIэ, арат шэрджэсхэр нэхъ зытепсэлъыхьыр. Инджылыз пащтыхьым срилIыкIуэ, дауэ къысхущыт ар, кхъухькIэ къахуэсшар псоми яхуэзгуэшыну хьэмэ ныбжьэгъу къысхуэхъура сызэтэнур – шэрджэсхэр зытепсэлъыхьыр апхуэдэ гуэрт. Си тыгъэхэм папщIэ фIыщIэ зыхуащIынур хэт: тырку пащтыхь Мэхьмуд ЕтIуанэра хьэмэ инджылыз король Вильям ЕплIанэра – ари яхузэхэгъэкIыртэкъым шэрджэс гу пцIанэхэм…

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым си хьэщIэщым къихьахэм яхэтащ Шупагуэ Ислъам-Джэрий. Уэркъ цIэрыIуэхэм ящыщу аращ япэ сызрихьэлIар. И щхьэм пщIэ зэрыхуищIыжри, фIэлIыкI зэриIэри и фэмкIэ къиIуатэрт абы. Ислъам-Джэрий лIыкут, шевалье Мариньи гу лъитауэ зэрыщытащи (Шэрджэсым 1818 гъэм къэкIуэгъащ а француз дипломатыр, абы теухуауэ гъуэгуанэ тхыгъи къызэринэкIащ. – *Ред.*), и шынэхъыжьым, Нэгъуей, хуэдэу лъэрызехьэ хъунтэкъым ар, зэрыIущымрэ зэрыцIыху гъэсамкIэ абы ефIэкIми. Мариньи хэгъэрей зыхуэхъуауэ щыта лIым сызэрырихьэлIар си гуапэ хъуащ. Ар езым и гуапэ мыхъуауэ фэ есплъащ япэщIыкIэ – абы и щхьэусыгъуэр нэхъ иужькIэщ къыщызгурыIуар. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы игу къеуар езым деж сызэремыблэгъарт – Ислъам-Джэрий пщIэшхуэ щиIэт Пшат, япэ сыздеблэгъэн хуеяри абы дежт, иужькIэ къызэрызжаIамкIэ. Арат мыбы, Пшат деж, щыхабзэр: хьэщIэ лъапIэ къахыхьэмэ, япэ здихьэр Шупагуэхэ я унагъуэрт. Тырку сатуущIэм сыщигъэуауэ къыщIэкIащ: абы Шупагуэхэ урысхэм я тIасхъэщIэхыут зэрилъытэр. Абыхэм япэIэщIэ сищIын щхьэкIэт а унагъуэм сыщIримышар – аращ езым къызжиIар. Шупагуэхэ урысхэм тIасхъэщIэх яхуэхъуауэ я фIэщ хъуртэкъым, уеблэмэ а лъэпкъым теплъэ мыхъу лъхукъуэлIхэм. ЦIыху цIэрыIуэ къытхыхьэмэ, езым хуэфащэм дежщ здеблэгъэн хуейр,

тырку сатуущIэр дэни еблагъэ хъунущ – арат лъхукъуэлIхэр а Iуэхум зэреплъыр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Инджылызым нэс къикIа хьэщIэр Шупагуэ Мэхьмэт деж зэремыблэгъар а лъэпкъым я жагъуэ хъуащ, дзыхь езмыгъэзауэ ялъытэри. Дзыхь езмыгъэзауэ ялъытэкIэ, емыкIу яIэтэкъым Шупагуэхэ. Абы и щхьэусыгъуэр нэхъ жыжьэ къыщожьэ.

1818 гъэм щыщIэдзауэ, шевалье Мариньи зыпащIэри, урысхэм я мурадащ шэрджэсхэм сату дащIын, ахэр сатукIэ къыдахьэхын. СатукIэ яублами, урысхэр зэщэр нэгъуэщI гуэру къыщIэкIынут. Ар къыгурыIуакъым Индар (тыркухэр Индар-оглукIэ зэджэм) и къуэ Мэхьмэт: урыс сатум хыхьащ, урыс дзэпщхэр къызэрыхуэбзафIэм игъэжакъуэри, абы текIуэдэж пэтащ. Урыс пащтыхьым хуэзащ Шупагуэ Мэхьмэт, ар тыгъэ лъапIэхэмкIэ къыхуэупсащ. Индар и къуэ Мэхьмэт урысхэм дзыхь яригъэзащ, лъхукъуэлIхэм ахэр жыжьэуи зрагъэкIуэлIакъым, ар дэнэ къэна, хы Iуфэм кърашэлIа я хьэпишыпи ягъэсащ. Индар и къуэр урысхэм къащхьэщыжащ – арат лъхукъуэлIхэм ягу темыхуэххэнур: Шупагуэхэ хьэрэм ящIащ. Я лъэпкъым пэувыжаи къахэкIащ Шупагуэхэ.

Мылъкушхуэ зэрыбгъэдэлъым, зэрыцIэрыIуэ дыдэм и фIыгъэкIэ Индар и къуэ Мэхьмэт хэутэн зригъэщIакъым. КъуиплI иIэти, плIыри зыщIэбэныр зыт: Пшат деж щаIа пщIэр къызэрыдахыжынырт. Зэшхэр зауэлI хахуэт, зрамыкурэ зытемыгушхуэнрэ щыIэтэкъым. Тынштэкъым апхуэдэ лъэпкъ лъэрызехьэм упэувыныр, ар къагурыIуэрт жагъуэгъу къахуэхъуа лъхукъуэлIхэми. ЗэшиплIым я нэхъыжьым, Нэгъуей, лъэкI къигъэнакъым я лъэпкъым и пщIэр къыдихыжынкIэ, Шупагуэхэ урысхэм зэрамытIасхъэщIэхыр зэуапIэм къыщигъэлъэгъуащ: Суджыкъу деж щекIуэкIа иужьрей зауэм абы урыс генералыр хиукIыхьащ…



Ислъам-Джэрий иджыри къэс къыщIысхуемыблэгъам и щхьэусыгъуэр къызжиIащ: зекIуэ ежьати, хущIыхьакъым. «Ди адэри къеблэгъэнут, – жиIащ абы, – гукъыдэмыжщи, дунейм къытехьэркъым армыхъу».

Абы и ужькIэ хэгъэрей дызэхуэхъуащ Ислъам-Джэрийрэ сэрэ, Шэрджэсым сисыху, дэнэ сыкIуэми, гъусэ къызэрысхуэхъунур, и нэIэ къызэрыстримыгъэкIынур къызжиIащ…

Си лъэпкъэгъум, мистер Белл, сыхуэзэн зэрыхуейр зыщызгъэгъупщэртэкъым сэ. Мазэ хъуат ар Шэрджэсым къызэрыкIуэрэ. КъызэрызжаIамкIэ, шупашэ, тхьэмадэ гупышхуэм гъусэ яхуэхъури, бгым щхьэдэхауэ Псыжь губгъуэм щыIэт Белл. Адэгум дежт ар къыщызгъуэтынур – абы и Iуфэрт хэщIапIэ ящIар. Белл сыкIэлъежьэн мурад сщIыри, шу пщыкIутху сщIыгъуу, майм и 24-м гъуэгу сытехьащ. «Гъуэгу махуэ! Гъуэгу махуэ!» жаIэурэ драгъэжьащ Пшат деж хэгъэрей къыщысхуэхъуахэм. Шу гупым япэ итыр Синоп нэIуасэ щысхуэхъуа алыдж щIалэрат; лъагэу иIэтауэ, абы иIыгът шабзэшищрэ вагъуэ пщыкIутIрэ зыхэщIыхьа шэрджэс бэракъ удзыфэр – сызэригугъэмкIэ, шэрджэс лъэпкъ бэракъым щыгъуазэ хъуакIэт инджылызхэр. Алыдж щIалэм и ужь итыр сэрат; си ижьырабгъумкIэ Ислъам-Джэрий щытт, сэмэгурабгъумкIэ – тырку сатуущIэ хьилэшыр. Индар и къуэ Мэхьмэт и унэр хы Iуфэм пэжыжьэкъым – зы теуэгъуи хъунукъым. Жыг хадэшхуэм къыхоплъ, дэшхуей абрагъуэхэм я жьауэр къытридзэу.

Абдеж дыщепсыхри, шыхэр жыг жьауэм щыдгъэзэгъащ. Iэнэ къытхуахьынут, ддакъым: пщэдджыжьышхэ дызэрышхэрэ куэд щIатэкъым;

фадэбжьэм зытедгъэгусакъым – инджылыз фадэ щIагъуэт.

Хъыбар щрагъащIэм, Индар-оглу хадэм къыхэкIыжащ, и Iэблэр щIалитIым яIыгъэрэ тырку тэрмэши щIыгъуу. ЛIыжьыр зэрыгукъыдэмыжыр сщIэрт, итIани сыкъилъагъун щхьэкIэ пIэм къыхэкIат. И фэмкIи къапщIэрт зэрымыузыншэр, зыри къыфIэмыIуэхуж хуэдэт илъэсищэ зи ныбжь тхьэмадэм. ФIэхъус зэтхащ, зэрыхабзэщи. ФIэхъус-сэламыр зэфIэкIа нэужь, тхьэмадэм сызыбгъуригъэтIысхьащ, тэрмэшым худэплъейри, псалъэр иублащ.

«Инджылызым и закъуэщ дэ дызыщыгугъыжыр, – жиIащ абы. Тыркум и щIыб къытхуигъэзэжащ. Урысхэр бгъэныбжьэгъумэ, нэхъыфIщ, бгъэбий нэхърэ – апхуэдэу къысщыхъуу щытащ зэгуэр, ауэ сыщыуауэ къыщIэкIащ; ахэр зэщэр зыщ – я IэмыщIэ дызэрыраубыдэнщ, аращ ягу къытхуилъыр. Абы къыхэкIкIэ, ди щхьэр хэтлъхьами, зеттынукъым. Иджыпсту дызэкъуэхуащ дэ, дызэрыIыгъкъым. Урысейм къаруушхуэ къуэлъщ, пэлъэщыгъуафIэ хъунукъым – ар къыдгуроIуэ. Тхьэм жиIэмэ, инджылыз кхъухьхэр ди хы Iуфэм къыIухьауэ тлъагъунщ. Ар слъэгъуа нэужь, зы дакъикъэ фIэкI къэзмыгъэщIэжми, сигу къеуэнукъым. Фэращ дызыщыгугъыр, фэ дыкъэфхъумэфынущ».

Сэ тхьэмадэм жесIаращ: псом япэрауэ, езы шэрджэсхэр зэкъуэувэн хуейщ, итIанэщ Инджылызым щыгугъ щыхъунур; ар зэхащIыкIыху, шэрджэсхэр гугъу ехьынущ, къадэщIыну Iами, тегушхуэнукъым.

Шэрджэс бэракъыр ди пащхьэ къыщыхасати, си Iэр абыкIэ сшийри, си псалъэм щIызгъужащ: «Мо ныпым хэщIыхьа шабзэшэхэмрэ вагъуэхэмрэ хуэдэу, Кавказым ис лъэпкъхэм я акъылымрэ я къарумрэ зэуIу хъуа нэужьщ абыхэм я мурадыр къащехъулIэнур; инджылызхэм къыхуащIэнуми хуэмеижынкIэ мэхъу ахэр итIанэ, Урысейм тегушхуэгъуафIэ къищIыжыфынукъыми».



Хэплъа фIэкI, си псалъэм къыпидзыжаIакъым тхьэмадэм. Гъуэгуанэ кIыхь къытщIэлъти, зытIэжьакъым – дышэсыжащ. Пшат псыхъуэ дыдэтурэ, бгыщхьэм дихьащ, бгым ис зы жылэ жэщыр щитхащ. Жылэм я тхьэмадэм къызэрыджиIамкIэ, Псыжь урыс дзэшхуэ къызэпрыкIащ, я пашэр генерал Вельяминовырщ. Дзэр сэлэт минипщI нэхърэ нэхъ мащIэкъым.

Нэхъапэм шэрджэсхэмрэ къэзакъхэмрэ, зыр зым теуэурэ, зауэ щрагъэкIуэкIыр Псыжь Iуфэт. Урыс дзэпщхэм иужьым къагурыIуащ апхуэдэ зауэм зыри къазэрыхуимыхьынур. Иджы нэгъуэщIщ: Псыжь къызэпрыкI къэзакъ шухэм гъусэ къыхуащIащ топкIэ зэщIэузэда дзэ. Ар къатоуэри, шэрджэс жылэхэр зэтрагъасхьэ, топышэ къраутIыпщурэ я щхьэр щIрагъэхьэ.

ТопкIэ зэщIэузэда дзэми Iэмал къыхуагъуэтащ шэрджэсхэм: дзэр Псыжь къызэпрыкIыху, я унагъуэхэмрэ я Iэщымрэ бгыщхьэм ирагъэзагъэри, езыхэр мэзым къыхэукIыурэ, сэлэтхэр хагъащIэ, итIанэ напIэзыпIэм мэбзэхыж, я жьэр ущIауэ сэлэтхэр тафэм къытранэри. Шэрджэс тхьэмадэхэм къащепсалъэкIэ, гушыIэ зищIурэ, Вельяминовым къажреIэ: «Дызэпэуврэ дызэзауэмэ, дапщэ фыхъуми, фыкъыдэлынукъым, фызэтетIущIэнущ. Ар фощIэри, аргъуей хуэдэ фыкъыдодзакъэ, фобзэхыжри фыдгъуэтыжыркъым – щIым фыщIэпщхьами ярейщ».

Бгым едгъэзыхауэ дыздэкIуэм, шэрджэс шухэр гъусэ къытхуэхъуурэ, цIыху щищым дыфIэкIащ. Гъусэ къытхуэхъуахэр зэщIэузэдащ – фочкIэ, сэшхуэкIэ, къамэкIэ, уеблэмэ шабзэкIэ; афэ джанэхэр

къызыщылыдыкIи яхызолъагъуэ гъусэ къытхуэхъуа шухэм. Псыжь къызэпрыкIа дзэм и хъыбар зэхахащи, АдэгумкIэ зэрохь псори – бийм зэрыIущIэнум хуэхьэзырщ. Къалэ, икIэ къихуамэ, жылагъуэшхуэ си гугъащ Адэгум, ауэ ар зи цIэр Псыжь хэлъадэ къуршыпс уэрт, и Iуфэм жылагъуэ цIыкIухэр щитIысыкIауэ. Абы дынэмысыпэ щIыкIэ дыкъызэтеувыIащ, шэрджэс шуудзэ къызэрыткIэлъысар къыджаIати. Шуудзэм и пашэр Хьэуд и къуэ Мансур-бейт, абы и жагъуэтэкъым Адэгум дынэсыху ныддэкIуатэмэ. Тырку сатуущIэм, Хьэжы, къызэрызжиIамкIэ, Мансур-бей нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ истэкъым Шэрджэсым: шыщхьэмыгъазэт, дзэпщ хахуэт, пщIэшхуэ, фIэлIыкI зиIэ цIыхут. «АпхуэдэлI гъусэ къызэрыпхуэхъуам уригушхуэ хъунущ уэ, – ари къыщIигъужащ Хьэжы. – Ар пщIэшхуэщ».

И лIыгъэмрэ и акъылымрэщ Мансур-бей цIэрыIуэ зыщIар; и псалъэр джатэ жаным хуэдэт, къыпIуплъамэ, уи гур ирихырт – аращ псоми къызжаIар. Дауи, сымыпIейтеин слъэкIакъым, апхуэдэлIыр гъусэ къызэрытхуэхъунур къыщызжаIэм.

Шэрджэс шухэр къеувэкIауэ къэсащ Мансур-бей. Къепсыхри, къыдбгъэдыхьащ. Илъэс щэ някъуэ и ныбжьынт, лIы бжьыфIэт, лъагэ дыдэтэкъым. Шым къепсыхауэ къыщыдбгъэдыхьэм, гу лъыстащ мащIэу зэрещIэкъуауэм. Иужьым къызэрызжаIамкIэ, зекIуэ кIуауэ, Псыжь адрыщI уIэгъэ щыхъуат, зыгъэщIакъуэр иджыри мыкIыжа уIэгъэрт.

Мансур-бей Iэщэ дэгъуэкIэ зэщIэузэдат, ауэ и фащэр и Iэщэм хуэдэтэкъым – нэм къыфIэнэу узэхъуэпсэн щыгътэкъым: аращ мыбы щыхабзэр.



И фэкIи и зыIыгъыкIэкIи ситхьэкъуауэ сыздэщытым, Мансур-бей си дежкIэ къиунэтIащ, къызбгъэдыхьэри IэплIэ къысхуищIащ, къысщыгуфIыкIащ, итIанэ дышэсыжри, мистер Белл къыщыспэплъэ куейм дыкIуэну дежьащ, абы нобэ щызэхыхьэнут шэрджэсхэм я хасэр – адэ-мыдэкIэ къикIыурэ, абдеж щызэхуэсырт шэрджэс тхьэмадэхэр, дзэпщхэр, шупашэхэр. ЩIалэгъуалэ куэди кърихьэлIэнут абы, урысхэр къатеуэмэ, зэрапэувынум хуэдэу зэщIэузэдауэ. Абыи нэс гъуэгу къащIакIэт урысхэм; гъуэгур хы Iуфэм (Шапсыгъымрэ Натхъуэджымрэ) нагъэсын мурад яIэу зэхахати, арат тхьэмадэхэр зыгъэгузавэр. Абазэхэм зэрихьэн гъуэгуи ящIыну я гугъэт урысхэм. Арат абазэхэхэм ящыщ куэди хасэм къыщIрихьэлIар. Гузэвэгъуэм зэкъуигъэувауэ фэ ятетт шапсыгъхэми, натхъуэджхэми, абазэхэхэми – апхуэдэ я хабзакъым иджыри къэс: щхьэж и щхьэрэ и хэкурэ зэрихъумэн фIэкI нэгъуэщIым емыгупсысурэ, гузэвэгъуэр къащIэзэрыхьащ.

Урысыдзэр къежьэнкIэ зэрыхъунум и закъуэтэкъым хасэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар. Сэфар-бей и тхылъ къихьри Истамбыл къикIыжат Нэгъуей Исмел – ари зэхахат шэрджэсхэм: ди лIыкIуэм сыт къитхыр, сыт дызыхуриджэр Зан и къуэм? Инджылыз хьэщIэ (мистер Беллрэ сэрэ) къащIыхыхьами абыхэм я мурадми щыгъуазэтэкъым тхьэмадэхэр. Хъыбар Iуат: тырку сультIаным шэрджэсхэм къахуригъэшащ хъугъуэфIыгъуэ Iэджэ, къахуэзышар инджылызхэрщ, ар хуагуэшынущ нэхъ зыхуэфащэ дыдэхэм – зауэм лIыгъэ щызезыхьахэм, зи псэм емыблэж шу хахуэхэм (сэ шэч къытесхьакъым сультIаным къахуригъэша «хъугъуэфIыгъуэм» щыщ дэтхэнэ зыми и щхьэм зэрыхуигъэфащэм).

Шэрджэс хасэм си щыпэхыхьэт сэ. Си лъэпкъэгъур, мистер Белл,

къыщыспэплъэ хэщIапIэм дыщынэсам, хасэр зэхэтIысхьакIэт: жыгей абрагъуэхэм я жьауэм хэст тхьэмадэ жьакIэхухэр, дзэпщхэр, шупашэхэр. Жыгей гуэрэныращ абыхэм я хасапIэр; яшхэр, уанэ зэрателъу, жыгхэм ирапхауэ, езыхэр удзыпцIэм хэсщ, я Iэщэхэри зыкIэрахри зрагъэтIылъэкIащ. ЩIалэгъуалэр, IукIуэтауэ, шурылъэс мэджэгу, шыхэр къызэдагъажэ – кIэщIу жыпIэмэ, щхьэж и Iуэху и ужь итщ: тхьэмадэхэр мэхасэ, шу щIалэхэми ящIэн ягъуэт.

Дащыбгъэдыхьэм, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми, я Iуэхур къагъанэри, дыкъаухъуреихьащ. Абдеж сыщрихьэлIащ Истамбыл хэгъэрей щысхуэхъуа куржы щIалэм – ар Белл и тэрмэшт иджы.

Тэрмэшым Белл деж сишащ. Инджылызым щыхъыбархэм езгъэдэIуа нэужь, Шэрджэсым къызэрыкIуэрэ и нэгу щIэкIар къысхуиIуэтэжащ мистер Белл. Шэрджэсхэм къыхагъэзыхьащ мистер Белл, ди хэкум и унафэр уи Iэмыщ Iэ идолъхьэ, жари. Ар арэзы зэрымыхъуар гурыIуэгъуэщ. Дауи, пщIэ къыхуамыщIмэ, дзыхь къырамыгъэзамэ, ар къыпаубыдынтэкъым си лъэпкъэгъум. ЩIэх дыдэ си нэкIэ слъэгъуащ Белл шапсыгъхэми натхъуэджхэми пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр. Шу гъусэ щIамыгъуауэ ар зэи гъуэгу трагъэхьакъым шэрджэсхэм; къыхуэгуапэу, дэни щрагъэблагъэрт, хьэщIагъэ къыщрамых ирихьэлIакъым. Ягу къызэребгъэр зы закъуэт – унафэщI яхуэхъун зэримыдарат. ЯхуищIэфынурати, чэнджэщ ярихьэлIэ зэпытт. Белл и чэнджэщ псори къабыл ящIыртэкъым шэрджэсхэм: абы и чэнджэщхэм едаIуэрти, езыхэм нэхъ яфIэзахуэр ялэжьырт; абы щхьэкIэ нэхъ кIащхъэ хъуртэкъым Белл шэрджэсхэм я деж щиIэ пщIэр. Абазэхэхэр гъусэ къащIын мурад яIэти, шапсыгъ тхьэмадэхэр абыкIи къечэнджэщащ Белл. ЯжриIащ, ахэр гъусэ къащIмэ, шапсыгъхэмрэ натхъуэджхэмрэ нэхъ лъэщ зэрыхъунур. Абатхэ я гугъуи къыхуащIащ, ахэр урысхэм тIасхъэщIэх яхуэхъуауэ ялъытэрти, шапсыгъхэм зыхахуат, Абат зэшхэм я мылъкуи я лъапси зэрапхъуат, хэкум кърагъэхьэжыртэкъым (абыхэм я Iуэхур къызэрекIуэкIам иужькIэ щыгъуазэ нэхъ фыхуэсщIынщ). Абатхэ лъэпкъ лъэрызехьэт, абыхэм екIужмэ зи мыжагъуи яхэтт шапсыгъхэм…

Дыпсалъэурэ зыдгъэгувэ хъунутэкъыми, Беллрэ сэрэ хасэм дахыхьэжащ. Тхьэмадэм и къалэнхэр Мансур-бей лъагъэсауэ дрихьэлIэжащ, хасэм дащыхыхьэжам. Абы дыбгъурагъэтIысхьащ инджылыз хьэщIэхэр. Мансур тыркубзэ мащIэ ищIэрт, ауэ дэ къызэрыдэпсалъэр шэрджэсыбзэт – къыджиIэр псоми зэхащIыкIын щхьэкIэ. Белли сэри къыдгурыIуэнутэкъым Мансур-бей адыгэбзэкIэ жиIэр, дыкъыдэзыхыжыр тэрмэшхэрт – куржы щIалэмрэ хеящIэмрэ.

Дакъызэрыхыхьам щхьэкIэ фIыщIэ къытхуищIа нэужь, ар Даут-бей (мистер Уркарт) и узыншагъэмрэ и Iуэху зытетымрэ щIэупщIащ, итIанэ ди дежкIэ зыкъригъэзэкIащ: Шэрджэсыр урысхэм зыхадза зауэм къыхыхьэнкIэ, шэрджэсхэм къащхьэщыжынкIэ хъуну Инджылызыр? Сэ жысIащ дэ инджылыз правительствэм дызэримылIыкIуэр, ауэ, дэ къызэрытфIэщIымкIэ, Инджылызыр Шэрджэсым къыдэщIынущ, уеблэмэ ар зыми IэщIэмылъ, зи щхьэ хуит къэралу къилъытэнкIи мэхъу.

Си жэуапыр тхьэмадэхэм ягу ирихьауэ къысщыхъуащ сэ. Шынагъуэр къащхьэщыхьакIэт шэрджэсхэм – ар езыхэми зыхащIэрт, щIэгузавэр къадэIэпыкъун зэрамыIэрт. Абы къыхэкIкIэ, си псалъэр дыкъуакъуэ сщIакъым – къазэрыгурыIуэнкIэ жысIащ. Абыхэм зэралъытэмкIэ, гузэвэгъуэр ящхьэщытхыфынут дэ. «Даут-бей

къызэрыкIуэ лъандэрэ Инджылызым дыщогугъ дэ, – пищащ Мансур и псалъэм. – Илъэсищ дэкIащ абы лъандэрэ, зауэмрэ лъымрэ дыхэкIыркъым. Даут-бей дыщыгугъат, аращ илъэсищ хъуауэ дыщIыпэплъэр. Шэрджэс тхьэмадэхэм ди Iэ щIэдзауэ тхылъ здихьащ Даут-бей, ар инджылыз пащтыхьым и Iэмыщlэ ирилъхьамэ, абы щхьэ зиIэжьэрэ иджыри къэс? Инджылыз пащтыхьым щымыгугъ зы цIыхуи искъым Шэрджэсым – жьыи щIэи. Даут-бей и нэгу щIэкIащ ар. Ди щхьэр идолъхьэ инджылыз пащтыхьым и Iэмыщlэ – къыддэIэпыкъу закъуэмэ. Пэжыр къыджеIэ иджы: сытым дыщыгугъ хъуну? Нобэ жытIэркъым дэ – нобэ къытлъэмыIэскIэ, гузэрыдзэ тщIынукъым. Ди жагъуэ хъунур дыкъэвгъэгугъэрэ утыкум дыкъивнэжмэщ».

Нэхъыфlым щызгъэгугъын фlэкl, сыт хуэдэ жэуап схуетынут сэ шэрджэсхэм? Сэ къыслъысырати, яжесIар мыращ: псори зэлъытар езы шэрджэсхэращ, нэгъуэщIым щыгугъын щхьэкIэ, езыхэр зэкъуэувэн хуейщ япэщIыкIэ. Узэкъуэмыувэмэ, нэгъуэщIым и фIэщ ухъунукъым. Сэ сыкъыщIэкIуар аращи, сывдэзэуэнущ, схузэфIэкIыр фхуэсщIэнщ. Зи хуитыныгъэм щIэзэухэм я пщIэр ялъытэ инджылызхэм, хуей щыхъум деж ахэри къывдэзэуэнущ, я псэ еблэжынукъым. Iэщэр вгъэтIылъ хъунукъым иджыпсту, зэрыпхъуакIуэхэм фазэремыкIужынур ялъагъумэ, инджылызхэри къыфкъуэувэнущ – заIэжьэнукъым…

Шэрджэсхэр зыпэплъэр арат – дэIэпыкъуэгъу хъунумэ, зремыгъэгувэ. Мистер Белл шэрджэс тхьэмадэхэм яжриIащ лорд Понсонби и хъыбар абыхэм мыгувэу къазэрыIэрыхьэнур. Лорд Понсонби Белл и пщэ кърилъхьат: шэрджэсхэм яжеIэ ахэр зыщыгуфIыкIын хъыбарыфI мыгувэу зэраIэрыхьэнур. Дапщэщ а хъыбарыфIыр къыщысынур – ар езы Белли ищIэртэкъым.

Нэгъуей Исмел Истамбыл къриха тхылъым щыгъуазэ ящIа щIыкIэтэкъым хасэр, ауэ дэ шэч къытетхьэртэкъым Занокъуэ Сэфар-бей и тхылъыр зэрымыщIагъуэм – аращ къызэрыщIэкIари.

Мансур тхьэмадэхэм яхэпсэлъыхьащ; ахэр нэхъ нэщхъыфIэ къызэрыхъуамкIэ къэтщIащ ди жэуапхэр ягу зэрырихьар. Мансур и пIэр иубыдыжри, жиIащ: «Ди хьэщIэхэр дгъэзауэ ди хабзэкъым дэ, ди хабзэр ахэр тхъумэн хуейуэ аращ. ИлъэсипщIым щIигъуащ урысхэм зауэм дызэрыхадзэрэ, хуей хъумэ, иджыри илъэсипщIкIэ дызэуэнущ, Инджылызыр гъусэ къытхурехъу закъуэ. Зауэм ди лIыфI куэд хэкIуэдащ, абыхэм я пIэ иувэн ди мащIэкъым дэ. Ди мащIэр гынрэ бдзапцIэрэщ – ар къытIэщIэухащи, ди фочхэр зыми и пэрмэныжкъым. Сэшхуэрэ къамэрэ диIэщ. Сэшхуэрэ къамэрэ диIэху, урысхэм я Iэмыщlэ зитлъхьэнукъым».

БдзапцIэ тоннитI-щы зэрестыр яжесIащ шэрджэсхэм – ахэр абы зэрыщыгуфIыкIам щIэ щIэткъым…

Ди хьэщIэщым декIуэлIэжауэ, пщыхьэщхьэм хеящIэр, Хьэжы-Уэлий, къыткIэлъыкIуащ. Сэфар-бей къахуитхам щыгъуазэ хъуати, нэжэгужэт ар, къыщIыткIэлъыкIуар дэри дигъэгуфIэн щхьэкIэт. «Нобэ щыщIэдзауэ, – къыджиIащ хеящIэм, – фэ дыфхуэдэщ дэри: инджылыз пащтыхьым дрицIыхущ, абы и Iэмыщlэ дилъщ, унафэ къытхурещI закъуэ – псалъэ къыхэдгъэкIынукъым, и унафэр дгъэзэщIэнущ». ХеящIэм дыщигъэгъуэзащ Занокъуэ Сэфар-бей шэрджэс тхьэмадэхэм къахуитхам. Адрианополь дэс инджылыз консулым и пщэ дилъхьэри, Британием и лIыкIуэм шэрджэс тхьэмадэхэм къахуригъэтхащ: урыс дзэпщым деж цIыху ягъэкIуэн хуейщ, абы епсэлъэн щхьэкIэ;

дзэпщым жэуап къыпахыху, Псыжь адрыщI зэуакIуэ кIуэ хъунукъым; урысыдзэр Шэрджэсым иришыжын, Шэрджэсым кърашIыхьа быдапIэхэри якъутэжын хуейуэ дзэпщым преубыд. ЛIыкIуэхэр дзэпщым деж щэнейрэ ягъэкIуэн хуейщ, паубыдар къахуимыщIэмэ, абыкIэ хъыбар ирагъэщIэн хуейщ Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэм.

Арат Сэфар-бей шэрджэс тхьэмадэхэм къахуитхар. Абы дыщыгуфIыкIащ дэ. Ар къадэхъуатэмэ, Инджылызымрэ Шэрджэсымрэ зэувэлIауэ жыпIэ хъунут. Инджылызым, икIэм-икIэжым, яхуэфащэ гулъытэ къахуищIащ шэрджэсхэм, и щхьэ ирилъытащ, я Iуэхум къыхэIэбащ – арат дэ дыщIэгуфIар. ДымыщIэр абы кърикIуэнкIэ хъунурат.

Шэрджэс лIыкIуэхэр, урыс генералым деж кIуэн и пэ, ди хьэщIэщым къихьащ, тхылъым щIывгъунуIа, жари. Тхьэмадэхэм ятхам щIыдгъужынIауэ къыттехуэртэкъым дэ.

ЛIыкIуэхэр ХьэфIыцIей (Геленджик) кIуащ – арат генерал плъыжьыр зыдэсыр. (Зэрыщхьэцыгъуэм щхьэкIэ арат шэрджэсхэр Вельяминовым зэреджэр). Генералыр къащыгуфIыкIауэ жаIащ абыхэм, зытекIухьам щыгъуазэ ящIа нэужь, ауан къищIащ армыхъу, уеблэмэ къащыдыхьэшхащ. «Фи инджылыз хьэщIэхэр, – къажриIащ Вельяминовым, – хьэгъапхъэщ, фагъэжакъуэ фIэкI, къыфхуащIэфын щыIэкъым, яхуэфащэри зыщ: е фукIын, е фи хэкум ифхужын. Шэрджэсхэм я гугъу пщIымэ, зы хэкIыпIэщ абыхэм яIэр – императорым и IэмыщIэ зралъхьэн». «Абы демыувалIэмэ, сыт къыдэфщIэнур?» – щIэупщIащ лIыкIуэхэр. «Узижагъуэнщ! – къажриIащ. – ФэтщIэнум фыщIэупщIэмэ, си тырку тэрмэшым и пщэ дэслъхьэнщи, фэтщIэнур езгъэтхынщ. Ар ныфIэрыхьэмэ, щыгъуазэ зыфщI. Тхылъым феджи, жэуап къысIэрывгъэхьэж – махуитI пIалъэщ фэстынур».

Вельяминовым шэрджэсхэм къахуитха тхылъыр мистер Беллрэ сэрэ тлъэгъуащ. Абы Европэр щыгъуазэ хъун и гугъагъэнкъым Вельяминовым – генералыр зэрыахьмакъри зэрыбзаджэнаджэри кърипщIэнущ абы шэрджэсхэм къахуитха тхылъым. Сэ згъэщIагъуэр аращ – апхуэдэ генералт бгырысхэр Урысейм и IэмыщIэ изылъхьэнур: нэхъ губзыгъэIуэ игъуэтагъэнкъым императорым.

Генерал Вельяминовым шэрджэсхэм 1837 гъэм май мазэм и 28-м къахуитхам щыгъуазэ фызощI:

«ТенджызитIым я тIуащIэм щытепщэр фэракъым. Тырку пащтыхьым и унафэм фобакъуэри, урысхэм я щIыналъэр фохъунщIэ. Мамырыгъэ фыхуеймэ, фхъунщIауэ хъуар къыдэфтыжынщ, фи деж нэкIуасэхэмрэ гъэр фщIахэмрэ ди IэмыщIэ къифлъхьэжынщи, Урысейм тхьэмадэ къыфхуищI фипщхэм ящыщ зым и унафэм фыщIэувэнщ. Фи деж къакIуэ инджылызхэр къанэ щымыIэу щхьэхуещэщ, фыкъагъапцIэ, фагъэщхьэрыуэ; ахэр зэщэр фи хэкур зэрызыIэщIалъхьэнщ, Инджылызым и унафэм фыщIэувэ нэхърэ Урысейм и IэмыщIэ зифлъхьэмэ, фэркIэ нэхъыфIщ. Инджылызым, Франджым, нэгъуэщI европей къэралхэм запыфщIауэ фахуотхэ, ар щывгъэтрэ ди императорым и IэмыщIэ зифлъхьэмэ, итIанэщ зауэм кIэ щигъуэтынур. Сыт фызыщыгугъыр? Уафэр къеухмэ, ар мыжурэкIэ зэтриIыгъэфынущ Урысейм – ар фщIэркъэ фэ? Инджылызхэр IэпщIэлъапщIэ хъунщ, ауэ къару зыбгъэдэлъыр Урысейращ. Зауэ кърашIылIэ щхьэкIэ, абы зыри къыпэлъэщакъым игъащIэм. Фи лIыкIуэр Истамбыл дихун хузэфIэкIащ Урысейм, а зым къыщхьэщы-

жыфакъым Инджылызыр, атӀэ дауэ абы фи лъэпкъыр къызэрихъумэфынур. Сэфар-бей ди ӀэмыщӀэ къралъхьащ. Инджылызым Ӏуэхум хэлӀыфӀыхьын мурад иӀэмэ, абы къыщыщӀидзэн хуейр Лондон дэс ди лӀыкӀуэм дежщ. Фи инджылызхэм я щхьэ Ӏуэхущ зэрахуэр. Урысейм нэхъ лъэщ дунейм къэрал теткъым. Мамыру фыпсэуну фыхуеймэ, зыгурывгъаӀуэ: дунейм щытепщэр Тхьэмрэ ди императорымрэщ – Тхьэр – уафэм, ди императорыр – щӀылъэм! Зауэ фыхуэмеймэ, тфӀэвдыгъуауэ хъуар къыдэфтыжынщи, ди императорым и унафэм фыфӀэкӀынкъым. Гъэр фщӀахэмрэ фи деж нэкӀуэсахэмрэ къыдэфтыжа нэужь, тет ныфхуэдгъэкӀуэнущи, абы къыфхуищӀ фи унафэщ. ДяпэкӀэ, урысхэр фи деж ныщыкӀуэкӀэ, ахэр евгъэблэгъэн хуейщ, ерыскъыи нэгъуэщӀи щывгъэщӀэнкъым. Урыс хьэщӀэхэм фи тхьэмадэхэм яхуэфщӀ пщӀэм хуэдэ къахуэфщӀынщ… ДызыхуеймдыкӀуэкӀэ фыкъытпэрыуэ хъунукъым, дызыхуей щӀыпӀэм быдапӀэ щыдухуэнуи хуит дыфщӀынщ, абы щхьэкӀэ дызыхуеймхуэдиз цӀыхуи пхъэкӀэбжьэкӀи къыдэфтынщ. ФыкъыдэмыдаӀуэмэ, фи хэкур къыфтетхынурэ фи унафэри тщӀынущ. Абы къыхэкӀкӀэ, си псалъэм фыкъеувалӀэ. Дэ вжетӀэр фи фӀэщ фщӀын хуейщ фэ, итӀанэщ гущӀэгъу щыфхуэтщӀынур, арыншамэ, фи псыхъуэхэм мафӀэлыгъэр къыщылыдынщ, фи къуршхэр зэтедгъэщэхэнущ! Ди ӀэмыщӀэ зыкъифлъхьэмэщ фи щхьэр хъума щыхъунур. Армырмэ – фи мылъкур зыкъэмынэ, уеблэмэ фи Ӏэщэфащэри дэкӀуэу къыфтетхынурэ, гъэр фытщӀынущ.

**Вельяминов»**.

Абы и жэуапыр дэ дагъэтхын я гугъащ шэрджэсхэм, ди псалъэр нэхъ ткӀыбжь хъун къафӀэщӀырти. Сытми, зэчэнджэщыжа нэужь, жэуапыр хеящӀэм ирагъэтхащ:



«Къытхуэптхар къыдгурыӀуащ. Уэ уурыс генералщ, дэ, Тхьэм и шыкуркӀэ, дымуслъымэн къабзэщ. ПцӀымрэ щхьэхуещагъэмрэ дапэӀэщӀэщ дэ – аращ ди бегъымбарым дызыхуриджэр. ИлъэсипщӀ хъуауэ дызозауэ дэ, дуней псор щыгъуазэщ дяку ныбжьэгъугъэ зэримылъым. Мыр нэттхын хуейуэ ди пщэ къыдилъхьащ инджылыз пащтыхьым. Уафэм и щӀагъ щӀэткъым Инджылызым нэхърэ нэхъ къэрал инрэ нэхъ лъэщрэ. СыткӀи япэ итщ ар, пцӀыи хэзагъэркъым. Уи жьэм дауэ къекӀуа ар – Инджылызыр пцӀыӀуэпцӀышэщ жыпӀэныр? Дэ дощӀэ Франджыр Мысырым щытеуам щыгъуэ Инджылызыр ди къуэш мамлюкхэм къазэрыдэщӀар. Абы лъандэрэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ Инджылызымрэ Шэрджэсымрэ. Инджылызыр зэи къыдэпцӀыжакъым дэ, ар игъащӀэми къадощӀ муслъымэнхэм. Иджыпсту ди Ӏуэху зытетым щыгъуазэщ ар, къыддэӀэпыкъунуи хьэзырщ. ТенджызитӀым яку дэс лъэпкъхэр псори дызэщщ, зауэ фэтщӀылӀэн муради диӀэкъым. Фэри дызэрыфщыгугъыр аращ: ди щӀым къифщӀыхьа быдапӀэхэр фкъутэжи, Псыжь фызэпрыкӀыж. Абы и ужькӀэ дызэгурыӀуэнщи, ди жагъуэ зэрыщӀыжынкъым. Ар щӀывжетӀэр дыфщышынэу аракъым, зи жьауэ дыщӀэува Инджылызым апхуэдэ чэнджэщ къыдехьэлӀэри аращ. Дэ вжетӀэм федэӀуэн фи щхьэ тевмылъхьэмэ, фызэрегуакӀуэщ, нэхъ ффӀэзахуэр влэжь, ауэ афӀэкӀа зыри къытхуэвмытх, къытхуэфтхми, деджэнукъым. Инджылыз пащтыхьым и унафэм ипкъ иткӀэ, ди хы Ӏуфэр хуит яхуэтщӀынущ сатуущӀэхэм, аращ фи быдапӀэхэр икӀэщӀыпӀэкӀэ фкъутэжын хуейуэ щӀыфпэдубыдыр. Уи щхьэм куэд тыболъхьэж уэ, ди хэкур зэтепкъутэну щыжыпӀэкӀэ, ар зыхузэфӀэкӀынур Тхьэ закъуэрщ. Узыхуейуэ хъуар къыдэпщӀэфыну жыбоӀэ уэ, дэ ды-

лъэпкъ цIыкIуми, Тхьэмрэ Инджылызымрэ къыддоIэпыкъури, иджыри къэс къыдэфщIэфаIакъым. Мыбы жэуап къептыжын мурад пщIымэ, жэуапыр зыхуэптхынур инджылыз пащтыхьырщ – абы и унафэм дызэрыщIэувар бжетIащ; жэуап къыдумытыжынумэ, афIэкIа къытхуумытхIа, зауэри зэпывмыгъэу. Мыр ныщIэттхыр фи топхэмрэ фи гынымрэ дагъэщтауэ аракъым – ар уигу къыумыгъэкIыххэ…»

Урысхэм я деж лIыкIуэ щэнейрэ ягъэкIуащ шэрджэс тхьэмадэхэм – лорд Понсонби къарихьэлIа чэнджэщым ипкъ иткIэ. ЛIыкIуэ щэнейрэ ягъэкIуа нэужь, тхьэмадэхэм къагурыIуащ генералым къепсэлъэн мурад зэримыIэр; зауэм зыхуагъэхьэзыращ итIанэ.

МахуиплIкIэ зэхэкIакъым хасэр – унафэ ящIыху. Унафэ ящIа нэужь, зы шу утыку къихьащ. ЖьакIуэ гуэр хъунт ар (зэрыжьэхъур си нэгу щIэкIащ) – арагъэнщ хасэм и унафэм цIыхур щыгъуазэ ищIын хуейуэ абы и пщэ щIыдалъхьар. Утыкум ихьэри, шум жиIащ: «Хасэм унафэ ищIащ ди хэкур джаурхэм яIэрыдмыгъэхьэну, ди псэр пытыху, ар тхъумэну. Ди хэкур тхъумэурэ зауэм хэкIуадэр шэхьид хъунущ – жэнэтым и бжэр хузэIухащ абы. И псэм еблэрэ ди Iуэхум епцIыж къытхэкIмэ, апхуэдэр унэхъуащ, пунэлат етхынущ, абыи къыщыднэнукъым: и уни и лъапси дгъэсынущ, езыри и унагъуэри гъэр тщIынурэ тщэнущ. Дыгужьей хъунукъым! Тырку сультIаным и щIыб къытхуигъээжакъым дэ, инджылыз пащтыхьым зызэщIеузадэ, къыддэIэпыкъунущи. Гынрэ топрэ щIэх къытIэрымыхьэкIэ дыгузавэ хъунукъым – дыпэплъэнщ: ар псынщIэу зэфIэкI Iуэхукъым. Къэрал Iэджэ къыддэщIынущ, джаур нэхъуеиншэхэр ди хэкум щитхужкIэ къыддэIэпыкъунущ… Зым зыр фымыхъунщIэ; фи Iэпэлъапэр шхэмэ, джаурхэр фхъунщIэ – аращ яхуэфащэр, фIырыфIкIэ дызэгурымыIуэнумэ… Мо инджылыз хьэщIэхэм зэхахри ялъагъури ятх, я пащтыхьым къалэн къащищIауэ. Аращ емыкIу къэтхь щIэмыхъунур, зыр зым дыщыхьэурэ. Ди псэр ди хэкум щхьэузыхь зэрыхуэтщIынумкIэ псоми тхьэлъанэ дывгъэщI нобэ!»



Хасэр зэхэкIыжа нэужь, ди гупыр дышэсыжри ПшаткIэ дунэтIащ. ХьэфIыцIей (Геленджик) зыубыда Вельяминовми абы гъусэ къыхуэхъуа дзэми Пшат теуэн мурад яIэт – ар къажриIат шапсыгъ лIыкIуэхэм. Пшат нэмыс щIыкIэ, Адырбий псыхъуэм, генералым къыщыпэуващ шэрджэсхэр, абдеж щызэхэуащ; дэри дыздэпIащIэр арат. Нэпкъ лъагэм къытеуvауэ къахэуэ шэрджэс шухэм ялъэIэсакъым Вельяминовым и топауэхэр; генералым и дзэр абдеж щызэтеувыIэн хуей хъуащ, шэрджэсхэр къащыпэувым. Шэрджэсхэм гыныр къаIэщIэуха нэужь, сэлэтхэр «щакIуэ» ежьащ, мэзым щIыхьа щхьэкIэ, нэпкъым тета шэрджэсхэр ягъуэтыжакъым.

Пшат дынэсыным куэд къэмынэжауэ, Вельяминовыр дяпэ зэрищар зэхэтхащ – Пшат зыдигъэзэгъакIэт абы. Адырбий псыхъуэ нэсыху фIэкI генералым и дзэр ягъэпIейтеякъым шэрджэсхэм: япэрауэ, адыгэ жылагъуэхэр щымащIэт абдеж, гъуэгури кIугъуафIэт, сэтейти, шэрджэсхэр къатегушхуакъым. Пшат зи хэщIапIэ Индар-оглу (Шупагуэ Мэхьмэт) хэлIыфIыхьауэ къыщIэкIынущ Iуэхум – ар и пIэ къикIакъым, дзэр Пшат нэсыху – урысхэм IупэфIэгъу яхуэхъуауэ шэч хуащIырт Индар-оглу, и гъунэгъухэм яхузэгуэпати (абы и щхьэусыгъуэм щыгъуазэ дыхъуащ). Шэрджэсхэм зауэ гуащIэ яублэн щIамыдар къыхэкIагъэнкIэ мэхъу лорд Понсонби къахуитхам. Абы зэрыжиIэмкIэ, инджылыз дипломатхэм зэгурагъэIуэжынут Шэрджэсымрэ Урысейм-

рэ, Iуэхур абы щынэсакIэ, лъы лей щIэбгъэжэнур сыт?

Мистер Белли сэри шэч къытетхьэртэкъым Вельяминовыр къазэрытеуэнум, зауэм зыхуагъэхьэзырын зэрыхуейр яжетIэ щхьэкIэ, дызэхащIыкIакъым, бэлэрыгъащ. Ар дэна къэна, дыздагъэшэсыни ядакъым: Урысхэр псом япэ фэращ зэщэр, фи фащэмкIэ фыкъацIыхунурэ, фытхаукIыкIынущ, жари. Шэрджэс фащэкIэ зызэрызмыхуэпам, Инджылызым сыкъызэрикIа фащэр иджыри къэс зэрысщыгъым сыхущIегъуэжащ, дауи. Шэрджэс фащэ схуадырти, абы сыпэплъэн хуей хъуащ мопхуэдэ чэнджэщ къыщызахьэлIэм.

Урысхэр Пшат къызэрыдыхьэрэ тхьэмахуищ хъуащи, зыкъагъэхъейркъым: хы Iуфэм быдапIэ къыIуащIыхь – абы къыдэхуэркъым. Ихъуреягъкlэ кърагъэбыдэкIащи, зэзэмызэ къыдэукI фIэкI, шэрджэсхэр ягъэпIейтейркъым, хы Iуфэм къыIукIын тегушхуэркъым. БыдапIэ зыбжанэ яухуэн я мурадщ урысхэм – мазитI нэхърэ нэхъ мащIэ текIуэдэнукъым абы. Ар къагъэсэбэпын мурад ящIащ шэрджэс тхьэмадэхэм – езыхэм къатемыуэ щIыкIэ, я быдапIэхэм ебгъэрыкIуэн хуейщ. Пшат псыхъуэ шу куэд щызэхуэсащ.

Урысхэм Пшат деж хы Iуфэм IуащIыхь быдапIэм елIэлIэху, Геленджик е Абын быдапIэхэм утеуэмэ, зэрынэхъ тфIэзахуэр яжетIащ тхьэмадэхэм, ауэ ар къытхуадакъым: щIегъуэжауэ къыщIэкIынт, лорд Понсонби къызэригъэгугъар ягу къэкIыжу. ПцIэмэз дыкIуэн хуей хъуащ итIанэ. Абы дыкIуэн и пэ, Пшат деж хым декIуалIэри, урыс быдапIэм дыдэплъащ. Бжьэпэ лъагэм дытетти, хы Iуфэм Iут жыг абрагъуэхэм я жьауэм щIэт шэтыр хужьхэр долъагъу, сэлэтхэр плъырщ, я фочхэр гъэпкIауэ; щIытI лъагэм тет топхэри къэтлъэгъуащ. Сэ зэрыслъытамкIэ, сэлэт мин пщыкIуий нэхърэ нэхъ мащIэ дэстэкъым быдапIэм; хым кхъухьих теслъэгъуащ… быдапIэм ебгъэрыкIуэн зэрамыдам щхьэкIэ уигу ебгъэ хъунутэкъым шэрджэс тхьэмадэхэм – ебгъэрыкIуамэ, куэд зэрыхэкIуэдэнум шэч хэлътэкъым.

ПцIэмэз дыщыкIуэм, зи щIыфэр фочышэм къриуда жыг куэдым даблэкIащ – шэрджэсыр жыгым еуэнукъым: дауи, ар сэлэтхэм я Iэужьщ. Жыгхэм къыхэна фочышэхэр сапэкIэ къыхатхъыж шэрджэсхэм – бдзапцIэр лъапIэщ, гъуэтыгъуейщ. Зригъэпщам темыхуэнумэ, шэрджэсым кIакхъур щIичынукъым; кIакхъур щIичакъэ – шэр зригъэпщам фIэкIынукъым.

Адырбий псыхъуэ дыдыхьауэ, шу гуп къыдихьэлIащ. Абыхэм къызэрыджаIамкIэ, нэпкъ лъагэм дытехьэмэ, Геленджик быдапIэм дыдэплъэфынут. Урыс быдапIэхэр яфIэгъэщIэгъуэнщ шэрджэсхэм. Абыхэм зэралъытэмкIэ, быдапIэ зыухуэр къэрабгъэращ. Я сэлэтхэр добэмпIыхь быдапIэхэм – лъэхъуэщым ис хуэдэщ. ЯхузэфIэкIмэ, я щхьэр щIахьэри, шэрджэсхэм я деж мэкIуасэ сэлэт насыпыншэхэр…

Хьэжы-Исмел дригъэблэгъащ зымахуэ. Шэрджэсым сыкъызэрихьэрэ гу лъыстат ар зэрыцIыху щэныфIэм – и щхьэм темылъ трилъхьауэ слъэгъуакъым, куэдкIэ ефIэкIми, зыкIи закъыхигъэщыртэкъым и ныбжьэгъухэм. ЕджэкIэрэ тхэкIэрэ зэрищIэм сыщыгъуазэти, Тыркум и тхыдэм теухуа тхылъ естащ Хьэжы-Исмел. Тхылъым щыгуфIыкIащ – тхылъ щыгъуэтыгъуейщ Шэрджэсым, еджэфыр щымымащIэ пэтми.

Хьэжы-Исмел деж щIалэщIэ хьэлэмэт гуэр дыщрихьэлIащ АбдулыхькIэ еджэу. Анапэ щеджат щIалэр, ар тыркухэм щаIэщIэлъам щыгъуэ. Тыркухэр Анапэ дахужа нэужь, Абдулыхь бгыщхьэм ис зы жылэ егъэзыпIэ хуэхъуащ. Зыхэмызагъэ щыIэтэкъым щIалэр – азэн

джэрт, жьакӀэупси пщафӀи пхуэхъунут, топи игъэуэфырт, «топ-баший» фӀащауэ («топауэ пашэ»). Ар фӀаща щхьэкӀэ, зы топ закъуэт яӀэр, ари урысхэм я деж къащыӀэрыхьауэ; гыныр щымащӀэм деж топыр яузэдыххэртэкъым: улъиижауэ удз кӀырым хэлът…

Хьэжы-Исмел и унэм дыздисым, фоч уэ макъ зэхэтхащ: хьэщӀэ лъапӀэ гуэр къеблэгъауэ арат абы къикӀыр. «Гъузбэч! Гъузбэч!» – зэхэсхащ хьэщӀэм и цӀэр.

Псыжь цӀэрыӀуэ дыдэ щыхъуат Гъузбэч – адрыщӀкӀи мыдрыщӀкӀи: къэзакъхэр къыщыщтэрт абы, шэрджэсхэр иригушхуэрт. ХьэжыщӀ щыӀауэ къыздэкӀуэжым, Къаир дыхьащ Гъузбэч, Мэхьмэт-Алий пэщэ деж еблэгъащ, абы къигъэхьэщӀащ, ӀэджэкӀэ къетащ. «Уи дзэм сынмыхьэнщи, сыпхуэзэуэнщ», – жриӀащ пэщэм, арщхьэкӀэ модрейм дзыхь ищӀакъым дзэм хигъэхьэн: и дзэм шэрджэс шу хъыжьэр зэрыхэмызэгъэнур ищӀэ хъунт…

И ныбжьыр хэкӀуэтами, щӀэх епсыхакъым Гъузбэч, зауэм я нэхъ гуащӀэ дыдэм япэ хэхутэр арат. Сэ сыщрихьэлӀам щыгъуэ Гъузбэч нэхъ жьыфи къытеуат, гукъыдэж щӀагъуи иӀэжтэкъым. Абы и щхьэусыгъуэр къызжиӀащ.

1834 гъэм генерал Вельяминовым Псыжь адрыщӀ Абын быдапӀэр кърищӀыхьын хузэфӀэкӀащ, адыгэ хэкум дзэшхуэ къришэри. Дзэм пэувахэм яхэтащ Гъузбэч; и къуэ нэхъыщӀэри здигъэшэсащ, Вельяминовым щыпэувым. И къуэм жриӀащ: «Си напэр тепхынщи, зэуапӀэм уисшыжынкъым». Езыр дзэм хэлъэдащ, и шухэр и ужь иригъэувэри. А зауэм хэкӀуэдащ Гъузбэч и къуэр; ар къызэраукӀар щызэхахым, шапсыгъ шухэм, бийм и дзэр кӀуэцӀракъутыкӀри, Гъузбэч и къуэм дежкӀэ задзащ, абы и хьэдэр урысхэм Ӏэрамыгъэхьэн щхьэкӀэ.



Гъузбэч и къуэр зэуапӀэм кърахыжащ шапсыгъхэм. Езы лӀыжьыр къелащ, ауэ абы и ужькӀэ гукъыдэж иӀэжакъым – а зы къуэрат иӀэжыр. (Лонгворт зи гугъу ищӀыр шапсыгъ дзэпщ ЩэрэлӀокъуэ Къызылбэчщ; къуиплӀ иӀати, плӀыри зауэм хэкӀуэдащ, езыри, илъэс блыщӀым щӀигъуауэ, 1839 гъэм зауэм къыщаукӀащ. – *Ред.*)

… Мазэ зыбжанэ дэкӀащ Шэрджэсым дыкъызэрихьэрэ, итӀани Истамбыл къикӀауэ зы хъыбар кӀапи къытӀэрыхьакъым. Дызэрыхъыбарыншэм и закъуэтэкъым дигу къеуэр; куэдкӀэ къытщыгугъ шэрджэсхэм дащыӀуплъэкӀэ, ди щхьэр щӀэдгуэн хуей хъурти, ар нэхъ къыдэхьэлъэкӀырт: я жьэкӀэ къыджамыӀэфми, абыхэм дащыӀуплъэкӀэ зыхэтщӀэрт ягукӀэ жаӀэр: «Дэнэ щыӀэ дыкъызэрывгъэгугъар, дапщэщ инджылызхэр къыщытлъэӀэсынур?»

Хъыбар къытӀэрымыхьэурэ Шэрджэсым щыдгъэкӀуа мазищыр лӀэщӀыгъуэ къытщыхъурт дэ – хъыбар гуэр къэӀун хуеякъэ алъандэрэ? Шэч къытетхьэртэкъым «Виксен» кхъухьым и Ӏуэхур лорд Палмерстон парламентым къызэрыщиӀэтам: шэрджэсхэм къадэӀэпыкъун мурад яӀэмэ, ар фӀэгъэнапӀэ хъун хуеящ алъандэм. («Виксен» кхъухьымкӀэ мистер Белл шэрджэсхэм Ӏэщэ, гын, бдзапцӀэ къахуишауэ щытащ, ауэ ар шэрджэсхэм я деж къагъэсакъым урысхэм – яубыдри, къайгъэ кърагъэкӀащ. – *Ред.*)

Пшапэр зэхэмыуэ щӀыкӀэ е пщэдджыжьым бжьэпэм дытоувэри, хым дыхоплъэ: кхъухь гуэр къыткӀэлъымыкӀуауэ пӀэрэ? Кхъухь тыдолъагъуэ хым, ауэ дэ дызыпэплъэхэратэкъым – хы Ӏуфэм щыплъыр урыс кхъухьт, дэ къыткӀэлъыкӀуаӀами, абыхэм къаблэкӀыфынутэкъым: е яубыдынут, е щӀрагъэлъэфэнут.

Ягу зэщыуэным нэсами (дауи, дэрат ар зи лажьэр: къэдгъэгугъэ фІэкІ зыри яхуэтщІэфыркъым), шэрджэсхэм я щІыб къытхуагъэзэжын мурад зэрамыІэр, ар дэнэ къэна, ди гукъыдэжыр къызэраІэтыным зэрыпылъыр зыхэсщІэ зэпытт сэ. Махуэ гуэрым зы лІыжь нэжэгужэ къытхуэкІуащ. «ФызгъэгуфІэнщ, – къыджиІащ абы. – Тхьэмахуэ къакІуэ хъыбарыфІ къыфІэрыхьэнущ – аращ блэгъум къисхар: хы Іуфэм кхъухь къесылІэнущ, фи лъэныкъуэмкІэ къикІауэ».

Пщыхьэщхьэ гуэрым, дымыгъуэлъыж щІыкІэ, ди бысымым и къуэмрэ си хэгъэрей лІыжьрэ хьэщІэщым къыщІэлъэдащ: «ГуфІапщІэ къыдэт: хъыбарыфІ къыпхуэтхьащ!» Сыт хуэдэ гуфІапщІи епт хъунт апхуэдэ хъыбар щхьэкІэ! Тырку сатуущІэ Амир-ага ХьэфІыцІей (Геленджик) къикІыжа къудейщ, жаІащ абыхэм, бэракъ плъыжь зыщхьэщыхуарзэ кхъухь тІощІ къыІухьащ хы Іуфэм – сатуущІэм езым и нэкІэ илъэгъуащ. Инджылыз кхъухьтэкъэ бэракъ плъыжь зыщхьэщыхуэрзэнур – абы шэч къытетхьакъым. Пщэдджыжьым жьыуэ ХьэфІыцІей дыкІуэну дежьащ, псыхъуэм дыщыдэкІым, тырку сатуущІэм зыхуэдгъэзащ. Абы къыджиІам тепщІыхьмэ, ХьэфІыцІей дыщІэкІуэн щыІэтэкъым: бэракъ плъыжьхэр зыІэтар урыс кхъухьхэрат, абыхэмкІэ кхъухьхэр зэрыщІэрт, ШэпсынкІэ кІуэну загъэхьэзырырти; Шэпсын дежи быдапІэ щаухуэн щІадзащ урысхэм, шэрджэсхэр къазэрыхэлъадэри къафІэІуэхуакъым.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуауэ, хым тет урыс кхъухьым къыбгъэдэсыкІри, зы кхъуафэжьей, сэлэт зыбжанэ исуу, хы Іуфэм къыІухьащ. Хы Іуфэм пэмыжыжьэу мэл хъушэ щагъэхъуакІуэрт. Кхъуафэжьейм ис шэрджэс тэрмэшыр мэлыхъуэхэм къегуоуащ, абы мэлыхъуэхэм къазэрыжриІамкІэ, урыс кхъухьыр хы Іуфэм къыщІыІухьар шэрджэсхэм я деж мэл къыщащэхун щхьэкІэт: мазэм щІигъуауэ щІаккхъуэ фІыцІэрэ псырэ фІэкІ яІухуатэкъыми, мэл хъушэр щалъагъум, тегушхуащ. Шэрджэсхэм къезэуэн мурад яІэкъым кхъухьым исхэм, жиІащ тэрмэшым, хагъэзыхьауэ хы Іуфэм щагъэплъыр, армыхъумэ езыхэм ягу Іей илъкъым. Мэлыхъуэхэм шэч ящІащ, тэрмэшыр инджылызхэм щыщІэупщІэм. «Хъунщ, – жаІащ абыхэм. – Пщэдей пщІондэ зыхурегъэшэчыж, ди нэхъыжьхэм дечэнджэщынщи, пщэдей дызэхуэзэнщ».

Тхьэмадэхэр куэдрэ чэнджэщакъым: мэлыр щхьэусыгъуэщ, ягу илъри зэщэри нэгъуэщІщ, дауи. Кхъухьыр къаубыдын мурад ящІащ шэрджэсхэм. ЕтІуанэ махуэм хы Іуфэм кІуащ мэлыхъуэхэр, мэл зыттхух здахури; я Іэщэр къагъэхьэзырауэ адрейхэр пабжьэм хэтІысхьащ. Кхъуафэжьейр къесылІащ, абы къикІри сэлэт зытхух пшахъуэм къыхыхьащ, мэлыхъуэхэм я деж къэмыс щІыкІэ, шэч ящІа хъунти, ягъэкІэрэхъуэжащ. Чыцэм хэс шэрджэс фочауэхэм сэлэтищ яукІащ – кхъуафэжьейм нагъэсыжакъым. Хым тет кхъухьыр топкІэ къахэуащ шэрджэсхэм – топышэр къалъэІэсакъым. Тхьэмадэхэм шэч къытрахьакъым: инджылызхэрат урыс кхъухьхэр къызыкІэлъыкІуар – ахэр яубыдын щхьэкІэ. Абдеж къыщызгурыІуащ нэхъри дысакъын зэрыхуейр, даубыдын щхьэкІэ, урысхэр сыт хуэдэ бзаджагъэми зэрыхуекІуэфынур.

ПцІэмэз дгъэзэжа нэужь, абдеж апхуэдизрэ зыщытІэжьэ зэрымыхъунур етІуэкІащ шэрджэсхэм: дэ дыкъыщІэкІуар шэрджэсхэм я хэку псор зэщІэдгъэхьэн щхьэкІэщ, итІанэщ абыхэм я Іуэхум щыгъуазэ нэхъ дыщыхъунур. Дэ тщІэрт абы къыпадзыжынури: ди лъахэм нэхъыбэрэ фисмэ, нэхъ къыдощтэ, фи чэнджэщхэр яфІэкъа-



7 Заказ № 129

былщ цIыхум, фэ фыкъалъагъумэ, нэхъ мэгушхуэ… КIэщIу жыпIэмэ, дызыхамыгъэкIыжын щхьэкIэ, натхъуэджхэм сыт хуэдэ щхьэусыгъуэри къагупсысыфынут. Ар тщIэрти, хэдгъэзыхьащ: хьэщIагъэ къызэрыткIэлъызефхьэр долъагъу, афIэкIа дыфтехьэлъэну дыхуейкъым, игъащIэкIэ дыфхэсами, дыкъызэрывмыужэгъунур дощIэ, итIани Абазэхэм дыкIуэн мурад тщIащ, абыхэми я Iуэху зытетыр зэдгъэщIэн хуейщ…

Ди псалъэм къызэщIиIэтащ натхъуэджхэр; тхьэмадэхэр къызэхуэсащ, Абазэхэм дыкIуэн мурад зэрытщIар я гуапэ хъуакъым. ДыкъызыхамыгъэкIыжын щхьэкIэ, сытри къытхуащIэнут натхъуэджхэм. Фи жыIэм дыфIэкIынкъым, фэр фIэкI нэгъуэщIым дедэIуэнкъым, къыджаIащ натхъуэджхэм. «Ар фи фIэщ хъун щхьэкIэ, – жаIащ, – хасэр зэхуэтшэсынщи, фахэпсэлъыхь, сыт хуэдэ чэнджэщ къыдэфхьэлIэми, деувэлIэнщ». Арэзы дыхъуащ абыкIэ; хасэр щызэхашэнур Уэздыгъейкlэ зэджэ хуейрати, махуитI-щы дэкIри абы дыкIуащ.

Зауэ кIыхьыр кIуэ пэтми къатехьэлъэрти, нэгъуэщI къэралхэм фIэкI нэгъуэщI гугъапIэ яIэжтэкъым шэрджэсхэм – езыхэм я къарур къаIэщIэухэрт, я бийм апщIондэху нэхъри къатрикъузэрт. Я лIыкIуэм, Занокъуэ Сэфар-бей, шэрджэсхэр зыщигъэгугъыр нэгъуэщI къэралхэрт, ахэр къалъэIэсыху Iэщэр ямыгъэтIылъыну тхьэ яригъэIуат. Занокъуэм къигъэгугъэ щхьэкIэ, къахуищIэф щыIэтэкъым, абы пэплъэурэ, шэрджэсхэм я жылэхэр мафIэм хисхьэрт, я нэхъ хахуэхэм я щхьэр зауэм халъхьат, итIани Iэщэр ягъэтIылъынутэкъым, я лIыкIуэр, Занокъуэ Сэфар-бей, къахэмыхьэжауэ.



И лъэпкъыр игъэщIэхъуакъым Сэфар-бей: Къаир дэс пэщэми тырку уэзирхэми яIущIащ, шэрджэсхэм къадигъэIэпыкъун щхьэкIэ. Езы султIан дыдэми хуэзащ; абы и нэфI къыщыхуащ шэрджэс лIыкIуэм – тыгъэ лъапIэкIэ къыхуэупсащ. Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм игу техуакъым ар; сулътIаным пиубыдащ: шэрджэс лIыкIуэ жыхуэфIэр Истамбыл думыгъэхумэ, сэ сыдэкIыжынущ. Урыс лIыкIуэм фIэлIыкIри, Занокъуэр Истамбыл дагъэкIащ – абы щыгъуэщ ар Базарджик къалэ цIыкIум щыдаубыдар…

Уэздыгъей деж щызэхыхьа хасэм унафэ белджылы гуэри ищIакъым, псалъэ дыгъэл куэд щыжаIами. Щхьэусыгъуэ яхуэхъуар цIыхур губгъуэм зэритырт (гъавэ къехьэлIэжыгъуэт); иджыпсту зэуакIуэ уежьэ мыхъуну жаIэри, зэбгрыкIыжащ…

Хасэр щызэхыхьа щIыпIэм пэжыжьэкъым Бжьэдыгъур; абы и гъунапкъэхэр Абазэхэми Шапсыгъми йоуалIэ. Бжьэдыгъухэм я пщы тхьэмадэм, Пщыкъуэ, и хъыбар дыщыгъуазэт дэ, ар зэрыхахуэр зэхэтхат. Урысхэр гъунэгъу къахуэхъуати, абыхэм яхудичыхын хуей хъурт бжьэдыгъупщым (Екатеринодар топкIэ къыдэукIмэ, къалъэIэсынут), итIани и лъэпкъэгъухэми запыIуидзыртэкъым, урысхэм я тIасхъэр къаIэригъэхьэрт, шапсыгъхэм зекIуэ ядежьэрт. Урысхэми къаумысри, бжьэдыгъупщыр яубыдауэ щытащ – мазитI-щыкIэ Екатеринодар щаIыгъащ. Шэрджэсым дыкъыщIэкIуар, ди мурадыр кърригъэщIэн щхьэкIэ, бжьэдыгъупщыр ди деж къиутIыпщащ генерал Засс – ари къытщибзыщIакъым.

Шу цIэрыIуэ куэд щIыгъут бжьэдыгъупщым; Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэдауэ. Пщыр хьэщIэщым кърришащ ди бысымым, дигъэцIыхуащ. Пщы лъэпкъ цIэрыIуэм къызэрыхэкIар и псэлъэкIэкIи

и зыIыгъыкIэкIи игъэгъуэщакъым абы; лIы екIут, и лъэпкъэгъухэм къазэрыхэщым, зэрыцIыху гъэсам гу лъыстащ; псэлъэгъу дызэхуэхъуа нэужьщ сигу щрихьыпар – зэрыбжьыфIэм нэмыщI, акъыли щIэныгъи зэриIэр слъэгъуащ. Куэдым зэрыхищIыкIри си фIэщ хъуащ.

ХьэщIэщым ди закъуэ дыкъина нэужьщ бжьэдыгъупщыр нэхъ къыщытцIыхуар. ЗэрыжиIэмкIэ, и лъэпкъэгъухэм дзыхь кърагъэзыртэкъым пщым, урысхэми шэч къыхуащIырт: дзыхь кърагъэзын дэнэ къэна, ней-нейуэт къызэреплъыр. Шэрджэсыр зыIэщIалъхьэн мурад урысхэм зэраIэм абы нэхърэ нэхъыфIу зыри щыгъуазэтэкъым. Бжьэдыгъухэри, шапсыгъхэри, натхъуэджхэри зэкъуэувэн хуейуэ илъытэрт бжьэдыгъупщым, итIанэт урысхэм я лъэр убыда щыхъунур. Урысхэм къытракъузэ хъурэ я закъуэ утыкум къимынэнумэ, шапсыгъхэмрэ натхъуэджхэмрэ гъусэ зыхуащIынут бжьэдыгъухэм, ядэзэуэнут. Абазэхэхэми ягурыIуэфынут бжьэдыгъупщыр, ахэри къигъэдэIуэфынут, дзыхь къыхуащIыркъым армыхъу. «Фэ, – къыджиIащ пщым, – мы Iуэхум фыхэлIыфIыхьыфынут, Абазэхэм фыкIуамэ; абыи щывгъуэтынут Шапсыгъымрэ Натхъуэджымрэ щывиIэ пщIэм хуэдэ. Фи къэралым и унафэкIэ фыкъэкIуами е, фэ зэрыжыфIэщи, фэр-фэру фыкъежьами, ар сэркIэ гурыIуэгъуэ хъуакъым зэкIэ, ауэ шэч къызытезмыхьэжыращи, Инджылызым къытхуимыщIэIамэ, дэ нэгъуэщI плъапIэрэ гугъапIэрэ диIэкъым. Ар къыдэхъулIэн щхьэкIэ, дэ зы лъэбакъуи тчакъым иджыри къэс; Истамбыл и закъуэкъым дэ лIыкIуэ здэдгъэкIуэн хуейр, Лондони дгъэкIуэн хуейщ. Аращ мамлюкхэм ящIар Франджыр Мысырым щытеуам щыгъуэ. Мамлюкхэм я лIыкIуэхэр кхъухькIэ кIуащ Лондон, ар гъусэ къащIын яхузэфIэкIащ. Арат дэри тщIэн хуейр; хэт дэ къыддэIэпыкъунур, дэIэпыкъуэгъу дымылъыхъуэмэ? Сабийр мыгъмэ, быдз иратыркъым, жаIэ шэрджэсхэм. Ар апхуэдизкIэ хьэкъ сщыхъуащи, хуей хъумэ, а Iуэхур си пщэ дэслъхьэжыфынущ, Истамбыл си благъэхэм я деж сокIуэ жысIэмэ, урысхэр къыспэрыуэнукъым».



Бжьэдыгъупщым и гум хьэрэмыгъэ зэримылъыр си фIэщ хъуащ а псалъэхэм я ужькIэ. Къэрал унафэкIэ дыкъызэрымыкIуар, мыбы дыкъэкIуэныр ныбжьэгъугъэм къызэрыхэтхар пщым и фIэщ тщIа хуэдэт. Дыкъызэрыхьа хэкум ди фIыгъэ гуэр екIмэ, нэгъуэщI дыхуейкъым дэ, жетIащ пщым. Абазэхэм дыкIуэнуи дыхьэзырыпсщ, ауэ ар ди дежкъым къызыщынэр – ари гурыдгъэIуащ бжьэдыгъупщым. Дзыхь къытхуамыщIми е къыдэфыгъуэми, Шэрджэсым дыкъызэрихьэрэ шапсыгъхэми натхъуэджхэми я нэр ттрагъэкIыркъым, лъэбакъуэ дапщэ тчыми ябж, дыздэкIуэнумкIэ хуитыр езыхэращ – ари щыдбзыщIакъым пщым. «Ар уигу тебгъахуэ хъунукъым, хьэщIэм пэдубыдIа ди хабзэкъым дэ», – жиIащ пщым. (Лонгворт зи гугъу ищI пщым и хъыбар итхыжащ Хъан-Джэрий. Ахэджагуокъуэ Пщыкъуий – аращ и цIэ дыдэр абы; ар адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Хъан-Джэрий и малъхъэу щытащ. – *Ред.*)

ФокIадэ мазэм икухэм хасэр Адэгум деж щызэхыхьэнути, абы зыхэдмыгъэнын щхьэкIэ, гъуэгу дытехьащ. Псыхъуэ зыбжанэ къызэднэкIри, Адэгум дынэсащ, абы щызэхэсхащ куэд щIауэ сызыпэплъэ хъыбарыр: Истамбыл кхъухьитI къыщежьауэ къокIуэ, мыгувэу къэсынущ. А хъыбарыр къытхуэзыхьам къыджиIащ Зазий-оглу Мэхьмэт Истамбыл къызэрикIыжар, абы инджылыз гуэри зэрыщIыгъур. Мэхьмэт щIыгъур, я фIэщ дыдэ хъуауэ зэрагъэхъыбарымкIэ, инджы-

лыз пащтыхьым и къуэшт, абы Iэщэ, гын, бдзапцIэ куэдыкIей къызди-шат. Ар, дауи, си фIэщ хъуакъым – ди пащтыхьым и къуэшыр мыбы къызэрыкIуар, итIани Истамбыл къикI хъыбар гуэр, икIэм-икIэжым, къытIэрыхьэнкIэ угугъэ хъуну къысщыхъуащ сэ.

Хасэм и унафэкIэ, хы Iуфэм ягъэкIуащ Шамыз-бей; хыхьэхэкI, пщIэ зиIэ цIыху лъэрызехьэт ар. Абы гъусэ хуащIащ си алыдж тэр-мэшыр.

Адэгум дыкъикIыжри, ПцIэмэз дыкъэкIуэжащ. Анапэ и щIыбкIэ дэлъ губгъуэм гуэл шыугъэ дыщрихьэлIащ дыкъыщыкIуэжым. Белл къызэрихутамкIэ, гуэлым и щIэм къыхэпхыфынут шыгъу – абы хуэ-ныкъуэнущ шэрджэсхэр, хы Iуфэр урысхэм яубыдрэ сатуущIэ кхъуа-фэхэр кърамыгъэкIуалIэмэ.

Гуэл шыугъэм деж дыщепсыхауэ дыздэщытым, зэхэтхащ шу гупыш-хуэ къызэрыблагъэр. Шухэм дапежьащ, дышэсыжри. Шу гупышхуэр зыщIыгъур Пщыкъуэ-бейт (Ахэджагуокъуэ Пщыкъуийт. – *Ред.*) Ерагъ-мыгъуейуэщ ар къызэрысцIыхужар: щыгъыныджэт, и Iэщэм фIэкI къыхуэнаIатэкъым. (Сигу къэкIыжащ шэрджэсхэм я хабзэр). Натхъуэ-джым щыIауэ арат Пщыкъуэ-бей. И щыгъыныр игуэшами, езыми шы дэгъуэ тIощIрэ пщIырэ хуэдиз кърататт и хэгъэрейхэм. Дыпсалъэурэ, зыкъомрэ зыщытIэжьащ гуэл шыугъэм и Iуфэм; абы и ужькIэ, Шэр-джэсым сыщыIэху, Пщыкъуэ-бей срихьэлIэжакъым, и Iуэху зэрыхъуа-ми сыщыгъуазэкъым…

Шамыз-бей ищхъэрэкIэ зэрыкIуэрэ тхьэмахуэ хъуащ; абы къы-щигъэзэжынум дыпоплъэри хьэщIэщым дисщи, хъыбар Iэджэм драгъэдаIуэ Истамбыл къикIа ди лъэпкъэгъум теухуауэ – тIум жаIэр зэтехуэркъым, щхьэж игу къихьэр къытхуеIуатэ.

Ебланэ махуэм къагъэзэжащ Шамыз-бейрэ си тэрмэшым-рэ. ДызыщыгуфIыкIын хъыбар къытхуахьакъым абыхэм; Пшат фIэкIакъым ахэр, абдеж Зазий-оглу и къуэшым щрихьэлIати, къажриIащ ди лъэпкъэгъур Убыхым къызэрыщыувыIар. Зазий-оглу и къуэшым къазэрыжриIамкIэ, ди лъэпкъэгъум бдзапцIэрэ гын-рэ къыздишащ. Дапщэщ инджылызыр ди деж къыщыкIуэнур – ар къахуэщIакъым.

Ди лъэпкъэгъум сыпежьэн мурад сщIащ. Белл ПцIэмэз деж къы-щызнэри, сэ ищхъэрэкIэ сехащ, шу гъуси къысщIагъуауэ. Шэпсын ды-нэблэгъауэ, топ уэ макъ зэхэтхащ. Макъыр къыздиIукIамкIэ зыддзащ. Мэкъумылэ ягъэхьэзырын щхьэкIэ, урысхэр быдапIэм къыдэкIауэ (минитI хуэдиз хъурт ахэр) мэз лъапэм тетт, абыхэм къапэува шэр-джэсхэр ягъэщтэн щхьэкIэт быдапIэм топкIэ къыщIыдэукIыр. Мазэм щIигъуащ урысхэм Шэпсын деж быдапIэ къызэрыщаухуэрэ; шэр-джэсхэмрэ сэлэтхэмрэ махуэ къэси зэхоуэ.

Шэпсын деж сыщыхуэзащ си хэгъэрейхэм ящыщ Шумахуэ; аба-зэхэ шу зыбжани щIыгъут абы, бгым къыщхьэдэхри гъусэ къыхуэ-хъуауэ. Си лъэпкъэгъум зэрыIущIар къызжиIащ Шумахуэ. «Фи пащты-хьым и къуэшкъым ар, – дыхьэшхащ Шумахуэ. – СыкъимыгъэпцIамэ, зи къуэр капитан-пэщэщ» (адмиралщ жыхуиIэщ).

Шэпсын деж быдапIэ щиухуа нэужь, Вельяминовым шэрджэс-хэм хъыбар къаригъэщIащ Джубгэ зэуакIуэ кIуэну зэримурадымкIэ. Абы гугъуехь зэрыпыщIам щыгъуазэ хъунтэкъым генералыр – топ зэрыпшэ хъун гъуэгу кIуэртэкъым Джубгэ. Топ здримышажьэмэ, Ве-льяминовым хузэфIэкIын щыIэтэкъым: гъуэгум къыщытеуэнурэ, къызэтраупщIэтэнут.

Зазийхэ уэркъыт, Шупагуэхэ зыпащIауэ сатум хэтт, зэрыуэркъыр зыщагъэгъупщауэ. Зазий Мэхьмэтт нэхъ къахэжаныкIыр. Сатум дихьэхами, нэхъ шу хахуэ уигъэлъыхъуэнут. Шэрджэсым сикIыжа нэужьи Истамбыл сыщрихьэлIэжыгъащ Мэхьмэт – сату IуэхукIэ нэкIуауэ. КъызэлъэIури, Трабзон нэс езгъэшэжащ Мэхьмэт. АдэкIэ и Iуэху зэрыхъуаращ гъэщIэгъуэныр. Мэхьмэт зэрыс кхъухьыр хым техьауэ урысхэм яубыдащ. И хьэпшыпыр трахри, езыр Къырымым яшащ – губернаторым деж. Дишэхын мурад ищIа хъунти, губернаторыр къедэхэщIащ Мэхьмэт, Iэджэм къригъэдэIуащ: шэрджэсхэр фыщIехьэ, Урысейм фыпэуващи, фызыхуейри фщIэжыркъым, Урысейм фекIужрэ и IэмыщIэ зифлъхьатэмэ, фытыншыжынут, мафIэм фыхэкIынут. Губернаторым къыжриIэ шыпсэр и фIэщ хъуауэ фэ зытригъэуащ Мэхьмэт. Абы нэхъ хэлъакъым: граф Воронцовым (губернаторым) Мэхьмэт къиутIыпщыжащ. Джубгэ къызэрысыжыххэу Мэхьмэт тхьэмадэхэр зэхуишэсащ, зауэм зыхуагъэхьэзырын хуейуэ яжриIащ, урысхэр къазэрытеуэнум шэч къытрихьэртэкъыми. Мази мазитIи къыпэплъащ губернаторыр Мэхьмэт: къиутIыпщыжмэ, шэрджэсхэм яхэпсэлъыхьурэ я пIэ иригъэтIысхьэжыну (нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, ахэр урысхэм я IэмыщIэ ирилъхьэну) къигъэгугъат граф Воронцовыр. Къызеригъэгугъар игъэзащIэрэ хьэмэ пцIы къыхуиупсу кIэбгъу зищIыжа Мэхьмэт – ар ищIэртэкъыми, Воронцовым кхъухь къигъэкIуащ Джубгэ, сэлэт къригъашэри. Джубгэ деж щатеуэри, урыс кхъухьыр ерагъкIэщ зэраIэщIэкIыжар… Абы и хъыбар иужькIэщ щызэхэсхар – Истамбыл сыкIуэжа нэужь.

… Пщэдджыжьым жьыуэ зэхэтхащ: Шэпсын дэкIыжри, урысхэм ПшаткIэ яунэтIащ. Нэрыплъэр къиштэри, Мэхьмэт бжьэпэ лъагэм теуващ: урыс кхъухьхэм ПшаткIэ зэраунэтIар пэжт. «Абы щыгъуэ, – жиIащ Мэхьмэт, – мы гъэм Джубгэ деж къыщитIысыкIын мурад яIэкъым урысхэм, дауэ хъуми, щIэх къагъэзэнукъым». МахуитI-щы дэкIмэ, дызэрихьэлIэжыну къыджиIэри, Мэхьмэт ежьэжащ. Джубгэ деж щытщIэжын щыIэтэкъыми, дэри гъуэгу дытехьэжащ.

Гъуэгу дыздытетым, хым тыдолъагъуэ урыс кхъухьхэр, топ уэгъуэ хуэдизкIэ псы Iуфэм къыщекIуалIи щыIэщ ахэр. Ар къафIэIуэхукъым си гъусэхэм: урыс кхъухь я щыпэлъагъукъым – есэжащ. Шэпсыхъуи ТIуапси даблэкIащ – абдежи быдапIэ къыIуащIыхьащ урысхэм.

Гъуэгум дызыщыхуэзэхэм къыджаIэ инджылыз хьэщIэр ялъагъуну я нэ къызэрикIыр. Сэри сыхуэпIащIэрт ар зэрыслъагъуным. Хэтуи щрети, си къуэш хуэдэ сыIущIэнут абы: лIыгъэ хэлъщ, урыс кхъухьхэм яубыдынкIэ мышынэу, зи хуитыныгъэм щIэзэу шэрджэс хахуэхэм я хэкум къыщихьэфакIэ.

Си лъэпкъэгъум и хэщIапIэ хьэщIэщым сихьащ. Техьэгъуэм иубыдауэ щылът ар. ИнджылызыбзэкIэ сэлам щесхым, игъэщIэгъуащ: инджылызыбзэ зыщIэ шэрджэс дэнэ къикIа? (Сэ шэрджэс фащэт сщыгъыр).

Надир-бей (арат абы шэрджэсхэр зэреджэр) гынрэ бдзапцIэрэ зэрылъ ашыч пщыкIух къыздишат, ар зритынур, езым зэрыжиIэмкIэ, гъусэ къыхуэхъу шухэрт, урысхэм ятеуэн мурад иIэти. Инджылыз къэралым и лIыкIуэут ар шэрджэсхэм зэралъытэр – зэрымылIыкIуэр къажриIэ щхьэкIэ, хуадэртэкъым: «Абы щыгъуэ урысхэм укъытхаутIыпщхьауэ ращ, урысхэм уратIасхьэщIэхщ», – жари.

ЕтIуанэ махуэм шэрджэс тхьэмадэхэм яжетIащ Надир-бей къыт-хуихьа хъыбарыр: дунейм ехыжащ инджылыз пащтыхь Вильям

ЕплIанэр. Ар ягу щIыхьащ тхьэмадэхэм – ахэр куэдкIэ щыгугъырт абы. Сэри шэч къытесхьэртэкъым Вильям ЕплIанэм шэрджэсхэм къадэIэпыкъун мурад зэриIам. «Ди пащтыхьыр дунейм ехыжами, шэрджэсхэм къадэщI лIыщхьэ куэд исщ Инджылызым, – яжетIащ тхьэмадэхэм. – Абыхэм утыкум къранэнукъым Шэрджэсыр, ар къывжиIэн щхьэкIэщ Надир-бей къыщIэкIуар».

Шэрджэсым мазитI-щыкIэ зыщиIэжьэн мурад иIэт Надир-бей, ежьэжынутэкъым хы Iуфэм къыIуащIыхьа быдапIэхэм ящыщ зы зэхимыкъутауэ – абы зыхуигъэхьэзырын щIидзащ; гъусэ къыхуэхъунури мащIэтэкъым; сэри сыакъылэгъут абыкIэ.

Джубгэ къэдгъэзэжауэ, пщэдджыжь гуэрым Мэхьмэт ди деж къэкIуащ, хъуржын иIыгъыу. Хъуржыныр ди пащхьэ къригъэувэри, щхьэпсыр итIэтащ. «Мыр дыжьынщ», – къыджиIащ Мэхьмэт. Абы зэрыжиIэмкIэ, дыжьын къыщIэхыпIэр бгыщхьэм къыщыбгъуэтынут. Ар дгъэщIэгъуащ дэ: шэрджэсхэм ябзыщI дыжьыни бдзапцIи къыщыщIахыр – дзыхь къыщIыдигъэзаращ къыдгурымыIуар. Шэрджэсхэм шэч къытрахьэртэкъым: ар къащIэмэ, урысхэр нэхъри ерыщ екIуэнут…

Ежьэжын и пэ, Надир-бей шэрджэсхэм ягурыIуащ: Лондон лIыкIуэ вгъэкIуэнумэ, сэ сыхэлIыфIыхьынущ, гъуэгупщIэр си пщэ дызольхьэ. Арэзы хъуа хуэдэт шэрджэсхэр, иужьым щIыщIегъуэжаращ къызгурымыIуар. КъызэрыщIэкIамкIэ, абыкIэ хуит къищIын хуейт Истамбыл дэс я лIыкIуэм – Занокъуэ Сэфар-бей: ар акъылэгъу къадэхъуакъым и лъэпкъэгъухэм. Надир-бей, си лъэпкъэгъур, ежьэжащ, и мурадхэр къемыхъулIауэ: и нэкIэ илъэгъуащ шэрджэсхэр зы унафэм зэрыпхуемыувэлIэнур…

Техьэгъуэм сиубыдри, тхьэмахуэм щIигъукIэ сикIакъым Шамызбей (Лонгворт и бысым шупашэхэм ящыщщ. – *Ред.*) и хьэщIэщым. СыкъызэфIэувэжа нэужь, Шамыз-бей жесIащ Шэрджэсым сикIыжын мурад зэрысщIар. Сызэмыгупсыса Iуэхутэкъым ар. Илъэсым щIигъуащ шэрджэсхэм сакъызэрыхыхьэрэ – сыт яхуэсщIэфа абыхэм? НэхъыфIым щызгъэгугъа фIэкI, яхуэсщIэфа щыIэкъым. Къэбгъэгугъэрэ зыри яхуумыщIэжыфмэ, бгъэщхьэрыуэу аркъэ шэрджэсхэр? Iэджэ щIащ шэрджэсхэр Инджылызым зэрыщыгугъэрэ – сыт абы къахуищIар иджыри къэс? Лорд Пальмерстон къигъэпцIэжащ шэрджэсхэр – абы шэч къытесхьэжыртэкъым сэ. Зыгуэр яхуэсщIэфынкIэ сыгугъатэмэ, зэи сахэкIыжынтэкъым шэрджэсхэм. Си къэралым и щIыб къащыхуигъэзэжакIэ, сыт слъэкIыжынт сэ, Iэджэм щызгъэгугъыурэ нэхъри згъэщхьэрыуэн фIэкI?

… Шэрджэсым сыкъызэрикIыжа тырку кхъуафэр Трабзон деж есылIащ япэщIыкIэ; британ консулым сыщыхуэзащ абы. Консулым и фIыгъэкIэ Истамбыл сынэсыжащ.

# Щэхур нахуэ къохъу



1836 гъэм октябрь мазэм Лондон щежьэри, Шэрджэсым кIуащ «Виксен» кхъухьыр, шыгъу ишэри.

Кхъухьыр зейр зиусхьэн Белл Джорджт. Ар урысхэм Суджыкъу къалэ деж щаубыдащ, шэрджэсхэм шыгъу къахуишэну хуимыту жаIэри. Кхъухьым етхьэкъуащ, абы и капитанымрэ экипажымрэ Севастополь яшэри, зыкъомрэ яIыгъа нэужь, къаутIыпщыжащ.

Лорд Пальмерстон сабэ дрипхъей хуэдэу зищIащ, кхъухьыр зэраубыдам щхьэкIэ. «Ар дигу техуэ хъунукъым, Британиер хуитщ дэнэ щIыпIи сату щищIыну, абы и щIыхьыр зэрытхъумэн къару диIэщ дэ!» – жиIэри парламентым и пащхьэм къиуващ Пальмерстон. Ауэ Британием и щIыхьым тегузэвыхь лордым зыщигъэгъупщащ Шэрджэсыр зыми IэщIэмылъ хэку щхьэхуэу зэрыщытыр, абы лей къызэрылъысар.

Урысхэм жаIэр нэгъуэщIт: Шэрджэсыр ди империем щыщщ, дэ хуит дымыщIауэ адыгэхэм я тенджыз Iуфэм зы кхъухьи къекIуалIэ хъунукъым. АбыкIэ хъыбар кърагъэщIа лорд Пальмерстон? КърагъэщIами, ар ибзыщIащ. «Виксен» кхъухьым и Iуэхум къикIа псалъэмакъыр щIэх щызэпыуакъым Британием и парламентым, щIэх къахуэумысакъым лорд Пальмерстони. ИкIэм-икIэжым, 1838 гъэм июным и 21-м щэхур нахуэ хъуащ.

1836 гъэм лорд Пальмерстон Урысейм еныкъуэкъуну и ужь ихьами, ар абы хузэфIэкIынутэкъым: министр къулыкъур къызэрыIэрыхьэххэу (1831), ар арэзы хъуащ Урысейм Кавказыр иубыдыну мурад зэрищIамкIэ. Адыгэхэм я пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым, езыхэм я нэщIыбагъкIэ, лорд Пальмерстон Урысеймрэ Тыркумрэ 1829 гъэм Адрианополь щызэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм еувалIэу, апхуэдэ хьэгъэщагъэ къакIэлъызэрихьэну. Британием хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министрым зыщиумысыжар парламентым щыхагъэзыхьа 1838 гъэрщ.

Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Урысейм къалэн зыщищIыжауэ щытащ и къэрал гъунапкъэм зримыгъэукъуэдиину. Урысейм и псалъэр зэримыгъэпэжам къыхэкIкIэ, Британиер акъылэгъу хъун хуеякъым Адрианополь зэгурыIуэныгъэмкIэ. Тыркур хуитакъым езым IэщIэмылъа Шэрджэсыр Урысейм иритыну. Урысейри хуитакъым ар Тыркум «къыIэщIихыну». Тырку пэщэр Анапэ щыдэса зэманми Шэрджэсыр Портэм IэщIэлъакъым, Урысейм и IэмыщIэ зрилъхьэн муради иIакъым, абы и нэщIыбагъкIэ зэрахьа хьэгъэщагъэр сэтей къыщыхъуар «Виксен» кхъухьыр яубыду къайгъэ къикIа нэужьщ.

**МАРКС Карл**

# ИСТАМБЫЛАКIУЭ

Ермоловым и зэман лъандэрэ хабзэ яхуэхъуауэ, урыс пащтыхьым и дзэпщхэр кавказ бгырысхэм я ужь къызэритар мафIэрэ джатэрэщ.

МафIэмрэ джатэмрэ къела бгырысхэр я хэкум ирамыхуауэ, Кавказыр я IэмыщIэ зэрырамыубыдэфынур щIэх дыдэ къагурыIуащ урыс дзэпщхэм. Кавказым и дзэпщ фельдмаршал Барятинский Александр 1861 гъэм пащтыхьым хуитхауэ щытащ «шэрджэсхэр бгым къихуауэ Псыжь Iуфэ IугъэтIысхьэн е Тыркум гъэIэпхъуэн зэрыхуейр». «Шэрджэс щIыналъэр нэщI хъумэщ зауэм кIэ щигъуэтынур», – итхыгъащ Барятинскэм. Ардыдэращ зыпылъар Псыжь ис урысыдзэм и Iэтащхьэ генерал Евдокимов Николаи: «Бгырысхэр Тыркум дгъэIэпхъуэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. ИтIанэщ зауэр дыухауэ плъытэ щыхъунур». Тыркухэми лъэкI къагъэнакъым кавказ бгырысхэр хэкум ирагъэIэпхъукIынымкIэ: тIасхъэщIэх къыхаутIыпщхьэурэ, бгырысхэр Iэджэм щагъэгугъырт, я хэкур ямыбгынэмэ, «джаурхэм» я IэмыщIэ зэрихуэнум, езыхэри «джаур зэрыхъунум» щагъащтэрт.

Бгырысхэр я хэкум икIамэ, Урысейми Тыркуми я фейдэ хэлът. Барятинскэм зэритхыгъащи, «бгырысхэм къызэранэкI щIыналъэ дахэр Урысейм ей хъунут игъащIэкIэ, хы Iуфэри къыIэрыхьэнут». Тыркур шэрджэсхэм зэращыгугъыр зауэлIкIэт: ахэр къигъэсэбэпурэ, зэфIигъэувэжын мурад иIэт зи лъабжьэр тIасхъэ хъуа империер – Балканым къыщыщIэдзауэ хьэрып хэкухэм нэс. Тыркум бгырысхэм къахиутIыпщхьэ тIасхъэщIэххэм зэрагъэIумкIэ, тырку сулътIанымрэ урыс пащтыхьымрэ «зэгурыIуат Iэпхъуэн мурад зиIэм зыри пэрымыуэну, ар дэнэ къэна, къэралитIри гъуэгупщIэкIи кхъухькIи къадэIэпыкъуну». Бгырысхэм я нэхъыбапIэм я фIэщ хъуакъым апхуэдэ псалъэмакъхэр, залымыгъэкIэ ирамыхулIатэмэ, я хэкур ябгынэн муради яIэтэкъым.

1860 гъэм Тыркум Iэпхъуауэ щыташ абазэ унагъуэ мин зыбжанэ, хьэжыщI ежьауэ жаIэри. Абыхэм ящыщ куэд щIегъуэжри, хэкум къагъэзэжын мурад щащIым, гъуэгур зэхуащIауэ щыташ; ахэр «езыхэм я жэрдэмкIэ» хэкум икIауэ ягъэIуами, къыкIэлъыкIуэ илъэсым, 1861 гъэм, «къэзакъхэм даIимауэ къенықъуэкъу» абазэ миниплI зэщIакъуэри Уарп псыхъуэ ирахулIауэ щытащ, абыхэм я нэхъыбэр иужьыIуэкIэ Тыркум ягъэIэпхъуащ. А зэманым хэкур ирагъэбгынащ къэбэрдей минипщIым щIигъум.

Псыжь ис адыгэхэр (натхъуэджхэр, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, н.) хэкум икIын хуейуэ нэхъ хагъэзыхь щыхъуар 1862 гъэрщ – а гъэм урыс пащтыхьыр арэзы техъуауэ щыташ Кавказым ис дзэпщхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ абы и лъэныкъуэкIэ ящIа унафэм. Псом япэ зи ужь ихьар абазэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэщ – а лъэпкъхэрат урысыдзэм нэхъ ткIийуэ пэщIэтыр. Кавказым и тет къулыкъур пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Орбелиани зэритхамкIэ, «дзэм зэрырахулIам къыхэкIкIэ, ахэр (шапсыгъхэмрэ абазэхэхэмрэ) кIуэ пэтми нэхъ тегушхуэ хъуащ Тыркум зэрыIэпхъуэным». Кавказ армэм и штаб нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ генерал Карцовым зэрилъытэмкIэ, «хэкум икI бгырысхэм дапэрымыуэмэ, зауэр 1864 гъэм и гъэмахуэм» увыIэнут.

Кавказым и тетым Истамбыл дэс урыс лIыкIуэм деж итхауэ щытащ тыркухэр а IуэхухэмкIэ пэрыуэгъу мыхъун щхьэкIэ хузэфIэкI къимыгъэнэн хуейуэ.

А IуэхумкIэ пэрыуэгъу хъун мурад иIэххэтэкъым Тыркум; урысхэм къапиубыдыр зыт: Тыркум Iэпхъуэ бгырысхэр здигъэтIысынумкIэ хуи-

тыр езыращ, Урысейм едэIуэнукъым абыкIэ. А Iуэхум зэдауэ къыщIикIам щхьэусыгъуэ иIэт: Бгырысхэр къэрал гъунапкъэм къытрагъэтIысхьэн мурад яIэт тыркухэм, урыс дзэпщхэр зыхуейр бгырысхэр нэхъ жыжьэ Iуашынырт къэралитIым я гъунапкъэм къытрамыгъэтIысхьэу («хэкум икIами, дагъэтыншынукъым» жыхуаIэт).

Дапщэ Iэпхъуа Тыркум, дапщэ ирахуа я хэкум – абы и бжыгъэр зыми белджылыуэ ищIэркъым. Берже Адольф зэрилъытэмкIэ, 1858 гъэм къыщыщIэдзауэ 1865 гъэ пщIондэ Тыркум ягъэIэпхъуащ бгырыс мин щиплIрэ плIыщIым нэс, ауэ а бжыгъэр уи фIэщ пщIыщэ хъунукъым. Япэрауэ, мухьэжырхэм я бжыгъэр тэмэму пхуэлъытэнкIэ Iэмал иIакъым, ар зи пщэ дэлъахэм ямыщIэу хэкум икIар мащIэкъым. ЕтIуанэрауэ, бгырысхэр хэкум исыху, урыс дзэпщхэм а бжыгъэм и пэжыпIэр зэрабзыщIам шэч хэлъкъым, абыхэм ираха лейр щIауфэн щхьэкIэ. Тотоев М. С. зэритхымкIэ, 1858-1864 гъэхэм хэкур ирагъэбгынащ бгырыс мин 700-750-м. Апхуэдэ бжыгъэ къагъэлъагъуэ Убичини А., Павэ де Куртейль сыми. Касумов Алий нэхъыбэж къегъэлъагъуэ, абы акъылэгъу дэхъупхъэуи къыщIэкIынщ: XIX лIэщIыгъуэм икухэм деж кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щытащ, Кавказ зауэм и ужькIэ хэкум къинэжар мини 100 нэхърэ нэхъ мащIэщ, апхуэдэу щыщыткIэ, хэкур ирагъэбгынащ цIыху мин 900-м щIигъум.

КIахэ адыгэхэм я хэкур нэщI хъуа нэужь (минищэ нэхъыбэ къыщызэтенакъым Псыжь адрыщI), а насыпыншагъэр къалъэIэсащ къэбэрдейхэм, шэшэнхэм, дагъыстанхэм, осетинхэм, къэрэшейхэм, балъкъэрхэм.

1865 гъэм Тэрч иIэпхъукIауэ щытащ унагъуэ минитхум нэблагъэ; абыхэм я нэхъыбапIэр шэшэнрэ ингушрэт. Хэкур ирагъэбгынащ («езыхэр арэзыуэ») къэбэрдей куэдым – ар Кавказ зауэр увыIа нэужь! ИстамбылакIуэ узыр зылъэмыIэса лъэпкъ къинэжакъым Кавказ Ищхъэрэм. Убичини А., Павэ де Куртейль сымэ зэратхымкIэ, Кавказыр зрагъэбгына бгырысхэм я бжыгъэр 1866 гъэм мелуаным нэсауэ щытащ.



Апхуэдиз цIыхур хым зэпрышыгъуафIэтэкъым, дауи. Хы Iуфэм щызэтрихьауэ, цIыхур мазэ бжыгъэкIэ пэплъэн хуей хъурт кхъухьхэм, мин бжыгъэкIэ зэтелIэрт. «Хы Iуфэр хьэдэм исеящ, – итхыжащ ар зи нэгу щIэкIахэм ящыщ гуэрым. – Хьэдэм яхэсхэм я щхьэр къаIэтыфыркъым, лIар щIалъхьэжыфыркъым». Берже итхащ: «Шхын щхьэкIэ зэтолIэ хы Iуфэм щызэтрихьа насыпыншэхэр, уз зэрыцIалэм лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Зы бзылъхугъэ щIалэ и хьэдэр игъащIэкIэ си нэгу щIэкIыжынкъым: пшахъуэ псыфым хэлъ хьэдэм зы сабий бгъурылъщ, щIыIэм иукIауэ; нэгъуэщI зы сабий, и псэр пыт къудейуэ, цIыхубзым и бгъэм щIэлъщ...». Апхуэдэ дыдэ ирихьэлIащ Дроздов И.: «Уи гур егъэуз гъуэгум щыплъагъум: сабийхэм, лIыжь-фызыжьхэм я хьэдэр гъуэгум тезщ, хьэм зэхафыщIауэ; цIыху ныбаджэхэм я лъэр зэблахыф къудейщ, узым хигъэщIауэ гъуэгум теджалэр куэдщ; я псэр пыт щIыкIэ хьэр йожэ насыпыншэхэм... Я щхьэр я лажьэщи, гъуэгум теджалэм зыри дэIэпыкъуэжыфыркъым... Хы Iуфэм нэсахэми къащIэлъыр нэхъ щIагъуэкъым: кхъуафэхэм ирагуэри, хым трашэ, уз зыпкърыт ялъэгъуамэ, ягу щIэгъуркъым: хым хадзэ я псэр пыт щIыкIэ... Анэдолэм и хы Iуфэр хьэдэхэм ясеящ, толъкъуным къридзылIэурэ. Тырку кхъуафэхэмкIэ хым техьа адыгэ насыпыншэхэм я зэхуэдитIи нэсагъэнкъым адрей Iуфэм. Апхуэдэ тхьэмыщкIагъэ цIыху цIыкIум я нэгу щыщIэкIа къэхъуагъэнкъым.

Я гъави я Iэщи къызэранэкIын хуей хъурт хы Iуфэм Iуахуэ бгырыс насыпыншэхэм, гъуэмылэ тIэкIу фIэкI къыздащтэнIауэ хуиттэ-

къым – апхуэдэ унафэ ящIат «жэнэт унапIэкIэ» зыщыгугъ Тырку къэралым и лIыщхьэхэм. Ямыдэххэр Iэщэ-фащэрт: къами, сэшхуи, фочи хы Iуфэм щащэн хуей хъуащ, ари пудыбзэу. Шырэ былымрэ здепхужьэн жыхуэпIэр уигу къэбгъэкI хъуххэнутэкъым; а псор къызэранэкIын хуей хъуащ, хэкур пIэщIэгъуэкIэ щрагъэбгынэм».

Кхъухьхэмрэ кхъуафэхэмрэ ирагуэурэ хым траша нэужьи нэхъ мащIэ хъуакъым бгырысхэм ятелъ хьэзабыр. «Тыркухэр апхуэдизкIэ нэпсейт, гущIэгъуншэти, цIыху тхущI-хыщI фIэкI зэрымыхуэ кхъуафэхэм цIыху щищ-щиплI щрагуэ къэхъурт, нэхъыбэ къыщIахын щхьэкIэ, – итхыгъащ Кавказ зауэм и иужьрей илъэсым адыгэхэм яхэта франджы журналист Фонвилль А. – Шэрджэсхэм здрахьэжьэну зыхуитыр хугу IэбжьыбитI-щырэ псы фэнд зыбжанэрэт. Хым тхьэмахуэкIэ щытет щыIэт, гъуэмылэу афIэкIа щамыIыгъкIэ, насыпыншэхэм я фэм дэкIар нэгум къыщIэгъэхьэгъуейкъым. Хыр къэукъубеймэ, кхъуафэм псыр къиуэрти, къаруушнэ зэтехъуа тхьэмыщкIэхэр ирилъэсыкIырт. Адыгэхэр зрагуа кхъуафэ куэд щIилъэфащ хым; хым тетыху лIэр куэдыкIейти, кхъухьхэм итIысхьам я зэхуэдитIырт Трапезунд нэсыр».



Езы Фонвилль хым зэрызэпрыкIыжа кхъухьым ирагуа шэрджэс 600-м щыщу Тыркум нэсар цIыху 370-рэщ, адрейхэм я хьэдэхэр хым хадзащ. Новороссийск щежьа «Нусред-Бахры» кхъухьыр борэным хиубыдэри, нэпкъым щридзылIэм, абы иса цIыху 470-м щыщу 300-р хым хэкIуэдауэ щытащ.

Зауэмрэ хымрэ къела бгырысхэм я Iуэхур зыкIи нэхъ щIагъуэ хъуакъым Тыркум нэса нэужьи. 1863 гъэми абы и пэкIи хым зэпрыкIар нэхъ хуэкъулейхэрат, куэд дыди хъуртэкъыми, я пIэ нэхъ изэгъауэ жыпIэ хъунущ, адэ-мыдэкIэ хагуашэри. 1864-1865 гъэхэм хэкум зэрихар минищэ зыбжанэ (нэхъыбэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, мелуаным нэс!) хъурт. Апхуэдизым тыркухэр, дауи, пэплъатэкъым. Абы щыгъуэ Тыркум щитIысыкIар зауэм къулейсыз хэхъухьа, мылъку къызыхуэмынэжа бгырыс тхьэмыщкIэхэрт. Апхуэдиз цIыху щыIэпхъуэм, тырку къулыкъущIэхэр гужьеящ, къэралым и щIыб къахуигъазэри, бгырыс екIуэлIапIэншэхэр хы Iуфэм къыIунащ, губгъуэ нэщIым къинащ, зыхыхьахэри къащымэхъашэ хъуащ, «уз къытхахьэнурэ дыкъацIэлэнущ» жари.

Кавказым икIа хьэжрэтхэм я нэхъыбэр Трапезунд, Истамбыл, Самсун деж щетIысэхащ, Балкан лъэныкъуэмкIи куэдым ирагъэунэтIащ. Тырку унафэщIхэр егупсысащ, дауи: апхуэдиз цIыхур зы щIыпIэ деж щызэтрихьи щыбгъэтIыси хъунукъым, къэрал псом хэгуэшэн хуейщ, арыншамэ, пхуэзэтеIыгъэнукъым, уи IэмыщIэ пхуиубыдэнукъым. Ар я щхьэусыгъуэу, Кавказ бгырысхэр зэкIэщIачри империе псом хагуэшащ, нэхъ жыIэдаIуэ, IумпIафIэ ящIын щхьэкIэ. Тырку пащтыхьыгъуэр лъэлъэжа нэужь, бгырысхэм ящыщ куэд нэгъуэщI къэралхэм (Сирием, Иорданием, Иракым, Балкан къэралхэм, н.) Iэпхъуащ.

Бгырысхэр зыпагъэплъа «жэнэтыр» ирагъуэтакъым Тыркум. ЯщIэу пIэрэ абыхэм (кавказ бгырысхэм) я щхьэр здахьыр? – итхыгъащ Къаныкъуэ Инал. – Хьэуэ, ящIэркъым. ЯщIэр ИстамбылкIэ зэджэ щIыналъэ гуэр дунейм зэрытетырщ... Абы зэрохь бгырысхэр, шэч къытрахьэркъым насыпрэ фIыгъуэрэ къазэрыщыпэплъэм – Iэджэм ирагъэдаIуэ бгырыс гу пцIанэхэр, езыхэми я фIэщ мэхъу. АрщхьэкIэ... Сыт хуэдиз насыпыншагъэм Iууа ахэр! КъызэрагъэпцIар я нэкIэ ялъагъужа нэужьщ абыхэм зыкъыщащIэжар; иджыщ къащыгурыIуар кIуэдыпэ зэрырашар. КIуэдыпIэ изышахэр дэнэ кърахыжын: я гыбзэр тракъутэн фIэкI, нэгъуэщI къахуэнэжыркъым». (Къаныкъуэ Инал осетин тхакIуэщ, ари ягъэщхьэрыуэри Тыркум Iэпхъуауэ щытащ. Хэкум къигъэзэжын хузэфIэкIащ иужькIэ).

НэгъуэщI куэди щыхьэт тохъуэ, Тыркум нэса нэужь, бгырысхэр зыхэхуа хьэзабымрэ тхьэмыщкIагъэмрэ гъуни нэзи зэрамыIам: Трапезунд дэса урыс консул Мошнин А. Н. итхыгъащ: «Жьыр щызэприху шэтыр гъуанэпщIанэхэм щIакIутэ хым къызэпрыкI адыгэхэр, ятIэм лъакъуащхьэкIэ хэтщ. Аращ щIызэтелIэр: махуэм цIыху 40-60 малIэ, хуабэ узыр етащи, цIыхур лъэрыщIыкI зэтрещIэ. Узыр гъатхэм нэхъри етэнущ, лIар зэрыхуэфащэкIэ щIалъхьэфыркъыми». Мошнин зэритхымкIэ, Трапезунд деж 1864 гъэм и гъатхэм щызэтрихьауэ щытащ адыгэ мин 40, абы и зэхуэдитIыр узым ихьащ, щIыIэм иукIащ.

Бгырысхэм я Iуэхур щынэхъ щIагъуэтэкъым Синоп, Самсун, Варнэ къалэхэм я Iэшэлъашэми. Франджы дохутыр Бароцци 1864 гъэм и накъыгъэ мазэм яхыхьауэ щытащ Самсун деж щитIысыкIа бгырысхэм. «Махуих и пэкIэ сыщыIащ Самсун, – итхыжащ абы. – Си нэгу щIэкIар IуэтэжыгъуафIэкъым. Лъэбакъуэ пчыху, уарохьэлIэ зи псэр зыфIэмыIэфIыж цIыху сымаджэхэм, хьэдэхэр уэрамхэм дэзщ, гъуэгу Iуфэхэм щызэтелъщ... Узым зэщIицIэлауэ, жыг щIагъхэм, шэтыр зэхэчэтхъахэм щIэсщ бгырысхэр. ЦIыху мин 40-50 хуэдиз къыщитIысыкIащ абдежым, я нэхъыбэр е сымаджэщ, е ныкъуэлIэщ; сабий тхьэмыщкIэхэр ныбаджэщи, щызэщIэгъуагэкIэ, уи гур ягъэуз... Варнэ нэхъыбэж щызэтрихьащ – мин 70-80. Абыхэм я нэхъыбапIэр узым, мэжэщIалIагъэм, щIыIэм зэрахьынум шэч хэлъкъым».

Урыс консулым генерал Карцовым хъыбар къызэрыригъэщIамкIэ, Трапезундрэ Самсунрэ я закъуэ щитIысыкIауэ щытащ бгырыс мин 350-рэ; мин 19 щылIащ Трапезунд деж. «Махуэм цIыху 200 малIэ», – итхыгъащ консулым.

Профессор Смирнов Н. А. зэритхымкIэ, хэкур зрагъэбгына бгырысхэм я процент 50-р е гъуэгум телIыхьащ, е хы Iуфэм щызэтелIащ; псэууэ къэнам я процент 15-м нэхърэ мынэхъ мащIэр (цIыхубз щIалэрэ сабийуэ) гъэр хъуауэ щытащ, тыркухэм ящэхуурэ.

**ДЗИДЗАРИЕ Георгий**
*1982*

# Мелуаным щIигъуурт

Адыгэ тхыдэм и нэхъ Iуэхугъуэ зэIумыбзхэм ящыщщ абыхэм я бжыгъэр XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм зэрыхъуу щытар. Адыгэхэм я бжыгъэр нэхъ белджылы хъууэ щыщIидзар XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэрщ.

Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: Кавказ зауэр зэхаубла нэужь, урыс дзэпщхэми хамэ къэралхэм къикI лIыкIуэхэми ялъытэ хъуащ адыгэхэм (къэбэрдейхэм, беслъэнейхэм, шапсыгъхэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм, бжьэдыгъухэм, кIэмыргуейхэм, жанейхэм, н.) я цIыху бжыгъэр. А Iуэхур япэ зыублахэм ящыщщ урыс щIэныгъэлIхэр, тIасхъэщIэххэр, дипломатхэр. Абыхэм я нэхъыбэм а зэманым къызэрагъэлъэгъуамкIэ, адыгэхэм я бжыгъэр мин 300-м къыщыщIэдзауэ мин 500-м нэсу арат. Апхуэдэ бжыгъэхэм трагъэчыныхь (XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм тещIыхьауэ) урыс дзэпщ Бларамберг (мин 500), барон Сталь (мин 307-рэ), урыс тIасхъэщIэх Торнау (мин 495-рэ). Адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI Хъан-Джэрий зэрилъытэмкIэ, адыгэхэр 1836 гъэм мин 265-рэт зэрыхъур. А бжыгъэм нэхърэ зымащIэкIэ нэхъыбэщ Берже Адольф 1858 гъэм къигъэлъэгъуар – мин 290-рэ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, а бжыгъэхэмкIэ акъылэгъу мэхъу совет зэманым а Iуэхум тетхыхьа щIэныгъэлI зыбжани. Псалъэм папщIэ, Гарданов Константин зэрилъытэмкIэ, XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм я бжыгъэр мин 500-м щIигъуу щытакъым.



Адыгэхэм я хабзэхэмрэ я псэукIэмрэ куууэ щыгъуазэ зыхуэзыщIахэм ящыщщ поляк революционер цIэрыIуэ Лапинский Теофил. 1857 гъэм Шэрджэсым къакIуэри, ар илъэсищкIэ яхэтащ адыгэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Лапинскэр щIэмыупщIэнкIэ Iэмал иIакъым адыгэхэм я бжыгъэм. 1863 гъэм Гамбург къыщыдигъэкIа тхылъым («Кавказ бгырысхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэхэм папщIэ урысхэм драгъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ») зэрыщитхымкIэ, кIахэ адыгэхэм (къэбэрдейхэмрэ беслъэнейхэмрэ хэмыту) я бжыгъэр Лапинскэм мин 900-м щIигъуу елъытэ.

«Зауэм хэт шэрджэс лъэпкъхэм я бжыгъэр гъэбелджылауэ зыми ищIэркъым, – етх Лапинскэм. – Сэ зэрыслъытэмкIэ, ахэр мин 900-м щIегъу. Урыс тхылъ гуэрым сыщрихьэлIащ нэгъуэщI бжыгъэ – мин 290-рэ. Урыс тхылъхэм кърахыжурэ, европей автор куэдми къагъэлъагъуэ апхуэдэ бжыгъэ... Шэрджэсхэм къезауэ урысыдзэр мин 200-м щIегъу, я хыдзэлIхэм нэмыщI. Иджырей IэщэкIэ зэщIэузэдауэ сэлэт мин 200 шэрджэсхэм къариутIыпщынтэкъым урыс пащтыхьым, абыхэм я хэкум цIыху мин 290-рэ фIэкI имысатэмэ».

Лапинскэр, зэрыжытIащи, Шэрджэсым къыщыкIуар 1857 гъэрщ – Кавказ зауэр и кIэм нэблэгъауэщ. Абы и пэкIэ, 1829 гъэм, адыгэхэм я деж тIасхъэщIэх къэкIуауэ щытащ урысыдзэм и генштабым и лэжьакIуэ Новицкий Георгий. Абы а гъэм къызэрилъытамкIэ, адыгэхэр (кIахэ адыгэхэр, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Псыжь адрыщI ис адыгэхэр) мин 263-рэ хъууэ арат. КъыкIэлъыкIуэ гъэми къытригъэзащ Новицкэм икIи абы щыгъуэ

шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр) мелуанрэ мин 82-рэ хъууэ илъытауэ щытащ (унагъуэ 54110-рэ). Новицкэм зэритхамкIэ, адыгэ унагъуэм цIыху 20 нэхърэ нэхъ мащIэ исакъым (абы щыхьэт тохъуэ а Iуэхум иужькIэ тетхыхьа щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэр). Адыгэ унагъуэм цIыху 20 е нэхъыбэ зэрисар я фIэщ хъуркъым адыгэхэм я бжыгъэр зэрыхъур ди зэманым зыджа щIэныгъэлIхэм. Абыхэм ящыщ куэдым зэратхамкIэ, XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэ унагъуэхэм исар, ику иту къапщтэмэ, цIыхуи 8-м фIэкIыркъым (уеблэмэ нэхъ мащIэщ). Iуэхум нэхъ хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэр щыхьэт тохъуэ адыгэ унагъуэм XVIII – XIX лIэщIыгъуэхэм цIыху тIощIи нэхъыби зэрисам. А зэманым адыгэ унагъуэм щIэблэ зыбжанэ зэрисар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым: я тхьэмадэр псэуху, унагъуэхэр зы пщIантIэ дэсу щытащ, цIыху дапщэ хъуми. Адыгэхэм ятеухуауэ унагъуэкIэ узэджэн хуейр тхьэмадэр зыщхьэщыт пщIантIэрщ, абы дэс хабзэт унагъуэ зыбжанэ – аращ ди тхыдэр щыхьэт зытехъуэр. Новицкэм кIахэ адыгэхэр пщIантIэ (унагъуэкъым!) мин 54-рэ мэхъу щыжиIэм, ар щыуакъым, щыуауэ иужькIэ ягъэкъуэншами. Новицкэм зи гугъу ищI пщIантIэ (езым зэритхымкIэ, «двор») къэс цIыху 20 зэрыдэсарщ абы кIахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щIигъуу щытауэ щIыжиIэр.

Къэбэрдей адыгэхэм я бжыгъэм и IуэхукIи ар дыдэр жыпIэ хъунущ: куэдым яфIэфIакъым ахэр зэгуэр (псалъэм папщIэ, XVI – XVIII лIэщIыгъуэхэм) куэд хъууэ щытауэ ятхыни жаIэни. Псалъэм папщIэ, Берже 1858 гъэм зэритхамкIэ, къэбэрдейхэр мин 36-м зэрыщIигъу щыIакъым. Абы акъылэгъу дэхъу щIэныгъэлI щыIащ совет лъэхъэнэми. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэкъым – сыткIэ щхьэпэт къэбэрдей адыгэхэм (кIахэ адыгэхэми) я бжыгъэр зэрыпхузэфIэкIкIэ бгъэмэщIауэ птхыныр. Зы щапхъэ закъуэ къэтхьынщ. Урысыдзэм и генштабым и офицер Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ (еплъ абы и «Историческое, топографическое, статистическое, этнографическое и военное описание Кавказа» тхылъым) къэбэрдейхэр унагъуэ мин 45-рэ хъууэ – ар 1804 гъэм. А лъыгъажэ зауэмрэ емынэ уз бзаджэмрэ лъэрыщIыкI ящIа нэужь, Бларамберг зэритхымкIэ, Къэбэрдейм къинэжар цIыху мин 30 хуэдизщ. Ар щыуэркъым: тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, XVIII лIэщIыгъуэм Къэбэрдейм иса цIыху бжыгъэм щыщу зауэмрэ емынэ узымрэ XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къелар Iыхьэ пщIанэрщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, XVIII лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къэбэрдейхэм я бжыгъэр мин 500 нэхърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытакъым – абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. 1793 гъэм Къэбэрдейм къэкIуауэ щыта академик Паллас Петер-Симон зэритхамкIэ, зауэ къащIэхъуэмэ, къэбэрдейхэм шу мин 20 ягъэшэсыфу щытащ. Къэбэрдейм и тхыдэм щыгъуазэм фIыуэ ещIэ шууэ зауэм Iухьэм я нэхъыбапIэр уэркъхэм къахэкIауэ зэрыщытар: къэбэрдейхэр мелуан ныкъуэ нэхърэ нэхъ мащIэ хъууэ щытатэмэ, уэркъ шу мин тIощI ягъэшэсыфынкIэ Iэмал иIакъым – ар гурыIуэгъуэщ. Уэркъ шу къэс, зэрыхабзэти, зауэлI зытхух щIагъурт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, академик Паллас щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, адыгэхэм зауэм Iуашэфырт, шуми лъэсми, цIыху минищэ. Апхуэдэдзэ зэщIамыгъэшэсэфтэмэ, къэбэрдейхэм 1708 гъэм къэрым хъаным и дзэ фIыцIэр (мин

80 хъур) зэхакъутэфынтэкъым – а зауэм и хъыбар куэд къыхэнащ урыс тхыдэми европей зекIуэлIхэм я тхыгъэхэми.

Адыгэ унагъуэм цIыху 20 нэхърэ нэхъыбэ исауэ елъытэ профессор Дзэмыхь Къасболэти. Абы зэритхымкIэ, адыгэ унагъуэм, XVII – XIX лIэщIыгъуэхэм ятепщIыхьмэ, цIыху 20-м къыщыщIэдзауэ цIыхуи 100-м нэс ису щытащ – абы и щхьэусыгъуэри зы адыгэ пщIантIэм унагъуэ зыбжанэ зэрыдэсарщ (зы адыгэ пщIантIэм, зэрыжытIащи, унагъуэ хъуауэ зэкъуэш зыбжанэ дэс хабзэу щытащ). Абы ипкъ иткIэ, Дзэмыхь Къасболэт елъытэ Къэбэрдейм XVIII лIэщIыгъуэм икухэм деж цIыху мин 450-м нэс исауэ. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ, етх Дзэмыхьым, къэбэрдей адыгэхэм зы жэщ-махуэм и кIуэцIкIэ шу мин 30 ягъэшэсыфу зэрыщытам. Ар Къэбэрдейм и закъуэ!

ЩIэныгъэлI куэд щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, кIахэ адыгэхэм (иджы адыгейкIэ дызэджэ хъуахэм) я бжыгъэр зы мелуанми къыщызэтенэртэкъым – куэдым ятх а бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нэсу зэрыщытар. Псалъэм папщIэ, Дьячков-Тарасов Николай 1853 гъэм итхыгъащ: «Фельдмаршал Паскевич и унафэкIэ зэхуахьэса хъыбархэм ятепщIыхьмэ, бгырысхэм (адыгэхэм) я бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нос, абыхэм зауэм Iуашэфынущ зауэлI мин 250-рэ». Псыжь къэзакъхэм я тхыдэр зыджа Щербинэ Ф. А. фIэмащIэщ Новицкэм къигъэлъагъуэ бжыгъэр – 1082200-р. А бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэщ шэрджэсхэр (кIахэ адыгэхэр), итхыгъащ абы.



Адыгэхэм я бжыгъэр зы мелуаным куэдкIэ щIигъуу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Кавказ зауэм и ужькIэ хэкур зыбгынауэ щыта цIыху бжыгъэри. Абхъаз щIэныгъэлI цIэрыIуэ Дзидзарие Георгий зэрилъытэмкIэ, Тыркум Iэпхъуауэ щытащ бгырыс мин 900-м нэс. Кавказ зауэм и ужькIэ хэкум къинэжар мини 100-м щIигъужыркъым.

# Хъэзэрым нэс

Темрыкъуэ и зэманми нэхъ иужьыIуэкIи Къэбэрдейм и гъунапкъэхэм жыжьэ зыщаукъуэдияуэ щытащ. Абы щыхьэт тохъуэ пасэрей картэхэр. Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ я щIы кIапэр зэтехьэу зэрыщытам зыми шэч къытрихьэркъым, нэхъ зэIумыбзыр Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ гъунапкъэхэрщ. XVI-XVIII лIэщIыгъуэхэм зэхалъхьа картэхэмрэ европей авторхэм къызэранэкIа тхыгъэхэмрэ къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ гъунапкъэр Хъэзэр (Каспий) тенджызым еуалIэу щытащ – Тэрч псыр тенджызым щыхэхуэм деж тетащ къэбэрдеипщхэм я лъэIукIэ урысхэм яухуауэ щыта Тэрч къалэр, абы дэсащ Урысейм къулыкъу хуэзыщIэ адыгэпщхэр; къалэм и хъуреягъкIэ щысащ адыгэ къуажэ зыбжанэ.

1636 гъэм Тэрч къалэ къэкIуауэ щыта нэмыцэ щIэныгъэлI Олеарий Адам итхыгъащ къэбэрдейхэм я щIыналъэр Хъэзэр тенджызым зэреуалIэр. Ар дыдэм щыхьэт тохъуэ Броневский Мартин, XVIII лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм Шэрджэсым щыIа Лука Джованни сымэ, нэгъуэщIхэри. 1664 гъэм Урысейм къэкIуауэ

щыта зыплъыхьакIуэм, Витсен Николай, зэритхамкIэ, «шэрджэсхэм я хэкур Каспий тенджызым нос, ищхъэрэкIэ астрэхъан нэгъуейхэр я гъунэгъущ, ипщэкIэ дагъыстанхэмрэ тэтэрхэмрэ (къумыкъухэмрэ) къыщысщ, къухьэпIэмкIэ – абазэхэмрэ (абхъазхэмрэ) мингрел (куржы) лъэпкъхэмрэ».

Кемпфер Энгельберт XVIII лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм итхащ: «Шэрджэсыр Азием щыщуи Европэм хыхьэуи зылъытэ щыIэщ. КъуэкIыпIэмкIэ ар Хъэзэр тенджызым йоуалIэ». Главани Ксаверио зэритхамкIэ, «Шэрджэсыр зы лъэныкъуэкIэ къалмыкъхэм я щIыналъэм нос, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – Каспий тенджызым; абы и Iуфэм Iутщ урысхэм яухуа Тэрч къалэр» (зи гугъу ищIыр Урысейм хуэлажьэ къэбэрдей дзэпщхэр зыдэса къалэрщ).

Европей авторхэм я тхыгъэхэм шэч къытезыхьэ щIэныгъэлIхэри щы1эщ. Абыхэм зэратхымкIэ, Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ гъунапкъэр Сунжэ фIэкIыу щытакъым (ар Тэрч щыхэхуэм нэс). АбыкIэ тегъэщIапIэ ящIыр гурыIуэгъуэкъым. Пэжщ, XVIII лIэщIыгъуэм и кIэхэм Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ гъунапкъэр Сунжэ къэсыжауэ щытащ, арагъэнущ щIэныгъэлI гуэрхэм европей авторхэм къызэранэкIа тхыгъэхэм шэч къыщIытрахьэр.

Каспий тенджыз Iуфэмрэ Сунжэ псымрэ яку дэлъ щIыналъэр ИдарейкIэ зэджэ пщыгъуэ лъэрызехьэм IэщIэлъащ, идарейхэращ Темрыкъуэ и зэманым Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ гъунэгъу зэхуэзыщIар. Идарейхэм (Темрыкъуэ къызыхэкIа пщы лъэпкъым) я фIыгъэкIэ Урысейм благъэ хуэхъуауэ щытащ, къэбэрдейм нэмыщI, абыхэм я IупэфIэгъу е я жьауэм щIэт пщыгъуэхэри. Тыркум, Къэжэрым, кърым хъанхэм щихъумэн папщIэщ Темрыкъуэ Къэбэрдейр Урысейм щIыгуигъэхьар. Пщышхуэм и лъэIукIэ Сунжэ Тэрч псым щыхэхуэм деж урысхэм къалэ-быдапIэ щаухуауэ щытащ. Абдеж къалэ (быдапIэ) зэрыщаухуари щыхьэт тохъуэ Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ гъунапкъэхэм жыжьэ зыщаукъуэдийуэ зэрыщытам – Тэрч къалэр зращIыхьар Темрыкъуэ щытепщэ Къэбэрдейрщ (Идарейрщ).

Къэбэрдейм и ищхъэрэ гъунапкъэхэр здынэсу щытар нэхъ гъэбелджылыгъуафIэщ. Мэздэгу быдапIэр яухуа нэужь (1763 гъэм), Къэбэрдейм къуэкIыпIэмкIэ щиIэ щIым и нэхъыбапIэр фIэкIуэдащ. Къэбэрдеипщхэм 1765 гъэм Мэзкуу ятхауэ щытащ: «КъэбэрдеищIыр Гум псым нос – ар ищхъэрэкIэ. КъуэкIыпIэмкIэ Мэздэгу вёрст хыщI хуэдизкIэ фIокI». Джылахъстэнеипщхэм – Талъостэнхэ, Мудархэ, Алъхъуохэ – я щIыр Тэрч и ижьырабгъумкIэ Сунжэ нэсырт абы щыгъуэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Къэбэрдейм фIэкIуэдакIэт Сунжэ псымрэ Каспий тенджызымрэ яку дэлъ щIыр.

Къэбэрдеипщхэм акъылэгъу ядохъу мэздэгу къулыкъу щызыщIа ротмистр Шелков Александр. Абы Хамэ къэрал Iуэхухэмкіэ коллегием 1768 гъэм итхыгъащ Гум псым и ижьырабгъури и сэмэгурабгъури къэбэрдейхэм зэраIэщIэлъыр. Ар дыдэм щыхьэт тохъуэ а зэманым зэхалъхьа картэхэри европей авторхэри. Кавказ Ищхъэрэм 1807, 1808 гъэхэм щыIа Клапрот Генрих-Юлиус итхыгъащ: «Шэрджэсхэм (къэбэрдейхэрщ зи гугъу ищIыр. – *Ред.*) ищхъэрэкIэ нэхъ зыщаубгъуауэ щытащ нэхъапэм, я хъупIэхэр Гум псым и Iуфэм нэсу; ахэр а псым ГумыжькIэ йо-

джэ». Клапрот зэритхымкIэ, къэбэрдейхэм Гум псым и гъунэгъу гуэл шыугъэхэр яIэщIэлъащ, абыхэм шыгъу къыхахыу.

Къэбэрдейм и ищхъэрэ гъунапкъэр XVI лIэщIыгъуэм Гум псыми фIэкIауэ зэрыщытам щыхьэт техъуэр мащIэкъым. Астрэхъан яубыдын мурадкIэ зэуакIуэ къежьауэ щыта кърым-тыркудзэр, зылъежьар къемыхъулIауэ къыщикIуэтыжым, «Къэбэрдей гъуэгумкIэ къагъэзэжащ... Тырку куэд шхын щхьэкIэ щызэтелIащ къумым, шэрджэсхэм (къэбэрдейхэм) зэтраукIащ, гъэр ящIащ, шы куэди фIаубыдащ» – аращ урыс тхыдэр щыхьэт зытехъуэр. Тыркухэмрэ тырку хъаным и дзэмрэ абы щыгъуэ япэувари зэтезыкъутари Тэрч къалэ дэса къэбэрдей дзэпщ цIэрыIуэ Сэнджэлейщ. Абы и уэрэдыр къэсащ ди зэманым. «Сэнджэлеишхуэурэ дзэшхуэр зезышэ» – апхуэдэущ ар уэрэдым къызэрыхэщыр.

Нэгумэ Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм» зэрыщитхымкIэ, къэбэрдейхэм «Сотей зэхудипIалъэщ» псэлъафэр абы лъандэрэ къахуэнащ: къытевгъазэмэ, Сотей зэхудипIалъэщ, абы фидукIыхьынщ дяпэкIи, жыхуиIэщ. Тэнрэ (Дон) Псыжьрэ - (Кубань) яку дэлъ губгъуэм (къумым) адыгэхэр СотейкIэ йоджэ, ар Гум-Маныч щIыIэпсым хеубыдэ. «Къэбэрдей гъуэгукIэ» зэджэр а щIыIэпсым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ, нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, къум псыншэм кIуэцIрыкIыу щытащ. ЩIэупщIапхъэщ: Астрэхъан урысыдзэм къыщыщIагъэIа тыркухэмрэ кърым тэтэрхэмрэ къум псыншэм кIуэцIрыкI «Къэбэрдей гъуэгумкIэ» щхьэ къагъэзэжа? Гум псым и къаблэ лъэныкъуэм псыи хъуни щагъуэтынут абыхэм, ауэ абыкIэ къагъэзакъым. Щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: Темрыкъуэ и зэман лъандэрэ Тэрчрэ Гумрэ (уеблэмэ а псым фIэкIыжу) яку дэлъа щIым щытепщар Урысейм еувэлIа къэбэрдеипщхэрт, урысхэмрэ къэбэрдейхэмрэ щытепщэ щIым къиихьэн иракуакъым Астрэхъан къыщыщIагъэIа зэрыпхъуакIуэхэм.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**



# КАВКАЗ ЗАУЭМ И ЛІЫХЪУЖЬХЭР

## Бэрзэдж Джырандыкъуэ



Хэкум и хуитыныгъэм щІэбэн бгырыс лъэпкъхэр зэгуигъэхьэн зыхузэфІэкІар Бэрзэдж Джырандыкъуэщ, абы пасэу къыгурыІуащ, зэрымыубыдмэ, шэрджэсхэр урысыдзэм зэрыпэмылъэщынур.

Бэрзэдж Джырандыкъуэ хы Іуфэм Іус убых жылагъуэм 1804 гъэм къыщалъхуащ. И лІыгъэрэ и акъылкІэ цІэрыІуэ щыхъум, абы я дзыхь ирагъэзри, убыххэр, шапсыгъхэр, абазэхэхэр, натхъуэджхэр, садзхэр еувэлІащ. Бгырысхэм я къэралы-гъуэ къызэригъэпэщащ Джырандыкъуэ, езыр абы и лІыщхьэ хъуащ. Шэрджэс къэралым и меджлиси къызэригъэпэщын хузэфІэкІащ Бэрзэджым. Меджлисыр (правительствэр) Сошэ щызэхыхьащ. Абыи и Іэтащхьэу ягъэувар Бэрзэдж Джырандыкъуэщ. Меджлисым шэрджэс лъэпкъ псоми я лІыкІуэхэр хэтащ. ИужькІэ меджлисым и унэр урыс дзэлІхэм ягъэсащ.

Урысыдзэр зэпымыууэ къебгъэрыкІуэрт. Бгырысхэм, кІуэ пэтми, зауэр къатехьэлъэрт. НэгъуэщІ хэкІыпІэ щимыгъуэтым, Джырандыкъуэ урысхэм екІужын мурад ищІащ. Александр ЕтІуанэр хы Іуфэм къэкІуауэ Джырандыкъуэ абы зыхуигъазэри жриІащ хэкум ирамыхумэ, шэрджэсхэм Іэщэр ягъэтІылъынкІэ зэрыарэзыр. Ауэ пащтыхьри урыс дзэпщхэри абы хуейтэкъым. Зыхуейр шэрджэсхэм я щІыналъэрти, ар ирагъэбгынэмэ нэхъ къащтэрт. КъехъулІащ зэрыпхъуакІуэхэм я хъуэпсапІэр.



ИлъэсищэкІэ зызыукъуэдия Кавказ зауэм кІэ щигъуэтар убых щІыналъэрщ – Мзымтэ псыщхьэ, Къуэбыдэ деж.

Зы убыхи къранакъым я хэкум – зауэм къелар хым зэпрахуащ. Джырандыкъуи Іэпхъуащ Тыркум, 1881 гъэм дунейм ехыжащ.

Тыркум пщІэшхуэ щиІащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ, маршал цІэр къыфІащащ. Бэлъкъан зауэм и зэманым (1877-1878) тыркудзэм и Іэтащхьэу щытащ.

## Жанхъуэт Жамбулэт

Къэбэрдейм и иужьрей пщы-уэлий (пщышхуэ) Жанхъуэт Кушыку (1758-1830) къуищ иІащ, щыри я адэм акъылэгъу дэхъуакъым: урыс дзэпщхэм ди хэкум щызэрахьэ лейр ямыдэу абыхэм ІэщэкІэ япэуващ. Лъэпкъым и хуитыныгъэм щІэзэуурэ я гъащІэр ятащ.

Кушыку и къуэхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэр Жамбулэтт. Ар дунейм тетыху, и лъэпкъэгъухэм ялъ зэрищІэжыным хущІэкъуащ. Жамбулэт щІэх заІэригъэхьакъым и псэм къещэ урыс дзэлІхэм. ИкІэм-икІэжым и адэр къагъэдэІуэн яхузэфІэкІащ: «И гугъу тщІынкъым, дутІыпщыжынщ», – жари. И адэм фІэлІыкІри, ар быдапІэм дыхьащ. Жамбулэти абы и гъуса Къэсей Къэнэмэти 1825 гъэм октябрым и 25-м Налшык быдапІэм даукІыхьащ.

Жанхъуэт Жамбулэт зэраукІар илъэгъуащ урыс тхакІуэ

цIэрыIуэ Грибоедов Александр. Ар игу зэрыщIыхьар абы и ныбжьэгъухэм яхуитхауэ щытащ.

## ЩэрэлIокъуэ Къызылбэч (Шырыхъукъуэ Дыгъужь)



Шапсыгъ адыгэхэм я дзэпщ цIэрыIуэ ЩэрэлIокъуэ Къызылбэч Псыжь адрыщIкIэ Псыкупс жылэм 1795 гъэм къыщалъхуащ. Балигъ зэрыхъуу зауэм хыхьащ икIи псэуху къыхэкIакъым – шу миным щIигъу игъэшэсурэ пащтыхьым и дзэм Iэджэрэ ебгъэрыкIуащ, щытемыкIуаи къэхъуакъым. Къызылбэч къуибл иIащ, я адэм дэшэсурэ блыри зауэм хэкIуэдащ. Езыр 1840 гъэм дунейм ехыжащ – уIэгъэм илIыкIащ.

ЩэрэлIокъуэ Къызылбэч апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуати, ар щIэх ящыгъупщакъым адыгэхэми къэзакъхэми: адыгэхэм я дзэпщыр зыпащI щыIэтэкъым, абы и хъыбархэр жыжьэ нэIусат; къэзакъхэр Къызылбэч «Шэрджэсым и аслъэнкIэ» къеджэрт.

1913 гъэм Екатеринодар (иджы Краснодар) къыщыдэкIауэ щытащ Щербинэ Ф. А. и «История войска Кубанского» тхылъыр, томитI хъууэ. Абы и етIуанэ тхылъым и нэхъыбапIэр зытеухуар ЩэрэлIокъуэ Къызылбэчщ. Щербинэ и тхылъым лъабжьэ хуищIар шапсыгъ дзэпщ цIэрыIуэм къыдэгъуэгурыкIуэ хъыбархэмрэ урыс офицерхэм я гукъэкIыжхэмрэщ.



## ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт Iэшэ

ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт 1805 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ. Iэщэр игъэбзэф зэрыхъу лъандэрэ зы махуи шым къепсыхакъым, Къэбэрдейм къращIыхь быдапIэхэм зэпымыууэ ебгъэрыкIуащ. Ермоловым Къэбэрдейр «игъэсабыра» нэужь, Мыхьэмэт и шу гъусэхэри щIыгъуу Псыжь (Хьэжрэтым) Iэпхъуащ. Псыжь Iэпхъуахэм шу пашэ яхуэхъуащ ХьэтIохъущокъуэр, ахэр игъэшэсурэ урыс быдапIэхэр куэдрэ зэхикъутащ, Къэбэрдейми щызэуащ. Апхуэдэ зауэхэм ящыщ зым уIэгъэ щыхъуати, Мыхьэмэт IэшэкIэ еджэ хъуащ.

1846 гъэм Шэткъалэ (Ставрополь) теуащ. Абы щызэхаубла зауэ гуащIэм ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт хэкIуэдащ.

Кавказ зауэр зи нэгу щIэкIа урыс офицер Торнау Ф. Ф. и гукъэкIыжхэм зэрыщитхыжымкIэ, ХьэтIохъущокъуэ Мыхьэмэт щIэныгъэ иIащ, бзэ зыбжани ищIэу щытащ.

## ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий



ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрий ди тхыдэм цIэрыIуэ щы хъуа Исмел Псыгъуэ (Измаил-бей) и шынэхъыщIэщ. Урыс дзэпщхэм Къэбэрдейм щызэрахьэ хьэгъэщагъэхэр зигу темыхуэ гупым пашэ яхуэхъури, ядэзэуащ, адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрахьэ хабзэхэр яримыгъэкъутэн щхьэкIэ. Ар къыхуадакъым урыс дзэпщхэм: Къэбэрдейм ирагъэкIри, Екатеринослав даубыдащ. Адэлджэрий щIыгъуащ и шынэхъыжьымрэ пщы

Хьэмырзэ ХьэтIохъущыкъуэрэ. 1798 гъэм ар Екатеринослав къикIуэсыкIыжри, Къэбэрдейм къэкIуэжащ, ауэ урыс дзэпщхэм екIужакъым, и шынэхъыжьми (Исмел Псыгъуэ) едэIуакъым: аргуэру шу гуп зэхуишэсыжри, урыс дзэпщхэм еныкъуэкъун щIидзэжащ.

1807 гъэм емынэ узым илIыкIащ.

## Бэлэтокъуэ Жамбулэт

КIэмыргуейм я пщы-тхьэмадэщ, пащтыхьым и дзэм ебгъэрыкIуэн мурадкIэ кIахэ адыгэхэр (шапсыгъхэр, абазэхэхэр, кIэмыргуейхэр) куэдрэ игъэшэсащ, езыр пашэ яхуэхъуурэ. Барон Сталь зэритхыжымкIэ, пщIэшхуэ зыхуащI, акъыл жан зиIэ цIыхут Бэлэтокъуэ Жамбулэт. ЖьакIуэт, зэрыхахуэр ялъагъурти, Шэрджэсым и хуитыныгъэм щIэбэнхэр шу гъусэ къыхуэхъурт. Урыс-тырку зауэм и зэманым (1828-1829) дзэшхуэ иришажьэурэ пащтыхьыдзэм мызэ-мытIэу ебгъэрыкIуащ. Ауэ зэрыпэмылъэщынур, езыхэр зэрыхэкIуэдэнур къыгурыIуэри, и лъэпкъэгъухэр къигъэдэIуэн мурад ищIащ афIэкIа мызэуэну. Кавказым и тет фельдмаршал Паскевич хуэзащ, абы епсэлъащ, Iэщэр зэрагъэтIылъынур жриIащ. Ар я гуапэ хъуакъым зауэр ягъэувыIэн мурад зимыIэ урыс дзэпщхэм. Хъан-Джэрии Щербини зэратхымкIэ, Бэлэтокъуэ Жамбулэт езыгъэукIар генерал Зассщ: ар Лабэ зэуакIуэ кIуэну хуэпабгъэрт, ауэ Бэлэтокъуэр псэуху а мурадыр абы къехъулIэнутэкъым.



Бэлэтокъуэ Жамбулэт щаукIар 1837 гъэм и гъэмахуэрщ.

## Къанокъуэ Етэч

Къанокъуэ Етэч беслъэнейхэм я пщы-тхьэмадэщ, хуитыныгъэм щIэзэу шэрджэсхэм я шу пашэхэм ящыщ зыуэ щытащ. Ар зи пашэ беслъэнейхэм нэхъ хахуэрэ нэхъ щхьэмыгъазэрэ кIахэ адыгэхэм яхэмытауэщ къызэралъытэр. Зауэ гуащIэ куэд я нэгу щIэкIащ абыхэм, ауэ къыщыдзыхаи къыщикIуэтаи къэхъуакъым, Къанокъуэ Етэч и унафэм щIэтыху.

Барон Сталь зэритхымкIэ, Къанокъуэ Етэч 1844 (1845) гъэм Псыжь Iуфэ къыщаукIащ, урыс быдапIэм щебгъэрыкIуам щыгъуэ.



# Адыгэхэм папщIэ жаIахэр

Къэбэрдей адыгэхэр адрей бгырыс лъэпкъхэм щIэныгъэкIи зыужьыныгъэкIи я щапхъэщ. Абы къыхэкIыу, къэбэрдей цейм и дыкIэр яхъуэжыху, бгырыс псоми а зэхъуэкIыныгъэр къызэдащтэ.

**ДАНИЛЕВСКИЙ Николай,**
урыс щIэныгъэлI, тхакIуэ. 1846

* * *

Урыс унафэщIхэм ямыщIэ щыIэтэкъым, къэбэрдейхэр я пIэ ирагъэзэгъэн папщIэ. ЯгъэIэсэн мурадкIэ, абыхэм ебгъэрыкIуащ Медем, Якоби, Потемкин, Глазенап, Булгаковри яхэтыжу. А зэныкъуэкъум псынщIэ дыдэу зиубгъункIэ шынагъуэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, урысхэм я дежкIэ адыгэхэр къыпфIэмыIуэху, узыхуэбэлэрыгъ мыхъун ныкъуэкъуэгъу лъэщт. Кавказ Ищхъэрэм абыхэм пщIэуэ щаIэр абрагъуэт. Гъунэгъу лъэпкъхэм къэбэрдей адыгэхэм щыгъынкIи, Iэщэ-фащэкIи, хабзэ-бзыпхъэкIи щапхъэ трахырт. Хабзэрэ щэныфIагърэ зыхрагъэлъхьэн папщIэ, мышкъышхэм, осетинхэм, шэшэнхэм я бынхэр Къэбэрдейм ирагъашэрт. «Адыгэм ещхьу хуэпащ», «Къэбэрдей шу хуэдэщ» къыхужаIэныр гъунэгъу бгырысхэм дежкIэ щытхъушхуэт. Къэбэрдей адыгэм и щыпкъагъым, и зыIыгъыкIэ екIум, и Iэщэ зехьэкIэм, и цIыху хэтыкIэм уетхьэкъупэ. ШыфэлIыфэкIэ псоми къахэлыдыкI къэбэрдей адыгэр зэ Iуплъэгъуэкlэ адрейхэм къахэпцIыхукIынущ. Къэбэрдей зауэлIым и IэкIуэлъакIуагъми мынэхъ мащIэу узыIэпешэ, щIэх къызэримыкIуэтынури уи фIэщ ещI. Ауэ урысхэм сыт къахуэщхьэпар жыпIэмэ, емынэ узым зиубгъуу Джылахъстэнейр зэрырилъэсыкIарщ, Къэбэрдеишхуэми и лъэр зэрыщIихарщ. ИтIани, затауэ фэ зытрагъауэ щхьэкIэ, зэрызауэ щIыкIэр яхъуэж фIэкIа, къэбэрдейхэм Iэмал закъуи зыIэщIагъэкIыртэкъым урысхэм къатеуэну.

**ПОТТО Василий,**
урысыдзэм и тхыдэтх.
1829-1864

* * *

Къулеймрэ тхьэмыщкIэмрэ зэхэзыгъэкI пщалъэу адыгэхэм яIэр шымрэ Iэщэмрэ я дахагъырщ. Зы хъуэпсапIэ закъуэщ адыгэм иIэр – адрей и лъэпкъэгъухэм хахуагъкIэ къахэжаныкIынырщ. ЗэрыцIыкIурэ шымрэ Iэщэмрэ пащI щыIэкъым: ахэр къэгъэIурыщIэнымкIэ къатекIуэн къэгъуэтыгъуейщ. Зэрызехьэ гуэр къэхъумэ, сыт хуэдэ гугъуехьми я гупэр хуэгъэзащ; шынэ жыхуаIэр ящIэркъым. Къэрабгъэу укъыщIэкIыным нэхърэ нэхъ мыгъуагъэ щымыIэу къалъытэ. Зауэмрэ абы зыщыхуагъэхьэ-

зырымрэ къыщыдэхуэхэм деж, я Iэзагъымрэ IэкIуэлъакIуагъымрэ хагъахъуэ, шыр къагъажэ, ягъэджэгу, нэщанэ зэдоуэ.

**Де ПИНЭ Эмануэл,**
урысыдзэм хэту Кавказым
щызэуа франджы уэркъ

* * *

Абазэхэхэр лъагъугъуафIэщ: я нэхъыбэр лъагэщ, къуданщ, плIабгъуэщ, бгырыпхым щIикъузэ я бгыр псыгъуэщ, уеблэмэ жьыхуегъэзэкI хъуахэми пшэру зы цIыху яхэту слъэгъуакъым. Я щхьэцыр кIэщIыбзэу щIащэ, иныкъуэхэм яупс. ЖьакIэхэр ящ, щIалэхэм – кIэщI дыдэу. Нэхъыжьыlуэхэм нэхъ кIыхьу ягъэкI. Я нэкIу зэхэлъыкIэр гуакIуэщ, пэтIинэу закъуэтIакъуэххэщ яхэтыр. Нагъуэхэмрэ нащхъуэхэмрэ куэдщ, сырыхухэр мащIэ дыдэщ.

**ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр,**
кавказ лъэпкъхэм я тхыдэдж. 1904

* * *

Адыгэр цIыху хахуэщ, щхьэмыгъазэщ, ауэ къанлыкъым икIи гущIэгъуншэкъым: ирамыхулIауэ лъы игъэжэнукъым, ирахулIэрэ зэуэн хуей хъумэ, зыпикIуэтын щыIэкъым.



**ЛАПИНСКИЙ Теофил,**
шэрджэсхэм къадэIэпыкъун щхьэкIэ
Польшэм къикIа зауэлIхэм я унафэщI.
1857

* * *

Тхьэр абыхэм (шэрджэсхэм) къазэрыхуэмыупса къэнэжакъым: хахуагъэкIэ, Iущыгъэкlэ, дахагъэкIэ. А псомкIи ахэр къахощ Кавказым ис лъэпкъхэм. Я хуитыныгъэр зэрахъумэн лIыгъэ яхэлъу ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ.

**ОММЕР де Гелль,**
франджы тхакIуэ

* * *

Адыгэхэм деж еблэгъа хьэщIэр къыщIыхэщтыкIын щыIэкъым – ар быдапIэм ис пэлъытэщ: и хьэщIэр ихъумэурэ, бысымым и гъащIэр итыфынущ. Щригъэжьэжкlэ, шу гъусэ хуимыщIауэ и хьэщIэр гъуэгу тригъэхьэжынукъым. Гъуэгу тригъэувэжа хьэщIэм зыгуэр къыщыщI хъужыкъуэмэ, абы илъ имыщIэжауэ, адыгэр етIысэхынукъым.

**ПАЛЛАС Пётр-Симон,**
нэмыцэ щIэныгъэлI.
1793

* * *

Зауэм щыIухьэкIэ, адыгэхэм я Iэщэ-фащэ нэхъыфI дыдэхэмкIэ зызэщIаузадэ. Я Iэщэрэ я фащэкIэ ахэр лъэпкъ куэдым къахощ. Азием дэнэ къэна, Европэми щыслъэгъуакъым шэрджэсхэм я Iэщэмрэ я фащэмрэ нэхъ дахэрэ нэхъ Iэрыхуэрэ.

**ХЪАН-Джэрий.** 1840

* * *

Абыхэм (шэрджэсхэм) я цIыхубзхэр дахэкIейщ, зэкIужщ, я фэр хужьщ, нэкIущхьэплъщ, я щхьэцыр фIыцIабзэщ, тIууэ ухуэнауэ; я нэкIур щIауфэркъым.

**ОЛЕАРИЙ Адам,**
нэмыцэ зыплъыхьакIуэ, географ.
1653

* * *

Дунейм щынэхъ дахэ дыдэ бзылъхугъэ ущрихьэлIэнущ къэбэрдейхэм я деж. Ахэр Iущщ, цIыху гуапэщ, щIыкIафIэ защIэщ.

**ВИТСЕН Николас,**
Голландием щыщ политик, хьэрычэтыщIэ.
1692



* * *

Къэбэрдейр псоми къахощ... екIу защIэщ къэбэрдейхэр, зы фэрэкIнапи ущрихьэлIэнукъым, зэрысабий лъандэрэ а узыфэм зыщахъумэри.

**ФЕРРАН,**
франджы дохутыр. 1709

* * *

Тэтэрхэмрэ нэгъуейхэмрэ къащыхьэ зэпытщи, шэрджэсхэр зауэм хуэхьэзырщ сыт щыгъуи, абыхэм нэхъ шууей а лъэныкъуэмкIэ щыбгъуэтынукъым. ШабзэкIэ мэзауэ, сэшхуэри ягъэIэрыхуэ... Шабзэмрэ сэшхуэмрэ нэмыщI, бийм щебгъэрыкIуэкIэ, бжырэ мывэупцIэрэ къагъэсэбэп. Мэз щIагъым щызэрихьэлIэмэ, зы адыгэм бий тIощI хигъэщIэнущ.

**ЛУККА Джиованни,**
Италием щыщ дин лэжьакIуэ.
1625

* * *

Адыгэ шуудзэм пэувыфынукъым Европэм я нэхъ шуудзэ лъэщ дыдэри: ар бийм щебгъэрыкIуэкIэ, уафэхъуэпскIым хуэдэщ. Шымрэ уанэгум ис адыгэ шууейхэмрэ апхуэдизкIэ зэрощIэ,

зауэм хуэгъэсащи, зрачмэ, я занщIэр я гъуэгущ – бийр иращIыкI. Шэрджэс зауэлIыр гъэр зыщIыфын щыIэкъым, лъы ткIуэпс къыщIэнэжыхух зэуэнущ.

**СПЕНСЕР Эдмонд,**
инджылыз тIасхъэщIэх.
1830

* * *

Шэрджэсхэм я лъахэр телъыджэщ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкуэдыкIейщ, япсхэр къабзабзэщ, мэзыр я гъунэжщ. Хьэуар абы щыкъабзэ дыдэщ, зэгъщ. Шэрджэсхэр зэрылъэпкъ дахэр зи фIыщIэр арауэ къызолъытэ. Лъахэ дэгъуэ дыдэ зэрисымрэ гъэсэныгъэ тэмэм зэрахэлъымрэ лъабжьэ хуэхъуащ адыгэ лъэпкъым и дахагъэм.

**ФЕРРАН,**
франджы дохутыр. 1702

* * *

Шэрджэсхэр къуданщ, зэкIужщ, бгы псыгъуэщ. Я лъыр къабзэщ, нэ фIыцIэхэщ, набдзэ къурашэхэщ, псом хуэмыдэжу цIыхубзхэр; адыгэ пщащэхэр я дахагъкIэ дунейм цIыхубзу тету хъуам къахощ.

**Д`Асколи Эмиддио,**
Италием щыщ дин лэжьакIуэ.
1625



* * *

Къэбэрдейхэм, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI ис адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм ебгъапщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.

**ТОРНАУ Фёдор,**
урыс офицер

* * *

Абыхэм (шэрджэсхэм) къапэлъэщын щыIэнутэкъым, зэгурыIуэрэ зы дзэпщым и унафэм щIэувэтэмэ.

**БАРБАРО Иосафат,**
Венецием щыщ дипломат.
1441

* * *

Урыс пащтыхьым деж зыбжанэ щIауэ адыгэ шу гуп щыIэщ, абы и щхьэхъумэ къулыкъу ягъэзащIэу. ЗэрызэхэсхамкIэ, а шухэм я фащэр дахэкIейщ, къалащхьэм дэс псори итхьэкъуащ.

**Де Бесс Жан-Шарль,**
Венгрием щыщ щIэныгъэлI.
1830

* * *

Къэбэрдейр я гъунэгъу лъэпкъхэм дежкIэ щапхъэщ, кавказ франджыкIэ (французкIэ) уеджэ хъунущ къэбэрдейхэм – абыхэм псори ядоплъейри: я IэщэкIэ, я фащэкIэ, я шы тесыкIэкIэ, я хабзэкIэ.

**ЗИССЕРМАН Арнольд,**
урыс тхакIуэ,
Кавказым и дзэ тхыдэтх

* * *

Лъэпкъ дахэщ шэрджэсхэр, цIыху екIухэщ. Я цIыхухъухэр Iэчлъэчщ, къуэгъущ, къамылыфэщ, гуапэщ, уардэщ, плIабгъуэщ, бгы псыгъуэщ. Я щхьэм пщIэ хуэзыщIыж защIэщ.

**КЛАПРОТ Генрих-Юлиус,**
Германие, Урысей. 1808

* * *



ЗэрызехьэгъуафIэм, цIыхум зэрекIупсым, зэрыдахэ дыдэм я фIыгъэкIэ адыгэ фащэм, Шэрджэсым и гъунапкъэхэм щхьэдэхри, жыжьэ зыщиубгъуащ... Ар Кавказ псом фащэ яхуэхъуащ. Я фащэкIи, я IэщэкIи, я шы тесыкIэкIи адыгэхэм щапхъэ къытрахащ къэзакъхэми.

**СТУДЕНЕЦКАЯ Евгение**

* * *

Абыхэм (кърым тэтэрхэм) Шэрджэсым иракуркъым, а хэкум исхэр зэрылIыхъужь защIэм щыгъуазэщи.

Адыгэхэр ирогушхуэ лъы къабзэ зэращIэтым, тыркухэм абыхэм пщIэ лей хуащI, «шуудей лъэпкъ пагэщ» зэреджэр.

Яшхэр дахэ дыдэщ, жанщ, пIащэщ, пIащэми, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ, езы шэрджэсхэми хуэдэу... ЦIыху нэжэгужэщ адыгэхэр, къыщыфэм деж лъапэкIэ хатIэ-хасэ – ар гугъущ, дауи, ауэ дахагъэщ.

**Д, АСКОЛИ Эмиддио,**
Италием щыщ дин лэжьакIуэ.
1634

* * *

Шэрджэсхэм ди нэгу къыщIагъэхьэж Германиемрэ Франджымрэ я япэ пащтыхьхэм я лъэхъэнэр. Курыт лIэщIыгъуэхэм псэуа лIыхъусэжьхэмрэ пасэрей алыдж лIакъуэлIэшхэмрэ я щапхъэщ шэрджэсхэр.

**ДЮБУА де Монпере,**
франджы зыплъыхьакIуэ

# Гуауэшхуэм и джэрпэджэж

Адыгэхэр илъэси 100-м щIигъукIэ зыхэта лъыгъажэ зауэр ди литературэми IуэрыIуатэми гулъытэншэ щыхъуакъым. Уэрэдхэм, гъыбзэхэм, псалъэжьхэм, уеблэмэ гыбзэхэм къахощыж бгырыс лъэпкъхэм я щхьэ кърикIуа а насыпыншагъэр. Псалъэм папщIэ, IуэрыIуатэм ущрохьэлIэ «Истамбылыжьым имыкIыр щIолIэ, икIыр йолIыхь»*, «Истамбыл къикIам дызэрагъэтIэхъужкъым» псалъэжьхэм, «Хы дыджым уихь», е «Псы дыджым уихь» гыбзэхэм («Хы дыдж», «Псы дыдж» жыхуиIэхэр тенджыз ФIыцIэрщ). Мы гыбзэр къежьащ адыгэхэм я хэкур ирагъэбгынэу Уэсмэн империем щагъэIэпхъуа лъэхъэнэм.

ИстамбылакIуэм адыгэхэм къахудэкIуа гъащIэ хьэлъэр къахощыж уэрэд, гъыбзэ зыбжанэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Хьэжрэтхэм я уэрэд», «Хьэжрэтхэр», «Узун-Яйла щауса уэрэд», «ИстамбылакIуэ», «Зауэ уэрэдыжь», «ПсыикIыж гуауэшхуэ», «Хэкур добгынэ», «Истамбыл икIыжахэм я тхьэусыхэ», нэгъуэщIхэри. Тыркум Iэпхъуа мухьэжырхэм хамэ щIыпIэм щауса уэрэдхэми къахощыж ди лъэпкъым къытепсыха гузэвэгъуэшхуэр: «Истамбыл уэрэд» («ИстамбылакIуэ уэрэд»), «Истамбыл гъуэгужьыр» («Истамбыл гъуэгу», «Адыгэ нып»).

Къэбэрдей литературэм хэту къыщIэкIынкъым Кавказ зауэжьым адыгэхэр зытригъэувa «хьэдрыхэ гъуэгур» зи творчествэм, мащIэ-куэдми, къыхэмыщыж тхакIуэ. Абыхэм я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм я фIыгъэкIэ щIэблэм деж нэхьэса мэхъу бгырыс лъэпкъхэм къращIылIа лъыгъажэ зауэмрэ абы кърикIуа насыпыншагъэмрэ я пэжыпIэр.

ЦIыхубэр гъуэгу пхэнжым теша мыхъун, Iуэхум и пэжыпIэр нахуэ къащIын папщIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ бгырыс лъэпкъхэм я цIыху пэрытхэм. Абыхэм ящыщ зыт ПащIэ Бэчмырзи. Хамэ къэралхэм, къапщтэмэ, Тыркум Iэпхъуэ адыгэхэм я Iуэху зытетыр зригъэщIэн мурадкIэ, Бэчмырзэ тредзэри Тыркум макIуэ. Зы илъэс нэблагъэкIэ абы щыIэу Къэбэрдейм къэзыгъэзэжа ПащIэм мы псалъэхэмкIэ цIыхубэм захуегъазэ: «ТIуащIэбей** фипсэуххьыж, фызыщалъхуа хэкум и щIыбагъкIэ насып фыщымылъыхъуэ!»

1954 гъэм, ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъу махуэр щагъэлъапIэм, «Къэбэрдей пэж» газетым къытехуауэ щытащ Тыркум щыщыIа илъэсхэм усакIуэм зэхилъхьа «Истамбыл» тхыгъэр (языныкъуэ щIэныгъэлIхэм усэу, адрейхэм поэмэу къалъытэ). А лъэхъэнэ дыдэм – 1901-1902 гъэхэм – абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Фэеплъ» усэр. Бэчмырзэ къыдэгъуэгурыкIуахэм, и ныбжьэгъухэм зэрыжаIэжамкIэ, а усэхэм къыхэщ ущиемрэ чэнджэщымрэ я фIыгъэкIэ цIыху зыбжанэ Тыркум мыIэпхъуэу къызэтенауэ щытащ.

ПащIэ Бэчмырзэ Тыркум и нэгу щыщIэкIахэр лъабжьэ хуэхъуащ «Мухьэжырхэр» жыхуиIэ усэми. Мыбы ПащIэм къыщегъэлъагъуэ хамэщI щыпсэухэр зыхэт бэлыхь мыухыжыр. УсакIуэм пэжу гу зэрылъитащи, хэхэс гъащIэр махуэ къэс нэхъ хьэлъэ мэхъу икIи адыгэу хамэ щIыналъэхэм щикъухьахэр зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьыжу анэдэлъхубзэри адыгэ хабзэри гъадэщIыдэм хыхьэжынкIэ шынагъэ щыIэщ:

* Мыр джэгуакIуэшхуэу щыта Уэкъуоу и псэлъафэу хуагъэфащэ. ИстамбылакIуэхэм яхэту и пщым здришати, тыркухэм я зэхэтыкIэр игу иримыхьу яхуэусэри къэкIуэсэжащ, дунейм ехыжыхукIи и хэкум щыпсэужащ.

** ТIуащIэбей - Тыркум щыпсэу адыгэхэр Къэбэрдейм къызэреджэ фIэщыгъэщ.

*Фи правэр кIуэдыну къыщыхагъэщкIэ,*
*Фи унафэщIхэр къыщагъэтуткIэ,*
*Фызытет хабзэхэри фщагъэгъупщэнщ.*

Кавказ зауэжьым и кIэм къэрикIуа хьэдагъэмрэ адыгэхэм лъэпкъкIуэдыр къахуэзыгъэкIуа ИстамбылакIуэмрэ я нэпкъыжьэ телъщ къэбэрдей усакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэм. Абыхэм ящыщщ Сонэ Абдулчэрим и «Псэм и джэ макъ» усэр. Ар Iыхьищу зэхэлъщ. Япэ Iыхьэм къыхощ хамэ хэку щыпсэу и лъэпкъэгъухэр адэжь лъахэм и куэщI щызэрыгъуэтыжыным усэм и лирическэ лIыхъужьыр зэрыщIэхъуэпсыр. Абы фIэкъабылкъым и къуэш хэхэсхэр щIымыгъуу езыр жэнэт хэкум зэрыщыпсэур, ахэр зыпэIэщIэ, зыщIэбэг Iуащхьэмахуэ езыр хуиту зэрыIуплъэр. Уи хэку уисыжыныр насыпу къалъытэми, абы и дежкIэ а насыпыр щызкъым:

*Хэку-анэнэпIэсхэм щыпсэу дэ ди къуэшхэ,*
*Хэку-анэнэпIэсхэм щыпсэу дэ ди шыпхъухэ,*
*Фыдимыгъусэу адэжь хэкум дыщопсэу,*
*Фыдимыгъусэу Iуащхьэмахуэ дэ дыIуоплъэ,*
*Кавказ салъкъын гуапэр дэ къытщIеху,*
*Къуршыпс уэрхэм я уэрэд жьгъырухэм дощIодэIу,*
*АдыгэщIым и дыгъэпсым дэ дыхэтщ.*
*... Къызэлъэлъэхыжу сиIэми насыпыр,*
*Фызимыгъусэу хъункъым а насыпыр щыз.*

Усэм и етIуанэ Iыхьэм къыщыIуэтащ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я гурыгъу-гурыщIэхэр, ахэр адэжь Хэкум къызэрыхуэпабгъэр.



Ещанэ едзыгъуэм къыхощ лирическэ лIыхъужьым и гурылъхъуэпсапIэ гъэщIэгъуэн: ар къуршыбгъэ хъуну хуейщ, дунеижьым щикъухьа адыгэ псори Хэкужьым къихьыжын папщIэ.

*... СыщIыт-тIэ къуршыбгъэ, Дунеишхуэ!*
*Къэсхъыжынщ и бынхэр Iуащхъэмахуэ!*

Сонэм и усэм щIэлъ гупсысэм нэхъри зрагъэузэщI абы къыщыгъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэм. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, къэгъэпсэуныгъэр. А Iэмалым ущрохьэлIэ усакIуэм вагъуэхэм, дыгъэм, жьыбгъэм мыпхуэдэ упщIэхэмкIэ защыхуигъазэкIэ:

*Хэхэс хъуа си къуэшхэр дапщэщ къэкIуэжыну?*
*Дапщэщ адыгэщIым я нэр щыплъэжыну?*
*Си лъэпкъ тхыдэм къыщыхъуа щыуагъэр,*
*Тэрэз хъужу, дапщэщ зэкIуэжыну?*

Хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа ди лъэпкъэгъухэмрэ езы усакIуэмрэ я гурыгъу-гурыщIэхэр щызэподжэж Бицу Анатолэ и «Тырку щIыналъэ» усэ гупым. УсакIуэм и гум шабзэшэу пхокI лъыкIэ и къуэшхэм бэлыхьрэ хьэзабу хамэщIым щашэчыр.

Тырку щIыналъэм зэрынэсу Бицум япэу гу зылъитар «плIэкIэ дуней псор зезыхьэ» хьэлъэзехьэхэу кхъухь тедзапIэм зыщрихьэлIахэрщ:

*Сэ сызэплъыр иджы гуапэу*
*Уи деж хьэпшып щызэблаххэркъым,*
*Уи беижь дыщэм иблахэркъым, –*
*ПлIэкIэ дуней псор зезыхъэхэу,*

*ГущIэгъулыуэ, псэм къыдыхъэхэу,*
*ЛэжьакIуэбэрщ – хьэлъэзехьэхэрщ,*
*Хьэлъэзехьэхэрщ,*
*Хьэлъэзехьэхэрщ...*

Бицум щхьэусыгъуэншэу гу ялъитакъым абыхэм. ЩоджэнцIыкIу Алий и «Нанэ» усэмкIэ нэIуасэ зыхуэхъуа хьэлъэзехьэхэри, а лэжьакIуэбэм хьэлъэ щызэблах кхъухь тедзапIэри фIы дыдэу ицIыхуу, езым зыгуэркIэ къыгухьэу къыщохъу усакIуэм. Къулыкъури, нэмысри, напэри, щIыхьри ахъшэкIэ къыщащэху къэралым мэжджыт лъагэхэмрэ дыщэкIэ зэщIэбла къулеижьхэмрэкIэ хущIэуфэнукъым гугъуехьакIуэр зыхэт къулейсызыгъэр. А къулейсызыгъэм и хьэлъэр къызытещIахэм ящыщщ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я нэхъыбапIэри:

*Исщ уи лъахэм, ялъэмыкIыу, ахэр,*
*Къэхъужыфкъым хуити – я гур мэгъу...*
*Истамбыл, уэ уи мэжджыт Iэтахэр*
*Iуащхьэмахуэ ахэм яхуэмыхъу!*

И усэхэм къызэрыщиIуэтэжымкIэ, зы псалъэ закъуэщ усакIуэр Тырку щIыналъэм зышар, икIи а псалъэ закъуэм и щIыIагъымрэ и дыджагъымрэ лъабжьэ яхуэхъуащ хамэщIым триухуа усэхэм.

*«Хэхэс» псалъэ жагъуэм къикIри*
*ЗыхэсщIарэ згъэву псэкIэ*
*ЕсхъэкIащ жэщ куэд иужькIи,*
*Нэпсхэр усэм зыщIафыху.*
*......................................*
*Псалъэ закъуэ жысIэм куэдри*
*Сэ слъэгъуащ и щIыб къыдэтыр.*
*КъызжьэдэмыкI сэ ар дапщэщи*
*Си псэр хэмыту мафIэс...*



Хэхэс гъащIэ гурыфIыгъуэншэр зи нэгу щIэкIа усакIуэм «Истамбыл» усэм мыпхуэдэу щетх: «Дунейм тетыр пхъуэж мыхъуну зыкIи Хэкуу зэрыщытыр си фIэщ хъуащ». ГъэщIэгъуэнщ абы Истамбыл зэрызыхуигъазэ упщIэри:

*Истамбыл, сэ нобэ сурихъэщIэщ,*
*Ауэ къысхуэпщIахэр сэ бысым*
*УэркIэ зэрыхъэщIэр илъэситщIу*
*Iэджэ хъуауэ пщIэжрэ уэ езым?*

Бещтокъуэ Хьэбас и усэ куэдым кууэ къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэхэм я блэкIар лъыпсрэ гуIэ нэпскIэ зыгъэнщIа Iуэхугъуэр, ар къызыхэкIар, абы къыдэкIуа тхьэмыщкIагъэр. Апхуэдэщ «Къэбэрдей», «Адыгэм ди гъыбзэ», «Адыгэ къэралыгъуэ», «Тенджыз» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. «Адыгэм ди гъыбзэ» усэм абы щетх:

*Дихъыпащ пащтыхьым и топышэм,*
*Мухьэжырхэм хым адрыщI дахьащ.*
*Мащэм ущеплъыххIэ гур зэлымпIу,*
*Мащэ куум кIыфIыгъэ ткIийр и ныпу*
*Тхыдэм дэ ди Iуэху щызэIыхьащ.*

«Ди Iуэху щIызэIыхьам» и зы щхьэусыгъуэу Бещтокъуэм къегъэлъагъуэ адыгэхэм къешынэуэжа пагагъэр, арауи къелъытэ лъэпкъгъэкIуэдыр къытхуэзыгъэкIуар: «Пагагъэ нэр къыщхьэрызыпхъуэрщ зыщIар адыгэр лъэпкъгъэкIуэд», – етх усакIуэм.

Бещтокъуэм и усэхэм къащхьэщыкIыу, Уэрэзей Афлик и IэдакъэщIэкIхэм къыщыгъэлъэгъуакъым бгырыс лъэпкъхэм къалъыкъуэкIа гузэвэгъуэр къызыхэкIар, ар къэзыша щхьэусыгъуэхэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Уэрэзейм къалэну зыхуигъэувыжыркъым хеймрэ мысэмрэ зэхэгъэкIыныр, атIэ абы и усэхэм къыхэщыр ди хэкуэгъухэм, ди лъэпкъэгъухэм я щхьэ кърикIуа насыпыншагъэр езы усакIуэм зэрызыхищIэрщ. Псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ сатырхэм ущрохьэлIэ абы и «Уэрэдыжь» усэм:

*Адыгэм сыкъэджэжынути,*
*си макъыр дэнэкIэ згъэзэну?*
*Адыгэр къэслъыхъуэжынути,*
*ДэнэкIэ къыщыщIэздзэну?*

Усэм щIэлъ гупсысэ куур нэхъри гущIыхьэ пщещI ар уэрэдым ещхьу зэрыгъэпсам, абы узыщрихьэлIэ междометиехэу «сэрмахуэ», «уей» жыхуиIэхэм:

*Лъыгъажэм ухуэIэижьмэ,* ***уей,***
*Уи гъуэгур нэпс-лъыпс зэхэлъкъэ,*
***Сэрмахуэ,*** *мы дунеижьмэ,* ***уей,***
*И набжьэм зыгуэрхэр щIэлъкъэ.*

УсакIуэ къэскIэ и дуней иIэжщ, зыми емыщхьу. Абы къыхэкIкIэ, усакIуэ зэхуэмыдэхэм зы Iуэхугъуэ хэхам хуаIэ бгъэдыхьэкIэр, Iуэху еплъыкIэр зэтехуэркъым. ИстамбылакIуэр къапщтэмэ, языныкъуэхэм яфIэпсэкIуэдщ хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр, адрейхэм ахэр зыхэхуа бэлыхьхэмкIэ къуаншагъэ псори езы хэхэсхэм я деж щалъагъу, ещанэхэми зи гугъу тщIы насыпыншагъэр зэманым и нэпкъыжьэу е урыс пащтыхьымрэ абы и дзэ къанлыхэмрэ я зэрану къалъытэ. ГъэщIэгъуэнщ IутIыж Борис а Iуэхум зэрыбгъэдыхьар. Адрей усакIуэхэм къащхьэщыкIыу, зи гугъу тщIы Iуэхугъуэр IутIыжым къызэригъэлъэгъуэжар сонет фащэм итущ. Абы къыхэщыркъым усакIуэм пащтыхьыдзэхэм, е Урысей къэралыгъуэм, е Тырку щIыналъэм гужьгъэжь гуэрхэр яхуиIэу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уэлбанэ блэкIам щIакIуэ кIэлъиищтэжыркъым, атIэ ди лъэпкъ тхыдэм дерс къыхэтхыу къэкIуэну дахэ зэрыдухуэнум дыхущIэкъуну, псэху димыIэу дытелэжьэну дыкъыхуреджэ:

*ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм*
*Дерс хэзымых лъэпкъыр – кIуэурэ мэкIуэд...*

Сонетым и купщIэр, и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъ иужьрей сатыритIым IутIыжым къыщегъэлъагъуэ къарукIэ, лъэщыгъэкIэ къыумызэуфынур акъылрэ IущыгъэкIэ къызэрыпхыфынур:

*Маржэ хъужыхэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!*
*Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!*

Адыгэм и щхьэ кърикIуа мыгъуагъэм теухуа тхыгъэхэр (псоми я гугъу дымыщIыфами) къэбэрдей литературэм щымащIэкъым. ТхакIуэ нэхъыжьхэми нэхъ щIалэхэми, щхьэж и зэфIэкI елъытауэ, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ ди нэгу къыщIагъэувэ хэхэсым и дуней хьэлъэр, зыхыдагъащIэ хамэщIым и щIыIагъыр. Нэхъыщхьэращи, абыхэм къагъэлъэгъуэжыр лъэпкъ псом нобэр къыздэсым къефыкI узщ, зэманми хуэмыгъэгъуущыж уIэгъэщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

*Акъсырэ Залымхъан къызэральхурэ илъэс 95-рэ ирокъу*



# ДРАМАТУРГ ЦIЭРЫIУЭ

Акъсырэ Залымхъан и къалэмыпэм къыщIэкIащ пьесэ купщIафIэ куэд, абыхэм ягъэбжьыфIэ зэпыту къекIуэкIащ Къэбэрдей драмтеатрым и сценэр.



Зауэ нэужь илъэсхэм къэбэрдей драматургием и къарум нэхъри зыкъызэкъуихащ. Абы къыщIэхъуащ щIэблэ гуащIафIэ. Ди драматургием и зэхэублакIуэхэм ябгъурыуващ зи къалэмыр жан, темэщIэхэм тегушхуауэ зезыпщытыфа драматург щIалэ гуп. А гупым къыхэжаныкIахэм ящыщщ зи цIэр жыжьэ Iуа «Дахэнагъуэ» пьесэм и авторыр.

Акъсырэм и пьесэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэщ. Пасэрей адыгэ таурыхъыр лъабжьэ хуэхъуащ «Дахэнагъуэм»; адыгэ тхыдэм къыпкърыкIащ «Къызбрунри» «ИстамбылакIуэри»; апхуэдэ хэкIыпIэ иIэщ «Лашынми».

Акъсырэ Залымхъан 1919 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Сабий ныбжьым иту, абы и нэгу щIэкIащ псэукIэщIэм и япэ лъэбакъуэхэр. Псыгуэнсу къуажэ школым илъэсиблкIэ щеджа нэужь, щIэныгъэм дихьэха щIалэ гурыхуэр хэкум и къалащхьэм – Налшык – дэт Ленинскэ еджапIэм щIотIысхьэ. Мы еджапIэм ар нэIуасэ щыхуохъу дунеищIэм, псэукIэщIэм, культурэщIэм я ухуакIуэ щIалэхэм. Залымхъан хохьэ еджапIэ цIэрыIуэм къыщызэрагъэпэща самодеятельнэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм. Псом хуэмыдэжу ар дэзыхьэхыр драматическэ кружокырщ. Абы апхуэдизкIэ дехьэхри, Залымхъан зыхуеджэ дохутыр IэщIагъэр имыхъуэжын лъэкIыркъым. А щIыкIэм тету ар къахохутэ колхоз-совхоз театрым (нобэрей Къэбэрдей-Балъкъэр драмтеатрыр къызытепщIыкIыжам) и студием щеджэ артист щIалэхэм. Ар абы щеджэ къудейкъым – зэреджэм хуэдэурэ, театрым игъэув спектаклхэм роль зэмылIэужьыгъуэхэр щегъэзащIэ.

Театральнэ искусствэм дихьэха щIалэм, лэжьыгъэмрэ тхылъхэмрэ къащыдэхуэм деж, къалэмыр къещтэ, итIани, и къарумрэ щIэныгъэмрэ къызэремэщIэкIыр зыделъагъужри, щыхущIыхьэ сыхьэтхэм итха мащIэри мафIэм пэредзэж… «Сэ сызэщIаубыдат Гоголь Н., Островский А. сымэ къагъэщIа образ телъыджэхэм, сыкъытричырт абыхэм запэсщIыжыну. Садэплъеину, – игу къегъэкIыж драматургым. – Абы щыгъуэ си пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым сызытхьэкъуа искусствэм апхуэдиз гугъуехь пылъу. Сэ къысфIэщIырт дэтхэнэ темэри напIэзыпIэм зэпкърызудыфыну… Арщхьэкlэ сыщыуауэ къыщIэкIащ. Къалэмыр къэсщтэн и пэ, абы хуэфащэ щIэныгъэ зэзгъэгъуэтын хуейт».

1948 гъэ пщIондэ щылэжьащ Акъсырэр театрым. Артисту здэлажьэм, ар щыгъуазэ хъуащ театральнэ искусствэм, драматическэ литературэм и «щэхухэм». Абы кууэ иджащ урыс, советскэ драматург цIэрыIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ хьэлэмэтхэр, фIыуэ щыгъуазэ хъуащ и къару псори и гъащIэри зрита IэщIагъэ телъыджэм и хабзэхэм.

1950 гъэм Акъсырэр щIотIысхьэ М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Литературнэ институтым. Абы ирихьэлIэу драматург щIалэм и Iэдакъэ къыщIэкIат пьесэ зыбжанэ. ЦIэрыIуэ хъуа «Дахэнагъуэри» сценэм къихьакIэт, нэгъуэщI тхыгъэхэри дунейм къытехьат. Литинститутым зэрыщIэсар куэдкIэ сэбэп къыхуэхъуащ драматургым: абы нэхъри IупщI щыхъуащ зэувэлIа IэнатIэр зэрымытыншыр, уи гур зытхьэкъуа искусствэм махуэл пщIыуэ къызэрыпхуимыдэнур.



И узыншагъэр щызэIыхьэм, Акъсырэм еджэныр пIалъэкIэ зэпигъэун хуей мэхъури къегъэзэж, нэхъ иужьыIуэкIэ республиканскэ газетым («Къэбэрдей пэж») и лэжьакIуэщ. Газетым зэрыщыIа илъэсхэм драматургыр гъащIэм, цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэм нэхъри благъэ яхуохъу, и къалэмым нэхъри зеузэщI, темэщIэхэм зрепщыт, абыхэм зэпкърыхыкIэщIэхэр къахуегъуэт. Сыт хуэдэ IэнатIэ бгъэдэувами, драматургыр зы махуи и къару еблакъым, дзыхь къыхуащI лэжьыгъэр зэфIэгъэкIыныр къалэн псоми ящхьэу илъытащ.

Пасэу тхэн щIидзащ Акъсырэм. «1936 гъэм си зы усэ цIыкIу газетым къытехуэгъащ, – жиIэжырт Залымхъан. – Абы щыгъуэ илъэс пщыкIубл ныбжьым ситт. ИужькIи стхащ усэ зыбжанэ, уеблэмэ поэмэшхуэ гуэри…»

Зауэм и пэкIэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIыгъащ «Хьэмидрэ Казимрэ» драмэр. Езы тхакIуэм зэрызиумысыжымкIэ, ар драматургием пэжыжьэт, абыкIэ иIуэтэну зыхэт гупсысэр езы дыдэм дежкIи IупщIтэкъым. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а пьесэр сценэм нэсакъым, и Iэрытхри зауэм и зэманым кIуэдащ. Абы кIэлъыкIуэу Акъсырэм етх «Гъавэм папщIэ» пьесэр. Бийхэм гъавэр ящызыгъэпщкIу, зэрыпхъакIуэхэм бэнэныгъэ гуащIэ езыщIылIа цIыху лъэщхэм ятеухуат ар.

Акъсырэм талант гъуэзэджэ зэрыбгъэдэлъым япэ дыдэ щыхьэт техъуар «Дахэнагъуэщ». Зауэ нэужьым къызэфIэувэжа Къэбэрдей театрым япэ лъэбакъуэр зэричыжар а пьесэмкIэщ. Абы ипкъ иткIэ ягъэува спектаклым и премьерэр 1944 гъэм ягъэлъэгъуауэ щытащ. Спектаклыр тIэу-щэ щамыгъэлъэгъуа адыгэ къуажэ къи-

нэжатэкъым ди республикэм. 1957 гъэм пщIондэ сценэм икIакъым «Дахэнагъуэр». А гъэм ар щагъэлъэгъуащ Москваи – Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и щIыхькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр литературэмрэ искусствэмрэ я декадэ щекIуэкIа махуэхэм.

1945 гъэм дунейм къытехьащ «Дыгъэр къыщыщIэкIым» пьесэр. Абы и ужькIэ, зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, Акъсырэм итхащ «Лашын» драмэр. Драмэм лъабжьэ хуэхъуар тэтэр пелуаным текIуа адыгэ цIыхубзым – Лашын – и хъыбарырщ.

Тхыдэм и кIуэцIкIэ цIыхубэм нэхърэ нэхъ къаруушхуэ щыIэнкIэ зэрымыхъунур, абы и гъуэгуанэр бэнэныгъэ гуащIэм къызэрыкIуэцIрыкIыр, ар къэзыгъэдзыхэфын къулейсызыгъэ зэрыщымыIэр икъукIэ IупщIу къыщигъэлъэгъуащ Акъсырэм и «Къызбрун» пьесэм (1956 гъ.). Ар драматургым къызытрищIыкIар пцIы тралъхьэу лажьэ зимыIэ цIыхубз тхьэмыщкIэ гуэр Къызбрун бжьэпэ къызэрырадзыхыгъам и хъыбарырщ. Акъсырэм а хъыбарым зригъэубгъуащ, макъамэщIэхэр щIилъхьащ, тхыдэм ирипхащ. Пьесэм щытлъагъур цIыхубз тхьэмыщкIэм къыщыщIа лейм и закъуэкъым. Абы ди нэгу къыщIегъэхьэ цIыхубэм зэгуэр телъа хьэзабыр, а хьэзабыр зытридзыным щIэбэну ар ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрыгъуэгурыкIуэр.

Адыгэхэм къатепсыхауэ щыта гукъутэгъуэшхуэм – адыгэ мин Iэджэм я хэкур хыфIрагъэдзауэ зэрыщытам – теухуащ «ИстамбылакIуэ» драмэр.

Акъсырэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ нэгъуэщI пьесэ зыбжани: «Дахэлинэ и пщIыхьэпIэ», «ФIыгъуэрэ мыгъуэрэ», «МафIэм хисхьа лъагъуныгъэ», «Хэт зи ягъэр?», н. Абыхэм нэмыщI, драматургым итхащ зы теплъэгъуэ фIэкI мыхъу пьесэ зыбжанэ, къуажэм и цIыхухэр, абыхэм я IуэхущIафэхэр, щIалэгъуалэм я гупсысэмрэ я псэукIэмрэ, я лэжьыгъэмрэ цIыхугъэмрэ – аращ абыхэм щытлъагъур.

Шэч хэлъкъым Акъсырэ Залымхъан и тхыгъэхэм «Дахэнагъуэ» пьесэр я фIыпIэу зэрыщытым. Абы нэхъ наIуэ къыщыхъуащ Акъсырэм и драматургием хэлъ хьэлэмэтагъхэр.

Дахэнагъуэ и таурыхъыр лIэщIыгъуэ кIыхь Iэджэм къызэпхрахащ адыгэхэм. Зыми ищIэркъым абы и ныбжьыр здынэсыр, ар апхуэдизкIэ жыжьэ къыщожьэри. Жыжьэ къыщежьэми, таурыхъ телъыджэр цIыхубэм я гум зэи ихуакъым. ИхункIи Iэмал иIакъым: ижь-ижьыж лъандэрэ щIозэу цIыхубэр насыпым, зы махуи дэкIакъым абы папщIэ цIыхубэр бэнэныгъэ гуащIэм хэмыту. Аращ Дахэнагъуэ и таурыхъыр – насыпым и тхыдэр – псэ быдэрэ уахътыншэрэ щIэхъуар. Насыпым щIэхъуэпс дэтхэнэми и гум щигъафIэрт ар. ЩигъафIэрт, цIыхубэр насыпыфIэ, щхьэхуит, лъэщ зэрыхъунур ищIэрти. Насыпым и лъыхъуакIуэ хахуэм – Джэримэс – дэплъейрт дэтхэнэ мэкъумэшыщIэ щIалэри, гуащIэрыпсэухэр зэрыгушхуэ бэнакIуэт ар.

Дахэнагъуэ и хъыбарыр ноби щызэхэпхынущ дэтхэнэ адыгэ унагъуэми. Зэгуэр абы щIапIыкIыу щытащ щIэблэр; а щIэблэр насыпым и бэнакIуэ хъункIэ гугъэрт а таурыхъыр махуэ къэс зыIуатэ, гукIэ зыхъумэ тхьэмадэ жьакIэхухэр. Апхуэдэ тхьэмадэхэм ящыщ

гуэрым дежщ Дахэнагъуэ и хъыбар телъыджэр Акъсырэ Залымхъан щызэхихар.

Драматургым игу къигъэкIыжырт: «Таурыхъым апхуэдизкIэ ситхьэкъуати, сепIэщIэкIри, зэрызэхэсха дыдэм хуэдэу поэмэ къыхэсщIыкIыгъащ. Иужьым сэ гу лъыстэжащ Дахэнагъуэрэ Джэримэсрэ сценэм щыгъэлъэгъуэн зэрыхуейм: цIыхубэм я пащхьэм къихьэн хуейт насыпымрэ абы и лъыхъуакIуэмрэ».

1942 гъэм драматургым итхат «Дахэнагъуэ» пьесэм и япэ вариантыр. Ауэ иужькIэ мызэ-мытIэу зэригъэзэхуэжын хуей хъуащ: пьесэм и япэ вариантым насыпым и лъыхъуакIуэ щIалэм и образыр нэщIыса щыхъуатэкъым. 1956 гъэм драматургым щIэрыщIэу итхыжащ «Дахэнагъуэм» и кIэухыр; абы и ужькIэ Джэримэс ди пащхьэ къиуващ цIыхубэм папщIэ гъащIэр зытыфын бэнакIуэ къызэфIэмыщIэжу.

ЦIыхубэм я гуращэр зэрыдахэр, абы и хъуэпсапIэр зэрынэхур, насыпым щIэбэн зэпыту ар къызэрыгъуэгурыкIуар зыхозыгъащIэ образщ Дахэнагъуэ. Апхуэдэущ ар Акъсырэм и драмэми зэрыщытлъагъур.

Акъсырэм и драмэм и бзэр шэрыуэщ, псалъэ жанхэмкIэ гъэнщIащ; абы гъунэжу ущрохьэлIэ псалъэжьхэм, псалъэ хъуэрхэм, щIагъыбзэхэм. Гу лъытэн хуейщ дэтхэнэ персонажми езым и псэлъафэ зэриIэжым. Псалъэм папщIэ, Джэримэс и бзэр гъэхуащ, къабзэщ, лантIэщ, IупщIщ; и гурылъыр иIуэтэн шынэркъым ар, аращ зэриIуатэ бзэри щIэшэрыуэр.



«Дахэнагъуэ» драмэр Къэбэрдей драматургием и фIыпIэхэм хабжэ; тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ лъабжьэ хуэхъуами, ар гупсысэкIэ нобэрей махуэм и благъэ дыдэщ. Аращ Акъсырэм и драмэ гъуэзэджэр лъэужьыншэ щIэмыхъунур.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**



НАЛО Ахьмэдхъан

# Къэрэгъул зэблэкӀыгъуэ

*Повестым щыщ пычыгъуэ*



Нэр здынэплъысыр хужьщ, нэщӀщ, адэ-мыдэкӀэ зиӀуантӀэу фӀыцӀагъэ псыгъуэ кӀыхь пӀащӀэу зыхэзышым инэмыщӀауэ. Блащхъуэ кӀуэкӀэу уэсым хэкӀ а фӀыцӀагъэ кӀыхьыр апхуэдизкӀэ мэпӀащӀэри, нэхъ кӀэщӀу щытами и фэм къипкӀынт – и пэ гъумым кърихху Ӏугъуэ хужьыр уэс гъущэкӀэ гъэкъэбза уафэ нэхум дрихуейурэ ешащи, дунейр уае пэтми, бахъэр къыкӀуэцӀыхуу мэбауэ, хьэуэ, – мэджалъэ. МыпӀащӀэуи хъунукъым: зэрыукӀыпӀэ губгъуэшхуэм псэ иджыри зыпыту къина упщӀэтахуэхэр къызэщӀикъуауэ сымаджэщым ешэ, ахэр псэу ищӀыжу зауэ гуэрым къишэжыну. Ар мыпӀащӀэм, хэт пӀэщӀэн! МэпӀащӀэр, къызыхэжа мафӀэр къыкӀэлъыжэ хуэдэу, мэлъей, и хьэлъэ лъапӀэр сымаджэщым псэууэ нишэсыным хуопӀащӀэ.

Зауэм хэзэшыхьа сымаджэ лъэрытетхэмрэ санитархэмрэ, дуней хуитым къызэрытехьэжам иригуфӀэу, щхьэгъубжэхэм къепщӀауэ къыдоплъ, теувапӀэхэм къызэрытегуащи, губгъуэ ямылъагъужа хуэдэ, заплъыхь. Абыхэм я псалъэмакъым мафӀэгум и тепкӀэ макъымрэ гъущӀ зэпэщӀэтхэм я зэрышх макъымрэ зэран къыхуэхъу пэтми, зауэм щызэхахыу еса макъхэм нэхърэ нэхъ щабэу къалъытэри зэпсэлъэн къагъанэркъым, щхьэж фӀэигъуэм и гугъу ещӀ: хэти къызэла ажалыр иджы ауан ещӀыж, хэти къызытехьэжа дунейр игъэщӀэгъуэн хуэухыркъым, хэти нэгъуэщӀ зыгуэр и гугъу ещӀ. Илъэс пщыкӀуийм зи ныбжь ит санитаркэ сырыху нэкӀу хъурей дахэ цӀыкӀумрэ зи лъакъуэ ижьыр бинткӀэ пха пащӀапцӀэмрэ ещанэ вагоным и дэкӀуеипӀэм деж щызопсалъэ, губгъуэм иплъэурэ. ЩӀалэр илъэс тӀощӀым щӀигъуакъым, ауэ жьыбгъэмрэ щӀыӀэмрэ тралыгъукӀа и нэкӀумрэ пащӀэ фӀыцӀэмрэ, и бгъэм хэлъ медаль хужьышхуэри абы щӀыгъужу, хэкӀуэтаифэ къытрагъауэ. Сыт хуэдэ фэ къытрамыгъауэми, хъыджэбз нащхъуэ дахэ цӀыкӀум дэгушыӀэну зэримыжагъуэр нэрылъагъущ, и лъакъуэ уӀэгъэми иджы ар къызэримыгъэгузэвэжым и гушыӀэр и щыхьэт нэсщ. А тӀум

я щIыб уIэгъэ зыщыплI зэдэуэршэру, зэдэгушыIэу къыдэлъ щхьэкIэ, мы тIум зэжраIэми я нэIэ тету, махоркIэ щIашхэр. Нэхъ адэкIэIуэжкIэ псыунэ чэзум нэгъуэщI гуп цIыкIуи кIэрытщ. АдэжкIэ вагон кIуэцIым уохьэри вагон щхьэгъубжэм сатыру еувэкIа уIэгъэхэм лъагъуэм и ныкъуэр яIыгъщи я щхьэр щхьэгъубжэм ешэлIауэ доплъ, зопсалъэхэр. Япэ узыхуэзэ купем сымаджиплI щIэлъщ, тIур лъэрытетщи щхьэгъубжэм доплъри кIэрытщ, тIур хьэлъэщи и лъабжьэм щIэт гъуэлъыпIэм хэлъу модрей тIум жаIэм щыщ щIагъуэ зэхахыркъым, къагурыIуэн къэгъэнауэ: «Урал... Волгэ... Ташкент...» зэхаххэм къарыкIым емыгупсысыххэу а псалъэхэр «тэ-тэ-тэ-тэ-тэ!» тепкIэмкIэ еухыж. «Ар пулемёт макъи хуэдэкъым, икIи автомат макъкъым, нэхъ хьэлъэ гуэрщ ар зейр. Ауэ сыту зэкIэлъигъэпIащIэрэ, сытуи хабзэ зэгъэкIуам тет, ищIагъымкIи щхьэ къыщыIурэ, щIыунащхьэр къигъэхъеиным и пIэкIэ? Дэнэу пIэрэ сыздэщыIэр?... Аращ: дыгъуэпшыхь Кондратрэ дэрэ къэрэгъул щэхум дыщытат... Дауэ щIыунэм къэкIуэжа сызэрыхъуар?.. Зи чэзур къыкIэрыхуауэ щыташ, къэдгъэушыным дыхунэмысу, зыгуэр къыщыгурымащ: «Братцы, помогите!» – жиIэри, итIанэ... итIанэ сэ щхьэ сыкъэкIуэжа щIыунэм, чэзу нэмыкIуэу?» – И нэр хуэмурэ къызэтрех: нэху щащ, унащхьэм доплъейри – етIуанэ гъуэлъыпIэ къат къытетщ, нэхъ ину къызэтрехри, пIэ хужьхэр елъагъу: «Сымаджэщщ. Дауэ мыбы сыкъызэрыкIуар?» ГукIэ егъэзэжыр къэрэгъул щэхум: «Ди лагъымыр а къэгурымам къыIэщIэуащ, топ зэхэуэ хъуащ. Кондратрэ дэрэ абы дыхиубыдэри, куэдрэ дыхэлъа, мащIэрэ дыхэлъа?.. Ди щIагъыр мафIэу къызэщIэлыдэри, кIыфIым сыдрихьеящ, си жеин къакIуэу хуежьэри сыIурихащ...



Сыту Iейуэ сеша, иджыри тIэкIу зызгъэпсэхуащэрэт, сыгъуэлъу... ЯпэщIыкIэ щIэкIын хуейщ...»

Мыщэ къотIыс, шхыIэныр зытрехри, щIэкIынуи къоувэх... Къоувэх, дэнэ мыр здехуэхыр? Мыргуэрыр пщIыхьэпIэ, щхьэ сыджэла? Сыт мы си лъакъуитIыр зыгъэузари? Мыр сыт? ГъуэлъыпIэр сэ нэхърэ нэхъ ин щхьэ хъуа? Сыджэлащ. Къэувыжын хуейщ... ауэ щхьэ сыкъамыIэтрэ си лъакъуитIым? Дэнэ щыIэ а езы лъакъуэхэри? Дэнэ? Дэнэ, дэнэ, дэнэ, дэнэ-дэнэ, дэнэ-дэнэ... та-та-та-та-та-та-та-та-та-та-та!.. Зы, тIу, щы; зы, тIу, щы!.. Дэнэ щыIэ, дэнэ щыIэ?

– Дэнэ щыIэ си лъакъуэр?.. Е зинэжь цIафтэ мыгъуэкIэ къалъхуа фриц!.. Автоматыр! Кондрат, автоматыр! – «Автомат, автомат, автомат...» жаIэу мафIэгу шэрхъхэм Iэпах псалъэр.

Сымаджэ хьэлъэхэр къэщэIуащ, къэхъуэнащ, санитархэр къызэхуэжэсащ, сержант пащIапцIэм бгъэдэта сырыху цIыкIур псом япэ къэсащ, адрей лъэрытет уIэгъэхэри къызэхуэжэсауэ къаплъэу, Мыщэ гъуэлъыпIэм иралъхьэж.

– Сыт къэхъуар, щхьэ укъэгубжьа? «Уохъуж» – жыдоIэри дэ догуфIэ, уэ бунт къыщIыдэпщIылIэр сыт?..

– ФыцIыху фэ, дэнэ мыпхуэдэу сыздэфшэр?..

Военврачыр къэсащ.

– Щхьэ укъайгъэ, Михаил? ПсынщIэу – морфий! Сыт къэхъуар? Мыдэ иджыпсту мастэ пхэтлъхьэнщи псори зэпэщ хъужынкъэ! ПсынщIэу хъужынкъэ!..

Мыщэ военврачым къоплъ.

– ПсынщIащэ сымыхъуауэ пIэрэ сэ, дохутыр; дэнэ щыIэ си лъакъуэр?

– Умыгужьей, умыгужьей! Иджыри псори кIуэдакъым... КъэIэт мыдэ уи Iэблэр! – и Iэблэр дрехьейри мастэ хеIу. – Вот так! Армыраи хабзэр! Мыпхуэдэ Iэпщэшхуит I уиIэу угужьей хъурэ, зиунагъуэрэ!.. ЛIо лъакъуэр зищIысыр! Лъакъуэм и адэм и уасэщ Iэр... Тхьэ хуелъэIун хуейщ уи IитIым! Уэ бунт къоIэт! Ар хъурэ-тIэ!..

Мыщэ и мурадыр зэпымычу игукIэ жеIэ: «ЗызукIыжынщ сэ!» Мыщэ хуэмурэ Iурихыу щIедзэ, и гупсысэр мафIэгум и тепкIэм хэзэрыхьыжурэ:

– ЗызукIыжынщ сэ! ЗызукIыжынщ! ЗызукIыжын! «Ар хъурэ-тIэ! Ар хъурэ-тIэ! Ар хъурэ-тIэ, ар хъу-рэ-тIэ...»

«ЗызукIын, зызукIыж, зысуджыджэ!.. чэ-чэ-чэ-чэ! уэджэ-тэ-тэ! уэ-тэ! тэ! Тэ-тэ-тэ-тэ-тэ-тэ-тэ-тэ!» – адэкIэ Мыщэ и гупсысэр мафIэгу тепкIэ макъым хэзэрыхьыжри кIуэдыжыпащ.

– Доктор, доктор! – жаIэри вагоным и адрей кIапэмкIэ джэ макъ къыщыIуащ. Военврачри кууэ хилъэфа Мыщэ бгъэдэкIыжащ, санитаркэ сырыху цIыкIум аргуэру унафэ къыхуищIри:

– Ухуэмыбэлэрыгъ: мыбы нэхъ шынагъуэ вагоным илъкъым.

Адрейхэр зэбгрыкIыжа нэужь, санитаркэм нетIэ и гъуса сержант пащIапцIэри Мыщэ бгъэдыхьащ. Хъыджэбзым къелъэIуащ:

– Мыр нетIэ зэрыхъуэнар ди гъунэгъу бзэщ: дауикI, мыр адыгэщ. Мыбы и гъунэгъуу сыкъэIэпхъуэ мыхъуну пIэрэ?

– Щхьэ мыхъуу! Сэбэп ухъунщ, къэIэпхъуэ! Модэ Михайлов фэрэ фызэхъуажэ.

– Хэт мыбы и унэцIэр? – Киловщ, Килов Михаил.

131 Мыщэ и щхьэм къытелъ лъэрытет сымаджэмрэ сержант пащIэ фIыцIэмрэ гъуэлъыпIэмкIэ зэхъуажэхэри, сержантыр Наташэ къепсалъэу къэувыжащ, Мыщэ къеплъу...

– Килов, Килов... Дэнэ къикIауэ пIэрэ?..

– Сыту фIыт уэри укъызэрыхуэзар: и Iуэху зытет къищIэжащи, иджы шынагъуэщ...

Сержантыр щхьэгъубжэм бгъэдыхьэри дэплъу еувэлIащ. Пшапэр зэхэуэу щIидзащ. Щхьэгъубжэм удэплъмэ, мэзыр хуэмурэ щIыбагъкIэ кIуэуэ уолъагъу, мафIэгур тепкIэу и пIэ итщ, мэзымрэ мафIэгумрэ яку къыдыхьэ жыгхэр щIыбагъкIэ щIопхъуэхэри мэзым гупэкIэ жэн щIедзэ, щхьэгъубжэ лъабжьэмкIэ занщIэу щIым уеплъыхмэ – ари нэр темыпыIэу жыгхэм зэрадэжэр уолъагъу, ауэ сыт щыгъуи зэрыщытым фIэкIыркъым, псори зы гъуазэм тебгъэувэрэ узэдеплъыжмэ, щIыIэм зэщIищтхьауэ дунейр зэрыдияр, нэр темыпыIэу жэр мафIэгур зэрыарар къощIэж. МакIуэ, малъэ гузэвэгъуэ мин Iэджэм ирахужьа мафIэгур, и щхьэр щIихьауэ. Мыщи хущхъуэкIэ ягъэмэхауэ, абы и тепкIэ зэхуэдэ захуэм щIеупскIэри хэлъщ.

Мэхами, Мыщэ IупщIу елъагъу: къуажэм къэкIуэжащи Къамболэт и фызышэм хэтщ... Быцэ хъыджэбздэсщи, къегъэудж... «Сыту пщIыхьэпIэ фейцей дыдэт а слъэгъуар», – жеIэ игукIи здеуджэкIым дыхьэшхыурэ Быцэ жреIэ:

– Сэ зы пщIыхьэпIэ слъэгъуащи, абы ауэ жыжьэу ухукъуэзгъэплъам, укъыздэуджын дэнэ къэна, жыжьэу сыкъэплъагъум, зыспыIубдзу уежьэжынтэм...

– Сыт плъэгъуар, Мыщэ?

– УщIэмыупщIэ абы! Пэж сфIэщIыжурэ иджыри къэс сыкъощтэ...

– Хъер ухъу! Сыт, на, апхуэдизу плъэгъуар?

– Быцэ, лъакъуэ спымытыжу сыкъыпхуэкIуэжауэ щытамэ, дауэ ухъунт?

– Дауэ сыхъунт, сыгъынт... Я гъунэгъухэр зыфIэкIуэдыпахэр дауэ хъурэ? «Сэ зыгуэр къысIэрыхьэжащ» жысIэнти сыпсэунт.

Абы и жэуапымкIэ игу зэгъауэ, Мыщэ йолъэIу:

– КъепIэскIут си куэм. У-у-у, мэуз! ЩыузкIэ, нетIэ слъэгъуар пщIыхьэпIэщ, си лъакъуэми лажьэ иIэкъым, мы иджыпсту слъагъурщ нахуапIэр, мис си лъакъуэри пытщ.

А жиIар нэхъри и фIэщ ищIыжыну Мыщэ тепкIэурэ йоуджэкI.

– Мы си щхьэри щхьэ узрэ? ФIех, чэфыжьыпкъэм хуэдэу! – жиIэри Мыщэ къэушащ, ауэ и нэр къызэтримыхыу иджы гуэрым къызыхыхьа дунейр пщIыхьэпIэрэ мыргуэрри нахуапIэрэ къыхуэмыгубзыгъыу зыщIодэIукI.

– ПщIыхьэпIэ хьэмэ нахуапIэ? – жеIэри Мыщэ зэупщIыжу хэлъщ зыкъыхуэмыгъуэтыжу.

– ПщIыхьэпIэ хьэмэ нахуапIэ? – а псалъищыр мафIэгум и тепкIэ макъым Iэпихащи, иджы гъущI шэрххъхэр зэрышхыу зоупщIыжхэр: «ПщIыхьэпIэ хьэмэ нахуапIэ? Зы, тIу, щы! Зы тIу щы! Зы, тIу, щы! Зы, тIу, щы! Зы, тIу, щы! Уэ ухэт, сэ сыхэт? Уэ ухэт, сэ сыхэт? Уэ ухэт, сэ сыхэт? Хэт, сыт, зы, тIу, зы, тIу, зы, тIу!.. Зы, тIу, зы, тIу, щы!» ТепкIэр нэхъ зэпэжыжьэ, нэхъ къабзэ хъууэрэ, «зы, тIу, щыр» «зы, тIу, щы, плIым» хуэкIуащ, ари нэхъ зэпыша хъужри «з-ы-ы, тI-у-у-у, щ-ы-ы-ы, плI-ы-ы-ы-ы-» жиIэурэ увыIэпэри гулъэф хъуа шэрххъхэм я зэрышх макъымрэ вагон зэтезэрыгуахэм я зэдыркъ макъхэмрэ къэIужащ.



Мыщэ шынапэурэ и нитIыр къызэтрихри, щхьэгъубжэм къыдидз нурышхуэр щилъагъум, «аргуэру пщIыхьэпIэщ, – зауэ махуэм дэнэ нэхурэ щэхурэ къыздикIынур?» – жиIэщ игукIи и нэр зэтрикъузэжащ. Ауэ вагоным къыщыIу псалъэмакъхэмрэ щэIу макъхэмрэ щIэдэIущ, и пIэ лъапэм щхьэукъуэу къытес Наташэ къеплъыжри иджы илъагъур нахуапIэм нэхъ тригъэкIуащ. «Си лъакъуэм и Iуэхур дауэ? Лъакъуэр мыпщIыхьэпIэу пIэрэ? ПщIыхьэпIэщ, дауикI, мис, си лъэпхъуамбэхэр согъэпIэжьажьэ, си лъэдакъэри мыращ, лъэгудыгъуэри мыращ... Сыту си насыпт, ярэби, ар пщIыхьэпIэу къызэрыщIэкIар! Сигу зэгъэжащ иджы ар пщIыхьэпIэу къыщыщIэкIакIэ!» Мыщэ и гур зэгъэжри гуфIэу къыдэпсэлъеящ:

– Наташэ, си псэм хуэдэу Наташэ, сызэпщIыхьар бжесIэн?

– КъызжыIэ, Михаил! – Мыщэ зэрынэхъыфIым иригуфIэу, Наташэ Iэбэри Мыщэ и щхьэ къиIэтар щхьэнтэм трилъхьэжащ.

– Мис мыбдеж сеувэхыу сызэрыувын лъакъуэ спымытыжу седжэлэха хуэдэу слъагъури сыщтат... Апхуэдэ пщIыхьэпIэхэр зауэм ди нэгу щыщIэкIа къомым къыхэкI хъунщ, дауи. Пэжкъэ?

Наташэ зыри жимыIэу адэкIэ маплъэ: «Сыт хуэдэ жэуап иритыну?»

Абы я псалъэмакъым къедаIуэу ищхьэ нарым къытелъ сержантым Наташэ Iэнкун зэрыхъум гу лъитэри, абы и жэуапыр зэпиуд щIыкIэу, и щхьэр къригъэжэхри къепсэлъыхащ:

– Гъуэгужь апщий, къуэш!

– Упсэу апщий, ныбжьэгъу! Дэнэ укъикIа уэри?

– Сисщ сэри мыбы, си лъакъуэ ижьыр уIэгъэу... Ныжэбэрей жэщым думыгъэжей, адыгэбзэкIэ уохъуанэри!

– Уэ дэнэ щыпщIэрэ адыгэбзэ?

– Умыгъэпсалъэ, сержант, мыр. Ауэ бгъэдэс... Сэ а къаджэм сыкIуэнщ.

Наташэ IукIа нэужь, я гъунэгъухэм зэран яхуэмыхъун хуэдэу, нэхъ щэхуу псалъэурэ жэуап иретыж:

– Сэри сыжыжьэкъым. Даргафс къуажэм сыщыщщ. Сыасэтинщ. Си цIэр Александрщ, Цокоев Александр.

– Сыту фIыт дызэрызэхуэзар... хъыбархьыж дызэхуэхъунщ, зымахуэ-зымахуэкIэ зыгуэр къэхъужыкъуэм...

Мыщэ зи гугъу ищI хъыбарегъащIэр Александр къыгурыIуэри, ныжэбэ хъыбарегъащIэ хъуауэ нэху къекIыну зэрыщытар игу къэкIыжри, наIуащэ имыщIу ущиен щIидзащ:

– Аращ-тIэ «зауэ» жыхуаIэр. Дэнэ дыщалъхуа, дэнэ дыкъыщыщIидза! Куэд дохуэ цIыхуфэм, куэд!.. ЦIыхур псэ быдэщ! Абы думыгъэгупсысу зы куллар гуэрым ищIар бжесIэнщ, уедэIуэн уфIэфIым.

– Сыт сщIэн-тIэ, хъыбар семыдаIуэмэ.

– Зы щIалэ гуэр Тэрчкъалэ щылэжьэну къакIуэри, милицэм хэту лажьэурэ зыкъомрэ я жылэ мыкIуэжауэ, нэгъуэщI зы я къуажэгъу бэзэрым щыхуэзэри зэщыгуфIыкIа, IэплIэ зэхуащIа, сэлам зэраха нэужь, милицэр къэкIуам еупщIащ хъыбаркIэ:

«Сыт хъыбар ди унэ?»

«Хъерщ, фIыщ, ауэ фи хьэр лIащ».

«Сыт зэрылIыкIар тхьэмыщкIэр?»

«Вы къупщхьэ и тэмакъым тенэри ямыукIыжу хъуа мыгъуэкъым».

«Сыт хуэдэ вы къупщхьэ, дэнэ къиукIт ар?!»

«Фи джэмыдэжьыр яукIыжат».

«Ар сыт щхьэкIэ яукIыжат?»

«ХьэдэIусу яукIыжат».

«Хэт и хьэдэIусу яукIыжат?»

«Фи адэм и хьэдэIусу яукIыжат».

«Ди адэр лIа?»

«ЛIащ».

«Еууей, тхьэмыщкIэ».

Сержантым жиIэр адэкIэ зэхимыхыу, Мыщэ и Iэ сэмэгумкIэ – «лъакъуэм кIуэну» хуожьэ. Жыжьэ дыдэ мыкIуэу, лъакъуэ сэмэгур зэрыпха бинтым Iэ сэмэгур жьэхоуэри къоувыIэ:

«Си лъакъуэ сэмэгум дагъуэ зэриIэм шэч хэлъыжкъым... Шэч хэлъыжкъым, шэч хэлъыжкъым, шэч хэлъыжкъым, шэч хэлъ, шэч хэлъ, шэч хэмылъ...» – мафIэгум и тепкIэ макъыр щыхьэт пщIэншэу топкIэр...

– Хэт ар жызыIэр? Мы щIалэра хьэмэ хэт?

– Апхуэдэ лIыгъэ зиIар асэтин щIалэщ... Иджы нэхъыфIыж хъуащ щIалэгъуалэр...

«Хьэуэ, мыбы хъыбарыр иджыри иухакъым... ар жызыIэр нэгъуэщIщ... Хэту пIэрэ ар?.. Си гура?.. Хьэуэ, ари ауэ къеуэ къудейщ... «Къеуэ къудейщ, къеуэ къудейщ, къеуэ къудейщ...» – топкIэ мэхауэ мафIэгур...

«Аращ, мафIэгурщ... Иджыри зэ нэбэкъуэжыт, лIыгъэу уиIэр зэхэлъхьи, си Iэ, мыдэ!.. Iэ ижьым нэхърэ нэхъ арэзы сыхъунщ, си лъакъуэ сэмэгум и Iуэху зытет къысхуэщIи... Адэлыр ушхи ушх, уэ пхуэдэIэ: уишхыжын пфIэщIрэ уи лъакъуэ гъурым! ЗэпытрыкIуэр къыхукIуэ паудам!.. Зи щхьэ паудахэм къахэжыжын пфIэщIрэ пщIэнтIэпс бамэ къызыкIуэцIих уи лъакъуэ лъэгудыгъуэншэр!» Мыщэ и Iэ сэмэгур

иджыри къэс зэщэкIуа лъакъуэ сэмэгум, зэдыжаIа хуэдэу, епхъуэри... Пытыжтэкъым!..

Мыщэ и щхьэм лъы дэуеящ, и нэр къыщипхъуащ, и тхьэкIумэр щиубыдыкIащ, и нэжьгъуитIым къыщеуэ лъынтхуитIыр къызэгуэудыну къэпщащ, зыри къыгурыIуэжыркъыми, мафIэгум и тепкIэ макъымрэ и щхьэ ундэрэбжьамрэ зэхыхьэжауэ зэхэтщ, мафIэгум и тепкIэ макъыр и щхьэ бэгам бэрэбанэ макъыу къоIукI: «дыргу-дыргу, дыргъыпс, дыргъыпс, дыргъ-дыргъ, зы, тIу, щы!..» И гурыгъуазэ хъуа IуэхущIэри абы къыхохьэжри тепкIэ макъым мыхьэнэ гуэр къызэрыкI псалъэухакIэ зызэредзэкI: «Уэ ухэт? Уэ усыт? Уэ ухэт? Уэ усыт? Куэ упыт? Куэ упыт? Куэ упыт? – Упымыт, упымыт, упымыт, упымыт!..»

Мыщэ лыгъэр кърридзауэ къызэщIэнащи, мафIэгур къеупщIыпэ йогугъэж, апхуэдизрэ жэуап зэрыримытыжым лIыгъэншагъэ хелъагъуэри, жэуап иритыжын хуей фIэщIауэ гукIэ иретыж:

«Уэхьи, зыр пымыт, къуэш, ауэ?..»

– ИIэ-тIэ, нэхулъэфI укъикI! Сэри...

– Уэри укъикI! «Ауэ адрейри?.. Иджы ар зи Iуэхур уэрщ, Iэ ижь! Уи Iуэхур нэхъ тыншщ: ари зэрыпымытыжыр пэж хъунщ, ауэ щыхьэт утехъуэу къэбгъэзэжын къудейщ къыпхуэнар – кIуэ!» Мыщэ и Iэ ижьри еIэбыхри теIэбащ...

МафIэгури дихьэхауэ топкIэр. «Сэ сыхэт? Уэ ухэт? Уэ усыт? Уэ усыт?»

«Уэ усыт?» «Пэж дыдэу, сысыт сэ? Сысыт сэ иджы?.. – сыцIыху хьэмэ сыхьэдэ? Си ныкъуэр щIалъхьащ, си адрей ныкъуэр дэнэ здашэр... Сыт ар зэрысщIыну къыщIеслъэфэкIыр? Сэ сыхуеипэми, мы гъуэгу зэпэубыдам сыт ари къыщIрезгъэшэкIыр гужьеяуэ къэзыжыхь цIыху цIыкIум? Сыт мы «дуней» зыфIащ къэжыхьыпIэми къызэражыхь си ныкъуэр спымытыжу сэ тесщIыхьыжынур? Сытыт мыбы трызагъэщIыхьыну сыкъыщIытраутIыпщхьар? ЗгъэзэщIа а къалэныр? Хэт сыкъытезыутIыпщхьари? Зыми!.. Зыгуэрым сэ зыкъызитыжащ сэ сымыщIэ пIалъэ къысхуищIри: «Мэ, Мыщэ, Мыщэ узот», – жиIэри. А сэ сымыщIэ пIалъэр къызэрысуи, абы къызитар сIихыжынущ: «Къызэтыж иджы, Мыщэ, уэстауэ щыта Мыщэр», – жиIэнурэ.

ЛIо сэ сщIэн хуейр? ПлъэкIым, иумытыж! Угъми, ептыжынущ, укъафэми, ептыжынущ! Хьэхур – хьэхущ, щIыхуэр – щIыхуэщ: сэри а си Мыщэ къызэзытам нэхърэ нэхъ хьэхуэгъущIыхуэгъуей иджыри къэс зыми зэи илъэгъуакъым. Абы нэхъ ткIий фирхьэуни, судыщIи, фызи, цIыху хабзи къэхъуакъым, къэхъунукъым. Абы зыми гущIэгъу хуищIыркъым: абы и щIыхуэр игъуэм, зыми ямыщIэ игъуэм, пIехыж. Ауэ пIихыж къудейкъым - пщIэ пIех зэрыпIыгъам щхьэкIэ: уи гъащIэ псор абы и щIыхуэм урипщылIу уегъэхь... «Уи гъащIэ псор» жаIэмэ, сыту куэд кърагъэкIрэ цIыху цIыкIум! «ГъащIэ псо «хъууэ» гъащIэ мелуан дапщэ къинауэ илъ зэуапIэм! АфIэкIа пщIэ зимыIэ гъащIэм урипщылIу дауэ утетыну дунейм!..»

Наташэ зригъэзыхри Мыщэ и нэкIум иплъащ, жейуи фIэщIри, хуэмурэ тэджри лъапэпцIийуэ IукIащ.

«Сыт сэ сыщIэпщылIынур? Хэти ирехъу сызипщылIыр? ЦIыху мелуан дапщэм я псэр ята мыпщылIын щхьэкIэ! Сыту делагъэ мыр!

Махуэ къэс узыгъэпщылIым и пщылIыпIэм уикIын нэхърэ нэхъ щхьэхуитыныгъэшхуэ дэнэ щыIэ! Дунейр къутэжыху цIыху цIыкIум ялъагъункъым абы нэхъ щхьэхуитыныгъэшхуэ! Сыту жыпIэмэ, «щIыхуэ

сIахыжынкIэ» сагъэшынэурэ самыгъэпщылIыжу хуит сохъу а щIыхуэр сопшыныжри... А псом ищIыIужкIэ, сэ си псэм сызэрырипщылIыжым ищIыIужкIэ, топышэм къела си ныкъуэпыудахуэр къралъэфэкIыу нэгъуэщI цIыхухэми бэлыхь щIатезгъэлъынур сыт? Сыт сэ иджыри дунейм тесщIыхьын хуейуэ къэзгъэнар? Сыбынкъым, сыунэкъым, сыанэкъым, сыадэкъым!.. Фыз!.. Хэт и фыз? Хэт и фыз? Хэт и фыз! Хэт и фыз!.. фыз... фыз... фыз!..» – жиIэу мафIэгур щыхьэт тохъуэ.

«Сызижагъуэм сраауанын къалэныр щызиIэ иджыри дунейм!.. Хьэуэ, ар хъунукъым! Мы къущхьэ щIалэжьым щхьэр къысхуегъэуз, делэ хъыбарыр къызжеIэри. Сыт абы къибжа къомри!.. ЩIопщакIуэ схуищIа фIэщIыжу гъуэлъыжащ!..

Си напэIэлъэщIыр дэнэ деж щылъу пIэрэ? А зыращ иджы сэ къысхуитыжыр...

Сыт иджы а къэзгупсысар... лIо, сышынэжауэ, сыдзыхауэ ара? Лъакъуэ зыпымытыжхэр псэуркъэ? А си гум къищхьэрыуа хьэдэгъуэдахэрелъ! СызауэлI сэ, хьэмэ сысыт?! Сыпсэунщ зауэм и нэхейкIэ!» – икIи абы напэIэлъэщIыр хыфIиутIыпщхьащ.





## ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий

### ШАГЪДИЙ ГЪЭШХАХЭМ ТЕХУТЭ

**Совет хэку хуитым и бынхэу**
**ГъащIэм и дахэм еса,**
**Насып зэхэлъыр зыухуэу**
**Зи гъащIэр лъапIэу лъыта!**
**Щхьэхуитыныгъэр уи биийхэм**
**ГущIэгъу къыпхуащIу къуатакъым,**

Лъыр иумыкIуту цIыхугъэм
И гъуэгур нобэ бгъуэтакъым.
БлэкIа зауэшхуэхэм уи лIыгъэр
ЩIыгум и цIыхум ящIэж, —
Ди губгъуэ дахэхэр дэпагэу
ТекIуэ уэрэдхэр жаIэж.
Бийм ущытекIуэу есауэ
ЛIыгъэр къыщалъхур уи хэкущ,
Наполеонхэу щыкIахэр
Зыгъэпудахэр уи фочщ.
НаIуэщ уи тхыдэр си хэкум, —
Бийр къозэгъыфыркъым уэ иным.
Фашист нэпсейхэм я лъапсэр
Щыкъутэжынущ уи дежым.
Дэращ лъыгъажэм текIуэнур,
Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,
Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу
Насыпым цIыхур хуэзышэр.
Еуэ, хэку лъэщым и щIалэ,
Адэжь и щIапIэр гъэпагэ,
И гъуэм ихуэжыркъым блэ бзаджэр,
Мес, ди щIы кIапэм къытопщхьэ!
....................................
Еуэ, шагъдийхэу гъэшхахэм
Къэбэрдей щIалэр техутэ,
ПцIащхъуэр щIэмыхьэу щIэгъапхъуи
Лъэпщ джатэр нобэ гъэхахуэ!
Ди хэку къыхэкIа шухэр
ЛIыгъэ зехьэпIэ дихуащ,
Феуэ фашистхэу лъыгъажэм,
Ди хэкум ахэр къепхъуащ.
Тхъумэнщ ди бынхэр, анэжьхэр,
Тхъумэнщ адэжьхэм я лъапсэр,
Фашист лъэбжьанэм фIэтхынщи,
Хуит къэтщIыжынщ ди къуэшхэр...

*1941*



## КIЫЩОКЪУЭ Алим

### САБИЙ

Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами,
Нэпс ткIуэпс си гъащIэм сфIэкIуэдакъым.
Мыбдеж, сигу дауэ згъэбыдами,
СшыIэн си нэпсыр сэ слъэкIакъым.
Ди фочыр быдэу IитIкIэ ткъузу,
Бийр зыдэс къалэм дыдэуат.
Зауаем щIылъэр игъэгызу,
Топ Iэджэ зэуэ зэдеуат.
МафIэсым ису унэр лъалъэт,
Сабий гузасэу ныбгъэдэту,
Шынауэ а зеиншэр зи мыпсалъэт,
Гъын куэдым и гур хигъэлъэту.
КъэкIащ сэ си гум сипхъу сэ згъафIэр,
Сабийр хъумапIэм щызгъэпщкIуауэ,
Си псылъэм иту псы езгъафэрт,
И гуауэр си гум щымыткIуауэ.
— Фи дей сыздэшэ, дадэ лъапIэ,
Сыгъынкъым… Си анэр яукIащ
Нэмыцэм, — жиIэрт хъыджэбз цIыкIум.
А псалъэр гущIэм щытэджащ.
Ди бгыщхьэ мывэ къыщехуэхыу
Къуэ куум и лъэгум щыбзэхам
Си нэпсыр хуэдэу, мис къыпыхури
Си нэкIу гын Iугъуэм щытенат.

Налкъутналмэсу нэпсыр лыдри
Сабий щхьэц хужьым хэкIуэдат.
А цIыкIур хуэму къэзубыдри
Си бын пэслъыту ба хуэсщIат.
ИтIанэ и нэм сэ сыщIэплъэу
Сабийм и закъуэ тхьэ хуэсIуащ:
Абы и гуауэм сигу къигъэплъу,
Сэ илъ сщIэжыну ныжесIащ.
Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами,
Нэпс ткIуэпс си гъащIэм сфIэкIуэдакъым,
Мыбдеж, сигу дауэ згъэбыдами,
СшыIэн си нэпсыр сэ слъэкIакъым.





## ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Iэдэм

### ТЕКIУЭНЫГЪЭМ ДИГУ ХУЭПХЪАЖЭУ

Сыту кIыхьлIыхьыщэ
Зауэ гъуэгур!
Ирех абы ди фэр
ГущIэгъуншэу.
Лъыр тегъуауэ удзхэм
Телъщи — щIыгур
МэгухэщI, нэщIэбжьэр
Гъунапкъэншэу.

Шэр, лагъымхэр
Уэфу къыттелъалъэу,
ЩIыр топ гъуагъуэм
Егъэзджыздж, зэредзэ.
КIапсэ банэр
Зэпыдотхъри лъалъэу,
Бийм и щIытI шыхьахэм
Зыдыдодзэ.

Арти, ди удыным
Бийр щIегъэIэ.
Дэ мамыру щIытIым
ТIэкIу дыщошхэ.
Ягу къилъадэу
ЗауэлI щысхэм жаIэ:
«ВакIуэм и дэкIыгъуэу
ХъуакIэщ гъатхэ».

Уэс темылъыжыххэу,
ЩIылъэр бауэрт.
Дыгъэ бзийхэр
Гуапэу тхуэужьыхырт.
Зэ духатэм
Лъынэпсыжэ зауэр,
Ди танкистхэр
Трактор шэсыжынхэт.

ДызэщIыгъуу,
Гъатхэри ди телъхьэу,
ДокIуэ — мамырыгъэр
Дунейм хуэтхьу.
ТIэкIу дыпсэхуу,
Жьы салъкъын тIурыхьэу
Къыщытхуихуэм,
Дохь вэн-сэн ди пщIыхьу.

Ауэ ину
Къат командэ макъыр,
ЯпэкIэ кIуэтэным
Дыхуэпажэу,

**Дотэджыжри**
**ДокIуэ жану ди пкъыр, —**
**ТекIуэныгъэ тпэплъэм**
**Дигу хуэпхъажэу.**





## КIУАЩ БетIал

* * *

**Си макъыр мелуанхэм я макъым ещхь зыщ,**
**Дунейм ар зэхихым, сэ сыарэзыщ.**
**Си макъыр бэ иныр зыщIэкъум поджэж,**
**ЩIыхубэр щIэхъуапсэм ар жьыуэ дотэдж.**
**ЩIыхубэ хъуэпсапIэр дунейр мамырынщ —**
**Сэхъуахэр а бэм щышынэнщ, сабырынщ,**
**Зэуэныр кIуэдыныр ди напэщ, ди ныпщ,**
**МыдаIуэм IэштIым дыхуэхъуну дыгупщ.**
**Дыхуейкъым топышэм хуэтпIыну сабий,**
**Жэщ жейхэр хэгъэщт зыщIхэр дощIыр дэ бий,**
**ШынэнкIэ гумащIэу къытхэткъым къикIуэт.**
**Жэуапыр къытхуилъхэм хуэфащэу ягъуэт.**
**Зэуэныр кIуэдыным дэ ди Iэр щIыдодз.**

# Лъэпкъым и псалъэ Iущыр



*Мэкъуауэгъуэм и 1-м илъэс 90 ирикъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр дунейм къызэрытехьэрэ. А зэманым къриубыдэу цIыхухэм яIэрыхьащ абы и къыдэкIыгъуэ мин 23-м нэблагъэ. Газетым щылэжьахэм, нобэ щылажьэхэм я дежкIэ ахэр ауэ бжыгъэ къызэрыгуэкI къудейкъым. Абыхэм я щIыбагъ къыдэтщ цIыхуищэхэм я гъащIэхэр, къэралым, республикэм а лъэхъэнэм къакIуа гъуэгуанэщхуэр, абы зыщыIууа гугъуехьхэмрэ иужькIэ зыгъэгуфIэжа ехъулIэныгъэхэмрэ.*

*Адыгэбзэм ирилажьэу республикэм щыпсэу псоми ди гуфIэгъуэу къэтлъытэ а махуэм иредгъэхъэлIэри, дэ депсэлъылIащ илъэс 17 хъуауэ газетым и редактор нэхъыщхьэу лажьэ ХъэфIыцIэ Мухьэмэд. И къулыкъукIэ и пщэ къыдэхуэ къалэн гугъу дыдэхэм я закъуэкъым Мухьэмэд зэфIигъэкIыр. Жылагъуэ, лъэпкъ Iуэхухэми гурэ псэкIэ етауэ бгъэдэтщ ХъэфIыцIэр – ар Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ гупым хэтщ, ЩIДАА-ми и вице-президентщ. Ар республикэм и мызакъуэу, Урысейм и нэгъуэщI щIыпIэхэми, хамэ къэрал зыбжанэми и IуэхуфIхэмкIэ щыцIэрыIуэщ. Адыгэ щыпсэу хэкухэм Мухьэмэд и лъэ зытемыува къэгъуэтыгъуейщ. А псори щIыхузэфIэкIри зэрылэжьакIуэшхуэрщ. Апхуэдэуи Мухьэмэд икIи цIыху гуапэщ, «Адыгэ псалъэр» зэщIэзыгъэуIуэф, зыгъэгушхуэф, зэдэууэ зыгъэлэжьэф унафэщI щыпкъэщ. Абы хуэфащэ дыдэу зэрехьэ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, ар КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналистщ, Абхъазым и «ЩIыхьрэ ПщIэрэ» орденыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ куэди къыхуагъэфэщащ.*



**– Илъэс бгъущI хъуауэ адыгэхэм яхуэлажьэ, республикэми лъэпкъми я тхыдэр къызэрыщ гъуджэу къадекIуэкI «Адыгэ псалъэм» и япэ лъэбакъуэхэм, абы и тхыдэм я гугъу уэзгъэщIынут. Нобэрей «Адыгэ псалъэм» и лъабжьэр 1921 гъэм къыщежьэу къэзылъытэхэри щыIэщ. Уэ дауэ уеплърэ абы, Мухьэмэд?**

– Республикэ журналистикэм, ди лъэпкъ газетым тхылъ щхьэхуэ ятебухуэми птхын куэдыкIейуэ бгъуэтынущ, ауэ нэхъ кIэщIу а Iуэхум и гугъу тщIынщ.

Тхыдэм уригъуазэмэ, ар уи тегъэщIапIэмэ, ущыуэнукъым. Лъэпкъ газет закъуэм и тхыдэр бубзыхун щхьэкIэ, сэ къызэрыслъытэмкIэ, илъэс 90-кIэ мыхъуу, нэхъ жыжьэжу узэIэбэкIыжын хуейщ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ди щIыпIэм газет къыщыдэгъэкIын Iуэхум япэу яужь ихьахэщ Дым Iэдэмрэ Цагъуэ Нурийрэ. Абыхэм къыпхуэмылъытэным хуэдизу Iуэхутхьэбзэшхуэ хуащIащ адыгэ лъэпкъым.

Зыгуэр птхын щхьэкIэ алыфбей уиIэн хуейкъэ? Мис абы къыщыщIидзащ Дымым. Хьэрып хьэрфхэр къигъэсэбэпри, Iэдэм 1913 гъэм адыгэ алфавит зэхилъхьащ. А зэманым апхуэдэ Iуэху зэхуэбгъэхъуныр, зэфIэбгъэхьэныр иджыпсту фIэщщIыгъуейуэ къыпщыхъуми, абыхэм Iэмэпсымэхэри къащэхури, Бахъсэн тхылъ тедзапIэ щагъэуващ. 1917 гъэм и дыгъэгъазэм традзащ Къэбэрдейм и япэ газетыр.

«Адыгэ макъ» фIащат абы. Пэж дыдэуи, адыгэхэм я макът ар – цIыхубэм я гурыгъу-гурыщIэхэрт ар зытетхыхьыр. Зы тхьэмахуэм къриубыдэу тIэу, щэ къыдигъэкIыфу арат ар Iэдэм - тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр зейри, ахэр зэрыбкIэ тезыдзэри езырат. Дымым и дэIэпыкъуэгъуфIт Цагъуэри. Тхыгъэр сыт хуэдэ алыфбейкIэ тедзами мыхьэнэшхуэ иIэтэкъым. Нэхъыщхьэр адыгэ псалъэр, абы и мыхьэнэр тхыгъэм къызэрипхыфырт, къызэрыбгуригъаIуэрт. Хуеймэ ирекириллицэ, хуейми ерелатин е ерехьэрып дамыгъэ ар, адыгэбзэм и макъхэр къррибгъэлъагъуэмэ.

Илъэс иримыкъущ «Адыгэ макъыр» къызэрыдэкIар, ауэ а пIалъэ кIэщIыми ар хуэлэжьащ лъэпкъым и зэхэщIыкIым хэгъэхъуэным, цIыхубэр еджэн зэрыхуейм егъэгупсысыным а Iуэхум тегъэгушхуэным. КъимыдэкIэ, абы хишат лъахэм лъэпкъ газет къыщыдэгъэкIыным и псыпэр, лъабжьэфIи хуигъэтIылъат.

А Iуэхум нэхъ хэкъузауэ яужь щихьауэ тхыдэм къыхэщыжыр 1918 гъэм и кIэухырщ. Совет къэралыгъуэщIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр ди лъахэми къэсри, Налшык къалэ щIыналъэ Советым унафэ щащIащ щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ газет къыдагъэкIыну. Унафэ ящIа щхьэкIэ, ар икIэщIыпIэкIэ ягъэзэщIэну Iэмал ягъуэтакъым. А лъэхъэнэм граждан зауэр екIуэкIырти, газет Iуэхур зрамыгъэтIылъэкIыу хъуакъым. Абы и Iуэхур илъэс зыбжанэ дэкIауэ къаIэтыжащ, икIи 1921 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м дунейм къытехьащ «Красная Кабарда» газетыр. Ар тхьэмахуэм тIэу къыдэкIырт, адыгэбзэкIэ тхыгъэхэри къытехуэрт.

АдыгэбзэкIэ газет щхьэхуэ къыдэгъэкIыныр гугъущэ демыхьу зэтраухуэжыфынут, Дымымрэ Цагъуэмрэ я алыфбейхэр къащтамэ, ауэ ар ядакъым икIи латин хьэрфхэр я лъабжьэу адыгэ псоми зэдай алыфбей зэхалъхьащ. ЩIэныгъэлI гупхэр абы мызэ-мытIэу елэжьыжащ, ирагъэфIакIуэри иритхэуи хуежьащ. Ар нэхъ шэрыуэу къахуэгъэсэбэп хъуа нэужь, 1924 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м адыгэбзэкIэ дунейм къытехьауэ щытащ «Къэрэхьэлъкъ» зыфIаща газетым и япэ номерыр. Нэхъ иужьыIуэкIэ ар бзиплIкIэ – адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ, журтыбзэкIэ – къыдэкIащ. АпхуэдизыбзэкIэ тхыгъэхэр къызытехуэ нэгъуэщI газет къэралым щыIауэ дэ дыщыгъуазэкъым. Ари и щыхьэтщ а лъэхъэнэм республикэм иса лъэпкъхэр зэгурыIуэу, зэкъуэту зэрызэдэпсэуам.

**– Газетыр а лъэхъэнэм къыдэзыгъэкIахэм, абыхэм я IуэхущIафэхэм фыщыгъуазэ?**

– Япэ итхэр, IуэхущIэ къезыхьэжьэхэр сыт щыгъуи нэхъ гугъу ехь хабзэщ. Мыбдежми, шэч хэмылъу, апхуэдэущ зэрыщытар - зыхуеину Iэмэпсымэхэри ирикъуу яIэтэкъым, зи щIэныгъэкIэ а IуэхущIэм пэлъэщын цIыхухэри ди щIыналъэм истэкъым. Ауэ сыт щыгъуэ зэмани цIыхубэм нэхъ къахожэпхъыкI зи акъылкIэ, зэфIэкIкIэ адрейхэм ефIэкIхэр, лъэпкъ Iуэхур кууауэ зыхэзыщIэхэр, абы нэхъ хуэгумащIэхэр. Газетым и япэ редактору щыта Хъуран Батий Лэкъумэн и къуэм къыкъуэувэн гуп зэригъэпэщри, а лэжьыгъэ мытыншыр иригъэжьауэ щытащ. Пэжщ, мазэм кърриубыдэу тIэу къудейт ар япэ зэманхэм къазэрыхудэгъэкIыр, ауэ ари лэжьыгъэшхуэ дыдэт. Ар газет къудейтэкъым а лъэхъэнэм, атIэ гъащIэщIэм хуэунэтIа гупсысэхэр цIыхубэм яхуэзыхьт.

**– А зэманым «Къэрэхьэлъкъыр» адыгэ лъэпкъым егъэджакIуэ хуэхъуауи жыпIэ хъунущ.**

– Къалэн куэд и пщэ къыдэхуащ а лъэхъэнэм газетым икIи лэжьы-

гъэшхуи зэфIигъэкIащ, ауэ нэхъыщхьэ дыдэр, абы зыми шэч къытрихьэуи ди гугъэкъым, лъэпкъ щIэныгъэншэм егъэджакIуэ нэс ар зэрыхуэхъуарщ, гъащIэщIэм зэрыхишарщ. Адыгэ газетым и фIыщIэкIэ еджэфу, тхэфу зрагъэсащ, анэдэлъхубзэм и IэфIыр псэкIэ зыхащIащ куэдым.

**– Хэку зауэшхуэр къэрал псом и дежкIэ зэхэгъэкIыныгъэшхуэу щытащ. А зэманми газетыр къыдэкIа?**

– «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» цIэр абы щыгъуэ зезыхьэу щыта ди газетым и дежкIи къэпщытэныгъэт а лъэхъэнэр. Архивым щIэлъ тхыгъэхэм, газетым и корреспонденту щыта ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, абы щылэжьа Куэт Цоцэ, КIуэкIуэ Къэрэжан, Елмэс Iэбу сымэ я гукъэкIыжхэм къыхощыж редакцэр а зэманым зэрылэжьа щIыкIэр. Iэмалу яIэрати, республикэм, къэралым щыIэ щытыкIэм цIыхухэр щыгъуазэ зэращI, мыгужьеину, бийм лъэгущIэтын зыхуамыщIыну къызэрыхураджэ напэкIуэцI цIыкIухэр (листовкэхэр) ягъэхьэзырурэ зэбграхырт. Газетым щыщ лэжьакIуэ куэд фронтым кIуати, абыхэм я къалэнхэри къэнахэм зытрагуэшэн хуей хъурт. Лэжьыгъэр нэхъри гугъу щыхъуар бийр ди щIыналъэм къэса нэужьщ. «КIэдыкъуакъуэжьхэм» («Мессершмитхэм») лагъымхэр кърадзых щхьэкIи къэдмыгъанэу, дылэжьэн хуейуэ къытхуихуащ, жэщкIэрэ унэм дыщымыкIуэжи куэдрэ къэхъуу», - жиIэжырт КIуэкIуэ Къэрэжан.

Лъэпкъ газетым и лэжьакIуэхэми яхузэфIэкI халъхьащ ТекIуэныгъэм и махуэр къэгъэблэгъэным. Хэкур яхъумэну журналист куэд зауэм кIуащ, къэзымыгъэзэжахэри мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ Абыдэ Залымхъан, Алэкъей Хьэталий, Бжьэдыгъу Шэмсэдин, Джэрыджэ Анатолэ, Егъэн Хьэту, Къущхьэ БетIал, КъардэнгъущI Хъалид, Хужьокъуэ Амырхъан, Шыд Ибрэхьим, Шыгъушэ Пщыкъан, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ. Мыбдежым я цIэ къыщисIуэну сыхуейщ мафIэлыгъейм къыхэкIыжыну зи насып кърихьэкIахэми. Ахэр лIыгъэ къагъэлъагъуэу зэуа, дамыгъэ лъапIэхэр я бгъэм къыхэлыдыкIыу къэзыгъэзэжа журналистхэу Агузар Мурадин, Батыр Сэхьид, Гумэ Джатэгъэжь, Гъубж Мухьэдин, Дал Iэуес, Дол Батырбий, Елмэс Iэбу, Жамбэч Хъусен, Жэмбей Мухьэмэд, Иуаз Iэбубэчыр, КIэщт Iэниуар, КIумыхъу Iэмырбэч, Къумахуэ Башир, Къэрмокъуэ Рэмэзан, ЛIыбекъуэ Хьэбас, Махуэ Iэлисэхь, Сэхъу Къэрэщей, Сэбаншы Мэстафэ, Хьэжу Ахьмэд, сурэттехыу щыта Колесников Иван сымэщ.



Зауэ нэужь зэманми газетым лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ цIыхубэр къапэщыт къалэнышхуэхэм хузэщIэгъэуIуэным, мафIае илъэсхэм зи гур ириудахэм зыкъащIэжу псэукIэщIэм зытраухуэжыным хуэунэтIауэ.

**– Газетым и цIэр тхуэнейрэ ихъуэжыныр къызыхэкIари ящIэну хуейуэ къыщIэкIынщ журналым еджэхэм.**

– Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар къэрал ухуэкIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэрщ. 1931 гъэм газетым «Ленин гъуэгу» фIащащ, 1937 гъэм «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» хъуащ. 1944 гъэм балъкъэрхэр республикэм ираша нэужь, нэхъапэм зэрихьа цIэр къезэгъыжыртэкъыми, «Къэбэрдей пэж» фIащащ, абыхэм хэкум къагъэзэжа нэужь, 1957 гъэм, аргуэру «Ленин гъуэгу» хъужащ. Совет лъэхъэнэр щиуха 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ «Адыгэ псалъэ» цIэр зэрехьэ. Шэч зыхэмылъырщи, дапщэрэ и цIэр ихъуэжын хуей мыхъуами, газетыр зэи текIакъым и къалэн нэхъыщхьэм – лъэпкъым хуэлэжьэным, абы и Iуэхухэр дэгъэкIыным.

А лэжьыгъэхэр яунэтIу зэман зэхуэмыдэхэм редактор нэхъыщхьэу щытащ Хъуран Батий, Бейтокъу Мыхьэмэтмырзэ, Срыхъу Хьэгуцырэ, Щомахуэ Амырхъан, Фэнзий Исмел, Дал Iэуес, Ерыжокъуэ Хьэзрэталий, Махуэ Анатолэ, Хьэжу Ахьмэд, Сэхъу Къэрэщей, Дол Батырбий, ЛIыбекъуэ Хьэбас, ТIажь Пётр, Мэзыхьэ Борис сымэ. Абыхэм я фIыщIэшхуэ хэлъщ адыгэ газетыр и къалэнхэм ехъулIэу къызэрекIуэкIам.

**– Ди лъэпкъым литературэ зэригъэпэщынми «Адыгэ псалъэр» хэлIыфIыхьауэ жыпIэ хъунущ. Зи гупсысэхэр газетым щызэрыубыда, литературэм япэ лъэбакъуэхэр абы щыхуэзыча тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым я творчествэм иужькIэ зыщиужьащ «Iуащхьэмахуэ» журналми.**

– Пэжу, иужькIэ цIэрыIуэ хъуа ди тхакIуэхэм ящыщ куэдым литературэм зэрыхыхьа лъэбакъуэхэр щачар адыгэ газетырщ. Псалъэм папщIэ, газетым щылэжьащ ЩоджэнцIыкIу Алий, Махъсидэ Залымхъан, КIэрашэ Тембот, Теунэ Хьэчим, Гъубж Мухьэдин, Щомахуэ Амырхъан, КхъуэIуфэ Хьэжбат, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр сымэ, нэгъуэщIхэри. Ди газетым щылэжьащ а нэхъыжьыфIхэм я лъагъуэм ирикIуа, лъэпкъ литературэр япэкIэ зыгъэкIуэта тхакIуэ, усакIуэ куэд.

Литературэм и мызакъуэу, езы газет жанр дыдэхэми хуэIэзэ журналистхэр сыт щыгъуи и куэду къокIуэкI «Адыгэ псалъэр». Дяпэ ита журналистхэм нэсу къагъэлъагъуэрт республикэм щекIуэкI лэжьыгъэшхуэр. ЩIэджыкIакIуэхэм гунэс ящыхъурт репортажхэр, лэжьакIуэфIхэр зэрагъэлъапIэ очеркхэр. Ныкъусаныгъэ зрихьэлIэхэри щIамыуфэн яхузэфIэкIырт икIи критикэ тхыгъэхэри мымащIэу къытехуэрт. Я щIэныгъи зэфIэкIи емыблэжу а лъэхъэнэм лэжьащ журналист гуп зэщIэгъэуIуа. Псоми зы тхыгъэкIэ я цIэ къытхуимыIуэми, ахэр тщыгъупщакъым нобэ редакцэм щылажьэхэм. Абыхэм ящыщщ Апажэ Назир, Бекъан Чыланий, Бекъул Токъан, Брай Адэлбий, Джаурджий Iэбисал, Джэлэс Таужид, Емыш Хьэдис, Елгъэр Кашиф, Къамбийхэ Зуфаррэ Джэфаррэ, Журт Биберд, КIэрэф Хьэсэнбий, КIэщт Мухьэз, Къэрмокъуэхэ Мухьэмэдрэ Хьэмидрэ, Къуэдзокъуэ Нурбий, КхъуэIуфэ Хьэчим, Ламырдон Хьэсэнбий, Мамбэт СэIэдулэ, Мырзэкъан Суфян, Сэбаншы Мэстафэ, Теувэжыкъуэ Анатолэ, Тэрчокъуэ Исуф, Тхьэмокъуэ Барэсбий, ТхьэщIокъуэ Мурадин, ТIымыщ Тимур, ТIыхъужь Зэмахъ, Хьэх Сэфарбий, Увыж Хъусен, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ, Шыбзыхъуэ Мухьэдин, ШыкIэбахъуэ Хьэсэн, Шырытхэ Хьэтызэрэ СулътIанрэ, Щхьэумэжь БетIал, Щоджэн Абдул, Уэрыш Нурхьэлий, Джэрыджэ Арсен, Гъубжокъуэ МуIэед, Багъэтыр Аркадий, ТIымыжь Хьэмыщэ, КIэбышэ Лилэ, Жыгун Азимэ, Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Къэзанш Людмилэ, Къудей Владимир, Мыкъуэжь Анатолэ, Уэрэзей Афлик, Хьэту Пётр, Хьэщыкъуей Олег сымэ, нэгъуэщI куэди. Сурэттех IэкIуэлъакIуэхэт Щомахуэ Владимиррэ Колесников Иванрэ.

**– Газетым и къалэнхэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу захъуэж, къыдэкIыгъуэщIэ къэси абыхэм къахохъуэ. Сыт хуэдэ къалэнхэр и пщэ къыдэхуэрэ «Адыгэ псалъэм»?**

– МахуэщIэм къыздихь хъыбарыщIэм и пэжыпIэр псынщIэу цIыхубэм ялъэдгъэIэсыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ къонэж. Сыт хуэдэ хъыбарегъащIэ IэнатIэми и лэжьыгъэр station арaщ нэхъыбэу зытеухуар. Ауэ, лъэпкъ газет ущыхъукIэ, абы нэгъуэщI пщэрылъхэри къыпоувэ икIи «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм абыхэм увыпIэшхуэ щаубыд.

Адыгэхэр къэрал щэ никъуэм щIыгъум щыхэхэсщи, Iэмал зэрыдгъуэткIэ, абыхэм я псэукIэми ди газетеджэхэр щыгъуазэ дощI. Абы и лъэныкъуэкIэ къыдэхъулIахэм я гугъу пщIымэ, ди корреспондентхэр хамэ къэралхэм дгъакIуэурэ абы щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэху зытетхэм тыдогъэтхыхь. Лъэпкъыр зэпыщIэжыным, зэрыгъэцIыхужыным хуэунэтIауэ газетым куэд зэрыхузэфIэкIым и щапхъэхэм ящыщу къэсхьынщи, хамэ къэрал щыпсэу зэунэкъуэщ куэд «Адыгэ псалъэм» и фIыгъэкIэ зэрыгъуэтыжауэ зэкIэлъокIуэ.

Газетыр щIыщыIэр абы еджэхэращи, дэ тщIэн хуейщ ди лэжьыгъэр къазэрыщыхъур. Сыт хуэдэ тхыгъэхэра ахэр нэхъ дэзыхьэхыр, е ягу иримыхьу сыт хэлъ ди лэжьыгъэм? Абыхэм дыщыгъуэзэнымкIэ дэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу къытхуэтхэ, къытхуэкIуэ ди щIэджыкIакIуэхэр. «Адыгэ псалъэм» къыддолажьэ, къытхуотхэ республикэм пщIэ щызиIэ политикхэр, щIэныгъэлIхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр. Абыхэм къыдат чэнджэщ щхьэпэхэм дэ дерс къыхыдох.

Газетым къытохуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхь тхыгъэхэри, апхуэдэуи республикэм и куей псоми щыщыIэ щытыкIэхэр къызэрыдгъэлъэгъуэнми яужь дитщ. Политикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, литературэ, мэкъумэш, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, спорт, жылагъуэ Iуэху – зы махуи дэкIыркъым а IэнатIэхэр газетым къытехуэ тхыгъэхэмкIэ къызэщIэдмыубыдэу.

Зэманым декIур лIыфIщ, жаIакъэ. Абы удэмыбакъуэмэ, уеблэмэ зэзэмызи япэ уимыщмэ, газетым и къалэнхэр пхуэгъэзэщIэну къэслъытэркъым.



**– «Адыгэ псалъэр» республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд, и теплъэкIи къытехуэ тхыгъэхэм я купщIэкIи щапхъэу бгъэлъагъуэ хъун газетщ. Иджыпсту фызэлэжьхэм, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэфщIхэм укъытезгъэувыIэнут, Мухьэмэд.**

– Газетым мы зэманми къалэнышхуэ и пщэ къыдохуэ. Гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщIыпхъэу къэтлъытэхэм ящыщщ щIэблэм я анэдэлъхубзэр ящIэу, щIэныгъэфI яIэу, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу къэгъэтэджыныр. Абы и лъэныкъуэкIэ ди щIэгъэкъуэнышхуэщ газетым кърихьэжьауэ, нэгъуэщI IуэхущIапIэ зыбжанэми къыддаIыгъыу илъэс пщыкIуплI хъуауэ республикэм и курыт школхэм щедгъэкIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» зэпеуэр. КъимыдэкIэ, ди нэхъыжьхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэфIхэр, зэхущытыкIэ екIухэр унагъащIэхэм щапхъэ яхуэщIыныр, мыхъумыщIагъэхэм щIэблэр ящыхъумэныр, лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм я хъугъуэфIыгъуэхэр зыгъэбагъуэхэр гъэлъэпIэныр – куэд мэхъу ди нэIэ зытет Iуэхугъуэхэр.

Илъэс пщыкIубл хъуауэ газетым и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэщ адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэхэр: «ФифI фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщкIу». Ди гугъэщ а мардэм дызэрытетым ди адыгэ лъэпкъым и сэбэп екIыу.

Лэжьыгъэшхуэ пыщIащ газет къыдэгъэкIыным, зы цIыхуцIыхуитIкIиабы упэлъэщынукъым. «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэхэр нэхъ щIэщыгъуэ, еджэгъуафIэ зэращIыным егугъуу, лъэпкъым и пащхьэ къалэнышхуэ зэрыщаIэр нэсу зыхащIэу я IэнатIэхэм пэрытщ газетым и лэжьакIуэ псори, абы папщIи нобэ дэтхэнэми фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ. Ахэр редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэу ЖьэкIэмыхъу Маринэ, Ширдий Маринэ, Жыласэ Заурбэч, жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, абы и къуэдзэхэу ДыщэкI Соня, Къаншокъуэ Эллэ, къудамэхэм я

10 Заказ № 129

унафэщIхэу Уэрдокъуэ Женя, Жыласэ Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик, Лъостэн Музэ, Истэпан Залинэ, Щхьэщэмыщ1 Изэ, НэщIэпыджэ Замирэ, зэдзэкIакIуэ Тэнащ Анатолэ, обозревателхэу Шал Мухьэмэдрэ Хъуажь Фахърийрэ, корреспондентхэу Чэрим Марьянэ, ТекIужь Заретэ, Багъэтыр Луизэ, Къумахуэ Аслъэн, Щомахуэ Залинэ, Гугъуэт Заремэ, Щоджэн Iэминат, бухгалтерхэу Къармэ Иринэ, Хьэхъужь Иринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ сымэщ. Газетыр зыхуей хуэзауэ къыдэкIыным я къару мымащIэ ирахьэлIэ компьютер IэнатIэм и лэжьакIуэхэу Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Бицу Жаннэ, Къуэдзокъуэ Анжелэ, Щомахуэ Марианнэ, Дэхъу Эммэ, Джатокъуэ Залинэ, Жылокъуэ Люсаннэ, Зыхьэ Лаурэ, секретарь-Iуэхузехьэ Зэгъэщтокъуэ Алёнэ сымэ.

ЩIэджыкIакIуэхэм гунэс ящыхъу, я щIэщыгъуэу зэджэ напэкIуэцI щхьэхуэхэр и мащIэкъым газетым. Псалъэм папщIэ, «ЩIалэгъуэ», «Махуэку», «Малъхъэдис», «ЦIыкIураш», «ЩIыуэпсым и макъ», «Си еджапIэ – си къеэжьапIэ», «Щикъухьащ адыгэр дунеижьым», нэгъуэщIхэри. Илъэс куэд хъуауэ газетым егъэхьэзыр республикэм и жылагъуэхэм я псэукIэр къыщыдгъэлъагъуэ «Адыгэ къуажэхэм я щIэнгъуазэ» къыдэкIыгъуэхэр. Рубрикэу щэм нэблагъэ къегъэсэбэп газетым. ЩIэджыкIакIуэхэм хуабжьу ягу ирихьу щыташ Къэрмокъуэ Хьэмид игъэхьэзырурэ илъэс куэдкIэ къыдэдгъэкIа «Шыхулъагъуэ» литературно-художественнэ гуэдзэныр.

АдэкIи ди мурадщ газетыр нэхъри гъэщIэгъуэн зыщIын Iэмалыщ1эхэр къэдгъэсэбэпыну, ди лъэпкъым и тхыдэм дызыщымыгъуазэ и напэкIуэцIхэм дыхуеплъэкIыжыну, и нобэр, и къэкIуэнур нэхъри дахэ хъуным дыхуэлэжьэну. Абы папщIэ дызыхуеину псори диIэщ – газетым и коллективыр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэдолажьэ, иджырей Iэмэпсымэ лъэщхэмкIи нэсу къызэгъэпэщащ.

«Адыгэ псалъэм» и ехъулIэныгъэхэми, псалъитI-щыкIэ нэхъ мыхъуми, сыкъытеувыIэну сыхуейт. Ди газетыр щIыналъэм и зэпеуэ зэхуэмыдэхэм мызэ-мытIэу пашэ щыхъуащ, я лэжьыгъэфIым папщIэ фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр зыхуамыгъэфэща ди журналистхэм яхэткъым. Къэралым, республикэм я дамыгъэ лъапIэхэр зыгъэпэжхэри ди мащIэкъым. ДызыщыгуфIыкIхэм, дызэрыгушхуэхэм я гугъу щытщIкIэ, дызыблэкI мыхъунщ «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ» (Мейкъуапэ), «Черкес хэку» (Черкесск) газетхэм илъэс 25-рэ хъуауэ къыдагъэкI номер зэхэтхэр. Апхуэдэ номеру 101-рэ дунейм къытехьакIэщ.

Пщэдейрей махуэм, уеблэмэ илъэсыщIэм къэхъуну-къэщIэнур, и гъащIэр зэрыщыту зэрекIуэкIынур зригъэщIэным зэрыхуэпабгъэм хуэдэу, цIыхур иIыгъщ и блэкIам теухуа гупсысэхэми. Апхуэдэущ ар Тхьэм къызэригъэщIар - блэкIамрэ къэкIуэнумрэ яку дэт лъэмыжщ цIыхур. Газетри щIэх-щIэхыурэ щIызэплъэкIыжыр япэ итахэм я дуней тетыкIам, я IуэхущIафэу щытахэм, зэманым и нэщэнэхэм щыгъуазэ зищIынырщ, абыхэм я щапхъэфIыр гъащIэм хипщэнырщ, я щыуагъэхэм дерс къыхихынырщ.

... Махуэр иухамэ, тхыдэм хыхьэжащ. Лъэпкъым и тхыдэтх къалэн лъапIэр илъэс 90 хъуауэ егъэзащIэ «Адыгэ псалъэм». Ди гугъэщ ар дяпэкIи адыгэ Iуэхум хуэлэжьэну, цIыхубэм я къэпсэлъапIэу щытыну, гуфIэгъуэ хъыбар куэд игъэIуну, и къалэнхэм зэи темыплъэкъукIыну.

**– Ди гуапэщ, Мухьэмэд, узиунафэщI гупми уэри фи мурадхэр къывэхъулIэу адэкIи узыншэу лъэпкъым фыхуэлэжьэну.**

*Епсэлъар* **НАРТЫЖЬ Санэщ**

***Илъэс бгъущIым къриубыдэу лэжьакIуэфI куэд щызэблэкIащ «Адыгэ псалъэ» газетым. «Абыхэм хуэдэ гуп къэгъуэтыгъуейщ» хужаIэущ сыт щыгъуи къызэрызэдекIуэкIри. Ар зи фIыгъэр щIэблэм я деж Iулыджышхуэ щызиIэ, лъэпкъ журналистикэм зи хъэтI щызэзыгъэпэщыжа нэхъыжьыфIхэр зэрыщылэжьарщ, ноби а IэнатIэм гурэ псэкIэ зэрыпэрытырщ. Абыхэм ящыщщ мы тхыгъэхэр зытеухуахэр. Я гуп хэтыкIэкIи, я лэжьэкIэкIи, яхэлъ хабзэкIи щIэблэм гъуазэ яхуэхъу апхуэдэ цIыху щыпкъэхэр нэхъыбэу диIэху, лъэпкъым и пщIэри нэхъри лъагэ хъунщ.***

## Iулыджышхуэ зиIэ Мырзэкъан Суфян



Мы тхыгъэр зытеухуа Мырзэкъан Суфян ящыщщ «Къэрэхьэлъкъ» фIэщыгъэр иIэу гъуэгу теува, цIэ зыбжанэ зэрихъуэкIауэ нобэ «Адыгэ псалъэкIэ» дызэджэ газетым зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным зи щIэныгъэ, зи къару нэхъыбэ езыхьэлIахэм.

Суфян дэрэ ныбжькIэ зэрыдгъэхь щыIэкъым, зэман хьэлъи дызэдыхэтащ. А лъэхъэнэр Хэку зауэшхуэм иужь илъэсхэрат: цIыхур зыхуэдэр наIуэ къэзыщI зэхэгъэкIыпIэт. КарточкэкIэ къыдат щIакхъуэ фIыцIэ тIэкIур и зэманыр къэмысу зыIэщIэухэр гунэщIу, ар зэзыгъэзэхуэфым тIуалэ хуэдиз зы бзыгъэ цIыкIу фошыгъу зыхэмылъ псы пщтыр стэканым дрифырти, сыхьэтих-сыхьэтийкIэ дедэIуэну лекцэм дыкIуэрт.

ДыкъэкIуэжмэ, ди пэшыр щIыIэт, щIакхъуэ бзыгъэ цIыкIу къатщтэрти, шхапIэм дыкIуэрт. Дызэреджэн тхылъ дгъуэтыртэкъым. Лекцэр зытедмытхэ тхылъымпIэ лIэужьыгъуэ щыIэтэкъым, газет, тхылъыжь сатыр зэхуакухэм нэгъунэ.

Апхуэдэ зэхэгъэкIыпIэм нэхъ къикIыфхэм ящыщт Суфян. Ар тэмакъкIыхьт, умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал имыIэу бэшэчт, пIыщIэуи мэжалIэуи къыпхуэщIэнутэкъым. Гугъуехьхэр и щхьэкIи, и IэпкълъэпкъкIи къехьэлъэкIыу хэпщIыкIыртэкъым. Зачётхэм, экзаменхэм я чэзум и деж жэщыбг пщIондэ щыст. Абы «тху» защIэу псори къехъулIэрт.

И еджэкIэм и мызакъуэу, и зыIыгъыкIэм, и цIыху хэтыкIэм, и акъылыфIагъым пщIэшхуэ хуащIырти, студентхэм, егъэджакIуэхэм къахэкIыу абы щыгъуэ Суфян хахауэ щытащ Налшык къалэ Советым и депутату.

ТIыхъужь Зэмахърэ Суфянрэ университетыр – тIуми диплом плъыжькIэ къызэдаухат. ИкIи тIури «Къэбэрдей пэж» газетым и къудамэхэм я унафэщIу яшауэ щытащ. Суфян зы илъэс нэхъ мылажьэу дзэм ираджэри, илъэсищкIэ Бурятием къулыкъу щищIащ, лейтенант нэхъыщIэуи 1954 гъэм къигъэзэжащ. А гъэ дыдэм Псыгуэнсу курыт школым урысыбзэмрэ литературэмрэ щригъэджу щIидзащ. КъыкIэлъыкIуэ гъэ еджэгъуэщIэм Старэ Шэрэдж курыт школым и завучу ягъэуващ. Абыи куэдрэ щыIакъым. Парт лэжьакIуэфI къызэрыхэкIынум гу лъата

иужь, обкомым инструктору яшащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр редактор нэхъыщхьэ хуей щыхъум, партым и обкомым Суфян абы игъэкIуащ. Дэнэ ямыгъэкIуами, сыт хуэдэ къалэн и пщэ къыдамылъхьами, Мырзэкъаныр Iуэхум хуэIэижьу къыщIэкIырт.

1958 гъэм Суфян аргуэру партым и обкомым инструктору ираджэж. ИлъэсиплIкIэ абы щыIауэ, пропагандэмрэ агитацэмкIэ лэжьыгъэм и унэтIыкIэм хуэIэкIуэлъакIуэ хъуауэ, Мырзэкъаным и пщэ иралъхьэ «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ къалэныр. Суфян фIыуэ илъэгъуа лэжьыгъэм апхуэдэу пэрыувэжауэ щытащ.

Мырзэкъаным и нэIэ зытригъэтын хуейхэм мэкъумэш къудамэри хагъэхьат. Нэхъапэхэм абы къегъэбыдылIауэ щытар парт лэжьыгъэ, пропагандэмрэ агитацэмрэ, щэнхабзэ къудамэхэрт. Ауэ зы илъэс нэхърэ нэхъыбэкIэ лэжьа хъунтэкъым Суфян, колхоз, совхоз гуэрхэм агроному бгъакIуэкIэ укъимыгъэщIэхъун хуэдэу а Iуэхум хищIыкI щыхъуам.

Мырзэкъаныр къалэн къыщащIымкIэ ихь жэуаплыныгъэр кууу зыхищIэу, абы пэлъэщын зэфIэкI иIэным хущIэкъуу зыхуэдэхэм къахэщу, дзыхь нэхъыбэ зыхуащIхэм хабжэу, зыхэт гупым Iулыджышхуэ щиIэу къэгъуэгурыкIуащ. Мырзэкъан Суфян илъэс плIыщIым щIигъукIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьащ, пенсэм кIуа нэужьи мытIысыжу редакцэм и IэнатIэ нэхъ гугъухэм ящыщ зыр - зэдзэкIын къалэныр игъэзэщIащ. Мырзэкъаным хуэфащэу зэрехьэ РСФСР-м, КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр.

**БЕКЪАН Чыланий**



## Журналист гъуэзэджэ, гу щабэ, псэ хьэлэл зиIэ



Нартан (Къылышбийхьэблэ) къуажэм цIыху щэджащэу куэд къыдэкIащ. Абыхэм дэ дрогушхуэ, тхыгъэ щхьэхуэ зыхуэмыфащи яхэткъым. Дэтхэнэ зы жылэм и дежкIи щIыхьышхуэкъэ ПащIэ Бэчмырзэрэ ТIыхъужь Алийрэ хуэдэ къыдэкIыну?! Апхуэдэ нэхъыжьхэм ядэплъейуэрэ, къыдэкIуэтей щIэблэр къэралыр зэрыгушхуэ мэхъу. Апхуэдэ щапхъэ дахэхэм къыщIэтэджащ зи гугъу фхуэтщIыну Бекъан Чыланий Машэ и къуэр. ЕгъэджакIуэ, тхакIуэ, журналист гъуэзэджэ, гу щабэ, псэ хьэлэл зиIэ, цIыкIуми инми, жьыми щIэми екIуу къадэгъуэгурыкIуэ – апхуэдэ псалъэ гуапэ куэд хуэфащэщ а нэхъыжьыфIым.

Бекъаным и сабиигъуэр тыншакъым, и къэжэпхъыгъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдэри, и ныбжьым ит адрейхэми хуэдэу, хьэлъэ куэд къатещIащ. Ар ящыщщ Налшык къалэм фашистхэм я танкхэр къыдамыгъэхьэн щхьэкIэ щхьэлыкъуэпсым къыщыщIэдзауэ Налшыкыпсым нэсу кIэнауэ къэзытIахэм. ЩIалэ цIыкIум и жыджэрагъым колхоз унафэщIым гу лъетэ икIи унафэ къыхуещI 10-нэ бригадэм учетчикыу кIуэну. Апхуэдэу зыри зыхимыщIыкI лэжьыгъэм пасэу пэрыувэн хуей мэхъу Чыланий.

– А зэманыр сигу къэкIыжмэ, си щхьэфэцым зеIэт, - жеIэ иджы Бекъаным. - Пшапэр зэхэуэмэ, мэз лъапэм дыщыплъырыну дыкIуэн, пщэд-

джыжьым цIыхухэр зэщIэдгъэуIуэу IэнатIэхэм едгъэувэлIэн, махуэ къэс трудодену мыпхуэдиз нэхърэ мынэхъ мащIэ къефхьэлIэнущ яжетIэн хуейт. Ар зэрымыIэтыгъуафIэр пщIэуэ апхуэдэ хьэлъэ ятеплъхьэныр къалэн тынштэкъым.

Зауэ нэужьри нэхъ тыншакъым. Нэмыцэ фашистхэм зэтракъутахэр зэфIэзыгъэувэжахэм яхэтащ Чыланий. Абы къищынэмыщIауэ, щIэблэр езыгъэджэн ямыIэжу, ирагъэджэн хуейхэри школхэм екIуэлIэну апхуэдэ Iэмал ямыIэу щытащ а зэманыр. ЕпщIанэ класс къэзыухахэр зыпэрыт IэнатIэхэм къыIуашурэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым щIагъэтIысхьэрт. Бекъаныр абыхэм яхэхуащ. ИлъэситхукIэ ирагъэщIэн хуеяхэр илъэситIым хэкъузауэ ирагъэджри, Чыланий зыхэса гупым 1948 гъэм ар къаух. Бекъаныр фIы дыдэу еджати, Совет районым щыIэ Аушыджэр къуажэм лэжьакIуэ ягъакIуэ. Абы дэт школым а зэманым зы егъэджакIуи щыIэтэкъым и IэщIагъэм хуеджауэ икIи гурыIуэгъуэщ Бекъаным жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ къызэрыдэхуар. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ дахэ-дахэу зрамыгъэджа еджакIуэхэм ахэр тэмэму ебгъэщIэжыныр мытыншми, Чыланий хьэлэлу, и къару емыблэжу пэрытащ а IэнатIэм.

Нартан дэт курыт еджапIэм игъэзэжа нэужь Бекъаным и зэфIэкIым нэхъри хигъахъуэу щIидзащ икIи щапхъэу къахьхэм ящыщ хъуащ. Ар щытащ егъэджакIуэхэм я комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, еджакIуэхэм я комсомол организацэми и нэIэ тетащ. ЩIэблэр егъэджэным къыдэкIуэу, абыхэм гъэсэныгъэ дахэ яхэлъхьэнми егугъурт Бекъаныр.



1955–1957 гъэхэм Бекъанри яхэтащ Акмолинскэ областым кIуауэ щыта щIалэгъуалэ гупым, къэралым илъэс куэдкIэ къимыгъэсэбэпа щIыхэр гъавэ щIапIэ зыщIахэм. Япэ илъэсым Чыланий нэгъуэщI егъэджакIуиплIми ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамыгъэхэмрэ, медалхэмрэ къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Бекъан Чыланий Нартан курыт школым къыщигъэзэжа зэманыр игу къегъэкIыж абы щыгъуэ 8-нэ классым щIэса, иужькIэ ди республикэм цIэрыIуэ щыхъуа журналист Мэрем Задин: «Дэ нэхърэ куэдкIэ мынэхъыжьу, и щхьэцыр вындым хуэдэу фIыцIэрэ Iуву, дахэу дэжьеяуэ щIалэ нащхъуэ мыцIыкIу-мыин егъэджакIуэу къытхуагъэкIуат. ЩыпсалъэкIэ и макъым зримыгъэIэту, жиIэм купщIэ хэлъу, гум дыхьэу, екIуу хуэпауэ, сытым дежи и нэгур зэлъыIухарэ нэщхъыфIэу апхуэдэт ар. Си мызакъуэу, школым щIэс псоми занщIэу гу лъатащ абы и Iущагъым, и дерсхэр Iэзэу, гурыIуэгъуэу зэритым. Псом хуэмыдэжу Бекъаныр ПащIэ Бэчмырзэрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ щатепсэлъыхькIэ, и усэхэм къыщеджэкIэ еджакIуэхэр я тхьэкIумэ тегъэхуауэ едаIуэрт. Классыр апхуэдизкIэ щым хъурти, бадзэ лъэтамэ зэхэпхынут. Чыланий егъэджакIуэ къудейтэкъым, атIэ абы и статьяхэр, очеркхэр, фельетонхэр «Къэбэрдей пэж» (иджы «Адыгэ псалъэ»), «Советская молодежь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым щIэх-щIэхыурэ къытехуэрт».

Бекъаныр журналистикэм щыхыхьа зэманыр сэри фIыуэ сощIэж. Япэ щIыкIэ штатым хэмыт корреспонденту, иужькIэ корреспонденту ящтэри, «Къэбэрдей пэж» газетым лэжьэн щыщIидзауэ щытащ. Куэд дэмыкIыу, Чыланий газетым и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым – мэкъумэшымкIэ къудамэм и унафэщIу ягъэув. Абы и тхыгъэ, очерк купщIафIэхэр, мэкъумэшыщIэхэм, жэмышхэм, Iэщыхъуэхэм, бригадирхэм, пщафIэхэм, ятеухуахэр щIэх-щIэхыурэ газетым къыте-

хуэрт. Чыланий езэш жыхуэпIэр ищIэртэкъым, гъэмахуэ хъуамэ, колхозхэтхэм ящIыгъуу губгъуэм итт, махуэр уэлбанэми, дыгъэ жьэражьэр уэгум итми емылъытауэ. Къущхьэхъу куэдрэ кIуэрт, Iэщыхъуэхэм я лэжьэкIэр, я псэукIэр зригъэщIэну, ахэр зыхуэныкъуэхэр къигъэлъагъуэрти, ар зи къалэнхэм икIэщIыпIэкIэ а Iуэхум унафэ тращIыхьырт – апхуэдэ щIыкIэкIи лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэм ядэIэпыкъуырт. А псом къадэкIуэу, и очеркхэмрэ повестхэмрэ зэрыт тхылъхэри дунейм къытехьэрт. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «ЩIалэгъуэ хьэлъэ», «КъэгъэшыпIэм и деж» повестхэр, и очеркхэр щызэхуэхьэса «Вабдзэ Iумахуэр» жыхуиIэр.

Чыланий газетым и редколлегием илъэс куэдкIэ хэтащ, тхыгъэхэр егъэфIэкIуэным, журналист ныбжьыщIэхэр я IэщIагъэм хуэгъэсэным и гуащIэ хилъхьэу.

Илъэс 50-м нэсауэ Бекъаныр Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Абы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, медаль зыбжанэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК-м я ЩIыхь тхылъхэр «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Бекъаныр и акъылкIи, и IэпкълъэпкъкIи иджыри жанщ, пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми Налшык паркым зыщегъэпсэху, хьэуа къабзэм хэтщ. Мис апхуэдэу уузыншэу, дэрэжэгъуэ ущымыщIэу иджыри куэдрэ ди япэ уитыну дынохъуэхъу, Чыланий!

**ПЩЫБИЙ СультIан,**
*УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт*



## ЩIэблэм щапхъэ яхуэхъуу щыта



НэхъыжьыфI зимыIэм къэкIуэныфIи иIэкъым, жаIэ. «Адыгэ псалъэ» газетри щIэблэм гъуазэ яхуэхъу нэхъыжь Iущхэр иIэурэ къокIуэкI. Журналист ныбжьыщIэхэр зыущийхэм, абыхэм чэнджэщэгъу яхуэхъухэм ящыщт Къамбий Зуфар. Ар республикэм и журналист пашэхэм ящыщ зыуэ щытащ.

Зуфар и адэ Къамбий Ахьмэд и унагъуэр Къармэхьэблэ пщIэ нэхъ щызиIэхэм ящыщт. Жылэр зыгъэпсэу мэкъумэш щIэнми щыпэрытти, щIэныгъэми пщIэ щыхуащIырт. Апхуэдэ унагъуэм къыщыхъу щIалэ цIыкIур еджэнкIи хьэл-щэнкIи школым щапхъэу щагъэлъагъуэрт.

Курыт школыр къыиуха нэужь, Зуфар хуабжьу дэзыхьэх тхыдэм хуеджэну мурад ещIри, Къэбэрдей къэрал институтым щIотIысхьэ.

НэхъыфIу еджахэм ящыщу ар къеухри, илъэситIкIэ егъэджакIуэу мэлажьэ. А лъэхъэнэм Къамбийр журналистикэм дехьэх, республикэм къыщыдэкI газетхэм тхэуэ щIедзэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ лэжьакIуэхэр зи мащIэ «Ленин гъуэгу» газетым и унафэщIхэм гу лъатэ Iуэху куэдым адыгэбзэкIэ IэкIуэлъакIуэу тетхыхь щIалэм. ИкIи езыри тхэным зэрыдихьэхыр яхуиIуэта иужь, 1958 гъэм ар япэ щIыкIэ корректору редакцэм ящтэ, итIанэ щэнхабзэмкIэ къудамэм и литературэ лэжьакIуэу ягъэув.

ЩIалэ жаным, хэлъэт зиIэм и лэжьэкIэр, и зэфIэкIыр унафэщIхэм гунэс ящохъу. Газетым еджэхэм, редакцэм къатхэхэм Къамбийр япыщIауэ, фIыуэ ядэлажьэу зэрыщытым гу лъатэри, ар письмохэмкIэ къудамэм и унафэщIу ягъэув. Мыбдежми Зуфар и Iуэху къызэгъэпэщыкIэр редколлегием хэтхэм къабыл ящохъу. Ар ядэлажьэрт къуажэ корреспондентхэм, абы и фIыгъэкIи щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ хъурт Къэбэрдей-Балъкъэрым и куей зэмылIэужьыгъуэхэм щыхъыбархэм. Куэд дэмыкIыу Зуфар и пщэ иралъхьэ «редакцэм и штаб» жыхуаIэ секретариатым щылэжьэну - жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ къалэныр къыхуагъэфащэ.

Апхуэдэурэ Къамбийр журналистикэм нэхъ кууу хохьэ. А лъэхъэнэм районхэм къыщыдэкI газетхэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэн хуейуэ партым къегъэув. А лэжьыгъэр тэмэму къызэзыгъэпэщыфынухэр, щIэныгъэфI зиIэхэр къыщыхахым, Къамбий Зуфар а къалэным хъарзынэу пэлъэщыну къалъытэри, КПСС-м и обкомым 1976 гъэм ар егъэув Бахъсэн районым къыщыдэкI «Коммунист» газетым и редактору.

КъыжыIэн хуейщ Зуфар дзыхь хуэзыщIахэр мыбдежми зэримыгъэщIэхъуар. Абы «Коммунист» газетыр и теплъэкIи, и купщIэкIи и бзэкIи иригъэфIэкIуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Коммунист»-р район газетхэм я Союзпсо еплъыныгъэу Москва щекIуэкIам хэтащ икIи абы етIуанэ увыпIэр къыщихьри дыжьын медали къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Къамбийр а IэнатIэ мытыншым, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъым илъэс пщыкIутIкIэ пэрытащ, и бынунагъуэр Налшык дэсти, езыр Бахъсэн къалэм кIуэр-къэкIуэжу щылажьэу. Пэрытащ щытхъу къыхужаIэу, газетыр щапхъэу ягъэлъагъуэу. 1987 гъэм Зуфар «Ленин гъуэгу» газетым къегъэзэж, лэжьыгъэм нэхъри хуэIэзэ хъуауэ. Журналист набдзэгубдзаплъэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым тетхыхьырт, зыгъэпIейтей Iуэхухэр газетеджэхэм ярихьэлIэрэ езыхэри абы къыпэджэжу. Апхуэдэу илъэс куэдкIэ лэжьащ Къамбийр.

Зуфар журналистым и мызакъуэу икIи тхакIуэт. Пенсэ кIуэуэ тIысыжа иужь, тхэн Iуэхум зретыж. Абы и нэ къыхуикIырт къэбэрдей пщы цIэрыIуэ ХьэтIохъущокъуэ Исмел и гъащIэм теухуауэ зэлэжь тхылъыр иухыу къыдигъэкIыну, 2002 гъэм абы щыщ пычыгъуэ «Iуащхьэмахуэ» журналым тетащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а тхыгъэр нэмытхысауэ къэнащ. Адыгэ тхакIуэм и повестхэмрэ рассказхэмрэ зэрыт тхылъхэу «Дзадзурэ», «Шагъыр», «Щолэхъу» жыхуиIэхэр къыдэкIащ, «Дзадзурэ» повестыр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тетащ.

Зуфар очерк куэд дыдэ итхащ и лъэхъэнэгъухэм, гъащIэм, лэжьыгъэм къыхэжаныкIхэм, щIэ хэзылъхьэхэм, щIэныгъэлIхэм, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Ахэр щызэхуэхьэса тхылъи къыдигъэкIыну игъэхьэзырат.

Къамбийр цIыху зэщIэкъуат - и лэжьыгъэм зыщыщIригъэхи, зэманыр пщIэншэу щигъэкIуэди къэхъуртэкъым - щыапхуэдэт унэми лэжьапIэми. ЦIыхум пщIэ хуищIыфырт, езыми зыхуригъэщIыфырт. Зуфар зыцIыхуу щытахэм ноби я нэгу зэрыщIэтыр апхуэдэущ.

Илъэс куэдкIэ гуапэу къытхэта ди лэжьэгъум щIэблэ хъарзыни къыщIэхъуащ. И быниплIМи щIэныгъэ, IэщIагъэ яIэщ, гъащIэм хэзэгъахэу хъарзынэу мэпсэу.

**ИНАЛЫКЪУЭ МатI**

# АдыгэлI зэпIэзэрыту дигу къина



Журналист, тхакIуэ Шыбзыхъуэ Мухьэдин Хьэмырзэ и къуэр Прохладнэ районым щыщ Къэрэгъэш (Иналхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Абы классиблыр къыщиуха иужь, Налшык педучилищэм щIотIысхьэ. Ар къиухауэ Кенжэ курыт школым егъэджакIуэу, пионерхэм я гъэсакIуэ нэхъыжьу щылажьэу армэм ираджащ, Дзэ-Тенджыз флотым илъэси 4-кIэ къулыкъу щищIащ. Абы къикIыжа иужь, къыщалъхуа къуажэм егъэзэжри, пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэу мэлажьэ.

Зэрылажьэм хуэдэурэ, 1959 гъэм Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым щIотIысхьэ. Зэреджэм хуэдэурэ ар щолажьэ Налшык школ-интернат №1-м. Зы гъэ еджэгъуэ кърихьэлIауэ, а школым къыIуокIыжри, Налшык IэфIыкIэ фабрикэм мэув – япэ щIыкIэ токару, иужькIэ инженер нэхъыщхьэм и дэIэпыкъуэгъуу, щIэныгъэ-техникэ информацэмкIэ инженеру. А илъэсхэм «Кондитер» союзпсо журналым къытрырегъадзэ фабрикэм и инженерхэм, лэжьакIуэ IэпщIэлъапщIэхэм къыхалъхьэ зэхъуэкIыныгъэщIэхэм ятеухуа тхыгъэхэр. Абы къыдэкIуэу «Ленин гъуэгу», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм къытрырегъадзэ лэжьакIуэфIхэм, IэщIагъэлIхэм я IуэхущIафэхэм триухуэ тхыгъэхэр. Ахэр ягу ирохьри, 1966 гъэм литературэ лэжьакIуэу «Ленин гъуэгу» газетым ирагъэблагъэ. Ар тотхыхь промышленнэ IуэхущIапIэхэм, ухуакIуэ, транспорт организацэхэм я экономикэ щытыкIэм, я лэжьакIуэ пашэхэм.



А IэнатIэм Мухьэдин къыщегъэлъагъуэ зытетхыхь Iуэхугъуэхэм-фIыуэ зэрыхищIыкIыр икIи ар къалъытэри, газетым промышленностымкIэ, транспортымрэ, ухуэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэув. ИужькIэ илъэс куэдкIэ экономикэмкIэ къудамэм и редактору мэлажьэ. А илъэсхэм газетым и напэкIуэцIхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым Шыбзыхъуэм къытрыригъэдзащ тхыгъэ, рассказ куэд.

Илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ газетым щылэжьащ Шыбзыхъуэр хуэфащэ пщIэи къыхуащIащ. 1981 гъэм абы кърататщ «За доблестный труд» медалыр, щэнейрэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и щIыхь тхылъыр. ТIэунейрэ Журналистхэм я союзым и саугъэтым и лауреат хъуащ. Литературэм, журналистикэм щиIэ зэфIэкIыр къалъытэри, «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр къыфIащащ. 1994 гъэм КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм и саугъэтым и лауреат хъуащ. Мухьэдин Урысейм и Журналистхэм, и ТхакIуэхэм я союзхэм хэтт.

Шыбзыхъуэ Мухьэдин и повестхэмрэ рассказхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъиплI «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Ахэр теухуащ ди гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, лъагъуныгъэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым.

АдыгэлI зэпIэзэрыту, хьэл-щэн дахэ зыхэлъу дигу къина Шыбзыхъуэ Мухьэдин унагъуэ хъуэпсэгъуи къыщIэнащ. И щхьэгъусэ Зэи-

рэт медицинэм и лэжьакIуэщ. Я къуитIыр хабзэ, нэмыс яхэлъу гъэсащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, зыхэтхэм яхэзагъэу, зэманым декIуу мэпсэу.

**САНЭ Маринэ**

## ЗэдзэкIакIуэ Iэзэ



Тэнащ Анатолэ «Адыгэ псалъэм» куэд щIауэ зи гуащIэр хэзылъхьэ цIыхущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха иужь, Анатолэ егъэджакIуэу щылэжьащ Шордакъ, Арыкъ къуажэхэм, иужькIэ комсомолым и Тэрч райкомым щыIащ. А зэманым апхуэдэ щIалэ жанхэр яIэтырт, я ныбжь нэсмэ, колхоз е совхоз гуэрым парткомым и секретару, уеблэмэ куейм и зы IэнатIэм и унафэщIу ягъакIуэрт. Тэнащми апхуэдэ IэнатIэхэр зригъэгъуэтыфынут, ауэ ар ящыщтэкъым къулыкъум нэхъуеиншэу хущIэкъуухэм, езыр дэзыхьэхри журналист лэжьыгъэрт. Арати, «Ленин гъуэгу» газетым Тэрч районым щыIэ и кор-рес-пондент хъуащ.

Зэман докIри, газетым парт гъащIэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэув. Ар редакцэм и IэнатIэ нэхъыщхьэт, газетым и зэфIэкIыр нэхъыбэу къызэралъытэри абы и лэжьыгъэмкIэт. Анатолэ хузэфIэкIащ къудамэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтриухуэн. Ауэ и узыншагъэр зэрыхуэмыхъум къыхэкIыу ар газетым IумыкIыжу хъуакъым. Зэпигъэун хуей хъуа и лэжьыгъэм 1998 гъэм пищэжащ Тэнащым. – «Адыгэ псалъэм» жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэу ягъэуври, а къалэн мытыншым илъэс зыбжанэкIэ пэрытащ.



Мы зэманым Тэнащыр газетым и зэдзэкIакIуэщ. Ар хуабжьу лэжьыгъэ хьэлъэщ икIи езыхьэкIыфынур мащIэ дыдэщ. А IэнатIэр къыщыхуагъэлъагъуэм Анатолэ «хьэуэ» къыхигъэкIакъым, иджы щхьэкъэIэт имыIэ жыхуаIэм хуэдэу мэлажьэ. УрысыбзэкIэ тха тхыгъэр адыгэбзэм къибгъэзэгъэн щхьэкIэ, бзитIри зэхуэдэу фIыуэ пщIэн хуейщ. Анатолэ а Iуэхум хъарзынэу щIыхэзагъэр щIэныгъэфI бгъэдэлъщи аращ – апхуэдэу фIыуэ ар зыщIыфын щымыIэу абы къохъулIэ зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэ гугъу дыдэр. Езыр цIыху нэфIэгуфIэщ, псэ хьэлэл зиIэщи, гугъу ехьуи зыкъыуигъэщIэнукъым.

Газет лэжьыгъэм зэрыхэзагъэм и мызакъуэу, Тэнащым куэдым хещIыкI. Политикэм, экономикэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм ехьэлIа упщIэхэмкIэ зыхуэгъази, жэуап тэмэм къузэримытыфын куэд къахэкIынкъым.

Анатолэ теухуауэ жысIа псори ныкъуэ хъунт ар хуабжьу зэрыIэпщIэлъапщIэр къэзмыгъэлъэгъуамэ. Щыпсэу унэр зэгъэпэщыжын хуей хъуми, ухуакIуэ Iэзэ дыдэ гуэр фIэкIа умыщIэну, нэгъуэщI къыхэмыIэбэу езыр а лэжьыгъэм полъэщ. Илъэс зыбжанэкIэ бжьэ игъэхъуащи, абыи хъарзынэу хещIыкI. Сэ и гугъу сщIыххэнкъым ар и гъунэгъухэм, ныбжьэгъухэм, къыдэлажьэхэм хузэфIэкI псомкIи зэрадэIэпыкъум, псэущхьэхэм зэрахуэгумащIэм.

**МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд**

# Дахагъэр зи Iэпэгъу Джэрыджэ Арсен



«Гъуэгу псоми Рим ухуашэ», жаIэ. Джэрыджэ Арсен и дежкIэ апхуэдэ Риму жыпIэ хъунущ «Адыгэ псалъэ» газетыр. Абы и гъащIэ гъуэгум дэнэкIэ имыгъэзами, и адыгэ газетымкIэ къриIуэнтIэкIыжащ.

1965 - 1970 гъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыщIэсам, Арсен жыджэру хэтащ литературэм, гъуазджэм щытепсэлъыхьу, езыхэм ятхахэмкIэ щызэдэгуашэу студентхэм къызэрагъэпэщауэ щыта кружокхэм. А зэманырщ Арсен и япэ усэхэр газетхэм къытехуэу, радиокIэ къату щыхуежьари. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщиуха гъэм дунейм къытехьащ и япэ усэ тхылъ цIыкIури, «Жэщ уэрамхэр» зыфIищар.

Университет нэужьым мазэ зыбжанэкIэ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щылэжьауэ, Джэрыджэр дзэм ираджэ. А къулыкъур къиухыу къызэрыкIуэжри журналисту мэлажьэ. Шэджэм район газетым, «Ленин гъуэгум» я корреспондент, радиом и редактор нэхъыжь, телевиденэм и редактор нэхъыщхьэ, «Кабардино-Балкарская неделя» газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъухэм пэрытащ.



Радиом едаIуэхэм фIыуэ ялъэгъуа «Жьэгу пащхьэ» радиожурналыр гъэхьэзырын щIэзыдзахэм яхэтащ Джэрыджэр, «Пшыналъэ», «Аркъэн» нэтынхэри къызэригъэпэщу, иригъэкIуэкIыу щытащ, лъэпкъ телевиденэм и лэжьыгъэми щIэ куэд хилъхьащ.

Арсен 1998 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къигъэзэжри редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. И лэжьэкIэм укIэлъыплъа, уепсэлъылIа иужь уогупсыс: «Арсен хуэдэхэрат ди школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм егъэджакIуэу щыгъэлэжьэн хуейр. Езым ищIэмкIэ, зыхуэIэзэмкIэ игури и псэри етауэ ар щIэблэм ядэгуэшамэ, лъэпкъ псом дежкIи щхьэпэ хъунт. Зи ужь ихьа Iуэхум и купщIэм зэрынэплъысыр, и кIэм зэрынигъэсыр щIалэгъуалэм яхипщэфатэмэ, ари фIыгъуэ мылъытэу къыщIидзыжынтэкъэ?!»

Джэрыджэм газетым щрихьэкIа лэжьыгъэр нэхъ гугъухэм, абы къыдэкIуэуи, «фэжагъуэхьхэм» ящыщщ. Зэджэж тхыгъэхэм мыгурыIуэгъуэ, мытэмэмагъ хэтхэр зэригъэзэхуэжурэ, ахэр щIэрыщIэу щытрырагъэдзэж къэхъурт. ЕтIуанэ гъуэгу апхуэдэ щыуагъэхэр яIэщIэмыкIын щхьэкIэ, тхыгъэхэр зи къалэмыпэм къыщIэкIахэр ириджэурэ иущийрт. «Уэ езым щIэрыщIэу птхыжамэ нэхъ тынштэкъэ, Арсен?» – жытIэу деупщIмэ, ари идэртэкъым: «Сэ стхыжкIэ зэфIэкIрэ? ЩIалэгъуалэм я щыуагъэхэр ялъагъужын, зэрагъэзэхуэжын хуейкъэ?» ИкIи пэж дыдэу егупсысырт ар Iуэхум, узэрыпэрыуэн псалъи бгъуэтыртэкъым: газетыр къыдагъэкIын хуейуэ къызыхуэнэнухэм уадэмылажьэу хъунукъым. Апхуэдэ къалэнышхуэ зэгуэр зи пщэ къыдэхуэну щIалэгъуалэр Арсен щIигъэIущыр арат. Лъэпкъым и пщэдейм тегузэвыхьхэрщ сыт щыгъуэ лъэхъэни псэкIэ нэхъ гугъу ехьхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ Джэрыджэри.

Илъэс зыбжанэкIэ ар КъБР-м ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и

министерствэм и къудамэм и унафэщIу щытащ, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретаруи лэжьащ. А IэнатIэхэми абы къыщигъэлъэгъуащ щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр, Iуэхум фIыуэ зэрыхищIыкIыр.

Щэнхабзэм, гъуазджэм хьэщыкъ ищIахэм, къэрал къулыкъум зи гъащIэр тезыухуахэм цIыху армууэ, нэгъуэщI зыми хуэмысэбэпу ятеIукIащ. Ауэ журналистикэм, усыгъэм я закъуэкъым Арсен бгъэдэлъ зэчийм къызэщIиубыдэр. ФIым гу лъызытэ, дахагъэр махуэ къэс псэкIэ зыщIыгъу цIыхущ ар. И лэжьыгъэкIэ зыщыгъуэзэн хуей IэнатIэхэм – политикэ, тхыдэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, нэгъуэщI куэдми – нэмыщI Джэрыджэр ауэ сытми IэпщIэлъапщIэ! Жыг гъэкIыкIэми, хадэхэкIхэр зэрызехьапхъэми, техникэми, ухуэныгъэми, кIэщIу жыпIэмэ, цIыхур псэун папщIэ зыхуейуэ ар зыхуэмыIэзэ къэгъуэтыгъуейщ. И хьэл-щэнкIи нэхъ зэтеубыда, щабэ уигъэлъыхъуэнщ, жыхуаIэм хуэдэщ Арсен.

ДгъэщIагъуэу нэгъуэщI щэни дыдолъагъу Джэрыджэм. Пасэм адыгэхэм я быным батэр игъэшами, лIыгъэшхуэ зэрихьами абы щытхъуныр емыкIуу къалъытэу, «фIымэ, цIыхухэм ялъагъунщ», жаIэу щытащ. Арсени хэлъщ апхуэдэ хьэл. И адэ-анэм ядилъэгъуахэр езыми къыпкърыхьауэ арами, нэгъуэщIми Тхьэм ещIэ. Арсенрэ и щхьэгъусэ Риммэрэ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщи, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм (куэдым зыщIагъэпагэ щIэныгъэ нэхъыщхьэри, зыщIэбгъэщIэгъуэн зэфIэкIи яIэми) тепсэлъыхьу, иригушхуэу плъагъунукъым. Я Iуэху зытетым ущIэупщIэмэ, жэуап щыбгъуэту аркъудейщ. ЩIалэ нэхъыжь Аслъэн республикэм и мызакъуэу къэралым и щIыпIэ куэдми къыщацIыхуа усакIуэщ, макъамэтхщ, уэрэджыIакIуэщ, нэхъыщIэ Алими дехьэх гъуазджэм. Япхъури унагъуэ дахэу мэпсэу.



Джэрыджэр УФ-м и Журналистхэми и ТхакIуэхэми я союзхэм хэтщ. Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу республикэм зэрыхуэлажьэр къалъытэри, 1999 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр.

**ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ**

# Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ бзылъхугъэ щыпкъэ

Мы тхыгъэр зытеухуа, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Ширдий Маринэ и дуней тетыкIэкIи, и лэжьэкIэкIи, и унагъуэ зехьэкIэкIи – кIэщIу жыпIэмэ, сыткIи щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну бзылъхугъэ щыпкъэщ.



Журналист куэдым ягъэунэхуауэ къыщIэкIынщ уи ныбжьэгъум, фIыуэ узыхущыт цIыхум утетхыхьыныр псом нэхърэ зэрынэхъ гугъур – абы бгъэдэлъ фIагъ псори къызэрыбгъэлъэгъуэн псалъэ щыпхуримыкъу, жыпIэну узыхуейхэм щыщ куэд тхыгъэ кIэщIым щыпхуимыгъэзагъэ къохъу. Апхуэдэ щытыкIэ иджыпсту дитщ Маринэ и лэжьэгъухэр, ауэ зэрытхузэфIэкIкIэ ар нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхунщ «Iуащхьэмахуэ» журналым еджэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха нэужь, Маринэ лэжьэн щыщIидзащ Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым. Абы и IэнатIэ нэхъ гугъу дыдэм – политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм – и унафэщIу илъэс пщIыкIутхукIэ лэжьащ. Ди республикэм къигъэзэжри, куэд дэмыкIыу «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщIу кърагъэблэгъати, гугъэзагъэу а IэнатIэм илъэс куэдкIэ пэрытащ. Дэбгъуэн щымыIэу журналист лэжьыгъэм зэрехъулIэм, псэ хьэлэлкIэ абы зэрыбгъэдэтым къытебгъэзэжу и гугъу умыщIми хъунущ – щIэджыкIакIуэхэм гунэс ящохъу Ширдийм газетым къыщиIэт Iуэхугъуэхэр зэрызэпкърихыр.

Лъэпкъ Iуэхум тегузэвыхь цIыхущ Маринэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм ди дежи, ди къуэш республикэхэми щригъэкIуэкIа Конгресс псоми, лъэпкъ Iуэхур япэкIэ гъэкIуэтэным щытепсэлъыхьа нэгъуэщI зэIущIэ куэдми хэтащ ар. Хэкум исхэми, хамэ щIыналъэр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэми я гъащIэм фIыуэ щыгъуазэщ Маринэ, абыхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр къыщIэкIащ и къалэмыпэм, «Тыркум щыпсэу адыгэхэр», «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: IуэхущIафэхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ» тхылъхэри къыдигъэкIащ.

Бзэм и къарур, и беягъэр нэсу къэгъэсэбэпыным хуэпабгъэм и мызакъуэу, ар зэхъулIэ журналистщ Маринэ. Абы и фIыгъэкIэ ди бзэм къыхыхьащ шэрджэс адыгэхэм къагъэсэбэп псалъэ зыбжанэ. КIэщIу жыпIэмэ, ди адыгэ псалъэр текIуэту абы и пIэ нэгъуэщI къиувэным пэщIэтщ, и нэIэ зытет журналист ныбжьыщIэхэри хуеущий адыгэбзэр и къулеягъ псомкIи ягъэлэжьэным.

Зэман гугъум и нэпкъыжьэ ди лъэпкъым къытримыдзэным, дуней псом къызэрыщацIыху, пщIэ къыщIыхуащI и хабзэ дахэхэр фIэмыкIуэдыным гу хьэлэлкIэ хуэлажьэ щIэныгъэлIхэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэ пажэ куэдым епсэлъылIащ Маринэ, дэтхэнэми и Iуэху еплъыкIэм лъэпкъым сэбэп къыхуэхъуну хэлъхэм гу лъыдигъатэу.

Ширдийр дэзыхьэххэм ящыщу нэхъ къыхэдгъэщыну дыхуейт къэралым къыщыдэкI тхылъ, газет зэмылIэужьыгъуэхэм еджэныр зыхилъхьэ зэрыщымыIэр. ГъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэми къыщыхъукъыщыщIэхэр зэрызригъэщIэным яужь итщ. Аращ щIэджыкIакIуэхэм щIэщыгъуэ ящыхъун гупсысэ сыт щыгъуи щIиIэр.

ЦIыху зэхъуапсэ жыхуаIэм хуэдэ унагъуэ дахи къыкъуэтщ Маринэ. И щхьэгъусэ Мэсей Аскэр КъБР-м и прокуратурэм и къудамэм и унафэщIщ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэщ. Я щIалэ Марати и адэм и IэщIагъэр къыхихри, юристу еджащ, илъэс зыбжанэ хъуауи абы иролажьэ. «Щхьэж хуэфащэ и щауэгъущ», - жиIэркъэ адыгэ псалъэжьым. И IэдэбагъкIи, и нэмыскIи, и щIэныгъэкIи ядекIу дыдэу абыхэм къахыхьащ я нысэ Мадини. Хабзэ дахэ зэрылъ, гуапэу къыщыпIущIэ а унагъуэм ис псоми яхэлъщ Маринэ и хьэл-щэныфIхэр.

Маринэ пщIэ хэха щIыхуэтщIхэм ящыщщ къыдалъхуахэмрэ, абыхэм я щIэблэмрэ егъэлеяуэ зэрахуэгумащIэр. Псом хуэдэжкъым и къуэрылъху Iэдэм цIыкIу. Маринэ и гу хуабагъэр, и гуапагъэр куэдым ялъоIэс. Дэри абыхэм дахэту. «Сыту фIы апхуэдэ цIыху къыбдэлэжьэну», - жаIэнщ мы тхыгъэм къеджэхэм икIи ахэр щымыуэу къыдолъытэ «Адыгэ псалъэ» газетыр къыдэзыгъэкI гупым.

**ИСЛЪАМ Дисанэ**

# Абы хущIыхьэгъуэ зэи игъуэтыркъым



Зи цIэр куэдым фIыкIэ жаIэм и насыпщ. Си щхьэкIэ апхуэдэ цIыху насыпыфIэхэм ящыщу къысщохъу ЖьэкIэмыхъу Маринэ. Сэ срихьэлIакъым Маринэ хуэмыарэзы, и цIэр фIыкIэ жызымыIэ. А бзылъхугъэ телъы-джэр, журналист Iэзэр къыщысцIыхуар нобэ-ныжэбэкъым – ар «Iуащхьэмахуэ» журналым къызэрыддэлажьэрэ илъэс тIощIым нэблэгъащ. А зэманым къриубыдэу сэ абы дэслъэгъуакъым уигу щIебгъэн – и лэжьэкIэкIи, и хьэл-щэнкIи, цIыху хэтыкIэкIи. Дауэ-тIэ апхуэдэ цIыхум узэрыхуэмыарэзынур? «ЦIыхухэр зыхуэарэзым Алыхьталэри къыхуэарэзыщ», – жаIэри, ар уи дежи нэрылъагъу щыхъуну си гуапэщ, ди шыпхъушхуэ...

Илъэс плIыщIым щIигъукIэ сыщылэжьа журналым корректор хъарзынэу диIам я бжыгъэр зыхуэдизыр сщIэжыркъым, ауэ фIыуэ сыщыгъуазэщ Маринэ хуэдэу IэкIуэлъакIуэу, Iуэхум хуэIэзэу, псом ящхьэращи, гумызагъэу зи къалэныр зыгъэзащIэ зэрымыгъуэтыгъуафIэм. Пэжщ, IудгъэкIыжыну езыр мызэ-мытIэу къыдэлъэIуат. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыщыткIэ, дауи, зэманыр къомэщIэкI, лэжьыгъэр и щхьэм къосри... ИтIани, ди жагъуэ къимыщIыфу, ди хьэтыр къилъагъуурэ екIуэкIащ. Дэри, дыгущIэгъулыти, дыдэгушыIэрт: «Уэ нэхърэ нэхъыфI къэдгъуэтыхукIэ, IукI уиIэкъым», – жытIэурэ игу фIы хуэтщIырт.



«Хьэтыр» псалъэм сыщынэсакIэ, ЖьэкIэмыхъу Маринэ ещхь цIыху хьэтырыфIэ уигъэлъыхъуэнщ. Абыи быдэу щыхьэт сытехъуэфынущ сэ, КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэздзэкIыу, ар къыдэдгъэкIыну хэкIыпIэ къыщыдгъуэтам сэбэпышхуэ къысхуэхъуащи.

Ди лэжьапIэ унэм щIэх-щIэхыурэ сащыхуэзэрт тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, жыпIэнурамэ, зыгуэр зытххэм ящыщ куэдым. Сэламчэлам нэужьым, къызытекIухьамкIэ сеупщIамэ, «Маринэ дыхуейуэ дыкъэкIуат», – жаIэрт. КъызгурыIуэрт: абыхэми ЖьэкIэмыхъур зыдагъэIэпыкъуну аращ. Зыпэрыт IэнатIэ нэхъыщхьэми журналми щигъэзащIэхэм зыкъыдигъахуэурэ абы куэдым Iуэхутхьэбзэ яхуещIэ. Аращ зэи хущIыхьэгъуэ щIимыгъуэтыр. Пэжыр жысIэнщи, сфIэгуэныхьи мэхъу икIи сохъуапсэ: еш жыхуаIэри ищIэркъым, ищIэми хуэIэижьщ.

Жэуаплыныгъэ хэлъу сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэрщ Маринэ и къулыкъукIи щIыдрагъэкIуэтейр. Адыгэ газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ, жэуап зыхь и секретарь, и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ къулыкъухэм цIыхубз зэи ямыгъэуvауэ Маринэщ а IэнатIэхэр япэу дзыхь зыхуащIар. Апхуэдэ унафэ къэзыщтахэри хущIегъуэжакъым.

И лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу Маринэ мызэ-мытIэу къэрал гулъытэ игъуэтащ: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр къыфIащащ, КъБР-м и Правительствэм, Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я ЩIыхь тхылъхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ*



**«Псэ жыг».** *ЗыщIар* **ГъущIапщэ Арсенщ**

# АДЫГЭМ И «ПСЭ ЖЫГЫР» МЭКІ



Кавказ зауэжьыр зэриухрэ лІэщІыгъуэрэ никъуэрэ дэкІыжами, абы адыгэ лъэпкъым къыхуихьа гуауэр ноби гъэткІугъуафІэкъым. А зауэ гущІэгъуншэм и мафІаем адыгэ куэд хисхьащ, къелам я нэхъыбапІэм хэкур ирагъэбгынащ.

Кавказ зауэмрэ хьэзаб мыухыжкІэ гъэнщІа истамбылакІуэмрэ и щхьэ течауэ утепсэлъыхь щыхъуар иужьрей илъэс тІощІырыпщІыращ.

Хьэл-щэн дахэ зыхэлъ, дуней псом щызэлъащІыса хабзэ телъыджэхэр зезыхьэ, лІыгъэ мыухыжкІэ псыхьа адыгэ лъэпкъыр хуэгъэкІуэдакъым илъэсищэкІэ ди щІым щызэуа бийм, абы зэрыхуеййм хуэдэу нэсу лъэрыщІыкІ хуэщІакъым къуэпс быдэкІэ адэжь щІыналъэм хэжыхьа лъэпкъыр. Апхуэдэ гупсысэхэмкІэ гъэнщІащ скульптор Іэзэ, Урысейм ХудожествэхэмкІэ и академием и член-корреспондент ГъущІапщэ Арсен и ІэдакъэщІэкІхэр.

ГъущІапщэ Арсен 1963 гъэм Кенжэ къуажэм къыщалъхуащ. Суриков В. И. и цІэр зэрихьэу Мэзкуу дэт къэрал Академическэ художественнэ институтым 1981—1987 гъэхэм щеджащ, ар къыщиухым ищІа диплом лэжьыгъэм папщІэ СССР-м ХудожествэхэмкІэ и академием и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ. ЕджапІэ нэужьым дзэм къулыкъу щищІэну ираджащ. А лъэхъэнэми скульптор Іэзэм и ІэщІагъэм пэІэщІэ зищІакъым: хоккеист цІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ и министру щыта Фетисов Вячеслав и сурэт ищІащ.

1991 гъэм ГъущІапщэр и зэфІэкІым нэхъри зригъэужьыну Италием ягъэкІуауэ щытащ. 2006 гъэм Урысейм и Художникхэм я союзым, 2010 гъэм — Художникхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм хагъэхьащ.

2010 гъэм ГъущІапщэм къыхуагъэфэщащ Художникхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр. ИстамбылакІуэхэм я фэеплъу хы ІуфитІыр зэпызыщІэ ухуэныгъэхэм я проектыр зэрищІам папщІэ, ар 2012 гъэм Урысейм ХудожествэхэмкІэ и академием и член-корреспонденту хахащ.

Пасэ дыдэу, илъэсищ ныбжьым иту, пластилиным цІыхухэм я теплъэхэр къыхищІыкІыу щІидзащ. ФІы дыдэу ещІэж и къуэшхэмрэ и шыпхъухэмрэ къыхуащэхуауэ щыта пластилиным зэрыщыгуфІыкІар. А зэманым хэт ищІэнт щІалэ цІыкІум и гъащІэ гъуэгуанэр апхуэдэу къыщІидзыну?!

ФІыуэ илъагъу ІэщІагъэм хуеджэу и хэкум къэзыгъэзэжа ГъущІапщэм и зэфІэкІыр къигъэсэбэпыну, ар къигъэлъэгъуэну хузэфІэкІакъым, ди республикэм а зэманым художествэм, скульптурэм зыужьыныгъэ нэс зэрыщимыгъуэтам къыхэкІыу. Арсен и ІэщІагъэр къызыгурыІуэхэри мащІэт.

А лъэхъэнэм ГъущІапщэм скульптурэ гуэрхэри ирагъэщІырт, ауэ и псэр дэзыхьэх, и гурыщІэхэм пэджэж абыхэм яхэттэкъым.

ГъущІапщэ Арсен нэхъ къызэрацІыхуар, и зэфІэкІыр наІуэ къэзыщІар Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 140-рэ щрикъум ирихьэлІэу 2004 гъэм бронзэм къыхэщІыкІауэ Налшык паркым щагъэува, «Псэ жыг» зыфІища и лэжьыгъэрщ. Илъэс зыбжанэкІэ ищІащ ар Арсен.

Илъэс 20 ипэкІэ — 90 гъэхэм — Кавказ зауэмрэ истамбылакІуэмрэ хэкІуэдахэм я фэеплъу Абхъазым и утым деж щагъэувынум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым КультурэмкІэ и министерствэм иригъэкІуэкІа конкурсым ГъущІапщэ Арсен мывэм (бетоным) къыхэщІыкІа шум и проект щигъэлъэ-гъу-



ащ. Ар зи гугъу тщIа проектыщIэм, — хы ФIыщIэм и Iуфит Iыр зэпызыщIэн хуей мывэ шумрэ анэмрэ, — хигъэхьэжащ.

Арсен «Псэ жыгым» щIилъхьа гупсысэр лъэпкъым и гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Жыгым къыгуэкIыу къудамэ блырыблу сатыритI докIуей. Абы къикIыр адыгэм «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуиIэр ращ, апхуэдэуи, унагъуэ здэбухуэну цIыхур бжьиблкIэ нэхърэ мынэхъ мащIэу лъыкIэ упэжыжьэн зэрыхуейрщ. «ЩIым къыхэкIри щIым хыхьэжащ» жыхуиIэу, сатыритIу дэкIуей къудамихыр жыгым и пкъым къыхокIри адрейхэм хохьэж. Жыгым и щхьэкIэ дыдэм тет къудамэ нэхъ цIыкIухэр, къэтIэпIын къудейуэ ды-гъэм зыхуаший хуэдэ, уэгум етащ, лъэпкъым и къуэпсыр зэрымыгъуж ам, адыгэм и псэ жыгыр иджыри зэрыдэкIейм и щыхьэту. Жыгым и адрей лъэныкъуэмкIэ бынжэу тху тетщ. Лъэпкъым дяпэкIэ щIэблэ узыншэ къызэрыщIэхъуэнум и нэщэнэу.



ГъущIапщэм япэ дыдэ ищIа «Псэ жыгыр» керамикэм, абы иужькIэ ищIахэр нэгъуэщI материал зэмылIэужьыгъуэхэм къыхищIыкIащ. Бронзэм къыхэщIыкIа «Псэ жыгым» къытращIыкIа скульптурэ Сочи къалэм дэт художественнэ музейм ящэхуауэ щIэтщ. Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым адыгэм я «Псэ жыгыр» ди лъэпкъэгъу щыпсэу щIыпIэ куэдым «зэрыщыкIыр».

Истамбыл и Картал хьэблэм илъэс къэс щрагъэкIуэкI симпозиумым къыщагъэлъэгъуа скульптурэ 535-м щыщу 10 къыхахащ 2012 гъэм. Абыхэм яхэтщ ГъущIапщэ Арсен и «Псэ жыгри». Ар, мраморым къыхэщIыкIауэ, 2013 гъэм Истамбыл пэгъунэгъуу хы Iуфэм деж щагъэуващ. Илъэс къэскIэ майм и 21-м адыгэхэр абдежым щызэхуос. Апхуэдэу «Псэ жыг» скульптурэр Израилми, Америкэми, Иорданиеми щагъэувынущ.

ГъущIапщэ Арсен и лэжьыгъэ псори лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ. Апхуэдэ лэжьыгъэщ истамбылакIуэм и фэеплъ проектышхуэ зи ужь итри.

2008 гъэм ГъущIапщэр Македонием кIуауэ, и ныбжьэгъу бжьэдыгъу щIалэ, Истамбыл дэс художник Iэзэ Пщакъуэ (Озел) Ахьмэд хуэзащ. Абы ди лъэпкъэгъу куэд зыщIалъхьа кхъэжьхэм я сурэтхэр къригъэлъэгъуа нэужь, Арсен мурад ищIащ истамбылакIуэм ихьа адыгэхэм фэеплъ яхуигъэувыну. «Македонием сыщыIэхукIэ абы сегупсысурэ, сабий зыщIыгъу анэр сигу къэкIри, япэрей эскизхэр сщIащ, итIанэ илъэс тIощI ипэкIэ сызэлэжьа шум и теплъэр сигу къихьэжащ, абы пэджэж хуэдэу», — жеIэ ГъущIапщэм.

Апхуэдэу а тIур, я гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIэ зэхуигъэкIуэжри, мурад ищIащ хы ФIыщIэм и Iуфэ зырызым, къуршым къыгуэуда мывэ фIэкIа умыщIэну, бетонкIэ гъэжа шумрэ сабиитI зыбгъэдэт анэмрэ я скульптурэхэр щигъэувыну, лъэпкъ зэкъуэхуам, къуэпс зэкъуачам и фэеплъу. Мывэ шур — Сочи деж, Тырку лъэныкъуэмкIэ хуэплъэу, сабиитI зыбгъэдэт анэр — хэкумкIэ къаплъэ-къэхъуапсэу Тырку лъэныкъуэмкIэ къыщыту. А фэеплъ ухуэныгъэхэм я кIуэцIыр му-



зейуэ щытынущ.

ГъущIапщэм и зэфIэкIым зиужьынымкIэ сэбэпышхуэ къыхуэ-хъуащ Лермонтов Михаил и фэеплъ сыныр зэрищIар. А жэрдэмыр Ацкъан Руслан я пашэу адыгэ усакIуэ, тхакIуэ гупым къыхалъхьащ. Абы текIуэда мылъкумкIэ къадэIэпыкъуар КъБР-м и КъэпщытакIуэ палатэм и унафэщI Шондыр Олегщ. Фэеплъыр екIу хъуащ — гранитым къыхэщIыкIа сыным Лермонтовым и сурэтыр бронзэкIэ хэгъэжыхьауэ хэтщ. Ар 2006 гъэм октябрым и 27-м Налшык паркым щагъэуващ.

ГъущIапщэ Арсен нэхъ дэзыхьэххэм ящыщщ мывэ напэм цIыхум и сурэт къыхэIущIыкIынри. Къапщтэмэ, апхуэдэщ ФиIэпщэ Борис и фэеплъ сыныр: и щIыбагъымкIэ укъыщеплъмэ, зы мывэшхуэр тIууэ зэщхьэщыгъэжа-зэщхьэщыкIа хуэдэу къыпщохъу, и гупэмкIэ — мывэ джейм ФиIэпщэм и сурэтыр хэщIыхьащ.

ГъущIапщэм и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ Къэшэж Иннэ и фэеплъ сынри. Ар щIыныр зи жэрдэмри текIуэдэну мылъкур зэзыгъэпэщари Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкIэ и министру щыта Фырэ Русланщ. Сыныр 2012 гъэм Мэзкуу, Къэшэж Иннэ и кхъащхьэм деж щагъэуващ. ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ икIи щIэщыгъуэщ абы и гъэпсыкIэ-ухуэкIэри: усакIуэр и хэкум къыщIэбэгыу дунейм зэрехыжам и щыхьэту, сыным и щхьэм деж Iуащхьэмахуэ и теплъэр къиибзыкIащ.

ГъущIапщэм и дэтхэнэ лэжьыгъэми убгъуауэ икIи кууэ утепсэлъыхьыфынущ. Апхуэдэщ абы и «Къуалэри» (2012), къэфакIуэ цIэрыIуэ Шэру Соня и фэеплъри (2012), нэгъуэщI куэди. Ахэр къызыхэщIыкIа материалкIи, я гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIи, ящIэлъ гупсысэкIи зэхуэдэкъым, ауэ псори зэзышэлIэжу зы яхэлъщ — дэтхэнэри адыгэ хьэл-щэнкIэ, лъэпкъ гупсысэкIэ псыхьащ.

**ТЕМБОТ Санитэ**



11 Заказ № 129

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкIуэкIыу:* **1.** Адыгэ мамлюкхэм къахэкIа, «мысыр усыгъэм и вагъуэ» зыфIаща усакIуэ. **5.** Адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зы. **8.** «Псыр …хэлъхьэжщ» *(псалъэжь)*. **9.** Кърым хъаным и пелуаным текIуа адыгэ бзылъхугъэ. **10.** 1910 гъэм Къармэхьэблэ езым и еджапIэ къыщызэIузыха … ТIалиб. **12.** Хъыбарыжьым зэрыжиIэжымкIэ, «Бийм фи щIыб хуэгъэзауэ фылIэмэ, фыщIэслъхьэжынкъым» псалъэхэр анэм зыжриIа зэшищым я унэцIэр. **18.** Адыгэ щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор. **20.** КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Шэджыхьэщ Iэ Хьэмыщэ и роман. **21.** Пасэм щыгъуэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ цIыхухэм къахэкIыу губгъуэм ихьэжу щыта цIыхухъу. **22.** Уанэм и бгъуитIымкIэ фэ кIапсэкIэ бгъурыщIа лъакъуэ игъэувапIэ. **30.** Дерт зимыIэ, зэкIэлъыкIуэ, фIы. **31.** Шэрджэс тхакIуэ Уэхъутэ Абдулыхь и «Теджэнокъуей къуажэ» повестым къыхэщ уэрэдус. **32.** Уанэ

гущIыIу, тесыпIэ. **33.** ШэпхъкIэ е шэ закъуэкIэ уэ Iэщэ. **34.** Адыгэ куэд щыпсэу, Тыркум щыщ къалэ. **35.** ПIалъэ гуэркIэ зыгуэрым пщIэкIэ къыIах щIы, хьэпшып сыт хуэдэхэр.

*Къехыу:* **2.** «Это моя нация» тхылъыр 1957 гъэм Каир къыщыдэзыгъэкIа мысыр щIэныгъэлI, тхакIуэ (лъэпкъкIэ шэрджэсщ). **3.** Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар «Iэрыхьэ-IэрыкIщ». **4.** Иужьрей убых. **6.** Шы къызэраубыд, зи кIапэм щылъэфыгъуэ иIэ кIапсэ кIыхь. **7.** Пасэрей Iэщэ лIэужьыгъуэ. **9.** Кавказым щежэх псышхуэ. **11.** «У адыгов обычай такой», «Аул Шапсуг улыбается» тхылъхэр зи IэдакъэщIэкI адыгей усакIуэ. **13.** Пщым и пщIантIэм Iуэхутхьэбзащlэу дэт цIыху. **14.** ГъащIэ гъуэзэджэ, псэукIэфI дыдэ (зэхьэкIауэ). **15.** ХьэщIэр здихьа унагъуэ; хэгъэрей. **16.** «... хуэфащэт» — МафIэдз Сэрэбий и роман. **17.** Бэракъ. **19.** «Хамэ ... сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ» *(псалъэжь)*. **23.** ЩIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор. **24.** Иорданием щыщ адыгэ цIыхубз усакIуэ ... Надия. **25.** Пащтыхьыр, хъаныр, пщыр зыщыпсэууэ щытам зэреджэр. **26.** Чех Сватоплук ди лъэпкъым теухуауэ итха рассказ. **27.** Адыгэ джэгуакIуэшхуэ. **28.** «Зэхьэзэхуэ ....ри, зэижитI мэунэхъу» *(псалъэжь)*. **29.** Нэхъыжьым, хьэщIэм хухах тIысыпIэ.



---

## ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета кроссвордым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **3.** Дыгъужьынэплъыжь. **8.** Набдзэ. **10.** КъухьэпIэ. **11.** Гуэгуэн. **12.** Гъуджэ. **13.** Блыщхьэ. **15.** УнафэщI. **19.** Мыщэ. **20.** Бэшэч. **21.** Плъыжь. **24.** Бэгъэуш. **26.** Хьэпшыр. **27.** Жэз. **28.** Нэгумэ. **30.** ХамэщI. **33.** Лэпс. **34.** Борэн. **36.** Джаур. **37.** Урыс. **38.** Шэнт. **40.** Сын. **41.** Усэ.

*Къехыу:* **1.** ПIырыпI. **2.** Ныбгъуэ. **4.** Жьэн. **5.** Ныбаджэ. **6.** Пхъэ. **7.** Щхьэлмывэкъуэ. **9.** БэлэрыгъыпIэ. **14.** Хьэ. **16.** Нэ. **17.** Хьэм. **18.** Мэш. **22.** Лулэ. **23.** Уэшх. **25.** Уэзырмэс. **28.** Налмэс. **29.** Мысыр. **31.** Арджэн. **32.** ЩIэрыкIуэ. **34.** Бас. **35.** Ныш. **37.** Унэ. **39.** Туф.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00087 от 31.10.2013г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 10.06.14. Формат 70х108$^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0.
Уч-изд. л. 12,0. Тираж 3000 экз. Заказ № 129
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленином и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**



**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 47-35-32 (жэуапыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 47-32-94 (бухгалтерие). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ленином и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».